ҚӘРАМАТДИН СУЛТАНОВ

# АҚДӘРЬЯ



РОМАН

*2-ши басылыўы*

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ВАСПАСЫ
НӨКИС — 1975

www.ziyouz.com kutubxonasi

С (ҚҚ) 2 Султанов К.
С 94 Ақ дәрья. Роман.
«Қарақалпақстан», 1975.
2-ши басылыўы.

Қолыңыздағы «Ақ дәрья» романында автор немец фашист басқыншыларына қарсы Уллы Ўатандарлық урыс жылларындағы Мойнақ районы балықшыларының тылдағы қаҳарманлық гүресин сүўретлейди. Роман жаўынгердиң анасы Назлы кемпирдиң ҳәсирети менен басланып, қуўанышы менен питеди. Сондай-ақ сатқын Қәдирдиң өмир тәғдири көрсетиледи. Романның тили көркем, ўақыясы қызық.

© «Қарақалпақстан» 1975.

7—3—3
63—73 М.

Художник К. НАЖИМОВ

## Арнаў

*Әй, ақдәрья Хызметиң көп маған*
*Кәрўанынқман, жүгиң болса әрт*
*маған.*
*Бәржай етпегенше сениң*
*кеўлиңди*
*Перзентиңмен кеўли қарар*
*таппаган,*
*Сары сазан, гүмис сүўенлериңди*
*Кем көрмеймен алтын, жипек*
*пахтадан*
*Тартыў еттим, аяўлы анам,*
*Ақдәрья*
*Дәстанымды жүрегимде*
*сақлаған!..*

Автор

## АНАМНЫҢ ҲӘСИРЕТИ

Урыс!... Әпшериң әбеший!.. Не деген әты шуўлы жыйынсаң! Сағыйраның жүрегине ҳәсирет саласаң!... Ал келиншек шағындағы аналардың мийиздей қара шашларының мезгилсиз буўрыл тартқанына ким гүналы?—Сен!

Бийгүна нәрестениң атасын, атаның ботасы мийримли қушағынан жулып алып, ыссы баўырын шолан еткен,—сен! Қаралы төбең көринсе алтын ай тутылып, күлип турған күнди ҳәсирет басады. Жерди қырық пәрше, елди тоз-тоз етип, жаралап, тынық суўды былғайсаң!.. Адамзаттың өлшеўли көз жасы менен қырмызы қанын сибер теңиз қылған—сен залым, сениң қашан нәпсиң тояр екен!... Ал, керек болса жанғызымды!... Наймыт!... Қарық бола ғой!... Ҳәссений!...

Жаңғызының қанлы майданға атланар алды алты қанатлы үйге бир өзи сыймай пошалап, ингендей қаңсып, ботадай бозлап отырған Назлы кемпир жүрегиндеги дәртине усыннан басқа шыпа таба алмады ма, ким билсин, қыза келе айтынып жылады.

Қаршадай шағында жетим етип, ағасын Қанмақсым жутты. Енди жалғызымды... Кемпирдиң жүреги шоршып қәпелимде тула бойы шымыр етти...

— Ҳәси болсам! қайттым! Жаманлық жаўдың басына! Кес болмасын жалғызымның жолына көз жасым! Ай құдайым!...

Кемпир лаўдан көйлегиниң жеңи менен көзиниң жасын сыпырып еки қолының алақанына телмирип қарап көгерген еринлерин жыбырлатып, ишинен сыбырланып отыр еди. даладан күлисип Сапар менен келини Жәмийла кирип келди. Еки жаста бир-бириниң дийдарына ыштық! Жәмийла есикте тикке турған Сапардың көйлегиниң жағасын дүзеп, кең геўдесин сыйпап қойды. Сапардың көзи жаўтаңлап сағыйралық мийрим менен анасына мыйығын тартты.

— Апа, жылапсаң ғой! Ақдәрьяның жағасына барған соң тағы жылайсаң. Бизлер елден шығып кеткен соң ғой сирә!...

Кемпир оң қолының бастан тете бармағы менен көзиниң кирпиклерин сүртип, гүрсинип орнынан сүйретилип турды;

— Қашан кетесең?

— Ҳәзир!

— Мен пайымды жылап алдым. Енди сениң келген қуўанышлы күниң де болмаса; көзимниң жасын төкпеймен!...

— Қоя тур! Сабыр ет!—Кемпир сыртқа шығып келди. Он қолының уўысына қысқан бир нәрсе бар.—Ал қалтаңды!

— О не, апа!...—деп баласы бетине қарады.

— Аша бер!

— Ал, аштық!

Баласының шалбарының қалтасы ашылғанын көрип, кемпир уўысын ашты.

— Мине, мынаў Ақдәрьяның «кәраматлы» топырағы, Илақым, усы топырақ тартып, жаўыңды жеңип, ақ жүзли абройлы болып елге келгейсең! Сөзим тамам Ақдәрьяның топырағын төкпе!...

Кемпир уўысындағы топырақты қалтасының түбине нықлап тықты.

Сапар менен Жәмийла бир-бирине жилўа наз бенен күлип қарады.

Дәрьяның жағасы жигитлерди шығарып салыўшы адаманға толы. «Париж Коммунасы» катериниң моторының жерди солқылдатқан сести шықты. Катердиң па-

лубасында шоқ-шоқ жигитлер, жағадағы аламан, бир-бирине ынтығып қарайды. Аталы-балалы, ерли-зайыплылардың жүреклерин айралық ҳәм муҳаббат толқыны кернейди.

Катер орнынан қозғалып дәрьяның ортасына қарай жылысты.

Нәлет Гитлер!—деген кемпир-ғаррылардың:

— Жеңис пенен келиң! Тәмбисин бериң жаўдың!— деген адамлардың жағада ғазаплы сөзлери гүңренсе, катердиң палубасының үстинде қылшылдаған жаслардың:

— Бизлерди балыққа сағындырмаң!

— Бизлер ушын балықты көп усласаңыз, сизлер ушын фашистлерди көп қырамыз!—деген қәзил-дәлкек сөзлери еситилип турды.

Катердиң қарасы семгенше жағада самал менен лаўдан көйлеги желбиреп, суп-сур болып турған Нәзлы кемпир баласының жан қалтасына салған топырағын «уўысыма қайтып қашан түсер екен» деп дағдырып тур еди.

* * *

Ақдәрьяның ғырра жағасына Киров атындағы колхоздың кеңсеси салынған. Усы кеңседен бир шығанақ өрде Уралский аўыллары отыр. Оннан ары қарақалпақтың «Кабасан», «Ашамайлы», қазақтың «Қаракесек» урыўлары сыбайласып қонған.

1942-жылдың жаз ортасы. Саратанның тамылжыған ыссысы. Колхоз кеңсесиниң қубла тәрепине салынған үлкен складтың алдындағы майданша толы жыйын. Көпшилиги ақ сақаллы ғарры менен ақ шашлы кемпир. Биреўлери аў көңгелеп, екиншилери қақсап жарылған гөне кемелердиң ултанын питеп, үшиншилери арқан шыйратып,—ҳалынша ҳәрекет етип атыр. Дәрьяның жағасында қазылған жер ошаққа асылған үлкен қазаннан қара майдың ашшы түтини буўдақлап шығып тур.

Түсин өртең шалғандай еки ғарры төңкериўли турған кемелерди сарлатып майлап жүр.

Қәпелимде усы еки ғаррының бир-бирине алара қарасып:

— Олай емес!

— Жоқ, олай емес, былай!—деп керилдескен даўысы шаңқ ете қалды.

— Ҳа бул не!—деп сол заматта аш өлең, қара киси екеўине төреликке жетип келди. Адырақ көзлерин бежирейтип, суўық келбет пенен шағынып сөйлеген еки ғаррының айтысына қулақ салды.

— Майды жуқалаў жақ деймен... Үнемлеў керек. урыс ўақты емес пе, Қәлийлажан!—деди биреўи.

Екиншиси оның сөзине өршеленип:

— Сен маған мәтибийсиме! Мен мына Қәлийланың көрсеткениндей етип майлайман... Урыс ўақтының қысқа кершилигин билмейди дейсең бе?—деди көзин алартып.

Қәлийла жымыйып күлди:

— Жубан аға сеники де дурыс, Мәмбет аға сеники де дурыс, бизики де дурыс! Керис кеме болмайды. Екеўиңизде он бармағы өнерге питкен уста адамларсыз. Фашистлер менен керисимиз аз емес. Қәне, татыўласың, насбай атысып алың!

Қәлийла қалтасынан шереклик шийшени шығарып, насбайын тәриплеп кетти—Азлаў! Азлаў ат аға Тахтакөпирдиң сексеўилиниң күлин салып, Чимбайдың майын қосып уўқалаған, Хожелиниң аспа темекиси!...

Ғаррылар шақалақлап күлип жиберди.

Қәлийланың гежирли минези жоқ, тек қуў сөзлилиги бар. Еки кисини гейде шағыстырып, өтирикти шындай қылып сөйлегенде, жүзи бир қубылмайды. Буның бәрин ол қызыққа ислегени болмаса, кеўлинде кисиге деген ийнедей жаманлық жоқ. Оның усы қуўлығына қанық кисилер Қәлийланы ортаға алып, иси ериккен ўақытын күлки менен өткереди.

Бир жыллары Қәлийланың ҳәкис сөзлилиги менен тирсек минезин минеп қосық та шығарылған.

... Колхоздың дәслепки артельлескен жыллары Ақдәрьяда қабасан Бердан шайыр менен қаза шерик болып көлге шығады. Берданның насбай ататуғын нәшеҫи бар екен. Бир күни түсте қаза қараўдан ҳарып келген Қәлийланы ол қоңсы қостан тостаған сорап әкелиўге жумсаса, «ериншекке ис буйырсаң, өзиңе ақыл айтады» дегендей, Қәлийла: «өзиңиз молла адамсыз. Насыбай гүнә болады. Тостаған әкелсем, мағанда саўап жоқ»,—деп шәриятты қардай боратады.

Қаршадай баланың жуўабына Бердан дады-мәмиле

айталмай сам-саз болады. Қоста отырғанлар шайырды пәпеге алып, жеңилгенин бе—деп ғыжақ береди.

Сол күни ақшам оттың жарығында Бердан бир бет қағазға әлле нәрселерди жазып шықты. Таң ертеңине Қәлийлаға шығарылған қосық ауыздан ауызға тарады.

Қәлийланың жас күнинде төбесине түскен теңгедей қара қотыр мал бағып жүргенде қараўсызлықтан азғынып алақандай жеринде тыртық болып питкен еди. Бердан соны минеп жазыпты:

Жастан күтип сақламадың басыңды,
Ҳәлек болып ким алып жүр шашыңды;
Еледе қойыпты кирпик қасыңды,
Мәселени ким қойыпты Қәлийла!

Таўларды әзелден жаратты бийик,
Қурт жеген ағаштан болмайды ийик,
Қурттың зәҳметинен шашларың жыйып.
Мәселени ким қойыпты Қәлийла!

Қәлийла бул қосыққа ашыўланған жоқ. Қайта:
Бердан ағаники дурыс. Бул төбедеги тыртық Ҳәлеке байдан қалған мийрас. Байдың есигинен манаттай тыртық пенен қутылғаныма шүкир! Ҳүкимет болмағанда төбем түўе, басымнан да айрылатуғын едим... деп өзин-өзи дәлкек етеди.

Жаслай жетимликте питне болып, тирише өскен жигит үйренген бир-еки класс саўатына арқа сүйеп, дәслепки жыллары аўыллық советте завхоз болып ислеп келди де, урыс басланатуғын жылы ол кәсиптен жалықты ма, әйтеўир колхоз басқармасына келип, балық аўлаўға тилек билдирди.

Оған колхоз председателиниң айтқан жуўабы:—Сүлингирдей жигитлерден айрылып, бала-шағаның ортасында қалдық, Қәлийла! Урыс питкенше бурынғыдай келетуғын аў-қурал қайда. Жаңаны еплеп, гөнесин сеплеп турмасак мүшкилимиз қыйын. Кемпир-ғаррыларға аўызыңның еби бар ғой. Аў-дузақ ремонтлайтуғын бригаданы басқар! Бизди усы хызметтен алаңсыз қыл иним!

Қәлийла артық сөзге бармастан «Мақул!» дей салды.
Айтқанындай Қәлийла кемпир-ғаррылардың бабын

тапты. Көленке болсын деп складтың алдына ғастырма соқты. Ғаррылардың чайы ушын үлкен самовар қайнаўлы. Ендиги аўыр ис түслик аўқат еди. Үйлерине жибериўге алды-арты 3—4 саатта жыйналады.

Қәлийла 5—6 аў көнгелеп алып дәрьяның арғы жүзиндеги көк суўға керип таслап еди, ҳәр күни мардан қуры қайтпады. Бүгин тартылды дегеннин өзинде 10—15 мөңке әкелип, гәсин қуўырса, гәсин асып көпшиликтиң қарнын қампайтты.

Ремонтшылар шертектиң астында түски аўқатқа отыр еди. Усы аўылдағы дүканның сатыўшысы Қәдир еки ийни төмен салынып жабыңқы қабақ, суўық түс көрсетип, алыстан томсырайып өтти. Еңгезердей ири денели, қустың пәриндей қияқ мурты бар, шийкил сары жигиттиң бул түнергенин ҳәр ким ҳәр нәрсеге жорыды;

— Қапалы ғой! Иниси урыста жазым болдыма екен!

— Растрата болып, мойнына ақша түспесе!

Қазанның басында отырған Қәлийла гәпке араласты.

— Ҳеш қайсыңыздың ашқан қумалағыңыз сөйлемеди. Бизди тыңлаң. Еки суўық хабарданда аман. Армияға шақырғанға қара уўайым түсип киятыр басына!— деди.

— Ҳе, барсын! Елди жаўдан қорғамаған перзенттиң не ерлиги бар. Ата-анасын аямаған қандай ул,—ол!— Бир қырынан жатырған сары кемпир қәҳәр менен орнынан ушып турды.

— Қарны гебежедей, сыйқың қурысын! Излегени,— аўырдың үсти, жеңилдиң асты. Балық аўласашы, дүканда ҳаял-қызларда ислемей ме? Бир шабақ усласаңда, балық аўла!... Мелле шапанлы ғарры Қәдирдиң сыртынан аларып қарады.—Урыстан қорқады мыс! Барсын! Жаўды тезирек жеңсин!

Ғарры кем-кем жеделленип сөйледи.

— Усы Мойнақта Совет ҳүкиметин орнатыў ушын бизлер урыспадық па? Ол күнде жас балалар еди. Сонда усылар байлардың тепкисинде хор болмасын деп урыстық!...

Төмен қарап, ағаш ийнеликке жип орап отырған кемпир басын көтерип, ғаррыны минеп сөйледи.

— Эй Мәтеке, «адам қартайса мақтаншақ келеди» деген Абдир жыраўдай кем-кем көтерилип баратырсаң ғой!—Адамлар кемпир менен ғаррының бир-бирин илип

тартып сөйлегенине қулағын салып, тумлы-тустан пөнеге алды.

Бул сөз Қәлийлаға күтә пеш түсе қалды. Еки адам әзиллессе арасына қыстырыла жүретуғын ол «Мәкейди сөздиң бәнтин басатуғын жеңгем табылды»—деп гәпти балалатып жиберди.

—Бәнтин басқан емес—деди ғарры—Мине, мына ийнимдеги үлкен кесениң аўзындай тыртық, атаман Фильчевтиң баспашыларының атқан оғының орны. Кулаклар менен аўыз жаласып большевиклерге қарсы урысқан жаўызлар Мойнақтың қаласын паналап, бираз күн сергелден қылды. Сөйтип пәк қанымызды төгип орнатқан ҳүкиметти енди Гитлер ме, ийтлер ме, қанхорларға соратады деген не сумлық! Әттең белден күш, дизеден қуўат қайтты а... Ҳәссений, жигирма бес ўағым усы күнде келсе!..

— Ҳей жийен бала—деди жана Мәтеке ғаррыны басқылаған кемпир Қәлийлаға қарап—гитлер дегениң байлар мәмлекети ме? Баяғы да байларды қуртқанымыз жоқ па едик?

— Әне, кише саўатсызсаң. Баяғыда бизге оқый ғой десе «бузаўым сыйырымды емип кетеди»—деп қашыў менен жүрдиң!

— Сен бир «гимназияны» питкердиң бе, айтатуғын сөзине қара, ҳәкисленбей шынынды айтса!—деди кемпир.

— Олар—байлар. Биздей батыракларға қарсы. Гедейлер дүнья жүзин ийелейди деп қорқады. Сонлықтан гедейлер ҳүкиметин қулатып, есигинде сени тезек тергизип, маған от жақтыражақ. Өзлери бизлердиң мийнетимизди сорып, жуўан қарын бай болажақ. Усыған көнерсең бе?

Ҳм!—деген кемпир тереӊ ойланып, оның Қәлекебайдың есигинде көрген азап-ақыретлери көз алдында елеследи.

— Қулақлардың бир өрески исин өз көзим менен көрдим—деди Үсен деген тапалтас ғарры аўлы көнгелеп отырып.—Ол күнде Зайырда қураллы Уралскийлер жол тосып, Мойнаққа қарай жан мақлуқ өткермей атыр еди. Дәрьяның музы жаңа қатқан ўақыт. Ийнинде жарты қапшық толы жүги бар, жасы 50 лер шамасындағы бир киси менен жәнә өспирим жигит екеўи музды ор-

тасындағы соқпақ жол менен тал түсте Зайырдың тусына келе берди. Тап сол ўақта 5—6 Уралский жолаўшыларға сүренлеп алдын кескеследи де, тутып алды.

— Қәне, большевиклерден не хабар алып киятырсыз, жасырмай айта бериң, сизлер жансыз ба?—деди.

— Жоқ шырағым,—деди ол киси—мынаў мениң балам. Мәдели бойындағы ағайинлериме киятырман. Большевиклерди мен көргеним жоқ.

— Айт, ҳайўан шыныңды!—деп биреўи мылтықтың қундағы менен урып жиберди. Ғарры қулашын жайып, музға жалып ете қалды.

Атасы азап көрсе, перзенттиң жаны төзе ме, баласы шаққан жигит екен, жаңағы Уральскийге жолбарыстай атлықты. Бир өзи екеўин сулатты. Бирақ, жарақсыз адам не қылсын! Баспашылар көплеп келип жигитти естен талдырып, музға қулатты. Сөйтип атасы екеўин бирбирине қосақлап байлап, үкиге тығып жиберди. Әне кулаклардың қылўасы.

Тыңлаўшылардың жүреги түршигип кетти...

## АЙНЫҒАН УЛ

Қәдир бир атадан дөреген еки жигит еди. Иниси Жамал 1941-жылы гүзге жақын Совет Армиясы қатарына шақырылып, фронтқа кетти. Ол 1943-жыл февраль айына шекем өзиниң аманлығын, жаўдың түр-түсин, фронтта көрсеткен ерлигин айтып, жийи-жийи хат жазып турды. Бир күни тағы бир хат алды. Жамал: бир-еки жигиттиң қаза тапқанын, өзиниң ҳәзир аман екенин жазыпты. Өлимди еситип, Қәдирдиң төбесине муз қуйылғандай болды. Жүреги түршигип, көзи қанасынан атлығып кете жазлады. Фронтқа барғанның ҳәммеси өлетуғындай көринди. Өлим есине түссе, тула бойы саўдырап, жүйкеси қурыйды. Жүрегин баўрына қысып, отырған орнынан өрре турып кеткенин билмей қалады. Өмирди ойлап узақ күн тоқсан толғанады да жүреди.

Ол күнде елатқа еки түрли хат келетуғын еди. Бир хат жақсылық хат. Ол қупия хат емес. Ҳәмме елаттың қулағын салып, көзин тигип отырған хаты. Атланысқа кеткен мәртлердиң аманлық хаты. Ағайин я таныстан болсын, әйтеўир хат келсе, сол әтирaптағы кемпир-ғаррры, бала-шаға жыйналысып, қайта-қайта оқытып шы-

ғады. «Жаўды пәлен қалада қуўдық, төлен аўылда сулатып қырдық»—десе, бәрининң кеўли жадырап қалады. Бала атасының, ата баласының, келиншек күйеўининң гирилиги менен ерлигине мәзи-майрам!

Бирақ тағы бир хат бар. Ол хатты мына хаттай сарғайып күтип, сағынып окымайды. Буны халық «Қара қағаз» дейди. «Қара қагаз» келсе бир мәрттиң оқтан ушып, қаза болғаны. Халық жүреги қабарып, қулпырып турған кеўиллер солады. Ел бул хатты күтпеўдиң тәрептары.

Бир күни почтальон Қәдирге бир хат әкелип берди. Иниси Жамалдан екен. Конвертти ашып, ишинен оқый баслады. Хаттың орта белине келгенде онын өңи ағарып, жүреги қысылғандай болды: «...Туўысқан ағам Қәдир!—деп жазыпты Жамал—топылысқа кетип баратырмыз. Бул саўаштан тири шығыўымыз я қаза болыўымыз белгисиз. Бирақ өлгимиз келмейди, жаўды женгимиз келеди. Өлсекте дастығымызды алып өлермиз. Жақындағы бир саўашта әжелден зорға аман қалдым. Днепр дәрьясынан түнде өтиўге мәжбүр болдық. Душпан дәрьяның арғы жағасында беркинисип жатыр. Қәйтсе де атланысты бизлер баслап, душпан жатырған қорғанды басып алыў керек еди...

...Түн тастай қараңғы. Бизлер жаңа өте бергенде, жаў оқ жаўдырды. Кемеде топланып отырыў қәўипли болғанлықтан мен жүзип шығыўды кеңес еттим. Жаз айы еди. Оқ қардай борап тур. Дәрьяға бойымызды тасладық, дәрьяның кең аңғарында жаўынгерлердиң қылтыйған геллелери көринди.

Арал теңизиниң жигити болғаныма сонда риза болдым. Әмудәрьяның аржақ-бержағына жаста талай жүзип шығып, суўда «көк жон» балықтай жүзетуғынымды билетуғын едиң ғой. Жүзиў билмейтуғын бир-еки жаўынгер жолдасларымды да сүйреп арғы жағаға шығардым.

Таң атты. Ҳүжимге өттик. Усы саўашта жаўдың оғы оң қулағымды аламайы менен жулып кетти. Немецлер ҳәтте гөзлегенде оқ қақ маңлайдан тийетуғын еди. Бирақ мен қулағымның қунын қайтардым. Немецлерининң қулақ шекесин оққа жандырдым. Бизлерде саат, минут сайын өлим қәўипи төбемизде дөнип турады. Сизлерди

жаўдан қорғаў ушын өлип кетсем, не әрман етпеймен. Көрисе алмасақ хош, аға!...

Қәдирдиң қолынан хат жерге түсип кетти. Ийтелги көрген қояндай мойнын гиржийтип, жерге қарап телмирип, көзи түнерип, еки ернин жымырып қысып тур еди.

Усы ўақытта Қәлийла келип «Қәдир, бул не? Дениң саў ма? Түсиң оңып кетипти ғой, аманлық па, Жамалдан хат барма?—деди бетине тигилип қарап.

— Бар ғой!—деп Қәдир жердеги хатты алып берди де, еки жағына қолын тиреп, сам-саз болып отырды.

Қәлийла хатты оқып шығып, ишек-силеси қатып күлди.

— Мине, жигит! Нағыз Аралдың толқынында туўылған жигит. Мәртлер өлимнен қорықпайды!—Қәлийла усы сөзди айтқанда Қәдир жақтырмағандай бетине аларып қарады.

— Неге қарайсаң. Туўылған соң түбинде бир өлесен. Тири қалсаң елге келесең, өлсең, душпаның менен айқасып, кегиңди алып кетесең. Фронтқа барсаң сенде бир мәртлик көрсет жора,—деп ғарқылдап күлди. Бул сөз Қәдирдиң шаншыўына соққы тийгендей болды.

— Мен сеннен фронтты сорап отырғаным жоқ! Не сандалап отырғаның. «Ириген аўыздан ширигең сөз шығады». Батыр болсаң өзиң бара бер!

— Мени жибер!—деп военкоматтан еки мәртебе сорадым, жибермейди ғой, жора.

— Жибергенде қарық етерсең: Бир оқтан өлесең!...

— Өлсек өлемиз да! Қәлийла қайда екен?—деп сораса, баяғыда фронтқа кетип ўатанын жаўдан қорғап өлди деп кейингилер айтысады ғой!...

— Мениң өлгим келмейди!

— Қәлийла Қәдирди әжыўалап аўзын қыйсайтты да, мырс етип күлди.

— Сениң менен биз өлимнен қорқып, душпаннан жалтарған менен ертең жаў Ақдәрьяға келсе, бәри бир екеўимизди де өлтиреди ғой. Болмаса сени дүканшы деп аман қалдырар ма екен!?...

«Бәри бир өлтиреди»... деген сөз Қәдирдиң жүрегиниң аўзындағы жараны оннан сайын қоздырады. Бираз ўақыт ләм-мим болды.

Усы ўақытта есиктен бир бала кирип келип, «Узақбаев шақырып атыр» деди.

— Кимди?—деди Қәдир баланың бетине ашыўлы қарап.

— Сени!

Қәдир дуканды бекитти де аяңлап жүрип кетти.

Үсен Узақбаев Ақдәрья аўыл советиниң председатели еди.

Жасы 46—47 лерди қуўсырған, аш өлең, арық қара киси.

Қәдир аўыл советтиң кеңсесине келсе, Узақбаев пенен колхоз председатели Сабыров тағы 2—3 адам отыр екен.

Қәдир кеңсениң дәлизинде ишке кириўге жүреги даўамай, бираз иркилип турды. Узақбаевтың салмақлы даўысы еситилди.

— Сәке! Енди кемпир, ғарры бала-шаға менен ислесиўге туўры келип тур. Жас баласы жоқ ҳаяллларды балық аўлаўға пайдаланып, кеткен жигитлердиң орнын толтырмасақ болмайтуғын болды. Бир шабақ усласа да армияға жәрдем ғой!

— Айтарын бар ма, Үсеке!—ол аўыр ойға батты да демин ишине тартып, кеңседе илиўли турған картаға қарады — Гитлер тезирек елден шығып кетсе болар еди. Аў-қуралларда гөнерди. Қайықларда тозып киятыр. Қарамайда кемис. Жаў жағадан алып атырғанда тынышлық ўақыттағыдай ағаш, май, тор бер деп қалай минлет етерсең. Бүгин он онбес кемпир, ғаррыны шақыртып, гүрриңлестим. Мың айтсаң да «елдиң етеги кең» деген усы да. қыйналған ўақытта қыяма! Гөне аў-дузақларды көнгелеўге, қайықларды ремонтлаўға жәрдемлесетуғын болды. Елде жигитлеримиз болғанда кемпир, ғаррылардың мазасын алып қәйтемиз.

— Қара қағаз да бүлдирип тур—деди Узақбаев оған мұңайып қарап.—Еситтирмесең тағы уят. Еситтирсең ызалы жанның жүрегин жаралайсаң.

Усы ўақытта есиктиң сыртында тыңлап турған Қәдир

— «Қара қағаз» деген ўақта селк ете қалды, көз алдында өлим елеследи.

Кеңседеги адамлар далаға шығып, Узақбаевтың бир өзи қалған ўақытта аяғын ғаз-ғаз басып Қәдир ишке кирди.

— Ассалаўма-әлейкум!

— Уәлийкумуссалам!

— Кел, отыр Қәдир, Жамалдан хат келип тур ма?

— Бүгин бир хат алдым.

— Ҳе, аман ба екен?

— Аман.

— Тағы да бир топар өзиндей жигитлерди фронтқа жиберейик деп отырмыз. Өзин билесең, жаўдын бети қайтты. Жаў қашса да қарсыласып өледи ғой. Елден тезирек шығарыў ушын күш көплик етпейди. Жеңисти жақынлатып, елди қыйыншылықтан шығарыў азаматлардың миннети ғой.

Қәдир сам-саз болып, төмен қарап отыр.

— Сөйтип иним, армияға шақыртыў қағаз келди,-- деп председатель хабарландырыў қағазды усынды.

Қәдир «хабарландырыў» қағазын қолына алды да, кеңседен қабағы түнерип шығып кетти...

* * *

Әскерликке шақырылған жигитлерди тийеген пароход Нөкистиң жағасынан ыққа қарай кеште шыққан еди. Қуптан болыўдан аспанды қара булт қаплап, арқадан қатты самалести. Дәрьяның иши алаң-бурқан дүбелей.

«Есберген» шығанақтан айналған жерде издеги баржы ағыс пенен кеселеп дәрьяның жағасына соқты. Баржының диспетчери жағаға көшки таслады да, пароходтың қайтып айналып келип, бөксер алыўын күтти. Әмудәрьяның ағысы менен ыққа қарай ылағып баратырған пароход изиндеги баржаны қолайлы жағысқа таслап, қайтып айналып келиў ушын еки-үш саат ўақыт өтти.

Баржы жағада турған соң солдат жигитлер секирип далаға шықты да, кими аўқат жеп, кими папирос шегип отырды.

Қәдир жабайы үйректей көптен бөлинип шетирекке шықты. Қалың урықлықтың арасында жүресинен отырып, сарсылып ойға батты...

— Қәйтсем екен!?

Оның көптен бөлинип қалғысы келмеди. Бир қыялы: «жигитлер менен кет!—деди тири болсаң халық алдында абройлы болып қайтасаң. Ал егер тири қалмасам ше? «Оның көз алдында қардай бораған оқ, өлим елеследи. Еки көзин жумып қыялы менен «фронтқа» барды, бир снаряд гүўлеп түсип, оның еки аяғының жуўан балтырын сындырып кетти. Майып болды. Бул да

Хош гәп-аў. Совет ҳүкимети саў болса пенсия береди. Ҳәтте ҳаялы екеўи бир дүканды оң қолдай басқарады.

....Ал егер еки қол, еки аяқтан айырылса ше. Қәдир келисип майып болады. Бирақ ким ушын майып болады—халық ушын. Анадан туўылғанда майыппа еди,—жоқ. Кимди қорғап—елди жаўдан қорғап... Ел майып перзентин далаға таслай ма?—Тасламайды.—Өлгенше әлпешлеп сақлайды. Бул да ҳеш гәп! Дүньяның қызығын көрип жатасаң! Ал егер өлип қалсам!—Қәдирдиң денеси түршигип көзинин алды тастай қараңғы болды. «Өлип» деген сөзге тили гүрмелген ўақта, ол ериксиз еки көзин тастай жумды. Бир гезде жылайжақ еди, көзинен жас шықпады. Басы мең-зең болды. «Адам неге өледи екен!... «Гитлер—сволоч!»—деп тисленип, жудырығы менен жерди урып жиберди. Урықлардың басын жулып-жулып алды... Мени неге өлтиресең!...

Буннан соң еси кирерли шығарлы адамдай шалқортасына бойын таслап өликсе болып жатты... Самал менен шайқалған қамыслардың сылдырлысы, дәрьядағы өркеш толқынлардың гүрилдиси, даўылдың ысқырған сести Қәдирди услаў ушын басып киятырған жаўдың әбеший дүсирлисиндей еситилди. Ол бәрин умытты. Өлим әйдарҳасы жутыў ушын жылысып киятырғандай аўнап, қалың урықлардың арасына тығыла берди.

Бир мәҳәли дәрьяға қулағын салды. Пароходтың пәригиниң суўды гүреген сести еситилип турды. Пароходтың бақырған гудогы: «Қәдир, сен әнтек иследиң ғой, халық кәрўанынан бөлинген сенде жабайысан!» деп зарланғандай. Жамалдың хатын оқып атырғанда Қәлийланың «жаў Ақдәрьяға келсе бәри-бир өлтиреди» деген сөзи есине түсти: «Кимди өлтиреди?!... Көзиниң қарашығындай иниси Жамалды, ҳаялы Наржанды, еки нәресте баласын өлтиреди. Сонда бул—ким? Көз алдында дар ағашы елеследи... Жаралы Жамалды өлтириўге алып келди. Жамал: «туўмай кеткир аға!» деп аларып қарап көзинен ғарғыс отын шашып тур. Немец солдатлары үйме-үй кирип, аўылды азан-қазан етип, бала-шағаны шуўлатып жүр. Бул сонда елге, бала-шағасына қараўға бети жоқ. Өлимге тек наўбет күтип тур. Баласы да дар астында шырлайды. Қәдир жабайы қашқын!... Азғын әке!. Айныған туўысқан... Опасыз қостар!!!.

Қәдир орнынан өрре турды.

— Жамал! Туўысқаным! Наржаным! Эҳ перзентим! Қэдир өсер аўмадай қутырып, дэрьяның жағасына қарай делбедей жуўырды. Пароход алыста қараўытып, толы кэрўанды тартып, елди қорғаўға, Қэдирдиң елин, бала-шағасын, Жамалын жаўдан қорғаўға баратыр. Ал Жамалдың ағасы ше, балалардың атасы Қэдирше! Жамалдың, перзентлериң, өмирлик муҳаббатын—ҳаялын жаўға сатты. Әлпешлеп өсирген ел-елатынан безип кетти. Бэри-бир енди дүньяда Қэдир жоқ. Қэдирдиң тек қыслаўда адасып қалған ийттей ғана сүлдери бар. Өлисине тик турып, тирисине иззет еткен ағайын—қарындасқа, кэтерде кең мийиримин төгип, «тилеклеспиз» деп көзлери жаўдырап қалған шийрин перзентлерине, саўашта қан-сорпа болып жүрген инисине, үйдиң гирдикарының барлық салмағын еки ийнине көтерген ҳаялына қарайтуғын енди, оның ажары жоқ. Айдай жүзине айрылмастай қалың ширкеў шымылдығы түсти. Бул да өлим ғой!

Қэдир сүзек кеселден жаңа турғандай дэрманы қурып, аяғын сүрниге басып, пароход кетип баратырған жаққа қарай жағысты жағалап жуўырды. Дэрьяның жағасындағы бүк қамыслар аяғын тусап, найзадай шөгир тула бойына жармасып, «Саған жол жоқ, кет азғын» дегендей оратылып бетин тырнайды. Қэдир сүрнигип, жығылып турып, абынып өңменин алға созып жуўырып баратыр...

— Ҳей, жолдаслар! Кешириң мени, алып кетиң жоралар, ағалар!—деп еки-үш мэртебе сүренлеп қышқырды.

Бирақ пароходтың баржысы толы жаўынгерлердиң мэзи-майрам болып күлисип баратырған ғаўырлысы, қосық айтқан даўыслары ғана емески еситиледи. Бул даўыс оны келемеш еткендей оннан сайын ызасын қоздырды. Дэрьяның кенарын толтырып, көшкен аўылдай болып баратырған пароходтың маштында толқынланып ойнаған қызыл байрақ: «Қэдир өз басыңды қэдирсиз қылдың!»—деп басын шайқағандай, жүрегине биз суқты. Ағысты сызып баратырған пароход оған көшкен толы елаттай көринди. Қэдир өзин журтта адасып қалған жетим күшиктей сезди.

Ол көшке жетемен деп ғырра жағыс пенен бир саатқа жуўырды. Өкпеси исип, аўзына тығылды. Бул қуўған сайын, бөледен жыйрылып қашқан кэрўандай па-

роход кем-кем араны ашып, тек узақтан буўдэқ түтинлеринин көкте сағымы ғана көринди.

Қәдир қара терге шомылып, ҳалдан кеткеннсоң, қалың қопа—жекенниң үстине бойын таслады...

## ГИТЛЕР ГҮНАЛЫ

Жәмийла—Сапар армияға кеткенде ашылған гүлдей қулпырған келиншек шағы еди. Сапардан үш айлық ҳәмле пайда болды. Ҳаяллардын иши үлкейгенде ғана жүклилигин аңғаратуғын еркеклердин бириндей Сапарда Жәмийланын жүкли болғанынан бий хабар еди.

Узақ сапарға атланар алдындағы муҳаббат күнинин тамашасы өз алдына ғой! Еки жас бир-биринин диийдарына тоймай узақ гүррин етип отырды.

— Бизиң кемпир мәрт-аў, Жәмийла,—деди Сапар күлимсиреп.

— Бизиң енем урыс басланған күни ақ пайын жылап, соннан соң белин беккем буўды—Жәмийла Сапардың мойнына қолын салып, көкирегине басын сүйеди. Неге адамның жылағысы келе береди. Жүрегимди тас етким келседе, нәренжем кеўлим босап былбырайды да турады!...

Жәмийла узын кирпиклерин үсти-үстине қақты. Мүңайған қара көзлери жасқа жуўылып кетти.

— Жәмийла, өйтип, бала болма! Жаўды жылап жеңе алмайсаң. Сендей мыңлаған рус, украин қызлары қолына жарақ алып жаўға қарсы урысып жүр.

«Мыңлаған» деген сөз Жәмийланың асаў жүрегин қамшылағандай, шоршып басын көтерип, косинкасының ушы менен көзинин жасын қурғатты.

— Мен де... деди де ол сөзиниң артын айтыўға Сапардан уялды. Бирақ жигит ярының сөз рамаўзинен айта жақ пикирин сезди.

— Сен фронтқа бармайсаң! Бизлерге азық жеткерип турсаң, урысқа сениңде үлес қосқаның. Сениң ушын бир оқты артығырақ атармыз!...

— Сапар!—Жәмийла уялып төмен қарады.—Мен жүклимен ғой!...

— Қашаннан бери!

— Үш-төрт ай болды.

Сапар бетине тигилип қарап, мыйығын тартты да қушақлап ернинен сүйип алды.



221984

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул кутә қуўат болды ғой, маған! Аман жаның қалса жақсы баға гөр!

Ертеңине Сапарды Жәмийла узатып салды да үйде қарап отырғысы келмей, колхоздың жылым бригадасына қосылды...

Бирақ үш төрт ай ислеп жүклиликтен үйде отырып қалды.

Сапардан еки-үш айға шекем «әскерлик өнерди үйренип атырмыз»—деген хат үзилмей келип турды. Арадан бир жыл өткенсоң Сапардан: «урысқа баратырмыз. жеңиске тилеклес бол Әскербайдың сүўретин алдым. Аўзы, мурны маған, көзи саған усапты ғой. Ден саўлығыңа жақсы қара. Мен ушын бир сүйип қой Хош Жәмийлам «деген хат алды. Буннан соң хат үзилип, тым—тыртым хабар болмады. Почтальон келген сайын сорайсорай аўзы да тозды. Жолына қарай-қарай көзи де сарғайды, почтаға қатнай-қатнай табаны да қабарды.

— Бул неси... Жәмийла сарсылып, етин жеп иштен қысылып күн-күннен жүдеди. Ақжүзине сепкил түсти. Көзинен уйқы қашты, иштейи аўқатқа тарылды. Назлы кемпир келиниң бул уўайымын сезсе де, жүрек жарасына шыпа таба алмады. Ол да өзин қанша берик усласа да, соңғы күнлери оң жақта атаңдай шөгип, зарланып көзинен жас таслайтуғын болды.

— Келин жан—деди бир күни енеси—сары уўайымға сарсылып өлерсең. Мен өлсем ҳеш гәп, төримнен гөрим жуўық, сен өлсең Әскержан көзи телмирип жетим қалар. Ҳаял-қызлар менен кеўил көтерип, жети-сегиз күн жылым салып қайта ғой. Әскержан да емшектен шықты. Ендиги жағында сыйырдың ақ сүти менен өзим сақларман. Талабыңнан қалма. Бир жылдан берли атыңа балық жазылған жоқ ғой. «Мешкей деген жаман ат» Урысқа баласы кеткен мениң бир өзим бе, күйеўи кеткен сениң бир өзиң бе? Көп жигитлерден ҳәзир хат кешигип тур дейди ғой. Баслық балада бизлердиң мүңайып отырғанымызды көрип, қатты-қайырым гәп айта алмай, арқасына аяздай батып жүр. Тәўекел «қуданың исине» қайыл болдық. Тири болып, аман келсе, қияға кеткен сұңқардың қолымызға қайта қонғаны. Қурбансыз атланыс бола ма...Тәўекел, көндик.

«Қурбансыз»—деген ўақытта Жәмийланың төбесинен музлы суў қуйғандай қуйқасы жуўлап, кемпирди

бәледей көрип, аларып бир қарады да, шыдай алмай жылап жиберди...

Кемпир соңғы сөзиниң келинине ауыр тийгенин сезди ме, өз өзинен ол да қысылып, албырап төмен қарады. Дуньяға шыққалы төрт ул, уш қыз көрип, жетеуиниң алтауын қара жерге көмип, тек Сапарды ғана сум әжелден аман алып қалып еди. Жасы қырықтан асқанда ери де қаза тапты. Усы қурбанлардың салмағын бир ийни менен көтерген кемпир өзин сабырлы тутып, шүкирлиги басым еди. Жас келинниң бес—алты ай хат кешиккенине балықтай туўлап запырандай сарғайып жүргенин сезип, белине мәдет болар ма, деп айтқан сөзи еди.

— Олай болмады, қайта алысайын деп турған отлы шоқты үплеп лаўлатып жиберди. «Эй жаслық ширкинай, ғаррым өмир бойы маған да керек еди» деди ишинен Тағы муңлы жасты аяп, кеўлин алды.

— Жылама шырағым! Сапар жаным келеди екен. Кеше түс көрдим. Төбемди қаплап турған қара булт батысқа қарай серпилип, жадырап күн шықты. Сол ўақта көк кептерлер аспанды қаплады. Мени айналып ушады, бирақ қасыма жуғарада келмеди. Енди кетти аў дегенде бир кептер артына айналды да, төбеме қонды. Оянсам түсим екен. Көшкен қара булт—душпан күн ашылса—парахатшылық, кептерлер—кеткен жигитлер, төбеме қонған кептер Сапар жаным ғой!—деп жорыдым. Қорықпа шырағым,мәз—майрам болып жүре бер, балам! Сапар жаннан хат келсе, биреўден сүйинши соратып хабар жиберемен.

Бул сөз Жәмийланың үстиндеги ауыр постынын сыпырып таслағандай болды. Тула бойы сергексип, жүреги қуўанымтан шәўкилдеп соқты:

— Айтса, ене мен неге түс көрмеймен. Көремен аў, ондай қуўанышлы түс көрмеймен.

— Көресең еле балам. «Түске де исен бе , түссиз де болма» деген ата бабалар! Жаман тусти жорымай тез есиңнен шығарыў керек.

Кәне онда мен кетейин, ене! Колхозға еплем жәрдемлесип турайын!

— Сөйт, шырағым!

Жәмийла жылым салғанда кийетуғын киймлерин кийинип, «саў отыр ене» деп есиктен шығып кетти.

* * *

Мийзам айының тамылжыған ыссы күни. Назлы кемпир қара үйиниң артқы шийин түрип таслап, жапсарда уршық ийирип отыр. Көлден жаңа келген Жәмийла узын қара шашын тарқатып, сабынлап жууып шашын мүйиз тарақ пенен тарап, енеси менен гүррицлесип отыр.

— Сөйтип, ене баслық қайнаға мени неге көлден шақыртты екен. Балаңнан хат—хабар болдыма екен?

— Басқа бир жөни бар шыгар балам. Өзге жумысқа жибереме ким билсин. Чай-пайыңды ишип болып, кеңсесине барып қайт.

Усы сөзди айтты да Назлы кемпир далаға шығып еди, көп гидирмей ҳаплығып есиктен кирип келди. Бул ўақытта Жәмийла шашын жууып атыр еди.

— Шашыңды бир өрим етип өрип, орамалыңды тарта ғой, баслық баланың өзлери усы жаққа киятыр,— деп кемпир төрге шығып үйдиң ишин жыйнастыра баслады.

— Кимлер?!... Бизин үйге киятыр ма?

— Аўыл совет, Мәтеке қурдас,—үшеўи—деп кемпир төрги ашық керегеден тағы сығалап қарады да—бизиң үйге бурылды—деди.

Не ушын екенин ким билсин, Жәмийланың тула бойында бир қалшылды пайда болды. Жүреги өз-өзинен ҳәўлирди. Бир бурым түўе еки бурым етип шашын ҳәп заматта өрип таслайтуғын шәбик қоллары қалтырап, жүреги дүрсилдеди. Сипсени алып ошақты сыпырайын деп оқталып еди, аяқ қолы уйығандай сезилди.

«Әстапуралла, аманлық болғай да!» деди ишинен.

Кемпирге қарап еди, ол да қойған затын қайтып таба алмай ғабырысып жүр екен.

Усы ўақта дәслеп Мәтеке, оннан соң Узақбаев Председатель, үшеўи кирип келди. Кемпир менен келинниң үрейи ушып сескенгенин сезди ме, Мәтеке отырар отырмастан күле шырай келбет көрсетип, ғарры—кемпир арасындағы әзилди баслады.

— «Қартайса да тулпардың даңқы жатпайды» деген,—Назлы еле қуўнақсаң ғой! Аяқты басыўың жарап қалды...

— Сапаржан аман келгенше ғаррылыққа мой бермей

турайықта. Қалай, баланнан хабар бар ма?—деди кемпир.

— Жақында бир хат алдым. Әйтеўир тирилигине шүкирмиз. Бес-алты ай хат келмегенге қарағанда баладан айрылдық па деп қорқып жүрдим. Бәри тири келе бергенде урыс бола ма!—ғарры алыстан дузақ қурып сөйледи.

— Бизин баладан хабар жоқ. Қәйдем!...—Кемпир төмен қарап муңайып ойланып қалды.

Кемпирдиң бул сөзине ҳешқайсысы тил қатпады. Үшеўи де төмен қарап тунжырасып бираз ўақыт бир бирине тиллеспей отырды. Узақбаев әллен ўақыттан кейин Мәтекеге көзинин астынан қасы-қабағы менен бир нәрсе деп ымлағандай болды.

— Назлы!—деди Мәтеке даўысы қалтыраңқырап шығып—өмир бар жерде, өлим бар. Туўылған соң өлмек парыз. Өлимди жаңа көрип киятырғанымыз жоқ ғой. Белиңди беккем буў! Сапардан «Қара қағаз» келди...

— Өй бей!... деген кемпирдиң ашшы бәд даўысы шықты да сылық етип қулады... Жәмийланың шала өрилген қара шашы қайтадан жайылды...

* * *

Жәмийланың теркин журты «Тал жап» бойында еди. Бир атадан бир ул, бир қыз дөреп, улдан жалғыз деп Қабылды, қыздан жалғыз деп Жәмийланы ата—анасы бетине жел болып тиймей ерке өсирди. Қабыл былтыр армия қатарына шақырылып кетти. Бирақ сонан жеңил жаралы болдым деген хат келип тур.

Анасы Сарыгүл кәйўаны адам болса да, әкеси Төребай биймазалаў киси. Ол жас күнинде Жәмийлаға жайма—шуўақ минезде мәпелеген әке болса да, қызы ер жете келе кепкен теридей баўыры тартылып, бурынғы ҳөкки, гүрт минези күннен күнге бурқасынлап қатал әке болды. Оның себеби: биринишиден—сайыз ойлап, кеўлине келген иске көзсиз урынатуғын өжет минезликтен болса, екиншиден кисиниң тилине ергиш, өз ақылы менен сабырлы шешиўге шорқақ киси. Кеселеп бир бағытқа аўса, кемеси қайырға тийгенше жөн алған бетинен қайтпас. Бул минезиниң пайдасынан зыяны көп еди. Онын үстине Жәмийла ер жеткен шағында Төребай қомпаңлап: «Қуда боламан. Жәмийла жанды қутлы

жерине қондыраман» деп нәшебент Өтеп деген киси менен бир кеште кекнарға тойып отырып пәтия оқысты.

Бул қылўасын өз пәмине орынлы санаған Төребай үйине келип, кекнардың қызғыны менен елитип отырғанда қуда түсип келгенин айтып салды. Бирақ өзинен басқа ҳешкимнен «бәрекелла болыпты» деген бир аўыз сөз еситпеди. Улы менен Қызы атаның жағасынан алып, қарсы сөйлеўге ийбе етседе, жастан қаны қарысып, ети ерискен қосағы Сарыгүлден тийисли «пайғазысын» алды!

— Алжыған! Дүньяға шыққандағы жалғыз қызың еди, «теңи келсе тегин бер» деген, рийзалығын алмай басып-женшип жылатып кекнаршыға келин қылып берсең исиңнин қырынға кеткени! Жәмийла күйеўсиреп жүрсе өзи де теңин таўып алады. Тапқан қудасына болайын! Қалың мал алады—мыс!... Кемпир келемеш сөзлер менен ғаррысына дәпинип аўзын қыйсайтты.

Төребайдың буған зығырданы қайнап кетти. Ҳасасын алып кемпирге қарап жуўырды. Бирақ әлле неден тартынғандай батынып таяқ ура алмады. Кемпирдиң де тоятына қанып турғанын сезген ғарры аяғын тапылдатып, мушын түйип, тислерин сақылдатып, көзлерин алартып, тек сөгине берди. Бундай урыс—қағыс гезинде Сарыгүлдиң сабырлығы да, ғайбарлығыда бар. Гейде ески дәстүр бойынша «ериң прим» деп санайтуғын ол «еринен таяқ жеген қатынға дозақ оты ҳарам» дегенге исенип, ҳасаға жаўырынын тутса, гейде ғаррының тақыр жерден шаң шығарып, урған таяғы жанына батқансоң жоталы, жаўырынлы кемпир «кәпир ақ болайын» деп пәжмүрде ғаррының мойнынан мойынпаш алып айқасады. Ҳалы жетпейтуғынын билген Төребай «шалма қатын шалма, шалсаң жығасаң» деп тырмысады. Дәўдей ири жоталы кемпир ҳасаны есикке шынғытып Төребайды жерге көтерип урып, қәне қоясаң ба?—дейди.» Қояман! —дейди ол. Кемпир қанша ашыўға минсе де, ерин сыйлап, беденине қол тийгизбейди.

Бетинен алғанына қатты ызасы қайнап отырған кемпирди сөккени болмаса, таяқ урыўға тағы «баяғыдай масқара қылама»—деп ғарры тартынды.

— Нәлет, саған нәлет! Отлама, пәтия оқылды. Истамам. Бизиң ата-баба, урим-путағымызда атаның буйрығын, ҳүкимин бийкар еткен нашар жоқ.

— Ҳаў, алжыған аў! Бул қай заман екенин билесең бе? Мени арбаның алтақтасына байлап әкелдиң. Көндим! Ығбалым шығар! Ол күнде мени жарылқайтуғын заман жоқ еди. Ҳәзирги жасларға енди соны ислеп көр!...—Кемпир терис қарап тоңқылдады.—Пәтия оқылды мыс. Пәтияңды барып қайтып әкел!.

Ғарры узақ күн туўласа да, кемпири, улы я қызы болып оның сөзин пәтиўаға алмады. Усылай бир—бирине томсырайып жүргенде Жәмийла Сапар менен кеўил жарастырып бир күнде қашып кетти. Арадан жыл өтпей урыс басланды. Қыздың уўайымын шегип жургенде, баласы да фронтқа кетти. Бирақ «қызы бардың назы бар»лықтан ба я сөзимди сыйламады, жүзин көрмеймен» деп баўырын тас қылып таслады ма, әйтеўир Төребай Ақдәрья бойынан бир неше рет өтседе «қызымды көрейин деп Назлының үйине қайрылмады.

Сапардан келген «қара қағазды» еситтирген күни—ақ Төребайдың үйине атлы хабар келди... Төребай дәслеп бир-аз томсырайып отырды да, урыста жүрген өзинин баласы есине түсип, жүрегине аянышлы сезим кирди. Ешегин ертлеп, Ақдәрьяға жүрип кетти.

Төребай жолда ҳәр қыялға дөнеди... Қызы қашып кеткенсоң пәтия оқысқан моллалары, «көкнаршы»қудасы, Төребайды үйине шақыртып ахыретлеп таслады. «Лебизин жутқан мусылман кәпир болады» деп моллалар оның үрейин ушырды. Қысылып албыраған Төребай:

— Тири болса, сол қызымды есигиңе әкелип беремен, түбинде сениң келиниң,—деп тағы ойланбай ўәде етип еди, баласының сылбыр минези менен көргенсизлигинен талай жерге қуда түсип, бедели қайтқан қудасы ақ пейил Төребайдың зәрресин ушырып сөйледи.

— Енди алдасаң, терис пәтия беремен. Көкнаршының ғарғысын ал оңайын десең!—деп еди. Төребай ант ишип, ўәде етти.—Усы ўәдеси есине түсип, «мусылманлық парыздан қутылатуғын болдым» деп «қара қағазды» еситкенде дәслеп шоршыса да, алдынан жылап шыққан қызының кеўли ушын бир—еки даўыс шығарып, үйге кирип Назлыға кеўил айтты Аздан кейин сыр шашпай қайтып кетти.

...Гүзек айында Сапардың жылы толған садақасына Төребай келип, асты тарқатып болғансоң, кемпир менен оңаша қалып гәп баслады.

— Қудағай айта алмай жүрген қупыя гүррин бар

еди—дели сақалын сыйпап.—Өлмектин изинен өлмек жоқ. Сапаржанның жайы жәнетте болсын. Жәмийла жан да жас қалды. Жас баланың бахтын байлап отырмай, биймәлел—ақ пәтиянды берсең, қалай болар екен. Өкпелеп жүрме қудағай. Қалыспанде!..

Жәмийла бул ўақытта үйде жоқ еди. Кемпир Төребайдың бетине жеркенишли көз бенен бир қарады да, суўық демин алып, ишинен гүрсинип зарлы нама тартты.

— Өкпелеп, Өкпелемей не қылайын. Перзент сенники, меники емес. Бирақ «кеткен жаннан үмит бар» деген Сапаржанымды өлдиге аўзым бармайды. Не деген менен қуда, бул гәпинди ерте еситтирдиң. Гүдер үзсем өзимде жас нашардың бахытына кесир болмай, рухсат берермен деп жүр едим. Илажым қанша...

Төребай кемпирдиң жуўасып сөйлегенине қуўанып кетти. Ол: «кемпир бәд даўысқа салып жылап жиберсе, қоңсы—қобалар жыйналып маған кейисе минези шеп қызымнан аўыр сөз тағы еситсем, бул үйге қайтып адым атлаўым қыйын болады ғой» дегенде қыялда еди. Бирақ кемпир мәртлик етти. «Өзи ҳасыл жан»—деди ишинен.

Төребай жорта мыйығын тартып, күлип сөйледи. Бирақ кемпир оның қуўанышына иштен жеркенди.

— Сөйтип қудағай, есиң пүтин киси екенсең. әбзели өлимнен басқаның ертеси жақсы. Ери жоқ келинди сақлап сенде аброй алалмассаң, мениң де бетиме ширкеў болар. Үйге алып кете берейин. Буйырған биреў табылар. Жәмийла қай жақта жүрсе де, сениң идиралды келиниң. Мен де қатнасты үзбеймен.

Кемпир: «ҳм!»—деди де, сарсылып қойды. Төребай үйден шығып кетти.

* * *

Өтептиң Дәрибай деген баласы бар еди. Бала жети—сегиз жасар гезинде, «Қазақ аяғындағы» қайын журтына қыс азық көкнарын ғамластырып қайтыў ушын баласын алып қыдырып кетти. Қайтарда көкнарға тойып, алып, балық—шабағын артып ешектиң үстине баласын мингизип, ешегин қуўып айдап киятырғанда «Шәнениң батпағына» жығылып баласының оң тобығы шығып кетти. Доктордан атлы қашатуғын Өтеп бираз күн тәўипке бақтырып, порханға қақтырып жүргенде ет байлап кетип, баласы майып болды.

Онын үстине «қудай қарғағанды пайғамбар ҳасасы менен түртеди»—дегендей бетине күйдирги жара шығып, жүзи күйген шанаштай бүрилип, еки көзи тартылып қалды. Сонлықтан «бул жаға бойда әскерликтен қалған жас жигитлерден бир өзи.

Баласының арбадай айыбының үстине ийкемсиз сылбыр, әлпайымы жоқ, нашар жигит екенин сезген Өтеп Сапардан «қара қағаз» келген соң, көп узамай: «өзим тири ўақта үйлендирип кетейин» деп Төребайдың үйине қатнаўды жийилетти. Араға «Тоқымбет» тиң бас көтеринки жас үлкенлерин салды. Көпшилик ағайин азғырып ақыры Сарыгүлдиң де, «мақул»!—деген ўәдесин алды.

Сарыгүл Жәмийланы алып қайтыў ушын Ақдәрьяға кетти.

* * *

Төребай кеткен соң Назлы кемпир еки бүкленип жатып қалды. Қайғысына ортақласып отырған келининен, кеўил алданышы болып турған ақлығы Әскербайдан айырылыў Сапар кеткендеги айралықтан, алты баласы менен қостары өлгендеги күйиктен зили басым жүк болды. Ол күнде де қуўатлы шағы еди. Ал ҳәзир қабырғасы қайысып, картайған шағында бул жүкти көтериўге ол дәрмансыз.

Жәмийла есиктен кирип келсе, кемпирдиң узақ жылаўдан сарғайған солғын жүзин көрди. «Баласын сағынған шығар» деп Жәмийла мунайып, баласын емизди. Кемпир келинине тигилип қарап:

— Шырағым Жәмийла, енди сеннен де айырламан ба?—деп баладай сынсып, еңкилдеп жылады.

Кемпирдин сөзи Жәмийланыңда баўырын еритип жиберди. Еки көзинен нүсердей қуйылып жас төгилди. Әллен ўақытта басын жоқары көтерип алды. Тула бойына жигер енди.

— Жылама ене!—деди ол.—Мен бул елаттан кетпеймен. Сапардын туўылған елатын көзиме тотиядай басып, баўырымды шашым ағарғанша күтемен. Сапарды туўған сени өлгенше әлпешлеп бағаман! Мен...—Жәмийла буннан соңғы сөзди өкпеси исип айта алмады. Көзинен жасын төгип турып ишинен айтты: «Ярым жүрген көшелерди, алтын шашым менен сыпыраман!».

— Көп жаса балам!—деди кемпир—сениң менен Әскержанды көрип жүрип, өлсем, рийзаман!...

Сол ўақытта қолына таяғын услап Сарыгүл кирип келди. Қызы менен қудағайының келбетине түксирейип бир қарады да, аман туўелик сорасты. Келин—ененин бир—бирине мунын шағып ўўайым дәрьясына батып отырғанын Сарыгүл де иштен аяды. Ертеңине сыр бермей астыртын қудағайына Жәмийланы алып кетиўге келгенин айтып, «өзиң бил» деген жуўабын алғансоң, қызына қарап:

— Ығбалың усындай болса илаж не!—деди де ынжылды.

Жәмийла тил қатпай, сазырайып отыра берди. Шешеси тағы сөйледи.

— Сениң аядай кеўлиң жай болсын, жыламасын—деп сүйгениңе берип жибердим. Дүньялы деп ҳешкемниң қара тыйынына қызыққаным жоқ. Енди! Ата—анаңнында тилин алыўың керек қулыным!... Оған Жәмийла қатыўланып:

— Маған Сапардың журты жат емес, өзимниң тәжим берип еңкейип түскен елатым келиншек бетимди ашқан есигим. Мен бул елаттан ҳеш қайда бармайман. Маған ғамхорлығыңызға рахмет, қайта бер апа! деди.

Сарыгүл қызының бетине аларып қарап, долы ашыў менен енди дәпинип сөйледи.

— Сени жаңғыз—деп толы «Тоқымбет» елатын аяққа басып, атаңның «қуда атын» айтысып оқыған ақ пәтиясын бузып, бир тыйынсыз Сапардың қанжығасына байлап жибергенимди умыттың ба, қатын! Енди Сапар өлген соң, саяқ—сандыраққа үстиңди жол қылып «пәленшениң жесир қызы пәлен болып отыр»—деген журттың насағын тағы арқалатқың келеме!!!...

Анасының соңғы сөзи жүрегине аяздай батып, Жәмийла исинип кетти.

— Егер байсырасам, «қабасан—ашамайлы» данда адам табылар!.. Сапардан еле үмитим бар—Жәмийла усыны айтты да солқылдап жылады.

Кемпир оннан сайын долланды.

— Керек емес «қабасан»нан қыз қарызым жоқ. Туўған, асыраған мен болсам, «қабасан»ның не ҳақысы бар. Ертең «Тоқымбетлер» келип сүйреп кемеге салып кетеди.

Назлы кемпир қудағайы менен келининиң тартысына төрелик гәп айтыўға тили мүки болып, сам—сал отыра берди.

— Әскер семьясына бүлк салыўға не ҳаққысы бар!— деди де Жәмийла орнынан турып майданға шығып кетти. Буннан соң Сарыгүл Назлы менен салқын хошласып, аўылына қайтты.

* * *

...«Тоқымбетлер» бир кеме болып, Жәмийланы алып кетеди мис! деген ғалаўыт тарады.

Бул суўық хабарды еситип «әллеқандай заман болады!» деп жүреги ҳәўлирген кемпир үйде Жәмийла жоқ ўақытта бир саўасын таўып, ақылласыў ушын Мәтеке менен Қәлийланы шақыртып алды.

Есиктен ҳаўлығып кирип келип, екеўи оң жапсарда отырған соң кемпир ашшы гүрсинип, айтажақ сөзин баслады.

— Сизлерди тарығып қысылған соң, жаўшыға белсенип қарсы турыўға мәдарым болмағансоң шақыртып отырмын. Қолдан қаршығам кеткенсоң жарғанатта жаў болып тур. Бүгин қудалар келип, келинди алып кететуғын усайды. Усыны еситкели гүйзелип турман... Ағаңның кенесиңди айт, жәрдемиңди көрсет... Мен айтып болдым...

Мәтеке төмен қарап, бираз ойланды да, мыйығын тартты:

— Баяғыда қыяттың бир жигити көлге барғанда нәретесин сүйреп баратырған шортанға ўәжге тур!— деп тура умтылған екен.—Бизлер де елатпыз. Тиллесер. Қызын сүйреп алып кете бермес. Ўәжлесер...

Мәтеке усыны айтты да «сен не дейсең?» дегендей Қәлийлаға қарады.

— Сиз кәтқудасыз, ўәжлесе бериң. Бизики дәлден туўры хабар. Жесир бермеймиз. Беллесемен десе жағаға қайыс тигип шыға беремиз,—деди.

Назлы Қәлийланың сөзинен жигер алып, буўыны бекисти ме, солғын келбетине қайтадан ажар енди.

Усы мезгилде қара үйдиң сыртында ғаўырласқан даўыс еситилди.

Мәтеке сыртқа қулағын салып;

— Солардын өзи болмағай да—деди. Усы сөзди айтып, аўзын жыйғанша болған жоқ, есиктен ҳаплығып Жәмийла кирип келди де, кемпирге қарап;

— Бизиң ағамлар. Төсек салайын—деп жыйнаўлы кентке асылды.

Үйге бириниң изинен бири сәлем берип үш ғарры кирип келди. Ишинде Төребай бар.

Келгенлер дәслеп Назлы менен, оннан соң Мәтеке, Кәлийла менен аман туўелик сорасып болғансоң бир қатар киймлерин шешип, орамаллары менен маңлайларының терин сүртти.

Бираздан соң ортада отырған шийкил сары, үңирек көз, батық мурын ғарры өзлерин таныстыра баслады; Мәтекеге қарап:

— Бизлер «тоқымбетпиз». Мениң исимим Теңел деп сақалын узын арық саўсақлары менен тарап, тамағын қырып, бир—еки жөтеллеп алды.

Мәтеке қонақтың бетине бежирейип қарап турды да:

— Хе, Теңел суўфы деген сиз боласыз ба? Жас сорасайық,—деди.

— Бир кем алпыс.

— Онда түйедей қурдас екенбиз.

— Аўа.

Сол ўақытта оң қапталында саққа жүгинип отырған ийеги қәлиптей жуқарған, еки урты үңирейген, көзиниң нуры қашқан киси Теңелдиң шалғайын тартып гәпин бөле берди. Теңел ол кисиниң бетине жалыт қарап қас —қабағы менен сөйлесип болды да, енди Жәмийлаға бурылып:

— Қызым мына атаңның нәшеси бар еди. Көкнәр езгендей ыдыс!—деди.

Жәмийла үлкен лаўабы кесени алдына қойды. Бирақ нәшебент киси тағы Теңелди түртти, ол тағы жалт қарап:

— Хәй маңлайы қара!—деди күлип—усының менен қайта—қайта езип ише берсең о! Адамның жети насырын бүктиң—ғой. Шырағым, үлкен табақ әкелип бер!—деди Жәмийлаға.

Жәмийланың үрейи ушып, ғаррыға жеркенишли қарады. «Бизиң ағамның қуда болып жүрген Өтеп көкнаршы дегени усы шығар—деди ишинен.—Мени өлсин деп тап қылған екен»!

— Бул киси аўылымыздың абройлы ақсақалы Өтеп молла деген,—Теңел суўпы қудалардан кеширим сорап, өзиниң дилўарлығын сездиргиси келди.—Айып етпей-

сиз қудалар. Жақпасы болған соң шамалы «ашшы» ишеди...

— «Шамалысы усы болса»—деди ишинен Назлы ермек етип.

— Ҳа, зияны жоқ—деди Мэтеке муртынан күлип,— Сизиң аўылды «баспағына шекем көкнар ишеди», бизиң аўылды «баласына шекем арақ ишеди». деп бир тақўа адам сықақ етип кетипти ғой.

Отырғанлардың ҳэммеси бул сөзге кеңкилдеп күлди.

— Сөйтип қуда хызмет жайын сорасып отырайық— деди. Мэтеке Теңелге гэптиң ушын таслап.

— Теңел бармақларының ушы менен муртын еки жаққа айырып тарады да, гэп баслады.

—Усы үйдеги келиниңиз мына Төребайдың жаңғыз қызы еди—ғой. Дүньяға шығып пахыр бир ул бир қыз көрип еди. Баласы армияда жүр. Бэҳэрги өртеңдей бул урыстың жалыны шарпымаған аўыл бар ма! Бизиң елдеңде бираз жигитлер кетти. Бир қатарынан «қара қағаз» алдық. Жақында мына Назлы қудағайдың баласы бизиң күйеў баладан да «қара қағаз» келди деп еситтик. «Патшаның атланысында қаза болса шейит» дейди ғой китапта. Бийшараның төсеги торқа болсын!— деп Теңел азғана тыныспа жасап көзиниң қыйығы менен отырғанларға бир қарады да, гүррińин аяқлап кетти.—Сөйтип бизлердиң хызымет жайымызды сорасаң. «өлмектиң изинен өлмек жоқ» деген, болмас ис болып қалды. Нашар баланың жат журтта жесир отырыўы арқамызға аяздай батады. Бийнеке келинди сақлаў Назлыға да жақсы емес. Соның менен узын гэптиң келтеси, бийм элел рухсат болса. Жэмийланы елге алып кетейик, деп келдик. Ағасы келгенше Төребайға сүйеў болып отырсын!...

Теңел суўпы мен айтып болдым дегендей оң жақтағы көпшикке сүйенип, төмен қарап ишинен «усы дилўарлығым ушын қызыңнан алажақ қалың малыңның үштен бирине шерик қылмасаң, Жэмийланы тоқсан есикке таныс қылarman» деп бетин жыбырлатып муртынан күлгендей болды.

Назлы бир дизеге қонып, шынтағы менен тиреп. есик бетке телмирип қарап отыр. Өтеп ғарры гэп сөз бенен иси болмай көкнардың қызығында. Төребай «исим оңғарылды» деп тырысқан тула бойы жазылысқан-

дай болды. Мәтеке ғарры суўық демин алып, Теңел суўпыға тигилип бир қарады.

— Суўпы жора, айтқаныңыз орынлы Перзент Төребайдики оған даўымыз жоқ. Тири кеткен жигитлер тири келер! деген дәмемиз мол. Ал олай болмаған сүўретинде урыс питкенше күтиўимиз керек. «Қара қағаз» келди дегенге жерден жети қоян тапқандай жуўырысып келгениңиз қудалыққа миясар емес ғой...

Төребайдың түси өзгерип, Мәтекеге аларып қарады?

— Урыстың қашан питетуғынын тақық билетуғын ба един? Мен қызымды «пәлен жылы» урыс питеди деп «қабасан» ның есигинде сарғайтып отырмайман. Маған берген қалың малың күйип баратырса даўласып төрт аяғынан санап ал! Болмаса, ол не сөзиң...—деп Төребай аяғына қоз басылғандай өрден-ыққа секирди.

Теңел суўпы оның шапанының пешин басып «тынып турған суўды ылайладың:» дегендей аларып қарады. Төребайдың гүрт, тоң мойын минезин сезген ол жолда киятырып:

— Аўзыңа бек бол! Жесир алып қайтыў ансат емес. Еки бурымын арбаның арасына байлап, қызды сыңсылатып жылатып алып қайтатуғын бурынғы заман жоқ. Ҳүкиметтиң законы бар. Еле қызыңды не дейтуғынын ким билсин!—дегенде, ол:

— Жақында ҳаялымды жиберип алдым. Қайтатуғын аўығы жоқ. Әбден бермесе—деди де аржағын айтпай, ойланып қалды.

— Сонда сенлик сөз жоқ. Мен сөйлегенде сен тымтырыс болда, қызыңа қарап жортта жылай бер! Жаңғыз баладан айырылдым, сени көрип отырайын, күйеўге шықпай ақ қой. Ошағымның басында отырсаң болар. Еки перзенттен бирдей айырылсам, онда кемпирди де таслап басымды алып кетемен. Дүзде қаңғырып өлемен деп айтқайсаң!... деди.

Теңел суўпының бул ақылына Төребай «яқшы»—деп ўәдесин берген еди. Жаңа Мәтекениң сөзине шыдамай оның қызбалық еткенине ызасы келген суўпы «биреўдиң қызы ушын ағайын аўыл менен ашшыласқанша кетип қалсам қәйтеди», деген ашыўға минип турды да, тағы өзинен өзи түйилип қалды. Түйилгени Жәмийланы күйеўге бергенде Өтептен алатуғын парасы еди. Усы дүнья есине түскенде суўпы Төребайды иш-

тен сөккен көз қубылысын өзгертти де, өз-өзинен мырс етип күлип жиберди.

— Қәйтсин бийшара!—деп Төребайға «тек отыр» дегендей көзин қысып сөйледи,—Перзент дағы жаман ғой. Жалғыз баласы урысқа кетип: ақ отаўы қаңырап қалды. Ең болмаса қызым барса алданыш болар еди!—деп күйинген бийшараның алжылы—булжылы сөйлегенин айып етпең қудалар...

— «Мал шақынан, адам тилинен байланады» деген, —деди бул сөзге Мәтеке—дурыс биз бенен сизиң ўағымызда қыз алыў ушын алпыс туўар, елли туўар, қырық туўар-талай туўарлар болды. Туўар таппаған жигит арыслandaй күши, таўыстай келбети болса да жасы қырыққа келгенше шапанын желбегей салып: елме-ел гезип қыдырыў менен сергелдең еди. Сиз бенен бизиң бабамыз «атам!—деп еңреп,—анам!» деп зарласа да сүйгенине жибермей, өз перзентин шырылдатып, арбаға байлап бир мал ушын әкесиндей кисиге беретуғын еди. Оның менен жат журтқа кеткен перзенттиң оңысығы жақсы болдыма; Бираз қызлар үкиге бойын таслап өлди. Бираз сулыўлар сабақлы кеселге шатылды. Бул дүнья кисини қандай азаплы жолға салмады. Ҳәзир ҳүкимет орнағалы ол күнлер умыт болды. Бурынғыдай хорлық—зорлыққа жол жоқ ғой...

— Бизики зорлық емес—Теңел суўпы Мәтекениң сиясат айтқанына ренжигенлик тур билдирди—Жесиримизди аўылымызға алып кетсек... Обал саўабына қарасақ, кимниң не иси бар...

Төребай шыдай алмай тағы сөзге араласты.

— Бас аўыртқан сөздиң кереги жоқ. Қызымды үйиме алып кетемен!..

— Биз рухсат етпесек, қалай етесең!—деди Мәтеке Төребайдың гүрт минезине Мәтекениң де ашыўы толқындай атлығып шықты.

Төребай бурқасынлап кетти:

— Мениң қызым да сениң не ҳақың бар?

— Бизиң келин менен, әскердиң ҳаялы менен сизлердиң не ҳақыңыз бар? Бармаса қалай тартып әкетесең!

— Қызымның күйеўи өлди. Енди Ақдәрьяның кемпирлерин бағып отырмайды. Баласы жоқ үйге ҳаял болмайды...

— Егер кетемен десе, онда сизлерге рухсат, ҳәзир ақ алып кетиң.

Жесир айтысы қызып, истиң түйини шийеленисип баратырғанын сезген Теңел суўпы әри бери мүлгип жерге қарап отырды да бир ўақытта:

— Қуры табаққа пәтия болама—деп Төребайға пәт берди. Төребай оннан сайын даўысын бәлент шығарды. Өтеп те «енди аянар жериң жоқ» дегендей оған жалт-жалт қарады,—Қоянды бир сойсаң да еки соймақ жоқ—деди. Төребай қудаларға өкпели пишимде уртын томпайтып, қабағы түнерип—«Қабасан» ларға бир мәртебе тегин бергенимде жетти. Усы аўыл ушын асыраған қызым жоқ.

Енди үйдиң керегесине сүйенип отырған Кәлийла басын көтерди:

— Армия семьясын қалың малға сатып, бир тойынайық деп келген екенсиз гой! Бул ис жинаят екенин билесиз бе ямаса билдирейик пе!... Жәмийланы келин қылатуғын қайсысың!

Ғозалы көкнарды табақлап ишип, уйқылы ояў мүлгип отырған Өтеп нәшебент селик ете қалды. Шоршып басын көтерип, урыдай ҳәркимге бир жалт-жалт қарады. Қашажақ қыялын көрсетип қурашын басына кийди, шапанын қаўсырып белин буўа баслады. Сапыйын қалтасын қойнына тықты. Көзиниң қыйығы менен есиктеги ҳасасын қыдырды.

Теңел суўпы сыр бергиси келмей қобылжып орнынан қозғалып қойды.

— Бизики тек... күйеў бала өлгенсоң... Мына Төребай қызымды алып қайтаман деген соң... Бизики айып болса...

Ол буннан соң жүреги ҳаўлығып, аўзына сөз түспеди. Бирақ оның албырағанын билип, Төребай өршеленип сөйледи.

— Өлгени рас па, рас. Мениң қызым екени рас па, рас. Мейли мени жуўапқа тартың. Балам кеткен жаққа, менде кетейин!

Төребай ызаға буўлығып, орнынан ашыўлы ушып турып, керегениң басындағы шекпенине асылды. Қалған қудалар-да түргелип геўишлерин кийип, сыртқа шығыўға мейил берди.

Назлының:

— Ең болмаса қазанға қараң!—деген мирәтин тыңламай қудалар майданға шықты.

Төребай жан-жағына қарап:

— Жәмийла, Жәмийла!—деп бир-еки даўыслады.

Жәмийла үйдеги айтысқан гәптиң ҳәммесин еситип, қонсы үйдиң жабығынан сығалап тур еди. Жәмийла атасының сүренине тил қатпады.

Төребай көкирегин кернеген ызаға шыдам бере алмай, хорланған киси тақылетте кеңкилдеп жылап, дәрьяның жағасына қарай жүрди.

Атасының көз жасы өңирине төгилип баратырғанын көрип, Жәмийланың да кеўили елжиреп кетти. Атасына реҳими келди ме, үйден сууўырылып шықты да, ол да дәрьяның жағасына қарай жүрди.

Назлының үйиниң есиги түриўли еди. Кемпир Жәмийланың атасының изинен ерип баратырғанын көрип, келинин «кетти» ге жорыды ма:

— Ах! Қурыдым!—деп зарланып қоя берди.

Енесиниң даўысын еситип, Жәмийла артына қарап, қалшыйып қатты да қалды. Алдына адым атлайын десе, артында енеси зарлап тур. Артына қайтайын десе, алдында атасы бозлап баратыр. Еки жолдың дәрбентинде муңлы Жәмийла дағдарыста тур еди!...

Жәмийла үй бетке қарап бир неме деп гүбирленип сөйледи де дәрьяның жағасына қарай жууўырып кетти.

Жәмийланың киятырғанын көрип, Теңел Төребайға:

— Талап оңғарылды. Қызың киятыр. Жыла, қаралы, жылай бер!—деп пәзне басты. Оннан кейин Төребай басын шулғып жылады.

— Ата, қойсаңа! Жат елде уят ғой.. жылама!...— деп Жәмийла қасына келип, тәселле берген сайын, Төребай гә сыңсылап, гә солқылдап, гә гүбирленип жылай берди.

— Мен қудаға гүнәкар болдым... «Қуда» ның атын айтып, қуда болып едим, лебизим еки шықты. Қуда алдында шерменде болдым! Жалғаншы болдым. Ылағып өлемен ... Қызым!.. Баўырым, аямадың мени... рийза емеспен тәрбияма... Егер усыннан журмесең...

Атасының ҳәр зарланған сөзи Жәмийланың жүрегин искенжедей қысты. Басы мең-зең болып, көзиниң алды түнерди, тула бойын ыза кернеди.

— Урыс басылғанша сабыр ет, ата! Жақында урыс басылады ғой! Сонсоң...

Қәдир сол зытқыўдан дәрьяны жағалап бир шығанақ бойы қашты. Артына қараўға да жүреги даўамады. Бирақ қанша зып берип қашқан менен алып таслаған душпан болмағансоң, бираз жер жүрип, өкпеси өшкенсоң тәўекелге салып артына бурылып қарады. Ҳешким көринбейди. «Алдымнан кесип шығыў ушын қапталдан қамысты төтелеп киятырған шығар»,—деп қулағын салып тыңлап турды. Жым-жырт.

Таң атыўға мейил берди. Қайтадан анықлап барып көргиси келди де, тағы алдында тосып турғандай жүреги даўамады. Қоян жүреклигине ызасы келди. Теңиз жағасында туўылып, балықшы болып түнде көл гезбегенине өкинди! Диңкеси қурып, ашлықтан көзи қараўытты. Жарық түскенше жағада отырыўға халықтан қорқып, алдына адым басыўға бағанағы жолбарыстан қорықты. «Қорыққанға қос көринеди» болып жүрмесин деген ой пайда болып, әлле қандай бир күш оны алға ийтермеледи. Таң рәўана атып алыстағы нәрселер көзге анық шалынатуғын ўақытта Қәдир баяғы жерине қайта келди. Салпы қулақ қара ешек отлап жүр еди! Ешектен зәрреси қалмай түни менен көлди пәтеңге келтирип жүрген әзиз жүрегин Қәдир суўырып таслағысы келип ызалы ашыўы келди. «Буннан артық хорлық болама!» деп күйинип алдына асығып адым атты.

Қәдир қамыслықтан өте берип мийдей тақырлыққа шықты. Көлдиң қунарлы шөбин отлап жүрген падалы маллар көринди. Ферманың бес-алты үйлериниң тусына келди.

Аштан жүреги үзилип, мийи мең-зең болған ол айыбын умытып, илажсыздан шеттеги бир қара үйге ериксиз қайырылды. Шарўа үйлер бул ўақытта ўйқыда еди. Бийсәўбет киятырған кисини жатырқағандай дәўсебен ийтлер шабаланып үрип алдынан шықты.

Адамлар оянып кетпестен бурын шөкелеген үйге жетиўге қанша күш салса да, ийтлер оннан бетер өршелесип, аяғын қарсы бастырмады. Енди ийтлерден аман қутылып кетиў мүшкил еди. Турпаты танадай ири көпеклердиң ортасында Қәдир өзин доңыздай сезди. Кем-кемнен ийтлер өршеленип, өшпенлиги улғайып Қәдирдиң денесине аўыз салыўға жақынласты. Дәгенип келгенине аяғын тепсинип, қапталдағысына қолын сермеп қара жерде сырғанақ тепкен кисидей теңселе-

ди. Бул ҳәрекеттен қутылыў ушын «жит», «кет», «пошел!» деген ашшы даўысы қайта-қайта шықты.

Сол мәҳәлде шетки үйден шыққан бир ғаррының ийтлердиң атын айтып шақырған даўысы еситилди. Тислерин ақшыйтып, ашыўлы көзлерин тигип, қасқырды қамағандай ырылдап турған көпеклер қуйрығын былғанлатып, ийесинен уялды ма, аўылға қарап кетиў менен болды.

Қәдир ийттен қутылған соң үсти басының шаңын қақты да, қара үйдиң қапталында зеңирейип турған ақ сақаллы аш өлен ғаррыға қарай жүрди.

Ғарры да «түнлетип жүрген бул ким?» дегендей алақанын маңлайына тутып, жолаўшыға сығалап қарады.

— Ассалаўмаәлийкум!—деп Қәдир ғаррыға еки қолын усынды.

— Ўәлийкумуссалам!—деп ғарры бетине тигилди.

— Қай баласаң, жол болсын?

—«Қазан кеткен» нен кешлетип шығып едим. Жолда адасып Зайырға жете алмай киятырман. Үй таллық бойында еди.

Ғарры жолаўшының түр-түсине бежирейип тур еди, Қәдир үйге кирежақ болып, есик бетти бейимлей баслады.

— Ғарры, бир кесе жыллы суўың жоқ-па?

— Отырып чай неге ишпейсең?

— Асығыс шарўам бар еди?...

Қәдир ишке кирип бир кесе суўды симирип ишежақ болып еди, аш өзекке қара суў жақпады.

— Ата бир тислем наның жоқ па?—деди Қәдир муңайып ошақ бетке қарап.

— Нан кемис шығар, бирақ ашшылаў қатық бар, ишемен десең?

— Ишейин ата!

Қатықты жолаўшы симирип ишип, жаңа жазылысқан ўақытта ғарры түр-түсине қарап отырды.

— Сен Ақдәрьядағы дүканшы бала емессең бе?— деди.

Қәдир шоршынып, табақты жерге қойды да:

— Жоқ ата,—деди.

— Мүмкин қәгелескен шығармыз—деди ғарры сақалын сыйпап—«адам адамға уқсайды» деген. Түр-түсиң сол балаға мегзес екен.

Ғарры бираз ойлапып отырды:

— Бизде бул күнде мий бар ма балам. Еки улым армияға кетти. Өзим фермада ислеймен. Үлкенинен жақында «жеңил жаралы болдым, ауылға қайтаман» деп хат келди. Кишиси еле урыста. Өзиң армияға бармадың ба?

— Жақ...

— Ҳе, науқасың барма еди. Болмаса армия жасындағы жигитсең ғой!..

— Аўа,—деди де Қәдир қысылып, кетиўге мейил берди.

— Бизиң ауылда бир ғарры тәуип бар, жапсағыңды көрсетсең, ертип апарайын!—деди ғарры орнынан түргелип Қәдирге қарап. Ол буған бирнеме деп мыңғырлады да үйден тез шығып кетти.

«Қайда барсамда басқан жерим ойылма болды ғой!» деп Қәдир қатты адым басып көлге кирип, қалың қамыслықтың арасына сиңип кетти.

* * *

Қудалар кеткенсоң қоңсы-қобада сыпсың көбейди: «Төребай қызын Назлының қолынан алып кетпей, тыныщымайды... Қалың малына бир бузаўлы сыйыр алып, Өтеп көкнаршы менен пәтия оқысыпты... Дәрьяның жағасында жылаған әкесине бир еки айдан барайын!—деп Жәмийла ўәде берип қалыпты».

Жәмиланы «қутлы жайына қондырып» болған соң журт енди баласы Әскербайды әңгиме етеди: Баласын қәйтер екен? Енесиниң қолына таслап кетерме екен? Бийшара кемпир жаңғызының көзи деп сақлап отыр еди» десе биреўлер, екиншилери өзинше түс жорып: «Таслап қәйтсин! Төребайда жаңғыз баласын фронтқа жиберип, қолы қуры алақан қалған жоқ да. Қыздан туўды не, улдан туўды не! Әлпешлеп сақлайды»— дейди.

Усылайынша елгезердей үйме-үй гезген қаңғымай әңгиме Назлының да қулағын сарсылтты.

Баласының жаўда қазаланған күйиги менен келининиң саў басы саўдаға түскен дәрти қосылып, өрт болып шарпып келип өзегин өртеген соң кемпир еки-үш күн дағдырып отырды да, баласын арқалап тал түсте Ержанның үйине барды.

Ержан Назлының туўысқан ағасы. Кемпири менен екеўи колхоз орталығында ғарры хожалық болып отырған бийперзент киси еди.

Назлы есиктен гүңиренип кирип, көзи толы жас пенен муңын шақты.

— Сен де перзентсиз өттиң! Мен бир тырнақ көрип едим, жаў жутты. Жаңғыздан қалған мына қаршығадан да айырылайын деп турман! Жаралы жолбарыспан... Қайсы көлге лашымды таслайын? Емин тап, кәне!—деп кемпир сылқ етип жапсарға өңменин таслады.

Өмир сарайының ахырғы босағасында отырған Ержанның да перзент дағы жүрегин уўлады ма, көзинен ериксиз кеткен жасын шапанының шалғайы менен сүртип, терең гүрсинди!

Бирақ ғарры туўысқанның шерли кеўилин жубатқысы келип, азғана сарсылып отырды да елжиреген баўырын қатайтып алды.

— «Болмас иске полат бол, полаттан да берик бол»! деген емес пе . Урыс қайғысы сениң бир өзиңниң басында ма? Бул урыс талайдың толысын төгип отыр. Биреўди бахтынан айырды. Биреўдиң салтанатын бузды. Узақ өмирди қыршын етти. Көпти азайтты. Азды туқымқурт етти. Ахыбети болсын де бул урыстың! Жаў Ақдәрьяға келсе, мына нәрестениң де күни мүшкил болар. Назлыжан өйтип налыма!—деп ғарры төмен қарап, қолын маңлайына тиреп мүлгип отырды да және қәддин тикледи.—Ал ойласайық, сениң мүддең не?—деп өзине салмақ таслап, тағы иркилди.

Кемпир бул ўақытта қурысқан бойын әдеўир жаздырған еди. Алдындағы ақлығының айдарын сыйпап, ойланып отырды да, ғаррыға қарап:

— Әскержаннан қалай айырыламан!... деп және еңиреп жылап жиберди.

Ғарры иштен түтенди. Шынтағын көпшигине тиреп, ойға батты. Бир мәҳәлде қәддин дүзеп:

— Атастыра қоюға кенже балаң жоқ. Мениң де қолым қуры!—деди ғарры муңайып.

Бул сөзге жуўап таба алмай, сасқан кемпир:

— Әскержанды таслап кетпес пе екен?—деп ғаррыға шағынды.

— Баласын таслап кетпейди,—деди ғарры кеўилин суўытқысы келип.—Бул күндеги жаслар балаға баўыр-

ман. Бала бойына жүк болатуғын баяғы заман емес. Жигирма балаң болса да ҳүкимет бағады.

Соңғы гәпти еситип, кемпир шыйрақсып сөйледи:

— Онда әбзели Жәмийланы усы ауылдан шығармаўдың илажын етейик.

Ғарры көзин жумып, жағын таянып, ойланып қалды.

Ағасының тубалап отырғанын сезген кемпир:

— Мен бир сасқан үйрекпен,—деди сыбырланып—өзим жаққан отқа өзим жанайын! Әскержан жат журтқа кетпесин. Жәмийланы Стахан балаға атастыра қойсақ қәйтеди.... Ол да жат емес ғой. Сапаржанның досты еди. Сапардан соңғы мен екинши балаң болайын,—деп жүретуғын еди. Енди қәйдем кеўили бөлекленип кетпесе... Жәмийла Әскержанды сағынса үйге келип, сүйип турар еди. Менинше сөздиң түйини усы!

Ержан қарындасына қарап мыйығын тартты, онысы бириншиден тапқырлығы менен төрелигине сүйинсе, екиншиден мәртлигине тәсийин қалып, үшиншиден баҒанағыдан бери еки ийнинен басқан аўырлықты түсирип, бойы жеңиллесkенине қуўанды. Бирақ ойланып отырып, бул жумыстың еле де аўыр ис екенин түсимпаз ғарры аңғарды да, және ийини түсти. Ол екеўи бирин-бири жарата ма, жоқ па? Ким билсин. Қыздын кеўили қыяда. Жигиттиң кеўили зыяда... Ақылландыратуғын өз қызы емес. Зорлаўға өз баласы емес...

Усы тәрепин тәрезиге тартып, салмақлап отырған ғарры:

— Ол айтқаның бөтен емес-аў!—деп иркилип турды да, сөзин және даўам етти.—Бирақ екеўиниң кеўили жараса ғойса не жақсы. Ана жақта ақыры, Төребай отыр... Қызымды зорлап сатайын, деп атыр» деп тағы аспанға балта ылақтырмаса... Қәйдем!

Бул гәпке кемпир ызалы ашыў менен қәҳәрленип сөйледи.

— Ол балам болмаса (Сапарды айтты) бул балам бар. Стахан бала ушын Жәмийланың қалың малын төлеймен. Бир сыйырды кем-ақ саўаман. Алсын керек болса, «Тоқымбетлер». Стахан баланы шақырып алып айт! Тартынба! Мени анам десе, Жәмийланы елден жибермесин! Әскержанымды жетим етпесин. Назлыны зарлатпасын! Усы гәпти түйирин түсирмей айт! Жаның ашыйтуғын, туўысқан болсаң айт!

Ғарры гәптиң кесилгенин сезди де:

— Мақул, шырағым мақул. Әйтеуир, түбинде сен жылама... Сениң кеўилиң жай болса, бизики де раўаж!— деди...

Назлы баласын арқалап үйден шықты.

## АЙРАЛЫҚ ДАҒЫ

Қара үйдиң жапсарында Жәмийла төмен қарап мүңайып отыр. Тоқсан ойдың торабында адам сарсаң болып, иштен ыңжылады.

..Рас-ақ Сапардан айрылғаным ба? Тиримен деген еки ели қағазың келгенде Жәмийланың сүйеги сипсе болғанша жолыңда еки көзи сарғаймас па еди... Әттең өлим... Сум өлим түнерип келип, қолымдағы қаршығамды тартып алып кеттиң. Қуры өлим емес-аў. Өлмей бенде қала ма, әттең гүлдей жасарған, қустай талпынған шағыма күйиги кетпес от шашқан муҳаббат айралығын қәйтерсең!...

Жәмийла сандықты ашып, «Қара қағазды» алып оқып шықты. Мениң жүрегиме жара салған усы қағаз!..

Жәмийланың көзине шаппаттай қағаз Сапардың жүрегин гөзлеп атқан жаўдың жеркенишли оғындай көринди.

— «Менде сени ғыжлаған шоққа басып өртейин!»— деп ишинен гижинип ошаққа ылақтырғысы келди де, жандырып жибериўге батылы бармады. Оның кеўлине бул «қара қағаз» Сапардың ескерткиш мазарындағы қара жалаў болып елеследи. Қолын тартып алды.

— Жоқ, өртемеймен! Мәңги ескерткиш етемен! Сапарды шын сүйген жүрегиме түскен айралық жарасының сәўлеси болсын бул қағаз! Мен бул қағазды үлкейгенсоң баласы Әскербайға көрсетемен! Әкесин өлтирген жаўларға баласының жүрегинде өшпенли дақ қалсын!...

Оның ызалы кеўлин баласын арқалап үйге кирген Назлының ыңылдаған даўысы бөлип жиберди. Кемпир төрге шығып келининиң көзиндеги жасты көрип гүрсинди де сандықты ашып, Сапардың армияда түскен сүўретин алды.

Сапардың киши лейтенант гезинде түскен сүўрети еди. Басында қызыл ерңекли офицер фуражкасы, аяғында жылтылдаған хром етик. Үстинде гимнастерка, белинде енли былғары қайыс, көкирегинде «Қызыл байрақ» ор-

дени ақ қуба сулыўшық келбетине қуйылып, жарасып тур. Бирақ, душпанға болған кек жалынының ушқыны ма, әйтеўир бурынғы жаўтаңлаған мийримли көзи суўықлаў көринеди. Жигитлик күши толысып, көкиреги кең ип, мойны жуўанығын деген.

Жәмийла сүўретке қараўға, «кеўлим елжиреп кетер» деп орнынан қозғалмады. Назлы кемпир Әскербайға сүўретти усынды. Жаўынгердиң баласы бул ўақта жуўырып жүретуғын, онлаған сөздиң басын қурап шүлдирлеп сөйлейтуғын болып еди.

Бала сүўретке тигилип.

— Аға, А-ғам!—деп қолына алды да, шырайына қарап турып, аўызына басып, Назлыға ыржыйып қарады.

Ата менен бала айралығына ашынған кемпирдин көзинен мөлдир аналық жас парлап ақты...

— Ҳа Назлы үйдемисең?—деген даўысқа елеңлеп кемпир көзиниң жасын жеңи менен сүртип, қапталга төсек салды. Есиктен Ержан менен Кәрим ғарры кирип келди.

— Қуўатлы отырсаң ба?—деп ғаррылар кемпир менен аманлық сорасып болған соң Жәмийлаға қарап: келин саў жүрсең бе?—деди.

— Шүкир!—деди де Жәмийла сыртқа шығып кетти. Кемпир гәп баслады.

— Жаў жағадан алса. Төребай қудамыз қызымды алып кетемен деп үйге буз-булақ салып атыр. Қәйдем билейин. Келиниме исенсем де, шуғыл сөзден қолындағы қызыңда тилге ереди екен. Сапардан айрылғаным менен турмай. Әскержанда көзимнен таса бола ма деп қорқаман. Ойласық қалай болады. Стахан баланы көрдиңиз бе—деди Кемпир Ержанға қарап.

— Усында шақырттық,—деди Ержан.

— Келсе болар еди-аў.. деди қапталындағы ғарры.

— Назлы шақырып атыр,—десе келеди.

Ержан сол сөзди айтты да есик бетке қарап:

— Тап анаў киятырған сол емес пе? Мениң көзим гиреў тартыңқырап жүр. Сен бир қарап жибер,—деди қасындағы кисиге.

Ол қарап:

— Сонын өзи ғой!—деди.

— Балық аўлап келсе, сәлем бериўге келип кететуғын еди ғой. Сол болса, сол шығар,—деп Назлы да есик

жаққа тигилип қарады. Жекен марданға орап бир нәрсени қолтығына қысқан қара бараң, орта бойлы, толық бет, қыр мурын жигит есиктен сәлем берип кирип келди де марданды сылық еткизип босағаға таслап, кемпирдиң қолынан алды. Оннан соң қапталда отырған ғаррыларға қарап, салқын пишим менен қолларынан алып, аман туўел сорасты:

— Кише, таза сорпа ишсин деп, бир сазан әкелдим. Жәмийла қайда, гөнерип кетпестен бурын қыршып бузып тасласын!—деп ғамхорсыды да жигит әлле неден қәўипсингендей тыныш сызлана баслады—Кише нан аўыз тийейин... Жумысым бар еди,—деди бир мәҳәлде.

Жигиттиң бул сөзине кемпир нәрийзалық билдирди.

— О неси, чай ишип барарсаң. Үйиңде ким бар сениң чай-суўыңды таярлап беретуғын—деп еди.

Жигит ыңжылып;

— Жумысым бар еди...—деп жағдайын айтып, тыпыршылай бергенсоң кемпир үзил—кесил етип:

— Отыр. «Стахан» бала, сениң менен ойласатуғын гәпимиз бар— деп алдын орады.

«Стахан баласы» бәне таба алмай тубалап қалды.

Енди бир азырақ «Стахан» баланың өмир жайын сөз етейик. Кемпирдиң аўыз жағынан түспей аҳу дәрти болып отырған «Стахан бала»»ның аты Жумабай еди.

Жумабай жети жасында анасынан, он бес жасында атасынан жетим қалды. Аталас ағаларының қолында болып, аўылдағы жети жыллық мектепти питкергенсоң өти тирише бала дәрҳал балықшылыққа араласты. Ҳәдемей талабы орала баслады. Жылымы майлап, нәретеси балыққа толды. Ески дәстүр бойынша атын айтыўға ийбенген жеңгелери «Стахан бала» (стахоновшы) деп атап кетти.

Жумабай Сапар менен түйдей қурдас, кептердей татыў еди. Оның үстине бир руўлас.

Екеўи де жети жыллық мектептиң партасында ғаздай қатарласып өсип, оны тамамлағансоң кәсип шерик болып балық аўлады.

Ҳәрбир аўылда бир дүркин болып өскен жигиттиң де, қыздың да өзине тәбия тартып, баўыр басатуғын қурдасы болады. Олар туўыспаса, да, туўысқаннан сыйласығы күшлирек келеди. Жумабай менен Сапардың өзлерине тәбия тартатуғын досты Төреш деген бала еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төреш ақ пейил, ер кеўил, садалығы басым, кеўлинде ийнедей сумлығы жоқ, ебетейсизлеў, сықаққа қайымырақ, бирақ ҳадал жигит еди.

Усы ҳадаллығына қумартып, еденлигине қызықты ма, әйтеўир Сапар менен Жумабай Төреш десе баўыр етин кесип, аўзындағысын бөлисип жейди. Ақ көкиреклиги менен ынжықлығын ишлеринен аяп, Төреш дағдарыста қалған жағдайда екеўи де қәўендерсип қалады.

Журтшылық оларды «үшқайқы» деп атайтуғын еди. Олардың татыўлығын әңгиме еткен биреўлер.

— Бул үшеўи бир хожалық болып, үйленип отырса да оңысар еди—деген сөзди сыртынан емес, ал көзлеринше де еситтирип айтып жүрди.

Бул сөзлерге олар:

— Ҳә, алыса алмай атырған дүнья, келисе алмай атырған даў жоқ—деп жуўап берер еди.

Сүттей татыўлыққа уйытқы» болған тағы бир жағдай бар. 4-класста оқып жүрген жыллары бир күни көлге қармақ салып аўылға қайтып киятыр еди. Дем алмақшы болып, бир путаның саясына үшеўи отыра кетти.

— Қәне жоралар дос боламызба?—деди Сапар ана екеўине қарап.

— Ҳе, жаўласып, жүрмиз бе?—деди Жумабай оның сөзине таңланып.

Төреш ана екеўиниң сөзине аң-таң болып турды.

— Жоқ а! Доспыз ғой. Айнымас серт жасассақ дегеним ғой!—деди Сапар мыйығын тартып.

— Қандай серт?

Сапар қойнынан бир пәтер нанды шығарды да:

— Мына нанды үшке бөлип жеймиз. Ким айныса нан урсын!—деди.

— Буны саған ким үйретти.

— Апам!—деп Сапар ойланып турды да—баяғы да дос болған жигитлер усындай нан сындырысады екен—деди.

— Яқшы—деди Жумабай қуўжыңлап.—Аш болыпта тур едик. Жеп алайық.

Үшеўи нанды бөлисип жеди.

Буны еситкен журт:

— Нан сындырысқан дослар!—деп балаларды сүйсинип әңгиме етеди.

Үшеўиде ер жетти. Бирақ үш түрли минездеги түр-

ли ийкемдеги жигит болды. Онысы үйленер шағында жикленип шыға келди.

Жумабай жеке баслы болғанлықтан ба, аўылдағы Раўшан деген мөмин қызға Сапардан еки жыл бурын үйленди.

Сапар кешигиңкиреп барып, Жәмийланы алып келди.

Енди нәўбет Төрештики еди. Ол ана екеўиниң қызығына алданып жүре берди.

— Ҳаў үйленсеңо!—десе Төреш:

— Қаяқтан... Кимге?—деп уялып төмен қарайды.

— Усы тақ қалып қоймаса болар еди—дейди Сапар күлип Жумабайға қарап,—биреўди табайық.

— Яқшы—деп Жумабай аўылдағы қызлардың атын биримлеп санайды. Бирақ олардың биразы басы байлаўлы болып шықса, биразлары Төрешти қәлемейди. Енди биреўлерин Төреш мисе тутпайды.

Сөйтип жүргенде бир күни Сапар менен Жумабай аў көңгелеп отырғанының үстине алтын таўып алғандай албырап—дәлбиреп Төреш жетип келди.

Ал мынада бир гәп бар бала!—деди Сапар Жумабайға қарап:

— Қанжығасын қызартқан шығар!—деди Жумабай Төреш отырар отырмастан үш бүклеўли қағазды Сапардың алдына таслады. Сапар жумысын туўарып жанма-жан ашып оқыды да, муртынан күлип, бираз ойланып отырып Жумабайға берди. Жумабай Сапардың сам саз болып қалғанына таңырқанып қарап турды да, ол да ишинен оқый баслады. Бирақ ол хаттың ахырғы жолына көзин жуўыртып, жақтырмаған пишин көрсетип, Сапардың алдына таслады. Екеўиниң бул қылўасын көрип, Төрештиң шаншыўы қозғалғандай түнерип сала берди.

Сапар менен Жумабай бир-бирине тигилип қарап, ар-сар болып турды.

Төрештиң қолындағы қағаз аўылдағы Сәлийма деген қыздың оған қайтарған жуўабы еди.

Олардың дағдырып отырғаны Сәлиймаға Төрешти қыймаўы еди. Оның себеби Сәлийманың еки айыбы бар еди.

Биріншиси—Сәлийма менен Жумабайдың жигитшилик қыйсаңы болды. Сәлийма ой баўырын үзип Жумабайға ашық еди. Жумабай бир-еки жыл оның менен қат-

наста болып. қәпелимде оннан кеўилин суўытты да, Раўшанға үйленди. Төрештиң жеңил тәбиятын сезген олар бул сырды оннан жасырып келди.

Екинши мини—Сәлийма сәтен, долы минезли қыз. Оның үстине қолына ийне алып, сабақлы жип өткерип көремеген, бир баў қамыс қырықпаған, бир тал отын шаппаған, жаны партозда өскен қыз. Себеби үш жигиттиң ортасындағы жалғыз қыз деп әке-шешеси жаслайынан бетине жел тийгизбей, әлпешлеп өсирди. Ер жете келе шеннен тысқары сәтеңлигин сезген әке-шешеси тезге салайық деп урсып кейисе де долы қыз ырық бермей қойды.

«Жигит көзи менен қыз алма» деген дәстүрге салып, Сапар да, басқалар да Жумабайды Сәлиймадан арашалап алыўының мәниси де усы еди.

Сәлийма келбетли қыз еди Оның усы көркине қызыққан Төреш былтырдан бери Сәлийманың үйине қыдырып баргыш болды. Оның себеби Төрештиң кемпири қуда түсип барып Сәлийманың кемпириниң рийзашылығын алып келди де, сол күни баласына қулақ қағыс етти

— Рухсат етти!—дегенди еситиўден Төреш бир бет қағазды толтырып жазып, Сәлиймаға жоллады Арадан еки күн өтпей-ақ қыздан «мақул» деген хат алды.

Бурынлары сөз салыўға қол жетпес төбе көрип жүрген Сәлийманың мақул сөзин еситип, ақ пейил жигит шүйинши сораў ушын келген еди.

Жумабайдың Сәлийма менен азлы көпли көз таныс болған аты бар. Сонлықтан ол төрелик бериўге тартынып Сапарға «сен айт» дегендей жалтақлап отыр.

Сапар сам-саз Төреш олардың иштен түйилип қалғанын қызғанышқа да, қорқынышқа да жорып, екеўиниң ажарына жалт-жалт қарайды.

Сапар Төрештиң келбетине ойлы көз жанарын қадап:

— Ўақытша кеўил көтерип жүрежақсан ба я үйленесең бе?—деди.

— Әлбетте үйленемен—Төреш усы сөзди айтып, ойланып турды да,—егер ол айнып кетпесе,—деди.

— Күтә кеўлинди берипсен ғой...

— Ҳе, жаман қыз ба?:

Сапардың кек еткен сөзине ол ызаланыўшылық кейип көрсетти.

— Сен бултыйып қалдың ғой, жора!—деди Сапар

қабарған достының кеўилин алып—бизлер саған Сәлиймаға үйлениўге рухсат етпеймиз, достым! Ол сениң қәдиринди билмейди.

Неге?

Әташтанын былғанып, отың өре жанбайды. Ҳайяр қыз ғой!.. Еки арыстың бирин көтерип жүре алмаса, қостар болыппа. Еңбексиз өскен нашар ғой! Ғырыс минезли, ғайбарлаў емес пе сол? Соңынан пушайман жемесең! Өзиң бил..

Төреш бул кеңеске наразы, бир қырынлап кетти;

—Сизлердиң ҳаялларыңыз-ақ ақсақал болсын! Қатынға күним қарап отыр ма, аўқат асса болды.

—Сол аўқат асыўды да жартыўлы билмейтуғын шығар,—деди күни менен гәпке араласпай отырған Жумабай.

—Мени енди үйленбей жүре берсин деген ермегиңиз ғой—деп Төреш оған алара қарады.—Сениң ҳаялың пашшайы пәтир жаба берсин!

Жумабай шақалақлап күлди:

—Онда қалаға көш. Таяр гүмпей нан бар.

—Сөйтип өзине жаға ма? Сен сүйипсең, ол да сени сүйе ме? Болмаса екеўиңизди дәнекерлеген кемпир ғаррылардың қалың малы ма?—Сапар бул сораўларға Төрештиң тубалағанын сезе қойды.

— Айта бер жасырмай, бәрин де еситтим,—деп қуўлыққа салды... Ҳақғаныйын айт!

Төреш сырын лақ еткизди.

—Кемпир-ғаррылар айттырғаны рас. Себеби мен оны қәлеймен.

—Ол не?

— Олда сүйеди ғой!

—Қәйдем, опасызлық етип жүрмесин, еледе бүйирине ойласып көр. Сеннен де келбети тегисирек жигитке аўып кетпесин,—деп Сапар сүйеп салды сөз айтып еди, Жумабай кесе белден:

—Кемпир-ғаррынды алдыңа салып қыз айттырғандай мардымсыз жигит болғаның ба?—деп тағы қытығына тийди.

Төреш енди шарппа ашыўланды да, тил қатпай үйден шығып кетти.

Таң ертең Сапар менен Жумабай көлге кетти. Арадан

бир ҳәпте өткенде Төрештиң тойына шақыртып, қосқа хабаршы келди.

Төреш үйленгеннен соңда Сапар менен Жумабайға иштен суўық пишим көрсетип, бир бирине түсинисе алмай жүргенде урыс басланды деген ғаўасат шықты. Сапар менен Төреш армияға шақыртылып, Жумабай аўылда қалып қойды.

Желиккен ийтлердиң кесиринен тыныш елге гүйзелең түсти. Елдиң гирдикары нәўше қыз балалар менен ҳаяллардың мойнында қалды. Мийнетке мой бермей жүрген талай тентеклер хызметке белсенип шықты. Бул атланысқа адам—деген бала, ботам—деген ата, ярым—деген қыз келиншек жаўынгерлерге жәрдемге шықсын деп жар салған халықтың сүрени уйытқы болды. Ақ сақаллы атадан айдарлы балаға шекем, ақ шашлы анадан тулымшақлы қызға шекем,—ҳәмменин адамгершилиги сынға түсти. Айтыўлы келиншеклердиң жақсыжаманы азаматлар саўашқа атланған күнлерде үйдиң гирдикарын басқарыў ийкемине, мийнетте жулпыслығына қарап баҳаланды.

Усы уллы көштен бөлинип, тек Сәлийма ғана журтта қалып қойды. Төреш фронтқа кеткеннен баслап, «жапсақлыман» дегенди шығарды.

Төрештиң кемпир-ғаррысы шаруа адамлар еди. Солардың тырнақлап жыйнаған сыйыры, оның изине ерген үш-төрт баспағы, жети-сегиз қой жанлығы Сәлиймаға ырыс болды.

Жазда ерте туўылған бир баспағын сатып, от-шөбин биреўге таярлатып алады да, гүзде тағы майда малларды ақшаға айырбаслап, қыс азығын жыйнап, «жапсақлыман» деп дәрўиштей, гөне қақыраның ишинен шықпайтуғын еди.

Буның үстине ҳайяр ҳаялды мешеў өткен тағы бир дәрт, ол да болса, Төрештен саўашқа кеткенине жылы болмай «өлди!» деген «қара қағаз» келди. Усы суўық хабар еситилиўден жапалықта әтирапындағы тиришилик базарынан жеркенип, өзин жаңғызлықта услады. «Төреш өлди» деген соң саўаш хабарынан да қулағы биймзар. Бирақ ҳаялдың кеўлинде еки алағада бар: Биринши—Өлер Төреш өлди! Ендиги тәғдири жапа-жалғызлықта өте бере ме, болмаса, Төрештиң орнын билдирместей жубай табыла ма? Табылса, ол ким? Екинши-

си— Немец фашистлери женсе, миййнет ислемей жүз қызартып отырған бир-еки малын душпан қолынан тартып алып, хожалығын гүйзелдирип таслай ма... қәйтер екен?

Усы еки уўайым жатса-турса ҳаялдың мийине қурт болып жармасады.

Усылай сары қайғыда сарсылып жүрген Сәлийманың бирден алағадасы басыла қалды.

Бәҳәрге салым Жумабайдың ҳаялы Рәўшан кәпелимде аўырып қайтыс болды. Қыз күнинде Жумабайға деген ықласы қайтадан қозып Рәўшан қазаланыўдан Сәлийма дәслепки күнлери келгишлеп, үй ислерин, қазан-табағын жайғастырып, журт көзинше ғамқорсыған болып жүрди де, кейин ала жигитке баўыр басыўға қарады.

Жумабай менен Төрештиң үйи қоңсы еди. Талаптан келсе жигитти аяғансып, шай-суўын қайнатып берип, кирин жуўып, сол үйге енисе берди.

—Биз ерден, сен ҳаялдан айрылған жетимсең. Қайғымыз ортақ. Еки үйдиң ошағынан да түтин шығып турсын! Нәўбетлесип, қазан асайық!—деп жолкөрсийди.

Жумабай ҳаялы қайтыс болғалы көлден гейде айға жетеғаба ўақытта аўылға қайтатуғын еди. Оған себеп биринщиден—бурынғыдай үйде ҳаялы болмаған соң, аўылға қайтыўға аңсары аўмаса, екиншиден—аўылға бәрса, жигит қашыў тартса да, Сәлийма алды артына қамаў салып, сыйқырлап баратыр.

Жигит қашыў тартпайын десе ери жоқ ҳаял менен ҳаялы жоқ жигиттиң бир бирине ғамқорсыўын ел жубайластырып, екеўиниң арасын қыспақлап баратыр.

Елдиң өсегине табан-тиреп жүре бериўге Жумабайдың фронт жаққа нәзери аўдарылса, жигери босап, жуўасып, тартына береди. Тартынғаны—жаў менен жағаласып, қанжығасын қанға бояп жүрген дослары есине түседи. Олар көз алдында турса берекети қашып, қыйпақлап өзин гүналы сезеди...

Сәлийма менен арасында өсек жайылғалы Жумабайдың гүнасы Төрешке басымлаў. Түсинде де, оңында да қарсы алдында Төреш елеслейди де жүреди... Әх, ақ пейил достым!

Жигит қыял теңизиниң арпалысқан толқынында батып шөмеди. ... «Мине, көшеде қызыл жалаўлар желби-

реп тур. Урыс оты басылған. Қалада, аўылда салтанат! Жеңис пенен келген жаўынгерлерди қарсы алыў ушын Ақдәрьяның жағасы толы аламан... Жеңис маршын жаңғыртқан салдатларды толтырып, «Париж коммунасы» катери жағысқа шықты. Өңири орденге жарқырап муздай кийинген қайқы төс кеўилли жигитлер катердиң палубасынан секирип толы жыйынға қулашын таслайды. Жумабайды көрип, сағынған досын сүйиўге Төреш жуўырып киятыр.. Бирақ Жумабай әлле неден сескенгендей кейин шегинеди. Буған пренжиген Төреш:

— Саған не болды, достым! Мен баяғы Төрешиңмен ғой! Ырас ақ танымадың ба? Урыс есиңди алыпты ғой!— деп назырқанып турады да—Кел бери, сүйисейик жора! деп қушағын ашып, төсин, кереди.

Бирақ Жумабай бул ықласында тыңламай, сырт берип кетип қалады...

Достына қапа болған Төреш сарсаңлықта Жумабайдың қарасы семгенше дәрьяның жағасында қалшыйып тур... Енди ол Сәлиймасын излеп, көптиң арасына көз таслайды. Бирақ Сәлиймасыда көринбейди... Жаўынгер жигиттиң солдат қайысы қәлиптей тартқан қарнын ызақайғы кернеп, жүреги қабызына сыймайды. Ел сағынып келген жигиттиң кеўили елжиреп, зәҳәрли көзлеринен гүнасыз жас төгеди.

Ақ пейил жигиттиң көкиреги қарыс айырылып, неге жас төкпесин «өлген жерден» тирилип келип сағыныўлы қушағын ашқанда досты жалтарып қырынлап бурылып кетти. Не ушын? Ол сондай опасыз дос па еди! Дослық серти ушын баяғыда путаның түбинде отырып, нан сындырысқаны қайда! Ол да аздай қанлы гүресте солдаттың белине қуўат берген арзыўлы Сәлиймаңы урыс басылғанша қаратпай муҳаббатын тартып алған қандай опасыз дос! Қанлы саўаш ишинде қан қақырып, жаў менен қан сорпа болып айқасып жүрген ердиң жүрегиниң жалынына музлы суў серпип, айдай жузине ширкеў салған ким? Ол—Жумабай. Ол дослық пердесин бетине жапқан, жаўыз! Оның бул қылўасы Төрешке саўаштағы жаўдың ызасынан кем емес!.. Олай болса, Төрештиң сом билегинен тастай түйилген ашыўлы, ахырғы жудырығы Ақдәрядағы «душпанының» төбесинде ойнаўы лазым.

Көлден балық аўлап үйине жаңа келген Жумабай тоқсан толғанып отыр.

— Сәлийманы не деп алады... Төрештиң көзине қалай шөп салмақшы..· Не ушын ол жаўынгердиң жаўызы. Неге офасыз дос.. муҳаббат урысы?

Жигиттиң геўдесин қара булыт қаплады...· Жаны ышқынды. Денеси түршигип кетти. Орнынан ушып турды да азнадай ири сазанды марданға орап, қолтығына қысып, Назлының үйине келип, жигиттиң тунжырап отырғаны сол еди...

Ғаррылар ғаўзаңласып, тамсанып гәп баслайжақ болды. Ержан өңменин көтерди:

— Жумабай иним, сөзге түсинетуғын бала едиң ғой. Дурыс, жаның ашыйтуғын, намысың, арың таза жигитсең. Советтиң ҳәр аўылы онлаған қурбан берип, жаўды жеңсе оның оқасы жоқ. Баяғыда сен жассаң, яўмытлар елди шапқанда қол қаўсырып көлге қашып, өрис толы малымыздан, ардақлап өсирген келин, қызымыздан айрылғанда да көндик ғой!... Оннан бери келсек усы гедейлер ҳүкиметин орнатыў ушын өз аўылының байлары менен уральскийлерге қарсы урыста қанша адам қурбан болған жоқ. Сизлердиң усы күнлердеги абадан заманыңыз ушын бизлерде қан төктик. Шығынсыз урыс, мәселсиз төбелес болмайды·. Фашист деген ийттиң балаларына урысайық деп есиркедик пе. Мине, көрип отырсаң, еңбеклеген баладан еңкейген ғаррыға шекем қанша сарсаңкесек болды· Бәри урыстың ахыбети. Елат гүйзелип, суў шайпалады, дүнья астан-кестен аўдарылады, қыршын жанлар қурбан болады,—деген кимниң түсине енген? Әйтеўир түбинде жаўды жеңип, абаданлық қайта орнаса болғаны...

— Аўа, соны айт!—деп Кәрим ғаррының сөзин хошлады.

— Аўмийин!—Ержан алдына келген чайникти қайтарып отырып гәпин даўам етти—Өлмектиң изинен өлмек жоқ. Сапар сениң менен бизлер ушын қурбан болған екен· Енди елде қалған бизлер оның хожалығын бүлдирмеўимиз лазым ғой. Ол елде қалған азаматларға исенип арқасын тамға сүйегендей болып кетти... Енди мына кемпирдиң, ана келининиң, Сапардан қалған жанғыз тырнақтың хор болмас илажын етиў керек емес пе? Баласы менен ақлығынан теңнен айрылған кемпирдиң күни қа-

лай кешеди, күйеуи менен жаңғыз тырнағынан айырылып, келин қайда кетеди... Усы жағын өзиң ойлап көр! Урыс питкенше отыра бериуге қудалар күн сайын шабыўыл жасап атыр. «Аға өлсе, жеңге мийрас, ини өлсе келин мийрас» деген. Бул ис тең сениң басыңда емес. Жақсыны жатқа жибермейик. Сапардың өзи-көзи мына жалғыз туяғын жетим дегизбейик деп саған уйғардық.

Жумабай шабатуғын жолбарыстай, ғазап пенен Ержанға зәҳәрли көзин қадады.

—Мақул дейғой шырағым!—деп Кәрим Ержанның сөзин хошлады—пәтиямызды берейик..

Жумабай жүзи бозарып, денеси қалш-қалш етти.

Искен тулыптай жигиттиң жарылып кетейин деп турған көкирегин сезген кейўаны кемпир төреликти өзи алды:

Әскержанды басқа елге қаңғыртпа шырағым!—деди кемпир.—Жасы күлкенлердиң сөзин сындыра гөрме! Енди маған Сапар жоқ ғой. Сапардың орнын билдирмес, сени Сапар болар,—деп усы кеңеске уйытқы салған мен едим. Қалай өлтирсең де мени жайғастыратуғын енди сен!. Халқым Елағым.

Жумабай суўық демин алып:

— Бул күйиктен фронтқа кеткен абзал—ғой—деп ләм-мим болды да, азғанадан кейин—Бәринде еситтим. Жәмийла сени таслап кете ғоймас. Урыс питкенше қарайды. Егер қарамаса.. Ондай офасыздың маған кереги жоқ! Урыстың шайпалыспасы басылғанша, ол гүдер үзседе, мен Сапарды тири деген дәмем бар. Қойың ондай сөзди!—деди де Жумабай өрре түргелип, есиктен шығып кетти.

Үйден бурқасынлап шыққан Жумабайды көрип, Жәмийла аң-таң болып:

— Неге қабарып киятырсаң,—деп еди, Жумабай тикленип!

— Сени атасының үйине кетейин деп атыр деген хабар таралыпты. Маған атастыражақ! Сол сықыллы Сапарды рас-ақ урыс питкенше күтпегениң бе!—Жумабай өкпеси исинип сөйлей алмай, терис қарап, көзинен жас төкти. Жәмийла муңайып, жерге қарады.

— Шашым сипседей тозғанша күтемен!

— Күтсең ертең теңизге шық!—деди де Жумабай үйине қарап бурылды.

## УРЫС ЗАРДАБЫ

Колхоз басқармасының жыйналысы түнги саат оннан он бирге шекем бир саат ғана даўам етти. Бул жыйнаққа аўыл активлери менен бригадирлер ғана шақырылған еди.

— Жыйнақты узаққа созып отырыўға ўақыт жоқ жолдаслар!—деди райком секретары Тилеўмуратов— Кешеги бес күнликте сизлер менен жарысыўшы Марат атындағы колхоз биришиликти алды. «Қызыл жулдыз» ҳәм Калинин атындағы колхозларда алда болды. Бир қатар жолдаслар менен сөйлесип қарасам күш аз—дейди, дурыс көп жигитлер фронтқа кетти, бирақ тек сизиң аўылдан кетип. ол колхозлардың генейи пүтин бе? Екиншн биреўлер «көлде балық тартылды» дейди. нобай турған балықты ким усламайды. Балық бизди излемейди биз балықты излеўимиз керек. Армияда жаўынгерлер бораған оқтың арасында жаўды разведка жасаса, не ушын бизлер тынышлық жерде көл, дәрья. теңизди разведка жасамаймыз. Әмударья менен Арал. теңизи әсирлер бойы алтын балығы менен аты шығып киятыр. Еле де неше жыл оның қойнынан балық арылмайды. Усы күнлери бир балық бир солдат ушын бир күнлик азық. «Теңиз разведчиги»—деген атымызға ылайық ис қылайық, жолдаслар! Ҳәр бир балық душпанға атылған оқ болсын!

Тилеўмуратов қызыл шырайлы. узын бойлы, 35—37 шамасындағы жигит еди. Жасынан көлде көзи ағарған балықшының баласы. Иске тынымсыз. шаққан жигит.

Уйқысы бүркиттиң уйқысындай. қаршығадай көзи алысты шалатуғын бул қырағы адамның урыс басланғалы қай ўақытта жатып, қай ўақта дем алатуғынына балықшылардың көпшилиги ҳайран. Оның бир гезде халық арасында урыстың барысы ҳаққында лекция оқып турғанын көрсең, бир ўақта көлде балықшылардың ортасында жүргенин көресең. Тек усы колхозға үйир шығар десең. Маратшылар менен Калининшилерде усыны айтады.

Секретарь сөзин питкерип, председательден аў-дузақ таярлаўдың барысын сорады.

— Складтағы гөне-көкси торларды ғарры кемпирлер көңгелеп атыр. Буған Мәтеке аға басшы.

— Бул исиңиз мақул. Қайық кемениң ремонты ше?

— Билесиз ғой, тахта кемис. Гөне кемелердиң жарығын тоз бенен питеп, минип жүрмиз. Бирақ жаңадан кеминде 15 қайық соқтырыў керек. Себеби көп ҳаял-қызлар балық аўлаўға күнде өтиниш етеди. Оларға қайық жетиспейди.

Секретарь бул мәселеге ойланып қалды... Аўылда иске жарамлы ҳаял—қызлар көп! Олар қайықсыз көлге шыға алмайды. Бирақ усы уллы күштен қәйтсе де пайдаланыў керек. Қайық соқтырыўға тахта қайда. Ғаж-жа-ғаж саўаш болып атырғанда «тахтамыз жоқ» деп шырлай бериўге кимниң ҳүжданы жетеди. Бәрин елден еплеў керек.

Ол азғана тунжырап отырды да:

— Урыстың алдында соқтырған 4—5 ушан кеме бар емес пе еди?—деди Сабыровқа қарап,—соны неге пайдаланып атырсыз?

— Район орайынан колхозға керекли материаллар тасыў ушын...

— Райком бюросында жақында қара май, аў, нәрете азық-аўқат затларында колхозға тасыў ушын транспорт бригадаларын дүздик. Бул хызметти қала халқы өз миннетине алды. Сонлықтан жаңағы үлкен кемелерди буздырып, нәрете қайық соқтырың да ҳаял қызлар бригадасын шөлкемлестириң! Қолы епли уста ғаррылар бар ғой!...

— Бар.

Екинши мәселе—деди секретарь—бурынғы тор орнына енди жип келеди. Тор тоқыйтуғын фабрика рабочийлары ҳәзир жаўынгерлерге қурал—жарақ соғып атыр. Бул мәселени не қыласыз?

Секретардың бул сораўына шетте отырған Қәлийла ушып турып тез жуўап берди.

Күндиз балық аўлап, түнде тоқыймыз да...

— Ол да дурыс—деп секретарь урыстың қандай аўырманлығына да белсенип тақ турған аўыл азаматларына сүйсинип, мыйығын тартты—Бирақ менде бир усыныс бар. Аў тоқыў жумысына оқыўшыларды үйретсек. Жас өспиримлердиң бул жумысқа зейни зийрек Олар 5—6 күнде нәрете, аў тоқыўды үйренип алады. Егеделердиң басқа хызмети де аз емес ғой. •

— Бул күтә дурыс—деди көпшилик ғаўырласып.

Гәпти бир жерге түйип жыйнақты жаўып басқарма

ағзалары секретарьды шығарып салыў ушын дәрьяның жағасына қарай кетти.

Кетер алдында Тилеўмуратов колхоз партия шөлкеминиң секретары Ниязов пенен Сабыров, Узақбаев үшеўин оңашаға шақырып алып:

— Фронтқа сыйлық топлаў мәселесинде ойлап көрерсиз. Бирақ бир жақлама кеўил бөлип, тийкарғы кәсип ақсап қалмасын—деди де хошласып катерге минди.

Дүкилдеген мотор даўысы маўжырап түнги тәбиятты силкиндирип «Прибой» катери дәрьяның ийримли ағысын толқынлатып өрлеп «Қызыл жарға» жүрип кетти.

* * *

Сабыров түн ортасы аўа үйине келип, азанда таң қараңғысында турғанда излеп жүрмейин деп кийимлерин бас ушына қойды да төсекке бойын таслады. Кеңседен түнги саат екиде қайтқан ол ҳарығанлықтан ба, бирден қалғып кетти. Бирақ бираздан соң әлле неден сетем алғандай шоршып оянып, көзин ашса, жумыс кийимин кийип атырған ҳаялы Ажардың адым басқан жүриси екен.

Узын бойлы, ақ қуба шырайлы ҳаял күйеўине қарап, ала көзлерин қуйқылжытып мыйығын тартты:

— Шай қустай усы күнлери уйқың дым ашылып баратыр—аў! Сездирмей шығып кетейин десем де болмады, оянып қойдың.

Тилемис аяқ қолын созып бир керилди де ушып орнынан турды:

— Таң атты ма?

— Атыўға мейил берди.

Ажар ериниң кирлеген көйлек-дизгийимине қарап иштен аяп кетти.

— Кийиминди аўмастырып кийиўди де қойдың-аў!— деди де таза ишки кийимлерин әкелип берди. Сабыров жаңа кийимлерин кийип, бет қолын жуўды да, бир кесе сүтти асыға ишип, жүриўге мейил берди.

— Жаў тез арада жеңилерме екен, ағасы—деди сол ўақытта Ажар ерине тигилип:

Сабыров ҳаялына мийримли көзин тигип:

— Бизлер жақсы жәрдемлессек, әскерлер де, аянбай

урысады. Тиреги күшлиниң жулдырығы да салмақлы. Усыны билиў керек... деп сыртқа шығып кетти.

Ажар урыс басланған жылы фермада қарапайым сауыншы болып ислейтуғын еди. Өзи менен фермада қарыўлы бес ғана ҳаял бар. Қалғанлары ғарры—қартаң, жарымжан адамлар. Бәри жабылып жүзден аслам сауын сыйыр сауады. От шөп орыў, қора соғыў жумысыда усылардын мойнында еди. Қәпелимде ферма баслығы да армияға шақырылып кетти. Басқарма ағзалары Сабыровтын тартынғанын тыңламай, Ажарды шақырып алды да ферма баслығы хызметине тайынлады.

Сол күннен бери Сабыров ҳаялын үйде сийрек гезлестиретуғын болды. Таң ала геўимнен турып Ажар кемпирлерин оятып, азанғы шық пенен ақ пишенди сәскеге шекем орып қайтады да, уллы сәскеде сыйырларын сауады, түске қоралардың ишин тазалап, тағы пишенге кетеди. Қуптанда көлге қайтып, тағы сыйыр сауады. Сауылған сүтти түни менен сеператордан өткерип, үйине келсе, еле Сабыров келмеген соң уйықлап қалады. Азанда тағы сәҳәр уақта орнынан турады. Ериниң жазылысып уйқыда жатырғанын көреди, «түнде келип мениң мазамды алмайын» деп жатып қалған ғой. дем алсын, селтеи бермейин деп аяғын ғаз-ғаз басып далаға шығып кетеди.

Сабыров оянса таң қараңғысы уақыт. Ажар үйде жоқ. Қашшан жумысқа кетип қалған, «оятып мазасын алмайын,—деп мени аяп жүр-аў бийшара!» деди де ол да үйден шығып, бир ҳәптеден соң түн жартысында келип еди. Ажар үйде уйықлап атырған екен. Лампаның жарығында ийнеликке жип орап кемпириниң ғанғ ояў отырғанын көрди.

— Апа, Ажар қашан келди?—деди ол кемпирге.

— Келинниң жаңа келип жатқаны.

Кемпир баласына қабағын үйип, көзлерин алартып суўық қарады:

— Ери ҳаялынан, ҳаялы еринен, баласы ата-анасынан безген заман болды ғой. Жаўды сениң бир өзиң женесең бе? Ең болмаса айында бир күн балашаған менен рузыгершилик сөйлесип отырсаңо!...

Баласын айтқан уақытта Сабыров кроватта пыснап уйқылап жатырған Маратқа қарап күлимсиреп қасына келди де, маңлайынан бир сыйпап қойды. Ҳақыйқатын

да баласы да ата-анасын көрмегенине бир-еки ай болып қалып еди. Дәслепки күнлери сағынып сарғайса да, урыстын зардабынан баланын да жүреги қатып, тек азанда кемпир шешесинен:

— Кемпир апа бүгин ағам, кишем келди ме?—дег өкпели шырай менен сорайтуғын болды.

— Келди шырағым. Сени оятыўға уйқысы бөлинеди —деп ерте турып жумысына кетип қалды.—десе, баласы уртын томпайтып:

— Мени дым оятпайсан. Тап усы бүгин бе, тан атқанша күтип уйықламай жатарман... көресен—деп тамағын ишип болған соң сумкасын қолына алып, мектепке қарай кеткен еди.

...Урыс басланғалы баланын тәрбияшысы 70 жастағы кемпир болып қалды. Ҳәмменин қолы қыймылдап атырған сон кемпир де қарап отырыўдын есабын таппай, складтан 10—15 кило жип алып «ийнелик» салып отырғанына жылынан асты.

Ол жыллары аў, нәрете тоқыў ушын балықшылар узынлығы қарыстай тахтадан басын сүйир етип, үш тилли шанышқыға усатып бөз тоқыйтуғын «мәки» ислейтуғын еди. Бөз тоқыўшылар буны «мәки» десе, балықшылар оны «ийнелик» дейди. Жиңишке пряжь жип болса ярым килосы, «көнге» жип болса, 200—300 грамын ийнеликке бирден ораўға болады. Бул жумысты «ийнелик салыў» дейди. Ийнеликти тез толтырыў ҳәм көп жип ораў ушын оғанда шеберлик, шаққанлық керек. Жаңа үйреншиклер жипти бос орап, бир ийнеликти әллен ўақытта жипке толтырса: бирпара шеберлер жипти тығыз орап, биринен соң, екиншисин ҳәп заматта толтырып, қолы қолына жуқпайды. Ондайларды «пәленшенин салған ийнелигин қара» деп аў тоқыўшылар қолдан қолға тийгизбей жақтап жүреди, ал селпи оралған пәс ийнеликти көрсе, «пәленшенин ийнелиги шығар усы» деп ермек етип күлисип алады. Сонлықтан аў тоқыўшылар қандай бәсекеге түссе, «ийнелик» салыўшылар да бир биринен мәртебесин бәлент көрсетиў ушын жарысып ықлас пенен ислейди.

Сол күни таң ала геўгимде Сабыров дағдылы әдетине салып, орнынан ушып турып, кийинип атыр еди, уйқысын шайдай ашып, Ажар да орнынан өрре турды. Екеўи айрылысар алды хожалық пухарашылығын сөйлесип отыр еди, бир гезде Ажар:

— Жолдас баслық, ферманы усы күнлери биротала естен шығардыңыз ғой—деди әзиллеп—мал өз-өзинен өсе ме? Қыраўлы қыс киятыр. Жыллы қора керек. Мол пишен керек.

Сабыров ҳаялына аларып қарады.

— Дәрьяның еки бойы ырғалған қамыс, орып қора дүзетип алың! Көлдиң ишн сүйриктей ақ пишен, орып жыйнап алың!...

— Оны мен де билемен. Соған қол қайда? Күш қайда?

— Күш фронтта... Сенде баслық, мен де баслық, Мен балық аўласам, сен мал асырайсаң...

Ажар ериниң келбетине тигилип қарап еди, гәптиң шыны сол «дегендей жүзи түнерип тур екен.» Жаралы арысланның аяғын басқандай «орынсыз» қойған талабына қысынды ма, иштен аяныш сезим билдирди.

Олардың өз-ара тарысынан сегем алып баласы Марат кироватьтан секирип түсип, әкеси менен шешесиниң мойнынан алма гезек қушақлап, узақ ийискелеп маўқын басты.

Ажардың баласын көбирек аймалап сүйип елжирегенин сезген Сабыров қатал келбет пенен ҳаялына қарады.

— Ҳәммениң де баласы өзине әзиреги. Көздиң ағы-қарасындай балаларды жаўдың отында қалдырмаў ушын ақырғы демимизге шекем гүресиў сениң менен биziң аталық парызымыз. Буларда ержеткен соң өз перзентлерин бизлердей қорғасын!... Сонлықтан ҳеш ўақыт мийнетте мойыдым деме, шабазым!.

— Иренжиме, ағасы!—деди Ажар бағанағы миллет өткенине кеширим сорап—Сынап атырман-аў!...

— Аўа, екеўимиз де сындамыз. Ҳәзир урыс ўақты. Екеўимиз еки хожалықтың командиримиз. Колхозды аяғынан ақсатсам,—мен, ферманы ыдыратсаң,—сен жуўап бересең!

Ажардың шырайы боп-боз болып кетти. Өзи де сынаққа түскенин сезди. Оның қарсы алдында асыўы көп думанлы таў булдырап турғандай елеследи. Ол қәйтседе сансыз өткелден өтип, асқар шыңларды асып солтаўдың төбесине жетпегенше сынақтан өте алмасын билди. Оның бойында күш-қуўат тасқынлады. Жеделин топлап шыңға өрлеў ушын беккем белин бўуды...

Әкеси менен шешесиниң түксирейип турғанына Марат таңланып, туйық минез бенен шырайларына қарап турды да әкесине еркелеп,

— Дүйсенбайдың ағасы барғой—а, сол ағасы қашып кеткен дейди. Балалар оны қашқынның баласы деп масқара етеди. Сол рас па, аға? Қашса неге усламайсыз?—деди.

Сабыров баласының сөзине не дерин билмей, сасып қалды.

— Дүйсенбай дегениң ана Қәдир қашқынның баласы ма?

— Аўа?

— Сол бир азғынды услаймыз—деп талаптан қаламыз ба, балам оннан балық услағанымыз жақсы. Әскерлерге азық-аўқат керек ғой...

Сен оны сирә көрмедиң бе, аға—деди Марат бойына шапшып.—Дым келмеген соң, сени де қашып кетти ме деп қорқып жүр едим.

— Кимнен қашаман?

— Немецтен.

— О-хо Исенген батырымызға қара, сен де қашайын, деппе едиң?

— Ким мен бе? Мен қашпайман. Мен тек жасырынаман.

— Сонда қорыққаның ғой?

— От тебя... мен бе, мен қорықпайман.

— Сонда неге жасырынасаң.

— Олег Кошевойды, Зоя Космедемьянскаяны сен билесен бе, аға? Тап солардай жасырынып жүрип партизан боламыз.

— Сен оларды кимнен еситтиң?

— Пионер вожатыйдан.

— Молодец!—деп Сабыров баласының жаўырынын қақты. Оннан сон бетинен сүйди.

— Мен қашпайман балам!—деди бетине тигилип.— Немецтен хеш ўақ қашпайман. Жаўды жеңемиз! Бар, кроватыңда уйықла! Сабыров пенен Ажар далаға шыққса, таўықтын соңғы шақырымы екен. Ерли-зайып екеўи азанғы тынық хаўаны симире жутып рәхәтленгендей аяқларын жеңил басып бири фермаға бири колхоз кеңсесине қарай кетти.

## БАСҚЫН БАЛЫҚ

— «Домалақ» тан балық шығыпты!—деп аўыл шуў ете қалды.

Қыс быйыл ерте келип, муздын қаймақласып қатқанына 5-6 күн болып еди. Бирақ муз қатар алдындағы қақаман боранның ырайы қайтып, күн тағы жылытып кетти.

Әмудәрьяның Арал теңизине қуяр аяғындағы бул көлге жазы менен дәрьяның тасқын ылай суўы қуйып таза қайыр тепкен шаланлы қумай суўда балық еркин өсип, көп уўылдырық шашты. Бирақ гүз мәўсими басланып, дәрьяның суўы тартылған соң көлге қуйып турған өзектиң сағасы кесилип еди, балық көлде атаўлап қалды. Таза ағын суўдан айрылған көл кем-кем қаңсып кетти. Балықтың еркин дем алатуғын өриси тарылды.

Бирақ муз қатар алдындағы сығасып аққан сең менен дәрьяның суўы тағы тасып, ески аңғардай бурқасыўлап ылай суў ақты. Сасыған көлде туншыққан балық сағағына таза суў кирген соң тайдай шапшып, суўдың бетине атлығып шыға келди де, «аброй барда жайлаўды табайық» дегендей, өзекти өрлеп теңизге қарай тартты.

Жәмийла усы көлдиң сырына әбден қанық еди. Жазғы тасқын суў ағып турған гезде азнадай талай сары сазанларын услаған ырыслы көлиниң гүзде де айналшықлап кетпеди. «Қай ўақ, бир ўақ бизди бир кенелдирэсең-аў айдыным!» деп үмитин үзбеди.

Муз қатар алдында тағы көлдин сағасына келсе бурынғы аңғардың жолы менен дәрьяның суўы көлге қулаған екен. Ол отызлаған нәретени көл менен дәрьяның түйискен жерине орналастырды да, «ал биз айналып келгенше торыңнын көзи сайын балық болсын!» деп ескегин көсилип тартып кетип қалды.

Абыржы басланды. Абыржы,—деп балықшылар муздың қатар алдындағы ўақытты айтады. Бул абыржы гейде бес-алты күн болып, гейде айға созылып та кетеди. Жыл қолайсыз келип үш-төрт күн суўытса, көл дәрьяның ернеги қатып, терең айдынлардың бети қаймақласады да турады.. Қабыршақ музды бузып көлге барыўға ағаш кеме шыдамайды. Қол шананы жетекке алып көлге шығыўға муз көтермейди.

Сыранлы бәҳәрде гә ерип, суў болмай, я бершимек-

лесип қатпай усти куннин қуяшы менен терлиип түби қәлбирленген көзгенек муз көлди баўырлап узақ кун жатып алады. Балықшыны күйдиретуғын усы абыржы. Сонлықтан куннин суўытқанын тилеп, тунде жулдыз санайды.

Жәмийлада бүгин «Домалақтан» келген сон кешқурын бир-еки мәртебе сыртқа шығып, көкке көзин тигип турды. Аспан шабыра бұлт екен. Сендей соғылысқан бұлтлардын арасында ҳәр жерде жылтырап жулдызлар көринеди. «Аспан ашылгай да!» деп көк жийегине жаўдыраған көзлерин қадап турып еди. Назлы келинине:

— Ҳә неге қарап турсаң?—деди.

Жәмийла жалт қарап, енесине еркелеп наз етти де:

— Кун, суўытқай деп турман,—деди.

— Ҳә, кун суўытса, әскерлерге қыйын болмай ма?—деди енеси, келиннин тилегин жақтырмай.

Жәмийла кенкилдеп кулди:

— Ол жақтын ҳаўасы басқаша ғой, ене.

— Ҳе, солай ма,—деди де Назлы кетип қалды. Жәмийла уйине кирди.

Шынт уйқыда жатырған Жәмийла әлле неден шоршып, оянып көзин ашса, бас ушында енеси отыр екен.

— Неўе ене?!—деди Жәмийла.

— Ҳеш гәп, бастырынып атыр екенсен, соннан сон ояттым,—деди де кемпир түйилип қалды. Жәмийла Сапарды көрип бақырып жибергени түси екенин сол ўақта билди.

— Мен дәрьяны көрип келейин, ене!—деп Жәмийла кийине берди.

— Биймезгил қорқасаң ғой!—деп еди енеси:

— Бөри жер дейсең бе!—деп жанма-жан далага шықты. Көкке қарады. Аспан ашылган екен. Дәрьянын жағасына келди. Сен сығасып ағып тур. «Бүгин қәйтсе де өкше өтеди екен» деп өрге қарап турды да; Ақдәрьянын усы сенлериндей қаплап, бизин әскерлер жаўды тезирек женгей дә?» деп Сапарды ойлап уйине қайтты.

Түс ўақтында Жәмийла енесине қалай аў салғанларын айтып мазатланып отыр еди. «Домалақ» қа салған нәретелери қалай болды екен деп ақыл ҳуўшы сол көлде.

— Көлдин музы бекисе ене!—дейди кулип—дузақ майласа, жары ғәрежетин фронтқа жиберейик!..

— Мейлиң шырағым! Сапаржан тири болса, солар ала ма?

— Әскерлердиң гәрежети ғой!...

Усы ўақытта сырттан:

— Жәмийла, үйдемисең?—деген Жумабайдың ҳаўазы еситилди.

— Кел!—деп Жәмийла орнынан ушып турып төрге төсек салды. Аман туўел сорасып болған соң:

— Гүзден бери серлеп жүрген бир көлим бар еди— деди Жумабай—соған муз қатар алдында барсам, муз астына салған көп аў-нәрете көрдим. Кимдики десем сеники дейди. Дәрбент жолды сен алыпсаң. Мен шетирегине салдым. Муз бекисти. Мен кетип баратырман. Бараман десең жүр!—деди.

Жәмийла ийбе етип, енесине қарады:

— Несине қарайсаң маған—деди Назлы—түбинде излеп жүргениң балық ғой! Бар, «Стахан» баладан қалма, қудай берсе, пайда көплик етеме? Басқадан гөре сени бейим тартып келген шығар...

«Бейим тартып» деген сөзди айтқан ўақытта Жумабайда, Жәмийлада жүзлери қызарып, төмен қарады. Түсимпаз кемпир келини менен баласының қысылғанын сезип:

— Туўысқан болған соң...—деп дәслепки сөзиниң кейинин жуўып-шайып, кемпир жол тапты:

Усыны айтқан ўақта Жәмийла:

— Яқшы онда, кийинейин. Чай ишпейсең бе?—деди.

— Жоқ, ишпеймен. Нан аўыз тийейин—деп Жумабай дастурханнан бир тислем нанды аўзына салды да майданға шығып кетти.

* * *

...Айнадай жарқырап, шийшедей тынып қатқан бети асфальттай тегис музда бир шана дәрьяның ортасында зырлап киятыр. Шананың бас жағында Жәмийла арттағы жигитке терис қарап орамалының ушы менен аўзын басып отыр. Ал артта Жумабай қара терге түсип, асай басып киятыр. Жоталы жигиттиң қарыўлы еки билегиниң серипседей атылған күши менен Асайдың тағалы аттың туяғындай музға гирш-гирш тийген даўысы еситиледи. Шана көк муздың үстинде машинадай алға атлығады.

Жағада турған бирең-сараң ауыл адамлары екеўине таңланып қарасады. Таңланғаны «қосылды ма екен»— деген пәм кетип қарасады. «Жылына» қарамай асыққаны ма деп қарасады. Адамлар өзлерине үрпейесип қарасқанын сезип Жәмийла бетин жасырып, қымсынса, Жумабай ауылдың тусынан тезирек өтейик деп асайды музға қаттырақ урады.

Үкиден суў алмаға келген Сәлийманы көрип Жәмийла жүреги суў етти. Шоршынғаны жақында Сәлийма менен сөз алысып қалып еди. «Мынаў бүлдиретуғын болды-аў»—деди ишинен.

Жәмийланың әкеси менен шешесиниң алып кетемен деп талай сапар келгенинен Сәлийманың хабары бар. Жәмийланы кетеди ғой деген пәмге де барды. Бирақ олай болмады. Жәмийла кетпей қалыпты деген хабар шықты. «Не ойы бар екен» деп жүргенде, бир күни Сәлийма Жәмийланы Жумабайға атастырыпты деген ызыңызың гәп еситти.

Бул гүрриңниң шынлығын тәқыйық билиў ушын Сәлийма орамалын қыя салып, Жәмийланың үйине барды.

Жәмийла жаңа ғана көлден келип, Сапарды сағынып суўретине тигилип, муңайып отыр еди.

Сәлийма кирип келип аман туўел сораспастан бурын үйдиң дәскелерине жалт-жалт қарап шырайы мың қубылды:

— Саў отырсаң ба, Жәмийла?—«Шүкир» деўге де қаратпай таңлайын тамсанып, гәпти балалатып жиберди—Өзиң еркектей нашар екенсең-аў. Кисиң бар да бундай дәске жоқ еди. Мынаң қара бәлениң... Кроватъ алыпты. Қат-қат көрпе қаплапты. Мына кийизди қайдан алдың? Бәле, бәле үйди келистирипти, усы дәскең менен «Тоқымбетлер» ге бара ғойсаң, бай келиншек атанасаң ғой!

Сәлийманың ҳәр сөзине Жәмийланың жини атланды. Ашыўлы қаны бетине ойнап шықты. Оның жақтырмай отырғанын сезсе де Сәлийма оннан сайын жүрегиниң жарасын тырнай берди.

— Төсек орныңды дүзепсең!...

Жәмийла қанша сабырлық етседе, тақаты шыдамады.

— Ҳешкимнен урлап алғаным жоқ ғой. Ҳадал мийнетим менен жыйнадым.

— Ҳәкисленбе се!—Сәлийма баўырын ишине тартып шақалақлап күлди.—Сени урлап алды дедик пе? Усын-

дай тик минезлигиң бар аў. Жақсының жақсылығын айтсаң неге айып болсын!—Сәлийма тағы жыландай жылманлап арбады.

— Усы күнлери дым сарғайып кеткенсең бе?

— Еси бар адамның урыс күнлери сарғаймай жүргени бар ма?

— А—а—айтарың бар ма?—Сәлийма Жәмийланың еки көзине тигилип жақынырақ отырды—жоқ аў. Мениң айтайын дегеним бар ғой, балажан бүйтип сарғайып отырғанша деймен-аў, ояқ-буяққа қыдырып, төркин журтына барып, кеўлиңди көтерип қайтсаңо—дегеним ғой. «Ден саўлық терең байлық» дейди ғой.

— Мениң кеўлимди көтеретуғын төркиним бар ма,—деп Жәмийла суўық демин алды.

— Қойшы, мына мақаўдың гәпине, қара, усыны жорға айтып отырсаң-аў, болмаса елатын жек көретуғын адам бола ма? Қыз болып салланып өскен жеримиз көзимизге ушығадай басылады.

Сәлийма жорта муңайған киси болып:

— Шешен байғусты айтсаңо... деди.

— Ҳә, оған не болыпты?

— Жоқ-ә. Жалғыз қызым деп аҳ урып отырған шығар. Быйыл келгенде көп сарсылып жылады; «Дүньяға шыққанда көрген жалғызым Жәмийланы көрип жүрип өлейин, аўылға барып биреўге басыңды қосағой десем, қызым айтқанды қылмайды» дейди.

Жәмийла оның сөз рәмаўизин байқағысы келип:

— Сен не дедиң?—деди.

— Мен не дейин. Мен айттым, күйеўиниң садақасын бергенше сыр бермейин деп отырған шығар. Ата-анадан безетуғын нашар болама! «Ат айналып қазығын табады» деген түбинде қолыңа барады ғой,—дедим. Соннан соң Жәмийланы усы келбети менен ким қәлемесин, биреўге бересең дедим.

— Ҳә, жақсы болыпты. Байсырасаң өзиң тийе бер, қурдас! Мениң жырымды жыртыспай-ақ қой. Жәмийланың ҳәкисленгенине шамланып, еки бети көгерип Сәлийма да шабатуғын бүркиттей қомланды.

Байсырап, сениң ашығыңа ортақласайын деп келдим бе?—Ериин сылып еткизип.—Әдира қал. Маған десе тул өт, дүньядан!—деп есикти сарт еткизип үйден шығып кетти.

— Артыңа топырақ!—деп Жәмийла да бақырып

қалды.—Саллақы, келгенниң келсабын, кеткенниң кетпениң әңгиме еткенше, колхоздың жумысын ислеп, армияда жүрген жалғыз иниңниң тезирек елге қайтыўын тиле!

...Шананың үстинде дәрьяның ортасы менен кетип баратырған Жәмийла жагада зенирейип қарап турған Сәлийманы көрген ўақытта усы урысқаны есине түсти.

— Мынаның аўызын керип, үйме-үй кирип өсек таратыўына пеш түсти-аў—деди ишинен.

Жағада турған Сәлийма астыңғы ернин созып, ермек етти де, жағадағы адамларга қарап бир нәрсе деп даўысының барғанынша шақалақтап күлди. Оның сөзин шанадағылар еситкен жоқ. Сәлийма шелегин жерге қойып, тикке турып, шананың қарасы батқанша тигилип қарады да турды...

...Уллы түс мезгилинде Жумабай нәретениң басына жетти. Жәмийла менен екеўи де шанадан түсип, чай ишиўге қосқа барды.

— Чайды қайната бер, мен нәретелерди көрип келейин,—деп Жумабай Жәмийлаға тигилип қарады. Қарады да мыйығын тартып:

— Балық болмай писимиз қурымаса болар еди-аў, сени де қатере менен ертип шыға қойып едим—деди.

— Көлдиң балығы қапылар дейсен бе—деп Жәмийла да күлимсиреген шырай билдирди.

...Қамыстың лаўлаған жалыны менен мыс дүмше пақырлап қайнады. Жумабай келмеди. «Мийнетшил адам»—деп сүйсинди ишинен. «Күни менен асай басып келди, шөллеп таңлайы кепкен шығар» деп аяды ишинен. Түргелип қарап еди, көринбеген соң «изинен барсам ба екен»,—деди.

Усы ўақытта адымын керип басып, қамысты жапырып, жадырап күлип киятырған Жумабай көринди.

— Жолымыз болды, Жәмийла!—деди ҳаплығып— Таўсылмас дүньяның үстинен шықтық... Қоя бер... Тезирек мына чайды бир-еки жутайық та, барайық...

Жәмийланың жүреги шәўкилдеп нәретесиниң басына келсе Жумабай бағанағы ўақытта музды ойып, бир нәретени қараған екен. Жәмийла нәретени тартып, сыртқа шығармақшы болып еди, ҳалы жетпеди.

— Оның несин тартасаң!—деп Жумабай қасына

келди—көрмей турсаң ба, иши толы балықты! Оннан гөре мында кел!

Жумабай Жәмийла менен екеўи көк муздың бетинен сығалап барлық нәретелерди көрип шықты.

— Бәри де балыққа толы. Сәл бир-еки күн кешиккенимизде балық түншығып өлип мийнетимиз күйеди екен қурдас.

— Енди стахановка келиншек боласаң... деди күлип Жумабай.

Жәмийлада оның әзилине дәлкек пенен жуўап қайтарды.

— Талай жыл «Стахан бала» атансаңда бизиң жайлаўды паналапсаң ғой! Биреўдиң қорық жеринде не исиң бар. Балығын сарқып алып нәретелериңди арқалатып қуўып жиберсем, неше пуллық киси боласаң... Сен хабар бермесең де өзим ақ келейин деп атыр едим. Бирақ кеўсен сораў дийханның, сыралғы сораў балықшының ата-бабасынан киятырған кәри ғой. Бир сапарға қойдым... деп сыңқылдап күлди.

— Ол айтқаның әдил төрелик. Мен дузақты муз астына таслап кетиўге кеўлим келисим бермей дағдарып жүр едим. Бир күни сениң нәретелериңди көрдим. Күн де суўытты. Енди қара суўдан суўырып алып кететуғын шығар деп сер салып жүрдим. Бирақ қайтып хабар алмадың. Сениң мәртлигиң маған демеў берди. Расында да атайы балықшы болыпсаң Жәмийла! Дузақ муз бенен қосылып қатып, зая болады деп ойламадың ба? —деди Жумабай сүймеңди музға гирш еткизип бир урды да.

Шананы сүйретип киятырған Жәмийла:

— Суў түбине шекем қатпайды ғой. Тереңге орнатсақ не зыяны бар. Өткен жылы 3—4 нәрете, аўды муз астына қалдырып, тәжирийбе етип көрип едим. Ойдағымдай болды.

— Онда усы тәжирийбени келеси гүзде ғалаба пайдаланып көриў керек екен.

— Ол жағын басқармаға айтып көрермиз. Ал енди мениң пәмимше дузақтағы балық қазандағы олжа, оны көплеп-көмеклеп алармыз. Ал енди сенинше бул балық қайдан келди деп ойлайсаң? Мына көлден келип атыр. Теңизге шығыў ушын өрип киятырған балық бул.

Жумабай таңланып, ойлы көзи менен көк музға қарап ар-сары болды.

Жәмийла жуўырып барып шанаға келдиде:

— Мен музды ойып көрейин, сен нәретениң балығын ала бер,—деп шанадағы темир сүйменди, шолпыны алып шетиректеги тақыр муздың үстине қойды. Бурымын еки-үш орап, басына түйди. Белин буўып алды да, жеңил кийинип, ушы биздей өткир полат сүйменди қулашлап музға урды. Ҳәп заматта үлкен қазанның аўзындай үки ойып, шолпыны сууға салып еди, айтқанындай балықтың баслары шолпыға дирилдеп тийди. Ол шолпыны бир-еки сүзип, алтындай сары қабыршақ сазанларды муздың үстине таслады. Қуўанып, бақырып жибергиси келди. Мазатланып өз-өзинен күлди.

Сөйтти де ири бир сазанның сағағынан бармағын өткерип, узақта жүрген Жумабайға қарап былғай берди. Ол балықтың қызығына түсип, буны көрмеди. Ақыры болмағансоң:

— Ҳә-ә-ә қурдас, ҳә-ә-әй!—деп сүреңлеп жиберди.

Жумабай қасына келип:

— Тәсийин! Бул балықты муздың үстине шығарыў екеўмиздиң қолымыздан келмейди ғой. Пай, қайтерсең азаннан бери бираз балық теңизге кетип қалды-аў. Ал енди тез биреўимиз колхозға хабар етиўимиз керек!—деди.

— Мен кетейин онда:—деди Жәмийла.

— Сен кеткенде пияда қанша ўақытта барасаң?

— Пиядасы неси!... Асай басып, шана менен кетемен.

Асай басыўды билесең бе?

— Өзиңнен басқа адам балықшы емес пе?—деп күлди Жәмийла.—Сапар баяғыда үйретип еди ғой.

Сапарды айтқан ўақытта Жумабай иштен аўыр гүрсинди.

— Онда тез кет, әбзели жолда ушырасқан биреў болса, айтып жибер де,өзиң берман қайт! Жылымды көп әкелсин де! Балық көп де! Түни менен жетсин де!

— Яқшы,—деп Жәмийла шанаға минди де асай қоқолына алып, мыйығын тартып Жумабайға қарады. Жумабай күлимсиреп:

— Қәне, ур асайды! жолда жылыўға түсип кетпе! Уялмай айдай бер!—деди.

Жәмийла асайды музға гиршилдетип урып, тусынан зуўлап өтти.

Изнпен қарап турған Жумабай: Мийнетке ғырыс, еркектей ҳаял... деди ишинен.

* * *

Колхоздың кең складының иши ылғый жас өспирим балалар менен кемпир-ғаррыларға толы. Биреўлери аў тоқып атырса, екиншилер аў көңгелеп, үшиншилери— келепленген жипти еки аяғының басына керип ийнелик салып атыр.

Бир топар ғаррылар арбалы әкелген жыңғылды ийип, нәрете соғып жүр. Олардың ишинде Мәтекеде бар.

Саўаштағы жигитлер менен елдеги бала-шағалардың уўайымы жанын күйдирип, өзегин өртеди ме, я жаңғыз баланың қайғысы ма, Мәтекениң былтыр ғана буўрыл тартқан сақал шашы, быйыл қуўдай аппақ.

Қыр бригадасы дегени болмаса Мәтекениң де мүшкили аңсат емес. Балықшыларға аў, нәрете, жылым, балакөшка жеткерип бериў, қайық, шана, шолпы, ҳәт те керек десе асай, ескек таяўға шекем таярлатыў— усы Мәтеке ғаррының мойнында. Қыйын болмас еди, қурылыс материалы менен әсбап сайманы жеткиликли болып турса.

Қырық қурақты жамап көрпеше ислеген қандай қыйын болса, аў-дузақ соғыўдың машақаты да сондай. Урыстан алдыңғы жыллары ағыл-тегил болып атырған қалқы, қара майға шекем көзден бир-бир ушатуғын болды. Бир қулаш арқан бир метр жипекке бергисиз. Бир сүйем тахта көшеде жатырса; «қайыққа жамаў болады», деп адамлар складқа әкелип тапсырады. Балалар топайға қуйып, мергенлер пытыра дүзетип жүретуғын қорғасынға шекем көзге әширепи. Еки қулаш темир таппасаң, шана жоқ.

Бурын 70—80 процент тозған аў, нәретелерди балықшылар складқа әкеп тапсырып, жаңасын алып өте кететуғын еди, енди—ше? Бир қулаш тор еки есе қуның таппағанша, биратала ирип кетпегенше «дизимнен өширилмесин» деген талап қойылды.

...Аўыл арасында жатырған шаппаттай қалқы, жарты қулаш тор сүйемдей тахта, қарыстай жип көрипсе склад хорына әкеп тапсырылсын!

... Салақлық, бийғамлық, ашық аўызлық, ысырапхор-

лық—колхоздың душпаны. Ал жалқаўлық пенен арқайынлық, сары уўайымшылық пенен тайғақлық жаўдың жәрдемшиси...

Балықшы аўылының ер, ҳаял азаматы урыс күнлеринде өз алдына усындай талап қойды.

Урыс узаққа созылған сайын Мәтеке ғаррыдан уйқы қашты.

Ғарры көрсе—жора, кемпир көрсе—қурдас, келиншек болса—келин, оқыўшы көрсе—балам деп ҳәммесинде складқа ертип келип, хызметке тартатуғын үгитшил.

Үйде сандыққа сүйенип, ошақ басында ошарылып, түнерип сарғайып отырғанша—дейди ол келгенлерге—көпшиликтиң ишинде болсаңыз кеўил көтересиз. Ўақыт өтеди. Уўайымды умытасыз. Қолдан келгенше жәрдем бересиз.

Мәтеке дәрьяның арғы жағасына бес-алты аў нәрете салып қойған еди. Азанда түсте, кеште барып сазан, шабақ, ылақа, әкелип гәсин қуўырып, гәсин асып, ыссы аўқат шөлкемлестирди.

Түс ўақта ғарры-кемпирлерге патефонға пластинка қойып береди. Мәтеке мектепке барып бир карта сорап әкелип дийўалға қақты да, отызлаған ийнени алып, басына қызыл таўардан үш мүйешли флаг иследи.

— Мәтеке бул не, жинниң ойыншығындай ислеп отырғаның,—деген адамға, ол:

— Гәп етпе, сәл азырақ сабыр ет!—деп сыртқа шығып кетти.

Әлле ўақытта сол аўылдағы мектеп директоры Хожаниязов деген жигитти әкелип:

— Ал балам!—деди ол қолындағы қағазға қарап,—бизиң әскерлер азат еткен, қалаларға мына флаги бар ийнелерди қадай бер!

Келген жигит азат етилген қалалардың төбесине қызыл флагларды тигип шықты. Сталинградтан баслап Москва, Дон бойына шекем картаның бетинде қызыл флаглар желбиреп жайнап кетти.

Биреўлер азат етилген қалаларды санап шықты. Бир ғарры «шегараны көрсет» деп сорады.

Екинши биреўи:

Шегараға жетиў ушын неше қала қалды?—деп бетине тигилди.

— Москва сау ма, Москва?—деп ақсақаллы шүңгрек көз, арық ғарры тоқып отырған аўын таслап, картаға қарап жууырды—қәне көрсет Москваны.

Хожаниязов үлкен бес жулдыз белгисин мине—деп көрсетти. Ғарры шери тарқап, кеўили жай тапқандай қумартып жулдызға қарап:

— Әй жарқылық! Бул дүньянын «бейиши ғой» ол! Көшенде арданлап дәкен жүрди аў бир ўақта—деди Москваға барғанына марапатланып көтерилип сөйлеп. Онын мақтанғанын жақтырмаған бир кемпир ермеклеп күлди.

— Қайсы Мәскеў! Шақаманды көргенинди айтып жүрме?

— Әй сандалама! Урыстын алдында стахановшылардың слетына барып, аўылға биринши патефон әкелген ким еди?

Хожаниязов кемпир менен ғаррынын қызыл гегирдек болып айтыса кеткенин сезип, артына жалт қаралы.

— Бизин Сәкеңнин Москваға барып қайтқаны рас!

— Еситтиң бе—деп Сәрсен ғарры мазатланғандай көзинде күлки ойнап, көкирегин кен жая түсти.

Агитатор жигит, ғарры-кемпирлер менен ярым саат гүррин өткерди...

...Склад жайы адамлардың күлкили ғаўырлысы менен жаңғырып ҳақыйқат клубқа айналды. Түски дем алыстан кейин адамлар тағы шырпылдап жумысқа айналысты.

Мәтеке көпшиликтиң ишинде ерсили-қарсылы жүрип:

— Әспап—үскене кемис деп уўайым жемен, жолдаслар!—дейди кеўлин хошлап.—Аралым саў турса аш қылмайды, көштен қалдырмайды, душпанға мөлмиртпейди. Алтын балық берген Әмиўим менен Аралым ырысқымды кем, беделимди төмен қылмайды. Мәселен не керек? Қалқы керек пе?—ақ билек жекеним бар. Отын десен нар қамысым бар. Ағаш десең дәрья бойы нуў тоғай. Ата-бабамыз қамыстан сал кеме ислеп, қаза тоқыпта күн көрген ғой. Қаза менен шанышпай, қармақ пенен шолпы салып та жаў менен талай жыл урысыўға халқымнын қудирети жетеди.

Көпшилик онын сөзин сүйсинип тыңлап Аралдың даңқын көкке көтерди.

Турым бий деген бабамыз—дейди Мэтеке,—Хийуаға барғанда хан: «елатыңның не байлығы бар»—дегенде, ол:

«— Үш ай шабағым бар, үш ай қабағым бар, үш ай қаўыным бар, үш ай саўыным бар» депти. Жеңилген хан:

— Тилиң кесилсин сениң Турым!—дегенде, тағы ол... Тақсыр, бас кеспек бар да, тил кеспек жоқ!—депти. Сөйтип ханды бир гәптиң үстинде еки мәртебе женген екен дейди.

— Пай сөзиңе болайын!—деп ғаррылар тумлы-тустан ғаўырласқан ўақта:

— Мәке, ғаррыларды гүрриңге уйытыпатырсаң ба? —деп Сабыров күлимсиреп кирип келди.

— Ҳарма ағайинлар!

— Бар болың.

— Мәке жумыстың өнимли қалай?

— Тамақ тоқ, қеўил шадықорам, кеше жигирма бес адам еди, бүгин отыз еки адам келди.

— Күтә жақсы. Усы ықласыңызға жаў тез жеңилип, жигитлер елге қайтып, көшемизде той болғай!...

— Әўмийин әўмийин!—деп ғарры-кемпирлер шуўласа қалды.

— Председатель дийўалда илиўли турған картаға көзи түсип, қапталына барды.

— О—ҳо, *Мәке дәстиярлы пропагандист болып кетипсен ғой.* Сени партияға алыў керек!...

— Көпшиликтиң көңлин табыў ансат па?—деп Мәтеке председательдиң кеўили қанаатланғанына иштен қуўанды.

— Айтқандай, жумыстың жағдайын айтайын. Өзимиздиң бар байлығымызды илажлап атырмыз. «Ләў кемпир» бойынан жыңғыл алдырып, нәрете соқтырып атырман. Бир жетпесиңиз қалқы еди, оның есабын таптық, жекен алдырып, қалқы дүзеттирдим. Мине, қарап көр, фабричный қалқыдан кем емес қой!

— Арқан жағы қалай?

— Складта азын-аўлақ тоз бар еди—ғой. Соны рас шыйырып арқан естирдим. Мине темирдей қатты. Аў көңгелеў жағдайы күтә шәбик жүрип атыр,—деди де,ойланып турып тағы сөйледи:

— Бирақ баслық иним! Бүгин бир-еки адам аў сорап келип, дыңғырыўлап мийимди тести... Жаңа Қәлий-

лада келип, жигирмалаған аў бер деп өлердеги сөзин айтты. Мен оған: Аўларыңыз бар. Тозса сеплеп алың шалғайынан сүйретип, қуралды парықсыз услайтуғын тынышлық ўақыт емес дедим. Билмедим өкпелеп кеткен шығар.

— Қәлийла жақында ғана 30 аў алып еди гой.

— Билмесем, тағы сорап жүр гой...

Председатель азғана ойланып турды да:

— Аўды көк тасқа қайнатса суўға төзимли болып, көп ўақытқа шекем тозбайды екен. Усы әдисти қоллана бериң... Жаңа райкомның секретары Тилеўмуратов келип: «Балықшыларға көп тахта. аў-дузақ, май жибердик» деп, Балық Санааты Министрлиги жиберген радиограмманы көрсетип қуўантты. Ол қызыл әскерлердиң семьяларын көриў ушын аўылды аралап жүр. Сизлерге де келип кетеди.

—Радиограмма келгени рас па екен?—деди Мәтеке таңланып—Сөйткей да! Урыстың алдыңғы жылларындағы ағыл-тегил болып атырған қуралларды усындай үнемлеп жумсағанда 10 жылға жетиўине даў жоқ еди. Пай қайтерсең!

— Әлбетте ығып баратырған муз да пәтли ескен самалда қанша аў қуралды жоқ етип кетти... Ал Мәке қарыўды сала бер. Планның орынланыўы жаман емес. Кешеги айдың планын 200 проценттен зыятырақ орынлаппыз. Армияға гил ақ шабақ пенен сары сазан аўлап жибердик.

— Сөйтиң шырақларым!—гарры-кемпирлер председательге ықласын төгип қарады.

— Мен тағы балықшылар арасына кеттим—деп Сабыров складтан шығып кеңсеге қарап бурылды.

... Алыстан Сабыровты көрип Қәлийла да изинен ере кабинетке кирди. Сәлемлескеннен соң председатель Қәлийланың солғын тартқан келбетин, қатыңқы қабағын, иренжиген ажарын көрип, таңырқанып отырды да:

— Дениң саў ма, Қәлийла? Түсиң қашып кетипти гой—деди.

— Деним саў ғой,—Қәлийла суўық демин алды.— Бирақ омсырайған қылмыс ислеим Қәлийланың талабышатақ. Тақыр жерди сыйпалап қалдық... Сарғайған соның уўайымы...

— Не өзи, түсиндирип айтсаш!—деди жекиринип Сабыров.

— Айтыўға тил гүрмелмей тур,—деп Қәлийла басын төмен салып, түнжырап отырды.

Председательдиң қабағы жабылып, суўық шырай кирди.

— Айта бер, айт! Не бәле иследиң?!...

— Айтсам 20 аўдан айырылдық!...

— Жигирма аўдан айырылдық?—председатель еки көзинен қәҳәрли жалын атып, түсин өзгертти ҳәм өз-өзинен гижинип қалшылдап, бетин көгертти.

Қәлийла төмен қарап, председатель тигилип, екеўи бир майдан сам-саз болып отырды.

— 20 аў, да, 20 аў!—деп ашыўлы тығылып сөйлеген председатель даўысын пәтли шығарды—ҳәр аў бес центнерден балық услағанда 100 центнер балық. 10 центнерден услағанда 200 центнер балық. 200 центнер балықты сен суўдың түбине жибердиң, сағалға жем қылдың, колхозға қыянет еттиң... 200 центнер балық, мейли 100 центнер болсын. Не деген сөз. Бул үш мың бас сазан, 10 мың бас шабақтан айрылдым,—деген сөз. Ҳәзир бир балық берсең фашисттиң жүрегине бир оқ аттым деген сөз. Мен сени ме, колхоздан шығараман. 20 аўдың қунын төлетемен!—Сабыров орнынан ушып турып, және қайтадан орнына отырып, өкпелеген баладай бултыйып, көзиниң қыйығы менен аларып қарап, қалтасына қолын суғып, махорка қалтасын алды да, қоллары қалтырап шылым орады. Усы пайыттан пайдаланып бир сөйлеп қалайын деп, Қәлийла еңсесин тиклеп председательге мүнайымлық пенен былай деди:

— Мени, Сәке, аўдың қуны сарсылдырып отырған жоқ, жойытылған уяты сарсылдырып отыр. Егер қунын сорасаң согласнай-ақ үйимдеги кунан шығарымды ҳәзир кеңсениң алдына әкелип байлайман. Кулаклардың заманында қосақластырып ешки саўып көрмеген Қәлийла ҳүкимет заманында жыйнаған малын колхоздан аямайды.

— Онда сол қунаншығарыңды көлге апарып сал балық түсерме екен! деди Сабыров.—Маған аў керек, балық керек. Болмаса малыңды берип аў сатып ал.

Қәлийла Сабыровтың ашыўын қайтаратуғын ем таба алмай, тағы гәптен қалды.

Екеўиниң түнерисип отырғанының үстине райком секретары Тилеўмуратов кирип келди. Қәлийла орнынан ушып сәлемлести де жылысыңқырап отырды. Секретарь председательдиң қас қабағындағы ашыўды сезе қойды:

— Бул не, шекинисип отырған жоқсыз ба—деди.

— Шекинискени ҳеш гәп, урысып отырмыз—деди Қәлийла—Балық аўлаўға өзим тилек етип, көлге шыққаныма ярым ай болған жоқ. Тап мениң кейинимнен гезе қурып, аңлып жүргендей, бир наймыт сорлатып кетти. Тақыр музда тайғанап турмыз...

— Ҳе, неге. Не жинаят иследиң. Ҳадал жигит емеспе единң!—деди райкомның секретары бетине тигилип.

— Тынық көлимди биреў ылайлап кетти!—деп райкомның секретарына шағынып киятыр еди:

Енди Сабыров гәпке араласты:

— Жолдас Тилеўмуратов тынышлық ўақты емес, урыс ўақтында ашық аўыз болыўға бизди үйретти ме? Қайда бизиң қырағылығымыз. 20 аўды урлатып, мурны уўылып, меннен «шүйинши» сораўға келипти. 20 аў қанша балық услайды, өзиңиз билесиз. Мен бул жынаят ушын артельден шығараман... Уставта Артель мүлкин көздиң қарашығындай сақламаған адам ағза бола алмайды—деген.

Үшеўинде сам-саз болды.

— Ол дурыс ғой!—деди Секретарь,—кәне, бир жөн жосағын сорайық.—Қашан жойыттың? Кимнен гүман етесең? Келген адамның изи қандай?

— Кеше азанда барсам, 20 аўды суўырып алып кетипти. 10 аў бөлек еди. Оны таба алмаған болыў керек. Көрсем орнында тур.

— Аўға түскен балықларды не қылыпты?—деди Секретарь.

— Барлығын тап өзимдей қылып бир жерге жыйнап, ийт-қус жемесин деп қамыс пенен бастырып, күгә итияжлап кетипти. Сол күни қапылып, қар да жаўмады, из жоқ. Күни менен излеп таппай жаңа келгеним...

Секретарь мыйығын тартып Сабыровқа қарады.

— Аўды колхозшылардың биреўи алғанда балығы менен қосып алып кетеди. Ким болса да, аўға мүтаж, балыққа зәриў емес адам. Усыны ойлап көриў керек.

Ҳәмме ойға батқан ўақытта ҳаплығып Жәмийла ки-

рип келди. Қара терге шомылып, бет-аўзы борлаттай қызарыпты. Терге сыбасып қалған қас-кирпигин, болдырып ҳарыған көз жанарын көрип отырғанлар оның узақ жолдан сегбири шығып киятырғанын сезди. Жәмийла отырған бийтаныс кисиге көз астынан сығалап қарады да, орамалының ушы менен маңлайының терин сыпырды.

— Қайнаға, мен асығыспан, ҳәзир кетемен!—деген ҳаялдың уяң даўсына ҳәмме жалт қарады.

— Хә, аманлық па?—деди Сабыров.

— Шүйинши қайнаға!—«Домалақ» тан көп балық таптық. Сизге хабар бериўге келдим. Шама жетпеди.

— Балық!...—Сабыров албырап орнынан өрре турды.—Распа келин, көп пе екен?...

— Көп!—деди Жәмийла. Сабыров Қәлийлаға қарап:

— Мәтекеге жууыр, үш жылым, жүзлеген аў таярласын. Мен өгизлерди шанаға жегейин!—деди.

Орнынан турып, кетип баратырған Қәлийланың изинен даўыслап:

— Аўылдың ҳәмме бала-шағаларына хабар бер. Бир жан қалмай кеңсеге жыйналсын, еситтиң бе?—деди де, қағазларын жыйнастырды.

— Бул балық—деди райкомның секретары--Көлде қорда басып, енди теңизге қулап атырған балық болыў керек.

Ол: «Солай емес пе?» дегендей Жәмийлаға қарады:

— Аўа, тууры айттыңыз. Мен өзим бир үкини ойып шолпы менен сүзип көрип едим. Теңизге ағып атыр,—деди Жәмийлада бийтаныс жигиттиң сөзин мақуллап.

— Онда —деди Тилеўмуратов—Жылым, аў, нәретени көп етип апар. Өткинши балықтың базары 5-6 күн болады. Адам көплик етпейди. Дүканшыңды онлаған қалта уп, қант, чайы менен мен алып кетейин. Мына келинде мениң менен жүрсин. Сен адамларды алып кейинимизден барарсан «Урожай» арқалы (рация) Маратшыларға хабар етерсең...

Секретардың соңғы сөзи председателге жақпай қалды.

— Маратшылары нес! Хаў, балықты тапқан бизиң колхоздың адамы. Биз разведка жасап табамыз, тағы олжамызды бөтенге беремиз. Оларда таўып алсын. Бир

балық услатпайман... Ақыры олар бизиң менен жарыста...—деди Сабыров.

— «Көлдиң қамысын көргенсиз қызғанады» дегеп—деп күлди секретарь—егер өзиңниң күшиң жетпесе, сениң ойыңша қалған балық теңизге өрип кете берсин бе? Қоңсылас отырған елатсыз. Оның үстине шамаң жетпей қалар, деп Тилеўмуратов орнынан турды.

— Күшим жетеди жолдас секретарь, мектептиң барлық оқыўшылары жәрдем береди,—деп председатель ере далаға шықты.

Райкомның секретары «мектеп балаларын көп жумсай бермең. Әбзели оқысын! Көп мойын артпаң» деп еди, председатель күйиниш сөйлеп:

— Жаў келсе мектепти бузып, бәри бир ойран қылады ғой... Тек ересек балалар ғана ғой..—деди қора жаққа жуўырып баратырып.

— Немецлер... деп бир нәрсе айтқандай болып еди, Жәмийланы ертип жағаға қарай бет алған райкомның секретары оның сөзин есите алмады.

* * *

Дәрьяның иши сығасқан шана.

Күн уясына қарай қулашын жайып баратыр. Ҳаўа шымыры аяз. Түсте күн шуўақ пенен жибип иримтикленген муз кешки аяз бенен тағы бойын шыйыратып қатқалақ болды.

Ең алдыңғы шанада қулақшынын бастырып кийип қолына қамшы услаған Сабыров еки арыстың ортасында пысқырып нуқырып басып, желге өрлеп турған ақ боз аттың саўырысына қамшыны тартып жиберди. «Дизгинди жибер» деп ушпаға қанаты болмай турған ат қамшы етине тийген соң пәт пенен алдына нуқырып аяғын теңнен басып жорға-жүриске түсти. Кәрўан басының қоңыраўы қағылғандай изинде қатарласып турған ат, өгиз ешек шаналардың ҳәммеси қозғалып кетти.

Сабыров артына бурылып қараса, муз бетин қаплап киятырған шаналар жаўға атланған совет танкларындай болып елеследи.

Ал оны қоршап сүймен, шолпыларын белине қыстырып, азық-түлигин арқалаған колхозшылар пияда әскерлерге усар еди. Бир топар мектеп оқыўшылары ме-

нен жас жигитлер сырғанақ пенен тусынан зуўлап өтип баратырғанда «булар разведчиклер» деп мыйығын тартты.

Дәрьяның ишиндеги усы көриниске қызыға қарап киятырған ол өзин усы батальонның жол баслаўшы командириндей сезди...

Ҳақыйқатында да ол тылдағы колхоз аўылының командири... Урыс ўақтында усындай мыңлаған мийнет командириниң арпалысқан күши де жеңиске гиреў болды. Усы командирлер басқарған қаҳарман халық совет әскерлерин кийимге азық-аўқатқа, қурал-жароққа мүтәж еткен жоқ. Саўаштағы командирлер арасында жаў бекинискен қорғанды алыў ушын жарыс қандай ҳәўиж алса, тылдағы командирлер арасында олжаны ерте алыў ушын бәсеки де сондай күшли еди. Ҳәр бир командирдиң уқыбы, тапқырлық ақылы, адамгершилик салмағы елатын жүдетпей, урыстың қыйын аўыртпалығына қайыспаған полат белине қарап, ўатанға тартыў еткен сыйлығының өлшемине қарап баҳаланды.

Сонлықтан Сабыров өз ротасының сынақта алда болғаның тәўир көрсе, көп ротадан дүзилген армия командири Тилеўмуратов барлық ротаның жеңиске ерискенине тилеклес. Сабыров өз қазанының толысын ойлап қызғаныш билдирсе, Тилеўмуратов барлық қазан сағә алып турған арна тассын деп алысқа қулаш урады. Бирақ Тилемистиң ийнедей зыяны жоқ, ҳақ кеўил большевик екенин талай сынап көрген тәжирийбели секретарь оның ара-тура алып қашатуғын гидир-будыр минезин хызмет үстинде жол-жөнекей дүзеп алады-да қәнигге председательдиң көп аса беделин түсирмейди. Бирақ Сабыровтың шәбиклик етип айта салып, соңынан бул исиниң қәте екенин сезип, қызбалық минезине өкинетуғын қәсийети бар. Оны өзи де иштен сезеди.

Музды қайыстырып ағылған аламанның алды қуптанда «Домалаққа» келип жетти.

Сабыров шанадан түсип, жүкти жағаға түсирди де издеги шаналарға жәрдемлесиў ушын Қәлийланы кейин қайтарып жиберди. Ал өзи, Мәтеке ҳәм тағы 1—2 ғарры менен орақты алып жағадан 1—2 қос дүзетти. Шаналар бириниң изинен бири сатырласып келе берди. Сабыров келгенин келгендей күтип алып, өзлери түсирди де,



www.ziyouz.com kutubxonasi

адамларға қамыстан «жыллы қос дүзетиң» деп буйырды.

Дәрьяның жағасы бир саат ишинде жайнаған қос болды. Пухта дүзетилген бир қосты магазинге берди. Балықшылар уядай қостың ишине төсеклерин жайып, алтаў ара, жетеў арадан орналасты.

Кешки жатар орынның әнжамы питкен соң Сабыров балықшыларды изине ертип, жумабайды изледи. Атларды шаққанырақ айдап, бир шоқа қамыстан айланып өте берген ўақытта Жәмийла менен Жумабайды таный кетти.

Бағана кеңседе отырған гезде Жәмийланың ерлигине сүйсинген Сабыров Жумабайды көрип Мәтекеге қарап ымлады.

— Екеўи де аянбай ислеп жүр.

— Жәмийла еле биразынан өтеди...

— Ҳә, яқшы болыпты—деди аттың дизгинин қағып. —өзи еркекке талас келин екен. Бүгин усы жерден сол аўылға шекем асай басып барыпты. Не деген қарыў!..

— Нашарлығына болайын. Бәрекелла—а!—Мәтеке сақалын тарап отырып сөзин мақуллады.

Жумабай менен Жәмийла бул ўақытта муздың үстине таў-таў балықты үйип, тағы қалған нәретелерди қарап урда-тут ис үстинде еди.

Шана жақынласып барған соң:

—Тур—р!—деп Сабыров аттың дизгинин ширенип тартты.

Адамлардың келгенин көрип, Жумабай сәлем берди.

— Балық қалай?—деди Сабыров жүреги шәўкилдеп.

— Азаннан бери өрлеп киятыр, ушы-қыйыры жоқ нобай балық.

— Берекет тапқайсаң иним! «Иниси бардың тынысы бар»—дейтуғын еди бурын, мен енди «иниси бардың ырысы бар» деп таза нақыл шығараман.

—Өзиң шайырсаң-аў, бала!—деп Мәтеке әзил айтты.

— Балық көп болса, шайырлық тасқа береди—Сабыров адамларға «жылымды таярлаң», деп Жумабайға қарады.—Қәне қосшым шаршаған шығарсаң, «боз» бегте диййқан қәде деген болады. азырақ дем ал,—деп қолындағы шолпысын алып, балық аўлаўға тийисип кетти. Жумабай босқа қарап турыўды жөнсиз көрип, Жә-

мийлаға көмеклесейин деп еди, Қәлийла қапталдан шыры ете қалды.

— Сизлер азырақ дем алып аўқатланып алың. Өзлеримиз келдик ғой,—деди де жуўырып барып, Жәмийланың қолындағы шолпыны алды.

Сабыров да, Қәлийла да, үстине суў өткермейтуғын халатларын кийип, бир бирине қарсы қарасып турды.

— Қәне, басла, Қәлийла!—деди Сабыров мыйығын тартып.

Председателсиз, сизден болсын!—Қәлийла Сабыровтың балықты көрип, қәҳәри басылғанын сезип, кеңседе айтқан гәпин алдына келтирди.—Артельден шығармайтуғын болсаң туяғымның жели басылғанша шабысаман...

Сабыров күлди.

— Ой ант урған, еле умытпай жүр екенсең ғой. Оның ғайратына қарап көремиз...

Тилемис пенен Қәлийла шырпылдап иске кирисип кетти. Шолпыны қайыстырып толтырып балықты муздың үстине таслап тур. Сол заматта изде қалған кемпир-ғарры, балашағаларда келип, муздын үсти ғарғадай жыйын болды. Музға шақылдап тийген полат сүйменлердиң гүрсилдеген даўысы менен Арал теңизи солқылдап, ойылған үкилерден суў фонтандай атылды. Теңиздиң жағасы Чимбайдың базарындай қызды. Биреўлер аў салып, биреўлер нәретесин орналастырып, тағы биреўлер ат жылымды сүйретип, балықтың қызығы менен қас қарайғанында сезген жоқ.

Тап жаңа ғана маўжырап уйқыда тыныш жатырған Аралдың үстинде нәсерли күндей гүркиреген мийнет ҳәрекетине қызыққандай алтын ажары жалын атып, алтын ай шығыс жақтан өрре турды. Балықшылардың ҳәрекетине ол да, көктен қумартып қарап тур.

Балық толы үлкен жылымды табанлап тартқан атлардың ыңқылдап пысқырғаны, адамлардың бир-бирине сүрен салған даўыслары, шақалақ атып күлгени, биреўлердин биреўге жекирингени, тарыс, кериси, мектеп оқыўшыларының қосық айтқан ҳаўазлары, тағалы етиклердин табанының музға тийген шақырлысы, шаналардын сықырлысы—барлығы қосылып Арал теңизиниң кең қойнында симпониядай жаңлар еди.

Суўға салған нәрете де, керген аў да, тартқан жы-

лымда сығасып, балыққа толы. Енди усы балықты қол менен, шолпы менен муз үстине шығарып, қуралды тез босатып алыў керек. Өйтпегенше тағы дүркин-дүркин киятыр. Бағана кең айдынға шымылдық болып жайылып, сынаптай жумаланған балықлардың алдын көпирдей тосқан жылым, аў, нәретелердиң биразы сыртқа шығып, биразы жағаға жыйналып тур. Олардың ишиндеги балықларды қолма қол алыўға гүрең ел, сансыз қол керек. Буны маман балықшылар сезсе-де, қолдың қысқалығын билдиргиси келмейди. Гүрен ел, сансыз қол саўаш майданында!...

Айлы түнде көк муздың бетинде жүрген адамлар саўаштағы балаларын еске түсирип, бойына жанадан қуўат ендиреди. «Саўаштағылардың хызмети бизден он есе аўыр ғой, биз несине мийнеттен ғажыймыз» деп ишинен бир-бирине: «Қәне, алып жибериң, қәне, болағойың, бул балық емес, сары алтын—ғой, сорпасына бир тойсаң шаршағаның умыт болады» деп жедел қуўат береди. Сонда да таң алды ғаррылар мийнеттен мегзийин деди.

Таң раўана атты. Сабыров шаршағанын сездиргиси келмеседе, солғын тартып, қалыққан қабағынан болдырған пишини аттың қасқасындай билиннип тур. Қәлийла менен екеўи кешеден бери жумыстың аўыр жағын ийинлеп көтерип жүр. Муздың бетине таўланып түскен хәр сазан көзиниң отын алып, «көлдиң бир балығын қалдырмай қурдымдай тартып шығарсам»—деп председатель иштен гижиннип қояды.

Сабыровтың өкпеси өшип, парға түскендей тула бойынан сыбақ тер ақты. Қәлийла председателиниң болдырғанын сезип:

— Сәке, бир азырақ дем ал!—деди.

Қәлийланың усы мирәтине қарап турғандай ол шолпыны тағы биреўге усынды да шананың үстинде жүресинен отырып, тениздиң шексиз айдынына көзин тикти.

— Әдеўир қартайып қалған екенбиз, Қәлийла!—деди ол шағынып сөйлеп—жас жигит шағымда, мақтанғаным емес, ушан қайықты сүйрейтуғын қарыўым бар еди. Шағылған екенбиз!...

— Жайындай күшиң болса да, бул балықты бир колхоздың адамы ада ете алмас деймен.

Сабыров Қəлийланын сөзин иштен мақулламай муздын үстине шығарылған балықлардын қарамына көз жиберди. Ҳəр жерде шоқа-шоқа болып үйилген балықтын есап-саны жоқ. Онын үстине ғағы əкелип үйип атыр. Бир үкиге үңилип еди. сағақларын ашып-жаўып, қанғалақлап жүрген сазанларды көрди. «Сағасы таўсылмайтуғын олжа ғой!»—деп ишинен терен ойға батты. «Күшим жетпей алтын ғəзийнени сууға ағызбасам жақсы ғой!» деп қəўипсинди. «Жолдас Тилеўмуратов қайда екен... Хабар алыўы керек еди ғой!...» Тағы бир көлден басқын балық шықты ма!..»

Ол: «Марат атындағы колхозға адам жиберсем бе екен?» деп қыял ғаўып турды да; өзимиздиң адамлар алыңқырасын, түске шекем сабыр етейин» деп қызғанышш минези жалт етип шығып, əре бастырмады.

Қапталына қарап еди. Бууыўлы қапшыққа көзи түсти. Жүреги сазып, аш болғанын сезди. Қапшықтын түйинин шешип, шаппаттай нанды сындырып алды да, аўызын толтырып, шайнап отырып ойға батты.

Бирақ адамлардын шаўқым сүрени онын ойын бөлип жиберди. Селк етип артына бурылып қарады.

— Қəне, ҳəўип—де, ҳəўип!—де, оң жақты тартыңқыра!—деп ғарры, бала-шағалардын жылым тартып киятырғанын көрди. Арасында Мəтеке бар.

Сабыров орнынан өрре турып «адамларға қолласайын» деп жүриўге мейил бергенде алыста қарайып көринген адамларға көзи түсти. Ол қазықтай қатып, бир орында қалшыйып турып қалды. Анадай жерде шолпы сүзип турған Қəлийлаға сүренлеп:

— Ана киятырғанлар кимлер?—деди.

Қəлийла басын көтерип жалт қарады да:—алдыңғы шанадағы Сағыйдулланын қара жорғасы емес пе?—Сол. Маратшыларғой—деди.

Сабыров алыста киятырған шаналарға түксирейип бир қарады-да;

— Бизин менен бəсекилес Маратшылар киятыр, жигитлер! Енди қарыў салмасақ болмас,—деп жылымнын арқанына асылып, Мəтекеге:—Қолайлы айдынларға сен таза жылым шығар.—деди.

Сағыйдулла Қаражанов Марат атындағы колхоздын председатели еди. Жаўрыны көкиреги қапыдай кең. сары сынлы шырайлы, қойыў муртлы, көк көз киси еди.

Қарашығының ағы басым, кең, ала көз, айбатлы жигит. Оны усы дәрья бойындағы елатлар «Сағыйдулла палўан» деп те атайды. Оның топ жарып гүреске түскенин көргенлер сийрек ушырасқан менен палўанлыққа тән алып денеси бар. Әсиресе оның бир әжайып ғайраты көп жыллардан берп сөз болып жүр. Ол былай:

— Сағыйдулла қайнап турған суўдан қолы менен балықты шығарып жейди-десе биреўлер, екиншилери оннан сайын гәптиң пәзнесин басып:

—Оны айтқанша қайнап турған қазандағы майға бес бармағын батырып, қуўырдақты табаққа шығарып отырғанын көргенде, қайда жүрсең—дейди.

Сағыйдулла күлдирги сөзли, лаққы-да киси. Маратшылар оның жупкер айтқан орсақы сөзлерин басы қуралған жерде әңгиме етеди.

— Бир күни пропагандист келип—дейди олар—Қарабек деген жигиттен «крепостнойлық право» қашан жойтылды,—деп сораў берген де, ол албырап қалып:

— 1936-жылы емес пе?—деп жуўап берди. Сонда Сағыйдулла қапталдан:

— Ол жылы жойытылған қара баспағың еди ғой!—деп көпшиликти дуў күлдирди.

Алдыңғы шанада таўдай үйип тийеген жылым тордың үстинде қара аттың дизгинин услап киятырған усы Сағыйдула еди.

Оның шырайы солып, сабылып келгенине қарағанда, балықтың хабарын еситип түни бойы кирпигин айқастырмай жол жүрген адамға усайды. Шашының етеги менен қасы, муртына сүмекленип қыраўлы муз қатып, азанғы аязда шанада отырып қалжыраған Сағыйдулла орнынан салмақ пенен турып Тилемиске қарай журди.

— Ассалаўмалайкум ҳарма жора—деген Сағыйдулланың даўысына жалт қарап:

Бар бол, жора!—деп Тилемис қолын созды.

— Қырманың тассын!

— Рәхмет!

Баяғы да «бирге болсын дейтуғын еди,—деди Сағыйдулла, Сабыровқа тигилип қарап.—Ол сөзди айтпадың—ғой. Бизлердиң келгенимизди жақтырмай турсаң, кетейик онда.

— Қой, олай деме. Шаршағанлықтан шығар...

Сабыров хабар бермегенине қысылып, гәптиң ушын

басқа жаққа орап әкеткиси келди. Сағыйдулла кеўилиндеги өкпе гийнесин айтып кеткиси келди.

— Бир дәрьядан суў ишип, бир көлге мал жайып отырған ағайын қарындас адамбыз. Сағыйдуллаға сәлем айт деп жуўыртып алыўға бир бала табылмады-ма?

— Олай деме, «Домалақ»тың балығы сағанда жетеди. Жарыссаң жәрдем сорамай жарыс. Сизлерде балықлы көллерди излең—деп терис қарады.

— Бизлер де буйырған балықты алармыз!—деп Сағыйдулла колхозшыларына қарап кетип қалды.

Сол заматта қуйындай ағып Тилеўмуратов келип, ат шанасынан түсти. Қасында еки жигит бар. Олар муз үсти менен әсте адым басып балықшылардың арасына келди. Адамлар менен бирим-бирим сәлемлесип ҳармасын айтып ҳал-жағдай сорасты. Оннан соң райкомның секретары көпшиликке қарап:

— Жолдаслар қуўанышлы хабар мынаў, кеше совет әскерлери Харьков қаласын азат етти. Москвадан жаўды ысырып барлық майданда бизиң жигитлер душпанды артына қаратпай қуўып баратыр.

Секретарь сөзин таўыспай ақ тумлы тустан:

— Артына қаратпасын залымды!

— Өлиги дүзде қалсын!

— Күйдирди ғой ийтлер.

— Усы ўақта биреўин көзге көрсетсе... деп қәҳәрли ғарғысқа аралас көпшиликтиң ызалы ашыў кеги теңиздей толқынланып шайпалды.

— Енди,—деди райкомның секретары,—тағы бийғамлыққа салыныўға болмайды. Жаралы жолбарыс өлер алды ақырғы ашыўын шығаратуғынын билесизлер—ғой. қуўып баратырған жаўынгерлердиң азығы мол, кийими пүтин, қуралы көп болса Берлинге тезирек жетеди. Урыс тез тамам болады. Ҳармай жан-тәнимиз бенен ислеп фронттағы жаўынгерлерге балықты көп берген сайын олардың күшине күш қосылып, жеңис күни жақынласа береди. Мына бир балықты терең суўдан алып сыртқа шығарғанымыз жаўдың жүрегин байлап атқан оғымыз, жолдаслар. Қәне, алға азаматлар...

— Қәне алға Алға!-Алға!—деген сүрен көлди жаңғыртып, Арал теңизин силкиндиргендей болды.

Тилеўмуратов муздың үстинен қос дүзеттирип, рация орнатты. Радиоприемник қурды. Узын еки столды

қатар қойып, үстине газета, журналларды жайды Оннан соң адамларға қарап:

— Бул дала шертеги ҳәм балықшылар штабы болады,—деп мыйығын тартты.

Мәтеке Тилеўмуратов пенен келген бийтаныс еки қонақты көриўден, үлкен мосы қазанды темир ошаққа илдирип, азнадай еки сазанды путарлап, асып жиберген еди. Қос дүзетилип болған ўақта аўқатта писти.

— Қәне, аўқат таяр болды—деп Мәтеке қостың ишине төсек салды.—Қонақлар алыс жерден келген. Ана балаларды шақыр. Аш болған шығар.

— Аш болмасақта—деди қара торы жигит—Мойнақтың балығын сағынып келдик.

Мәтеке теңизине мақтанып, мардыйып күлди.

— Әмиўдәрьяның қайыры менен Арал көллериниң мақпал шаланларын жеп өскен бизиң балықтан шийрин балық болмайды. Мына сазанның ети қойдың етиндей. Жазда келсең бекире менен сүўен жейсең. Олардың ети туў бийениң етиндей. Шортанның сорпасы анаў-мынаў келте сүзек пенен гымаў кеселине ем. балықтың майын докторлар мақтап жүр. Балық өз майына өзи қуўрылады. Етти бийдарық жесең қайыт боласаң, ал балықты бизлер туўылғалы жеймиз, мезгил сайын жеймиз, сирә қайыт болмайсаң. Бул Арал мол ғәзийне, зор ырыс ғой, балаларым.

— Мәке көп мақтай берме, балықшылар мақтаншақ болады екен, деп жазып кетпесин.

— Тилеўмуратов қапталындағы жигитке көзин қысты.

— Солай ма, шырағым, жазыўшы балаларма, газетадан келди десеңши. Онда сақланып сөйлейик.

Отырғанлар дүў күлисип жиберди. Сабыровта келип дәстурханның шетине отырды. Аўқат желинип болған соң, Тилеўмуратов мийманлардың жөн жосағын айтты.

— Мына жигит республикалық газетаның хызметкерлери Қурбанов, ана жигит сол газетаның сүўретшиси—Төреев. Стахановшы балықшыларды сүўретке түсирип, газетада тәрипин жазады.

— Қәне ким бар?—деди Тилеўмуратов председательге қарап.

Сабыров ойланып отырды да, Мәтекеге қарады.

— Жумабай менен Жәмийла ғой алда киятырған. Олардың балығы ҳәммесинен көп.

— Аўа, солар алда киятыр.— Мәтеке де председательдин сөзин мақуллады.

— Мен шақырайын онда,—деп Мәтеке сыртқа шығып кетти.

Жумабай менен Жәмийла келип отырған қонақларға сәлем берди.

— Фамилияныз ким?—деди Қурбанов Жумабайға

— Әжимуратов.

— Сизин фамилияныз?—деп Жәмийлаға қарады. Жәмийла төмен қарап уялып турды.

— Султамуратова!—деп Жәмийла ушын Жумабай жуўап берди.

Буннан соң Қурбанов өмири ҳәм хызметин сорап, жазып алды да:

— Қәне, енди сүўретке түсирейек—деп Төреевке «таярмысаң?» деди.

Жәмийла әлле неге ойланып, тартыншақлық минез көрсетти.

— Менин сүўретимди алмай-ақ қойын!

— Ҳе, неге келин?—деп ҳәмме онын бетине таңырқаныл қарады.—Сүўретке түсе бер. Ертен газета шығады. Пүткил республика көреди. Бул мақтаныш ғой!

— Фронттағы еринизге жиберин!—деди Төреев.

— Жәмийла жигитке жалт қарап:

— Менин ерим өлген!—деп уян даўыс пенен жуўап берди.

— Онда аўыллас туўысқанларын көрер!

Жәмийла буннан ары қарсылық көрсетиўге уялып, орнынан аўыр қозғалып турды.

Төреев Жумабай менен Жәмийланы сүўретке түсирип алды.

Тилеўмуратов рацияны жүргизип, Урожайдан Порлытаў балық заводы менен Мойнақ балық консерви комбинатына хабар етти.

Сабыров Мәтеке менен сыртқа шықты. Анадай жерде киятырған Қәлийла буларға қарап бурылды.

— Сәке, пишен жағынан әбигер тартатуғуын түримиз бар,—деди Қәлийла.—Өгиз, атлардың бүгин ертеңге жеткендей ғана оты қалды. Аўылдан тасып жеткериўге қыйын—ғой.

— Маратшылар не қылып атыр?—деди Тилемис.

— Олардын аня жагала бир еки гүди пишени бар екен. Маратшылар тарығатуғын түри жоқ.

— Солардан бес-алты жүз баў пишен қарыз алып турсақ қайтеди. Аўылға барған сон беремиз-дә—деп Мәтеке кенес берген болып еди: Сабиров басын шайқады.

— Бермейди — ғой!...

— Ҳе, неге бермейди. Сағыйдулла жаман жигит емес-ғой—деп Мәтеке бетине танланып қарады. Председатель әлле неге багылы бармай турғандай тис жарып сөйлемеди. Мәтеке қобалжып Қәлийлаға жалт бурылды.

— Еки баслық шегинисип қалды...—деди Қәлийла Мәтекеге шағынып—Сағыйдулла хабар етпедин деп бопсасын айтты. Бизин Тилекен жарыссан жәрдем сорамай жарыс деп гәпти шорғасынан кести. Соған Сәкен өкпелеп кетти. Сәкеннин ийегин гислеп турғаны сол.., Басқасын билмеймен, бир баў пишенге бес балықты алмастырса да күш көликлерге от керек. Өйтпейди, екенсен, өгиз, атларды қызыл ет қыласан. Ажар женгей ошнан сон сиз бенен бизге естен кетпес сарпай жабады .. Күш көликтен айрылсақ, ғарры-қартан, бала-шаға менен жылымында суўдан шықпайды. Шыра майын соннан сон дүрлейди... Маратшылар менен жарыстын көкесин.. деп аўзын жасқап киятыр еди, председатель Қәлийланын мысқыллаған сөзине шамланып ашыўлы көзлерин қадады.

— Отырсан-а, саррапсымай Қәлийла! Сенин ойынша усы балықтын жартысын Маратшыларға берсек, сөйтип жарыста шармашар болып жүрсек... Пай гәп болғанына! Олардын артта қалғанына жуўапкер мен емес...

Қәлийла өршеленген председательдин алдын кескеледи.

— Онысыз да дүркин-дүркин балықлар тенизге кетип қалды ғой! Бизин пишенимиздин таўсылғанына да олар «жуўапкер емеспис» деп қолымызды қуры қайтармас па екен.

Сабыров тағы тубалады. Қәлийла «гәптен уттым ғой!» деген пишинде ашық тенизге бет ажарып қаратып, иштен мырс етип күлди.

Екеўинин гәпин үнсиз тынлап отырған Мәтеке гәпке араласты.

— Аўылға ат шана жибериўге бес-алты күнсиз қай-

тып оралар ма екен?... Талап та суўып қалады Бул өткинши балық Айырылып қаламыз. Бул мүшкилди бир жеңиллетсе, тек Тилеўмуратов жеңиллетер. Соған хабарласайық—деп гәпти түйди.

Бул кенес Тилемистин де жүгин жениллеткендей болды. Екеўи урожай арқалы сөйлесип отырған Тилеўмуратовтын қосына қарай кетти.

Олар келсе,райкомнын секретарына Сағыйдулла шағым айтып отыр екен Сабыровты көрип, ол бурынғы жеделлин пәсейтинкиреп еди, секретарь қәддин бузбай Сағыйлудлаға тикленип:

— Айта бер?—деди.

— Айтсам жолдас секретарь. Кировшылар бәндирги айдынларды тарпа басып отыр. Бизлерди шөгиртен, томарлы айдынларға ысырды. Томарға жылым салып, отын таярлаўға келгенимиз жоқ. Дузақтан не қылып айрылармыз. Айыбымыз тек жарысқа түскенимиз бә? Даўымыз усы...

Райкомнын секретары жағын таяныр сәл ойланып отырды да, Сабыровқа қарап:

— Ал сизлердин келген даўыңыз не?—деди.

Сабыров бул сораўға жуўап бериўдин орнына қапталындағы Мәтекени түртти.

— Орталықтан мен сөйлесем қайтеди, шырағым?... деп Мәтеке Тилеўмуратовқа қарады.

— Бизлердин «даўымыз» пишен шырағым! Пишенди таўыстық. Соған жәрдемге келдик.

— Ҳе, пишениңизди маратшылар алып кетип пе?— секретарь Сағыйдуллаға қарап кенкилдеп күлди. Сөйтти де басын шайқап Сабыровқа қарады Онын уялғаншына келбети гүрен тартқан екен.—Айта бер, ғарры.

— Соған карызға болса да, азнаўлақ пишен алып берсеңиз екен.

— Жақын жерде кимде бар екен?

Мәтеке Сағыйдулланы ымлап жымыйды.

— Сизлер Аралдын айдынын қызғанасыз. Сағыйдулла пишен берме? От-шөбиңиз таўсылып, ат шанаңыз тоқтаса, жылымыңыз туўарылады. Соннан сон Сәкен барлық айдынға бир өзи хожа болады. Онын пишени мол. Демек жарыста ол озады Жарыста усылай есебин таўып бир-биреўди мұқатып кетиў керек ғой, солай емес пе, Сизин пикириңизше жолдас Сабыров—деп мысқыл-

лап сөйлеп, председательге тигилип турды да:—Бул жарамсыз практика—деп ашынып сөйледи—социалистлик жарыс бир биреўди ақсатыў емес. Дүньяпаразлық, даңқпаразлық, капиталистлердин дәстүри. Совет халықларының қәсийети бир-биреўге жәрделесиў, үйретиў. Артта қалып баратырғанды алға сүйреў... Себеби бәримиздиң табысымыз бир қазанға—халықтың ғәзийнесине қуйылады. Бир сениң колхозыңның табысы елди кенелте ала ма? Ойлан өзиң. Оның үстине мына урыс қандай! Жаўды көп жеңеди. Көптиң қыймылы керек. Қәне буған не дейсең?

Бул сораўға бағанадан бери ләм-мим болып, бармақларын уўқалап қызара бөртип отырған председатель орнынан турды да:

— Бизики әнтек болған екен, жолдас секретары! Кеширим сораўға рухсат етиңиз!—деп Сағыйдуллаға қолын усынды.

Сағыйдулла да орнынан турды.

— Булардың тапқан балығына ортақ болмадық деп өкпелеўимиз, бул миллет еткенимиз емес—деди ол сабырлы сөйлеп—тек бир-биреўге коммунистлик жәрдемнен дәме еткенимиз. Сабыровтың малы жаттың малы емес, мениң де малым. Оның бир шақы кемип, бизиң бир қарамыз артқан менен бәйги алдық деп есапламаймыз. Жарыссақ бир-биреўге қысылғанда шалғай жаўып жарысайық. Әбден қысылып турса мың баў пишен берейин...—деп сәл ойланыңқырап турды да, муртының күлип.—Бирақ тегин емес, қарызға... Колхоз мүлки ғой,—халықтики. Мен бурынғы байлар емеспен. Усы мүликтиң сақшысыман... деди де ол да қолын созды.

Иштен тынып отырған райкомның секретары тиклеңип майдалап гәп баслады:

«Жекке жүрип ат шаппа» деп ата-бабаларда нәсийҳат етип кеткен. Бир жағадан бас, бир жеңнен қол шығарып, ийин тиресkенликтен совет халықлары тис-тырнағына шекем зәҳәрленген жаўды көкирегин жер қабыстырып атыр. Жарысың! Жарыс салтанат. Бир биреўден озыўға умтылың. Бирақ арттағыларға қараўлап жүриң. Көштен изде қалғанлар соқпақтан адасып, бир жерде ошарылып қалмасын! Коммунизм кәрўанның мурты бузылмасын. Ал қәне ғайрат салың!—деди де секре-

тарь орнынан турып сыртқа шығып балықшыларды аралап кетти.

Секретарь менен ере шыққан Мәтеке қапталында аяңлап киятырған Сабыровқа бурылып, өз-өзинен кеңкилдеп күлди.

Сабыров бетине жалт қарап «мына ғарры мени табалап киятырма» дегендей түси суп-сур болды.

— Неге күлдиңиз?!...

Мәтеке күлки менен айғызланған ажарының толқынын басып, өңин шыйрақлатты да гәп баслады.

— Өмиримиздиң бираз соқпағы өткен заманда қалды ғой иним! Баяғы да өзлериңдей еки елдиң бийлери даўласып болысқа жүгинер еди. Болыс болса, бийлердиң берген парасына қарап төрелик етеди. Бийлер бирбиринен қоржынын олжаға қампайтыў ушын елден ғәрежет жыйнар еди. Бир бабаларымыз өлген атының басын қоржынға салып, Хийўаға айтысып барған. Аттың геллеси Хийўаға барыўға шыдайма... Сол күндеги бийлердиң садалығына күлемен... Заманымызға сай төремиз де бар... Шүкир.

Мәтекениң райкомның секретарының ақыл парасатына сүйсинип киятырғанын Сабыров енди сезип:

— Бизики жарыс болған соң, ҳәр кимниң өзиниң минген таўы бийик болсын деген уғым еди ғой. Артта қалған арбаны гүпшеклеп жүриўде керек екен. Енди түсиндик,— деп уятын мойынлады.

Екеўи жылымның басына келсе Қәлийла маратшылардың гүдисинен бир ат шана ақ пишен әкелип, өгиз, атлардың алдына салған екен.

## ҚАЙСАР ҚАТЫН

Тайда туяқ қалмай ҳәмме басқын балыққа жүрип кеткен соң Ажар көшкен елдиң журтында қалғандай бир-еки күннен бери кеўилсиз жүр еди.

Фермадағы ғарры қартаң 5—6 адамға бас болып қалған ол, жумыстың аяғын жыйнаса, басы шубалың дағдарысқа түсти.

Қыстың қыраўлы күни. Көлден утырма утыр пишен тасыў, сынған арбаларды оңлаў, қора-қопсыны тазалаў,—қулласы шарўаның руўзыгершилиги тынама, барлық истиң аўыртпалығы қара басында. Күни-түни зыр

жуўырса да келте жип гүрмеўге келмей, бир хызметтен екинши хызмет туўып балалайды.

Басқын балық шықпастан алдын 5—6 гарры кемпирди қарастырып таўып, гә мектеп оқыўшыларын алдарқатып әкелип, ферманын кемис-кетигин питеп еди. Енди олар да көлге кетип қалды.

Усыны уўайымлап киятырған Ажардын өгиз, атлары есине түсти. «Олардын күни не кешип атыр екен. Тилемислер өзлери менен алып кеткен 3—4 шана пишен соншама малға не болады?

Ажар малларды қораға үйирди де жылым тартыўға кеткен малларды тағы ойлады.

...Тилемис!... Балық десе өзин суўға ататуғын адам бир-еки шананы пишенге жиберсе қәйтеди. Жылқыларырым арықлап қалмаса болур еди!

Ажар колхоз кеңсесине қарай тартты. Елдин ишине кирип, моржасынан буўдақ-буўдақ түтин шығып атырған жайға бурылды.

Бул Сәлийманың үйи еди. Төрде көрпеше қурап отырған Сәлийма есиктен кирип келген Ажарды көриўден өрре турып, төрге төсек салды.

— Өйбей, қайдан адасып жүрсең? Келмейтуғын болдың. Кел-кел. Отыр,—Сәлийма чай ошақтын әтештенинде жүрсинен отырып Ажардын суўық сорған ажарына қарап болдырған көз жанарына тигилип қарады-—женге, азып кетипсең ғой!

— Сендей үйде кесте тигип отырмыз ба?

— Сәйдейсең-аў, «Басы аўырмағаннын қудай менен не иси бар» деген. Жапсақлы болмағанда усылай ошарылып отырарма едим. Докторлар да билмейди.

— Аўырыўын жоқ шығар

— Бар ғой женге. Шаншыўым бар...

Сәлийма орнынан ыңырсып турып, есикте сүйеўли турған қамысты ошаққа салды. Ажар Сәлийманың шама-шарқын байқамақшы болды.

— Адамлар менен балыққа барғанында теңиздиң хәўирине бойын сергексип, жүзине қан жуўырарма еди, қәйтер еди.

Сәлийма шоршып, бетине қарады. Теңиздиң хәўири дегенге тула бойы боранлап кетти. Отқа жақынырақ жылысты.

— Өйбей, айта гөрме! Бала гезимнен қолымды су-

ўық суўға жууўып көрген емеспен. Күйеўим пақыр, дәрьядан суўды да өзи әкелип, табанымды жылжытпайтуғын еди. Қәдирин билмеген басларым! Мийнеттен қолым қабарған емес, ислер едим-аў... Мына жапсақты қәйтерсең! Әйтеўир қорада бир-еки мал бар. Оның да жылдағы бир баспағына от-жем сатып аламан.

Ажар салқын көз-қарас пенен ҳаялға:

— Ен болмаса. балықшыларға аўқат асып берсең де болады ғой —Өзиң әскердиң ҳаялысаң. Күйеўим фронтта өлди деп табырайып отырғаның қалай болады? Урыс еле питкен жоқ. Урыстағы тирилерге қол көмек көрсетиў керек емес пе? Халық қайғырғанда, сен қайыспайсаң ба?

— Қайысқанда қандай, жеңге! Мен сорлының қолынан не келсин. Өзимниң аўқатымды зорға писирип ишип жүрмен.

«Жууҳа!» деп ишинен Ажардың ғазабы келип, ашыўлы көзлери атлықты. «Сирә баўыры иймейди залымның!»...

— Кеттим, онда!—деп Ажар орнынан қозғалды.

Сәлийма Ажардың қәҳәрли келбетин көрип, жалбарынды.

— Отыр жеңге! Жибермеймен. Айда-жылда бир келесең, тағы асығып...

Ажардың қолынан услап кенедей жабысты.

— Сөйтип жәйша келдиң бе? Қайнап турған суў бар, көк шайма, қара шай ма, жеңге, не қәлейсең?—Сәлийма әтештенди айналып жүрип сөйледи—ал енди баслық дайыма бир қәтере етегөр!

—Жумысқа ал деппе—деп Ажар ермек етти.

— Сәлийма артына жалт қарап жөгисиреп жүзин қубылтып, көзлерин қыпылықлатты.

— Колхоздан жәрдем ақша берсин, дегеним ғой.

Ажар үндемеди. Сәлийма жорғалап сөйлеп кетти.

— Айтпақшы, маңлайым қурсын! Бирин айтып бирине бараман. Бир уллы уяттың үстинен шықтым ғой.—қолы менен оң бетиниң алмасын шымшыды.—Анаў күни Жәмийла Жумабайдың шанасына минип баратыр Бети белшийип уялмай, қурдасының алдында!..

— Қайсы Жумабай?

— Ана стаханше. Қашшан аҳыў-зар болып жүр екен ғой. Сапардан «қара қағаз» келиўден оған кенедей жабысып алыпты.

— Қой, олай деме! Ондай қареметти еситкен жоқпыз ғой. Қурдасы менен шерик болып балық аўламасын деген закон бар ма? Екинши жерде бул сөзди айтып жүрме, қараманлай жийен қыз! Олардын екеўи де стахановшы. Егер Тилемис дайын еситсе, «колхозға иритки салды, душпан» деп акт еттирип, қаматып жиберер сорлы.

Ажарға жалтанлап қарап Сәлиймaнын жүреги суў етти. Ажар ҳаялдың үрейленгенин иштен сынап «еденлиги де бар екен ғой!» деп гәптиң ушын басқа жаққа аўдарды.

— Жәмийла урыс питпей, ерге шықпайды. Жумабайды билмедим. Саған ашық, деп еди ғой...

Сәлийма Ажарға бежирейип қарады.

— Аўа, сөйдеп еситтим... деп Ажар қарсы алдындағы ҳаялды арбады. Ажар қарнын жарып жибергендей Сәлийма иши толы сырын лақ еткизди.

— Кеўили бар еди. Жаңағы ... Жәмийла араға қыстырылып жүр ғой...

— Мен кетейин—деди Ажар.

— Ҳәзир, ҳәзир чай қайнайды. Қурған маңлайым, көпирип отырып, отым сөнип қалыпты ғой! Бирин айтып бирине бараман-аў!

— Ана Қарабай менен ҳаялы жылымның басында урысып жүн болыпты!...

— Ҳе, неге?—деди Ажар.

— Ҳаялы көк бет ғой. Ана жалағай қайнаға айтады ғой.

— Жалатайың ким?

— Ана... атын қалай айтамыз... Мәлийла!

— Қәлийла ма?

— Аўа, аўа....

Ажар түсин суўытты:

— Қойшы, «Бояўшы дегенге сақалын ҳәм бояйды» дегендей айтқыш дегенге сенде... Мен кетейин!—деди Ажар.

— Ҳәзир женге. Чай қалтам қайда қалды?

Сәлийма жайды гезип жүрип сөйледи.— Олай деме кише, жигитте ес болама! Ана ўәкил жигиттиң Турдыгүлдиң есигинин аўзында түнде қатып турғанын көрдим.

— Мен кетейин—деди Ажар.

— Ҳәзир,—деп етегине асылып, дәстүрхан жайды. Ажар чайниктиң чайын қайтарып қуйып отырып Сәлиймаҗын Жумабайға ықласын билгиси келди.

— Мен ҳәзир сол жаққа жүремен. Сәлемлемен болса айт, муқыятлап тапсырайын, өзине!

— Муқыятлай гөр жеңге!—деп ҳаял орнынан ушып-ақ турды. Кент етип жыйналған көрпешелердиң бир мүйешинен үш бүкленген қағазды Ажарға берди. Ажар ииирткидей әри кетип, гөнерген қағазға қарап: «талай ашып бүкленген қағаз ғой, бул. Бос тулыпқа мөңиреп жүрген екен-аў, пақыр!» деди ишинен.

Ажар Сәлиймаға қарап гә иштен аяған киси болып сөйледи.

— Енди келген жумысымды айтаман. Бағана дуйым журтты шарпып сөйлегениңе қарап сени жаманлыққа қыйып едим. Енди аяп отырман! Өзиңдей елде хызметсиз отырған ҳаялларды қаралап атыр—деди.

Сәлийманың жүзи қуп-қуў болды.

— Сонда не қылады екен?

— Не қылсын. Бедеўдей келиншексең. Бәри бир, Гитлер келсе парша-паршаңды шығарады. Берлинге айдап әкетеди...

Сәлийманың жүреги тас төбесине шықты. Өкпелеген баладай урты бултыйып, гүңкилдеди.

— Бизлер сениң тамағыңды таўып, жаўыңды қорғап жүрмиз-бе? Әскерге жәрдем бермесең, сенде гитлердиң қолқанатысаң! Сендейлерди көзге күйик қылмай фронтқа жибереди. Оқ жарақ тасысаң да пайда. Дизимде бар екенсең.

Ажар келбетин көгертип, ашыўлы орнынан турды.

— Ислейтуғын болсаң, кийин қәне?—деди Ажар артына қәҳәрли қарап.

— Бийтаппан-аў,—деп Сәлийма есик бетте илиўли турған пальтонына қолын созды.

Ажар Сәлийманы ертип ферманың қасына келди.

— Сен ана атты әкелип шанаға жек!

Сәлийма таңланған пишинде Ажардың жүзине бежирейип қарап турды.

— Ҳе, неге иркилип турсаң Жылқы көрмедиң бе? Бар!

Сәлийма ыржыйып күлди.

— Аттың дизгинин услап көрмедим—деди де аяғын

ғаз-ғаз басып қораға кирди. Баққыда турған ети жараўлы еки ат оны жатырқағандай қайшы қулақларын тикирейтип, пысқырып оқыранып қарады. Сәлийма қасына барыўға жүреги даўамай қалшыйып тур.

Қоранын сыртында:

— Ҳей тиримисең, шығарсаңшы!—деген Ажардың даўсы еситилди. Алға жылысып, аттың шылбырына қолын узатты. Тай гезинен алақанынан жем жеп үйренген ат, буққышлап қолын жайып киятырған ҳаялға қарсы жүрди. Сәлийма үрейи ушып кейнине қашты.

Тислейди. Мына ҳарам қатқыр!—деген Сәлийманың ашшы даўысын еситип, Ажар қораға кирди.

— Шымшық жанлы қандай адамсаң!

Ажар атты сыртқа шығарып, шанаға жекти де Сәлийманы ертип көлге қарай тартты.

Сәлийма шананың үстинде де «баратырғанның балтасын, киятырғанның кетпенин» әңгиме етип, аўызы гөжедей қайнап отыр. Ажар оның гә сөзине ғана қулақ асып, атларды қуўып айдап киятыр. Тилемистиң анаў күни: «сенде мендей баслықсан ғой, малларына өзиң ийелик ет» деген сөзи есине түсти...

Фермаға баслық болып сайланғанына 7—8 ай ўақыт болсада атайы шаруалардай қәлиплесип кетти. Бурын хожалығындағы жалғыз сыйырының бабын табыў күшмүйтик еди, енди бир колхоздын малына дәдимамыл айтыў керек. Малдын ортасына келген соң бурынғы «жем, сууы болса өсебермей ме» деген үшқары ойынан айрылды. Мал өсириўдиң машақаты аңсат емес.., Бүгин сол садалығына күйинеди!...

«Тентек» арнанын бойында дәслепки артель қурал-ған жыллары ликбезде, оннан шала саўатлылар мектебинде хат таныған Ажар урыс басланғалы қайда жүрседе газета бир ели қолынан түсирмейди. Бирақ русша оқыў, жазыўға шорқақ. Сонлықтан қарақалпақша жазылған китап, журнал болса қонышы-қолтығынан қалдырмайды. Фермаға хызметке келгели оның жыйнайтуғыны шарўашылық китаплары.

Аяңлап жүрип киятырған шананың үстинде ҳәзир де Ажар дизесиниң үстиндеги китапшадан көзин жазбайды. Онын менен жанаса киятырған шанадағы Сәлийманың бурқып сөйлеген даўсы Ажардың қулағына шаншыўдай тийеди. Сөзин хошламаса Сәлийма биизар, хошлаўға тынысы жоқ гәп.

Енди бираздан кейин Сəлийманың бир топар гəпи хошеметсиз қалды. Ажардың бул минезин ол да жақтырмай, адымлап киятырган аттың сауырысын қамшылап жиберди. Ат секирип шауып, шана теңлескен уақытта Ажардың жуқа бир китапшаға үңилип киятырганын сезди.

— Бул не кише?—деди қатыуланып Сəлийма.

Ажар қапталына жалт қарады:

— Китап ғой! Оқыйсаң ба?

— Сауатым жоқ ғой!...

— Мектепте оқымап па едиң?

— Бир-еки жыл қатнап... оннан соң шаруашылық жағдайына қарап, «Итқырыға» көшип кеттик. Ол жақта мектеп болмады.

Еледе кеш емес. Маған оқы. Үйретейин. Китап оқысаң «Жарым есиң толысады».

— Өйбей солай ма еди? Сəлийма жолкерленип таңнайын қақты.—Əйтеуир кише ҳə демей баслық болдың ау?

Сəлийманың арбап сөйлегенине Ажар ишек силеси қатып күлди:

— Ҳе, жəдигөй қатын. Сени өртеп жүргенде усы гəпиң ғой. Ақыл берсең əжиуалайды.

— Маған кише, «маңлай бермеген, таңлай берген»—«Ажардың кеңкилдеген күлкисин гəпимниң қонғаны» деп Сəлийма жəне сөзди балалатпақшы болып еди.

Өйдеме—деди Ажар бетинен күлкисин жыйып алып —маңлайды ҳеш ким ғайры жолдан тауып алмайды, атадан балаға бахыт мийрас болып қалатуғын бəяғы заман емес. Ҳəммеге тең дəуир. «Маңлайлы» болыу өзиңе байланыслы... Кепирениң үстинде бийкар жатқан адамға ким «маңлай» əкеп берсин...

— Қəйдем, кише.

— Неси қəйдем... Мине, мына китапта Наргүл Ешимбетова. Қараууында он сыйыр бар. Ҳəр сыйырдан еки мың литрден сүт сауып алыпты. Өзи областька депутат. Мынау сүурети Сениң сонан қайсы мүшең кем?... Жырта қарыс ашылған маңлай деп усыны айтады.

Сəлийма сүуретке тигилип қарап:

— Жаңағы еки мың литрди неше жылда сауған?—дейди.

— Бир жылда.

— Өйбей маңлайым ай... Енди қайда кетейин—Сə-

лийма лақылдап күлди,—усындай ләпгөй болар ма?

Ҳаялдын келемешлегенине Ажардын ызасы қайнады:

— Тағы таз кебине бардын ба? Урыс басылсын бизин сыйырларда 2000 литрден сүт береди. Усы жағада жүрсең көресең.

— Қалай береди?—деп Сәлийма және ермек етти.

— Қалай беретуғын еди?—Ажар онын сөзин қайталады да.. буўлығып қалды. Қапталындағы ҳаялдын сораўына суўырып салма жуўап айтыўға батылы бармағанын өзинин шарўаға еле алым емеслигинен көрди. Бул сырын паш еткиси келмей өршелене береди. Күтсең неге бермесин фермамыз ағар булақ май болады. Сәлийма Ажардын қытығана тийип. «Саўатсызсаң» деп кемситкен кегин алғысы келди.

— Сөк былғағандай май жиберип тура гөр, кише!

Ажар ҳаялдын сықак еткенине күйинди:

— Бир салым дуз да қыймаймыз Сыйыр саўып миймнетин менен же! Майды мийнет ислеп же!

Ажардын ақырғы гәпи Сәлийманын жүрегине шаншыўдай кадалды. Бетлерин көгертип, еринлерин бүристирип баўырына алып, долы минези қурысып турды да, Ажардын қалтасындағы хат есине түсип, ашыў қурсаўлары жаздырып, ағытып жиберди. Ықлассыз кеңкилдеп күлди.

— Ҳе, ҳе, ҳе! Пай кише ай! Ашыўланбаса!... Дәйы жеңгемиз болған соң, дәлкеклеспеймиз бе? Ашыўлы бүркиттейсең аў.

Ажар бир нәрсе айтажақ болып оқталып еди, екеў ара тартыс пенен пишен гүдилерге келип қалған екен.

Аттын жылаўын тартты:

— Тур-р, жаныўар!—деди де шанадан ырғып түсти. Аттын басынан жүўенин сыпырды Сөйтти де Ажар бир гүдиге ырғып минди. Жерге қарады. Төменде аўызынан шыққан ыссы лебинен гә қолын үплеп, гә қолтығына тығып, аяғын тепсинип, әпшери қуўырылып Сәлийма сүмирейип тур екен... «Мынаў жарнақласыўға жараса болғаны ғой» деп ишинен жердеги Сәлиймаға сүренледи:

— Усы әбисеренлигин болса Жумабай жок саған. Не қылған жаны азар баласаң, өзиң! Мин шанаға!

Сәлийма ыржыйып күлип, шананын үстине шыкты. Ажар қар, жамғыр суўына сүмеклесип муз қала болған бир баў пишенди суўырып алып, төменге қарай зыт-

ғытып атып жиберди. Жоқарыдан зуўлап қиятырған пишенге Сәлийма жаўырынын тосты. Пишенниң найзадай шаншылған түбири көк желкесине дүрс етип, сүмеклесип қатқан муз саў етип қуйылды. Абынып шананың алдына жығылды. Пәт пенен соққан пишенниң баўлығы шашырады.

Ажар гүдиниң үстинде күлип тур.

— Түргел! Мен қақшы дедим ғой. Кемпирдиң күши қалай екен? Бир баў пишенге төтепки бере алмай... Жумабайға қалай қостар боласаң... Жығып кетпе деп самалғада жалтаң шығарсаң. Түргел, жийен қыз!

Жумабайдың атын атаған ўақытта Сәлийма орнынан ырғып турды. Көзи тас төбесине шығып, Ажарға аларып маңлайын жыйырды. Оның сол ўақыттағы келбети ызалы аюға усар еди.

— Тандыры шыққсын! Буннан аштан өлгеним жақсы!...

Үстине қуйылған муз қыйыршықларын қағып, орнынан сүйретилип турды.

Ажар Сәлийманың ажарын көрип иштен аядыма әйтеўир алдарқатып сөйледи.

— Жийен қыз, бәримизде сендай әўели мийнетке көнликпей жүрип, кейиннен көнип кеткенбиз, кесте тиксең де дәслеп ийнени қолыңа сугып аласаң, оннан соң қәлип алып кетесең! Жаңағы гүдиниң үстиндеги қар синип қалған ызғар пишен еди. Енди астындағылары жеңил, қуў пишенлерди таслайман. Қәне, берман қара мә. Баў жағынан қақшып ал! Ҳәўип де. Әне-әне солай ет. Әҳ-ҳи! Қолың илмей қалды-аў! Әне илдиң! Усылай етип тез-тез қақшый бер. Әне, үйрендиң. Жийен қыз. «Көре-көре көсем боласаң!» деген.

Геўгимдеги көлеңкедей тунжырап турған Сәлиймаға Ажардың бул айтқан гәпи арқаў болды ма, жоқарыда назырқанып қарап:

— Яқшы,—деди мунайым даўыс пенен.

Олар еки шананы да пишенге бастыра тийеп, қара қуптанда аўылға келди.

Фермадағы аўыл атаўлыдан сыртқы дийўалы жарғақ пәскелтек бес-алты қақыра менен ербийген еки-үш қамыс қора көринеди. Әтирапы сырдандай дала.

Туўды питти фермаға изеп баспаған Сәлиймаға бул аўыл қыслаўдағы қалған журттай болып көринеди.

Мал қораға қарай шаналар бет алған ўақытта ферманың гүзетшиниң ийтлери буларға қарсы әўпилдеп үрип

тэп берип еди, алдынғы шананы жетеклеп киятырған Сәлийманың:

— Апа!—деп аттың дизгинин таслай сала қашып киятырғанына көзи түсти.

Ажардың күлки аралас:

— Ҳей, жит жоллы!—деген ҳаўазы шыққан ўақытта ғана ийтлер уялғандай қуйрықларын қыйпаңлатып, тум-тусқа қарай тарасты.

— Жийен қыз, сени жатырқап атырған ғой!—деди Ажар мыйығын тартып—фермаға келип турсаң қаппайды!

Сәлийма ҳаплығып сөйлеп:

— Ҳәр қайсысы тайлақтай бәле ғой мынаўларың! Қарасы батсын. Енди фермаға табаным тийерме,—деди.

Ажар оған бир неме деп аўызын жасқай бергенде ийтлердиң шабаланғанынан сәтем алды ма, мал қорадан еки ғарры сыртқа жуўырып шығып, атлардың ноқтасын услады.

— Ҳә, Ажар келин сен екенсең ғой—деди ақ сақаллы тапалтас, қыйтар көз ғарры. Сөйтти де ол қабағын жаўып, Сәлиймаға түксирейип қарады. Қасындағы көсе сақал кемпир бет ғарры оның мыйзамын сезип, Сәлиймаға:

— Сәлийма жан, есиң бар аў. Кемпир-ғаррыларға кәсеўмет болыў ушын келисин көрмейсең бе! «Ағайиннниң керискени, кеңескени» деген. Бәрекелла шырағым! Келе ғой,—деп гийиспе етти.

Ғаррының сөзине қысынды ма, Сәлийманың жүзи қызарып бөртти.

— Келемен-аў... Ислеймен аў... Бирақ жақбаслыман ғой... Сәлийма нәзерин пәске түсирди.

Дәслепки ғарры гүртлик минезине салып, ала топылмақшы болды.

— Баўыры пүтин қус қайда, шырағым! Жаслықтағы кесел желип-жортқанда ақ жазылады. Бизлердеги кеселди айт... Еми жоқ, ғаррылық кесел. Ҳәзир жетпистиң екеўиндемен... Жаўдың жеңилиўине сеп болар ма, балам саўаштан тезирек қуўысарма,—деп қол-қабысымды тийгизип жүрмен... Ғәлетпе, усы сөзим Ажар келин,—деп ғаррының аўызы кемсеңледи.

— Дурыс ата, дурыс!—деп жаўқылдады Ажар—ҳәмменин де гөзлеген мақсети сол. Ғайрат сала бериң! Мен

бүгин жылымдағы өгиз атларға еки шана пишен апаратырман. Малларға қараўыллап турасыз...

— Бүгин бе!—деп ғаррылар таңланып бетине тигилди—Ымырт жабылғанда ма?!...

— Ай жарық ғой. қәйтер дейсең?...

Ақ сақаллы ғарры басын шайқады.

— «Атар таңға жүрсең де, батар күнге жүрме»! деген балам. Қула дала. Жети түнниң иши...!

Ажар ғаррының аталық мийримине елжиреп, мыйығын тартты:

— Қорра таслап, сапарға шығатуғын тынышлық ўақыт емес ғой, ата! Күни-түни жаў жағадан алып тур тәўекел, барып қайтайын!

— Онда қашан оралларсаң?

— Ертең түске.

— Онда шырағым,—деди сақаллы ғарры жақынласып, аўзынан қулағына тақап—фронттан хабар билип келе гөр!

— Яқшы—деп Ажар Сәлийманы ертип ерек қонған қақыраның ишине кирди.

Жайдың ишинде шымылдық печьтиң төбесине оның шы лампаны жарқыратып жағып бес-алты кәйўаны ҳаял сепаратор айдап тур екен. Ажарды көриўден, ашылысып жайдары минез бенен жөн-жосақ сорасты да. Сәлийманы көрип, сам-саз болып, аңырайып қалды. Есик бетте ала геўгимде бойын жасырып турған оны биреўлер шырамытып, екиншилери «Бул ким» дегендей бир-бирин түртти...

— Аўылдағы қайсар қатын ғой!—деп қара торы күйгелек көзли, шырайлы ҳаял қапталындағыға сыбырлады.

Ызғарлы сөзди қулағы шалып қалған Сәлийма еки ериннин баўырына алып, долы минези қурысып киятыр еди. Ажар дәрҳал араға түсти.

— Мениң теңизге баратуғын хызметим шықты. Сәлийманы сизлерге көмекке алып келдим.

— Колхоз өзимиздики. Мал әлленеткендики ме? Өз малымызды бағыўға өзимиз көмекши болғанымыз қалай? Бақса дурыслап бақсын! Еки-үш күнлик жәрдемди бас жуўғы сорап келгенде береди—деди бир кәйўаны ҳаял кийлигип сөйледи.

—Бизиң абысын гәптиң поскеллесин айтады. Соники мәз,—деди қасындағы ҳаял кийлигип сөйледи.

— Дилўарлықты қоя турың келинлер,—деди оннан тете отырған кемпир—«Адасқанның алды жөн» екени рас, бирақ «Адасқан айып емес, қайтып жолын тапқан соң», «Ат айланса, қазығын табады» деген ақыры қаўымға қосылса, ол да ақылдың белгиси. Үш күн болар, үш ай болар, айран шалабыңызды қызғанып қәйтесиз. Ким билсин, жастан мийнет көрмей сада өскен бала шығар...

— Аўа, «Уйқы ашар шешем» дурыс айтады—деп тағы бир ҳаял кесе белден қойып салып еди, оған кемпир ала топылды.

—Мына ширкин не дейди? Шайтаннан бурын тур, деп ерте оятқан жазығым ба, ө неси екен, турмасаң сеспей қат! Енди уйқы ашар атандық па?—деп атлаўды ала жуўырып еди, ана ҳаял шақалақлап күлип қашып абысын-ажынлы ийбелик етти. Бул ҳәрекетке ҳәмме ишек-силеси қатқанша жатып-турып күлисти.

— О неси екен!—деп кемпирде қуйқылжып күлип жиберди. Ҳаялларға ети ерискендей пишинин жадырап, Сәлиймада күлди...

Ажар ай туўа теңизге жүрип кетти...

## БИЙСӘЎБЕТ ЖОЛАЎШЫ

Март айының орта гези. Аспандағы шабыра бултлардың арасында алтын ай гезип баратыр. Еки бойы наў қарағай қамыслық. Дәрьяның музы асфальттай тегис.

Төрт аяғы тағалы, ети жараўлы атлар тақыр музға табаны тийген соң пишен толы шананы қаңбақтай ушырып киятыр. Қарсы алдынан ескен қоңыр самалға төсин керип, терин алған атлар кең жазыққа аяғын жазып алғысы келгендей жарыса жортады. Әтирапына көз жуўыртып отырған Ажар да жорға сүрип шерин тарқатып киятырғандай кеўили әл-аспанда!..

«Малды тапқанға бақтыр, отынды шапқанға жақтыр»—деп ата-бабалар бийкар айтпаған аў! Усы еки жылқы жақында арықлықтан көтереми шығып, қорағa сүйенип зорға туратуғын еди. «Жақсы ас, жаман кеселге ем» деген ширели жемниң арқасында, мине, қыр арқасынан қол таяды!—желди айырып баратырған атларға кен мийримин төгеди. Бир қыялдан екинши қыялға дөнеди.

...Шарўашылық гүллән ықласымды алып баратыр

ау!..» Мейли... Неси айып? Балықшылықтан қай жери кем? Бирақ... ети ҳадал, сүти дәртке дауа, усы малдың жағдайына неге басшылар қарамайды?...

Оның өзи ери Тилемис пенен арасындағы баяғы бир ерегискени есине түсти.

Ажар гә қатыуланып, гә өзине рай берип, сол күни ауылдағы дүканға келген еди...

Складтың ишине кирсе бес-алты еркек-ҳаял уннан босаған қалталардың ернегине қатқан қамырларды пышақ пенен қырып отыр екен. Ажар сол мәтте дүканшы менен сөйлесип, кепкен унды күн сайын фермаға бериуге келисти. Әкелинген кепек унды суұға жибитип арық малларға берип еди, ақ бийдайдың қамырын жеген маллар диңкесине енип, қулындай болып семирди. Гүдер үзген сол арық маллардын ишинде усы еки атта бар еди. Ажар усы сапары арық жылқыларды қалай семирткенин баслыққа көрсетип, мазатланып қайтыуды ойында жоқ емес.

Сонлықтан ба, атлардың шулғып аяқ басқанына сүйсинип, кеуили алып ушады.

...Көрермиз Мараттың ағасы! Биз де сеннен кем баслық болмаспыз Сен жәрдем бермесеңде биз жәрдемге киятырмыз, мине... Әттен, тынышлық уақытта қолыма түспеди-ау, бул хызмет... Қәйтесең урыс... Шырышымызды бузды ау нәлет фашистлер!..»

Түнги қойыу думанға оралып, дәрьяның гә ортасы менен, гә жарды жағалап киятырған шананың үстинде ойға шүмип баратырған ҳаял көктеги айға қарап: «Атлар усы жүрисинен жазбаса, таң ата жетемен ғой» деген дәмеде еди.

Үш күннен бери ескен қара жел бүгин ақшам сәл басылыңқыраған еди. Бирақ қәпелимде теңиз беттен желдиң ийиси сезилди. Кем-кемнен самал күшейип, аспан теңизинде сеңдей соқлығысқан көк ала бултлар гезди. Самал қара сыран дүбелей болып киятыр.

Үшқары тийелген пишенди жел желқомдай ирепшаналарды салмақ басты. Атлар жийи-жийи пысқырып, жүрисин шабанлатты. Нар қамыслардын үпилдириги қоныздын дызылдап, қуу жапырақлары қалтырап шуўласып, көлдиң иши арпалысып жаудың сүрениндей қулаққа қәуетерли еситилер еди. Ажар бул аласапыраннан қәуетерленип киятырған жоқ, ал тек жаныуарлар болдырмаса болар еди деп атларын аяп киятыр.

Даўыл менен қасарысып, еки-үш шығанақ жол жүргеннен кейин атлардың зор. қаны ма. жаўырынынан сыбақ тер шықты. Шананың табан темири женил сырғанамай қырдан жүргендей ысылдай берди. Издеги қосаққа алған аттың жүриси күтә баяў.

Қанша қасарысса да, Ажардың келбетинде үрейлениў сезими пайда болды. Бул ҳаўлығыў сезими Қәлли өзекке жақынласа келе үдей берди.

Себеби еки дәрьяның қосылған усы кең аңғарында жылыў көп гезлеседи. Бул қәўетерли жерден күндиз ямаса айдың жарық ўақтында өтпесең, тас түнекте шана жылыўға түсип кетиўи де мүмкин. Сол қәўетерден сақланып өтиў ушын ол муздың бетинен еки көзин айырмай киятыр. Бирақ ай жарық болса бир сәри. ал мынандай буркасынлы ҳәм қараңғы түнде қандай серли болса да, есаптан жаңылысыўы мүмкин еди.

Ажар Қәлли өзектен ғабырыспай өтти. Деген менен бул қуўаныш узаққа бармады. «Байнияз» өзектен бир шығанақ айланған жерде артқы шана тоқтап қалды. Ажар музға секирип. барып көрсе гур музға тирелип қалған екен. Оның үстине шананы шандып байлаған арқанларда босап кетипти. Атлардың ҳәр қайсысының алдына бир баў ақ пишен таслады да, үстиндеги пласын шешип. артқы шананың үстине минди. Себи босаған арқанларды тартып көрип еди. жүк бир жағына аўыңқыраған екен. Енди гүрге синген шананы артқа ийтерип шығарыўдың ҳәрекетинде жүрген ўақытта аяқ астынан бир даўыс еситип, селк етти...

Ажардың үрейи ушып, жән-жаққа сығалап қарады. Ҳеш ким көринбейди.

Енди ол көзин тигип жағаны шолыды. Бул сапары қалың қамыстың ернегинде силейип қатып сүмирейип турған бир сүлдер көринди.

Тула бойы шымыр етти. «Ким бул. адам ба? Не өзи? Ҳайўан ба?».. Қанша тигилип турса да, қараўытып шубалып турған нәрсениң яки ҳәрекети сезилмейди. яки сести шықпайды. «Ким бул» деп қыялы тоқсан толқыйды. Ҳайўан болса сетем алып неге қашпайды...! Жолаўшы болса. неге дыбыс бермейди. Уры гәззап па?... Онда немди алады. Ол да жекке, мен де жекке... Биреўге-биреў! Бир жигиттен күшим кем бе?...

Ажар темир айырды қолына алып. шанадан ырғып түсти.

— Әй, кимсен-әй өзиң? Зеңирейип турғанша жақынлап келсеңши, бери?..

Ажардың даўысы еситилиўден қараўытып турған нәрсе қамысты жапырып, гырра жағаға келип тағы қалшыйып турып алды. Адам!

— Келсеңши бери!—деп Ажар тағы сүренледи.

Бийсәўбет адам бул даўысты еситип жарға асылып музға түсиўге мейил бергенде, аяғы тайып, ет-бетинен тақыр музға гүрс етип қулады. Қанаты сынған бирқазандай ербийген денеси менен аяқ қолын жуўғарада жыйнаўға шамасы келмей тарбаяқлап барып, дәслеп геўдесин көтерди де, еки қолын музға тиреп, шубатылып орнынан турды. Қараңғыда қармаланып жүрип, малақайын басына кийди. Уйықтан суўырып алған малдай димары қурып, қаңғалақлап, Ажарға еки-үш адымдай жақынласты да, мыңғырлап:

— Амансыз ба?—деди. Қарсы алдындағы адамның сүлдерине бежирейип қарап турған Ажар:

— Шүкир!—деп салқын пишинде жуўап қайтарды.

Белгисиз адам шашаның әтирапларына пышықтай сығалап қарап алды да:

— Сиз кимсиз?—деди.

Оның уяң даўыс пенен берген сораўына Ажар жекиринип жуўап қайтарды.

— Мен балықшыман! Теңизге баратырман. Өзиң қайдан жүрген адамсаң. Түнлетип не ислеп жүрсең,— Ажар жолаўшыға қаншама бежирейип, көзин тиксе де, қараңғыда бет ажарын таный алмады,—қайда баратырсаң?

Қалжаўрап турған адам қалтырап сөйледи:

— Нашар адам усайсыз жеңге! Балық-шабақ алып қайтыў ушын боз беттен киятыр едим. Таnysым болмаған соң ҳеш аўылға қайрылмай түнлетип киятырман. Сени узақтан көрсем де, жете алмадым. Аз ғана наның болса, жүрек жалғағандай берсең—о жеңге! Аштан ишим қабысты.

Усыны айтты да жолаўшы тунжырап муңайып турды.

Ажардың жолаўшыға реҳими келди. Қапшықтан бир пәтир нан алды. Жолаўшы жемтик көрген ғарғадай нанды көриўден Ажарға өңменин таслап жуўырып, еки қолы менен тарпа басып алды да, қолын жайып пәтия берген болып, әлле немелерди гүбирледи. Оннан соң

журесине отырып, нанды усти-устине ауызына буралап тығып өгиздей кемирди.

Ажар жолаушыға жақын келип усти-басына қарап еди. кийими өрим-өрим жупыны екен. Айқыш-уйқыш жамаўлы басындағы малақайына дуньяның шөби жабысып былғаўыштай болыпты. Устиндеги жағасы, өңири дал-дал пальтосы қурымдай куйе ҳәм ылайға батқан. Усыған қарағанда жолдың гез келген жеринде аўнап жатып киятырған қәлендер сыяқлы. Аяғындағы етигиниң жыртығы қырық парша. Оң аяғындағы етигиниң қақыраған ултанын шыжым жип пенен шандып байлаған. Шалбары сатпар-сатпар. Жузи жудеў.

...Ой, сорлы мусәпир ай!—деди ишинен Ажар аяныш-лы қарап—Қандай мусаллат тусти екен басыңа!...

Жолаўшы бир пәтирди көзди ашып жумғанша жеп болып, тисин сорып тамсанды ҳәм «қурсағым олқы қалды» дегендей жаўтанлаған көзлери менен алдындағы ҳаялдың келбетине пышықтай телмирип қарады. Оның усы муңлы көз қарасы өмиринде биринши мәртебе нанның дәмин татып турған адамға усар еди...

— Енди қалай журесен?—деди Ажар.

— Теңиз бетке. Балықшыларға барaман. Мениң бахытыма сениң тап болғаныңды айтсаңшы, жеңге. Бир шанаңды айдап журейин Бир еки куннен бери нәр татпадым, женге, тисиме сазлық етейин жарты пәтир берсеңо, жеңге, иләҳим қосылғаның менен қоса ағарып көгергейсең.

— Жаңағы журек жалғағаның менен қоя тур,—деди Ажар жолаўшының тилене бергенин жақтырмағандай— Мына шананың арканын тартыс. Жолға шығып алайық. оннан кейин сени тамаққа гупли қыламан—Ажар дәлкек етип мыйығын тартты—әй, мусәпир. Сонша жерден пияда теңизден сыралғы сораўға да адам келер ме? Бир қотыр ешекте табылмаған шығар Усы сыйқыңа көп болғанда 10 балық арқалап, қайтыўында шақ ғой. Оннан не ырысқы болаaы саған?

Ажардың «гупли етемен» деген гәпин еситип ыржыйып кулип турған жолаўшы шанаға ырғып минди.

Шананың арқанын тартып журип, Ажар және жолаўшының жөн-жосағын шуқластырып сорады.

— Колхозшымысаң яки мәзи журген биреўмисең?

Жолаўшы тутлығып жуўап берди.

— Аўа, колхоз едик.

— Өзиң жалқаў шығарсаң. Болмаса дийханның ишинде отырып, неге аш боласаң? Ғайратың бар жигитсең, көлат жерге дақыл егип: қыс азық таппайсаң ба?

Жолаўшы гурсинди.

— Наўқаспан жеңге, Бала шаға көп.

Ажар ишинен «наўқаслығы дурыс шығар, келте аўырыўынан турғандай туси. Адам арықласа айдындағы көшпедей шошайған мурны қалады екен аў»—деди.

Ажар жүрер алдында жолаўшыға пүтин пәтир берди.

Жолаўшы жанма жан алып қойнына тықты да:

— Бахытлы болғайсаң жеңге, иләҳим—деп тағы қолын жайды.

Ажар алдыңғы, жолаўшы артқы шанаға минди.

Жел әдеўир басылған ўақыт еди. Көктеги бултлар сийрексип ара-тура булт арасынан жылт етип ойнап шыққан арыў жүзли айдың сәўлеси еки жолаўшының пишинин бир-бирине көрсетип өтеди. Сол пурсатта кеседен қосылған жолаўшының жүзине Ажардың көзи түсип еди, сақал мурты қаўлап өскен екен.

«Сақал муртыңды неге алдырып жүрмейсең?» деп сорайжақ болып турды да, және «тергестире берип не исим бар, жарым жан адамды ызғарлап» деди.

Айдың тағы бир сәўлеси түскен пайтында артқа қарап еди, жолаўшы соңғы нанды да ғайзап жеп киятыр екен.

—Наўқастың нан жеўи емес ғой!» деп мыйығын тартты да Ажар: «Балық-шабақ пенен демде диңкесине енип кетеди ғой. Тилемиске себеп пенен жәрдемши апарғаным тәўир болды» деп иштен қуўанды.

Қуўаныш пенен жолаўшыға тигилип қарап еди, ол да буған сығалап қарап отыр екен. Еки көз бир бирине телмирискен ўақытта жолаўшының қабағы жабылып, еки көзи жалт берип жоқ болды. Ажардың оған және кеўили елжиреп кетти.

— Мә! Буны соңырақ же! Аш өзегиңе түсип, өлип қаларсаң—деп тағы бир пәтерди шананың үстине шыңғытты.

Жолаўшы тағы қолын жайып атырғанда, Ажар даўысын қаттырақ шығарып:

— Қой енди. Пәтиян кенде болмады ғой,—деп күлди.. Жолаўшы ашылысып сөйлести.

— Жеңге, қайсы аўылдансаң?

— Ақдәрьяшымыз.

Ақдәрьяның аты еситилген ўақытта жолаўшының жүреги қылп етип, қолынан жүўени түсип кете жазлады. Жүзи қубылып дөнди. Азғанадан соң шайпалған жүрек толқыўын басып:

— Баслығыңыз еле Тилемис пе?—деди.

Ажар аң-таң болды!

— Сен оны қайдан таныйсаң?

— Урыстан илгери жыллары бир-еки рет келип едим. Ол аўылдың бираз адамларын таныйман. Соларды сүйәў көрип киятырғаным ғой. Жолаўшы мүсәпирсиген пишин билдирди.

— Бүйтип жүргенше, биротала көшип келеғоймайсаң ба? Балық аўла я мейли фермада исле!..

— Қәйдем, бир жағынан қоныс көриўге де киятырман.—Жолаўшы аз ғана тунжырап отырды. Армиядан не хабар бар, женге?

— Армиядағы жигитлердиң көбисинен хат келип тур. Немец солдатлары өз жерине қашып баратырған усайды. Жақын арада урыс питип қалады ғой. Өзиң армияға бармадың ба?

— Наўқас себепли...

Ишин тартып уйытқып ескен самал таң алдында басылды. Көлдин ишин жым-жырт. Түни менен тербетилип ойнаған қамыслар гүмис қыраўға малынып, маўжырап тур. Таң алды көл қусларының ерсили-қарсылы ушып, ойнаған тысырлысы ғана еситиледи. Жел тынған соң азанғы аяз бенен шийрақласқан атлар пәтли желип киятыр.

— Женге!—деп сүренледи изги шанадағы жолаўшы.

Ажар артына жалт қарап:

— Ҳе!—деп аттың дизгинин тартты.

— Кишкене сабыр ет!

— Турр!—деп Ажар аттың басын ирикти.

— Мен шамалы саябырлап алайын. Атлар адымлап жүре турсын. Баўырына тер қатпасын. Урынып киятырған жаныўарлардың өкпесин суўық шалар.

Ажар жолаўшының кескинине тигилип: «Бағанағы нанлар ишин аўыртқан шығар» деди де дизгинди қақты. Еки ат та алға нуқырып тартты.

Қара-көрим жер жүргенше Ажар изине бурылып екиүш мәртебе қарады. Жолаўшының қарасы көринбеди.

Соның не диңкеси бар! Қалдаўлап жүрген пақыр изимнен қуўып жете алмас деп атлардың жүрисин және пәсеңлетти.

Бул ўақыт таң агарып қалған мезгил еди. Бирақ таң алды дәрьяның ишин булдыр думан қаплады. Сонлықтан көз ушындағы адам көрине қоймады.

«Думан бойын жасырып турма екен» деген қыялға кеткен Ажар аз ғана жүрип, атлардың жүрисин туўарды да:

— Ҳа жолаўшы!—деп бир-еки мәртебе сүренлеп еди, дыбыс болмады.

— Усы ўақытқа шекем питпейтуғын қандай нәрсе өзи! Иш бурыў тийдиме, бийшараға...—деп мыйығынан күлди де—нанды бийкар көп берген екенмен»!—деп өкинди.

Аш өзегине тойып тамақ жесе, гейпара адамлар өлип те қалады—дегенди еситиўи бар еди. Оның көз алдына усы қорқынышлы түс келди.

Таң раўана атты. Думан да бирте-бирте тарады. Қапталындағы қапшықтың аўзын ашып, шаппаттай нан алып жеп отырып та дәрьяның ортасына сығалап қарады. Ҳеш қара көринбейди... Ҳайран болды. Не бәлеге дуўшар болды екен. Ийт, қус таласа даўысламай ма? Бир ҳәдийседен қуры алақан емес, сергиздан!..

Ажар орнынан турды:

— Ҳа-ҳа-ҳа жолаўшы—ы ы, келеғойсаң о!

Таң азанда шыққан даўыс тымық ҳаўаны толқынлатып, айдаланы жаңгыртты. Енди жуўап күтип изине қулағын тосты.—Дыбыс жоқ. Және, және——және сүренледи,—сес семир. Өлген шығар сорлы!! Қайырылды да, жолаўшының қалган жерине келди.

Жерде қырпық қар бар еди. Кардың үстинде жолаўшының муздан жағаға шыққан етигиниң изи бадырайып жатыр.

Изди қуўып жағаға шықты. Дәслеп ийбе етип муңайым пишинде «жолаўшылап» шақырып еди, дыбыс болмаған соң айбатланып сүренледи. Тағыда сес-семир? Өлген!...

Ажар изди қуўып, қалын қоға жекенниң арасына кирди. Отыз-қырқ адымдай жүрген соң қалың қамыслыққа тирелди. Аяқтың изи созылып кетип баратыр. «Делбеме өзи!»деп Ажар ашыўлы из қуўып тағы алға

журди. Шоқат қамыс екен. Он-он бес адым жүрген соң қалың қамыс сийрексин тақыр далаңлыққа келди.

Бул жердеги изди көрип, Ажар сам-саз болды. Жағадан шыққалы адымлап жүрсе, усы жерге келген соң жууўырып жортып кетипти

Жолаўшының қашыўы таң болды. Бул не ҳәдийсе!.. Неге меннен қашты? Ренжиттим бе оны? Қайырылып қалды деўге бул жағада ел жоқ. Онда айтып қалмай ма. Уры-гәззаппа екен? Қула дүзде не жейди ол!

Тоқсан ойды торлап киятырған ол шанаға қайтып оралған соң да артына қараўыллап турды. «Неге қашты, ол симилтир!»

Шанаға миниўге мейил берген ўақытта:

— Ўақ! Ўақ!—деп қолы менен жанбасын урды. Түси бирден оңып кетти. Астынғы ернин кесе белинен тислеп, түнерип, жолаўшы қашқан тәрепке ғазаплы қара көзин тикти. Ўақ!... Аңқаў басым! Басын тербелтип таңлайын қақты. Өкиниш пенен ызалы жәбирленди. Ўақ! Қап; Қап! Қәйтерсең! Абрайдың үстинен шығармады. Бундай гезлесерме маған!..

Шанаға мине сала оның:

— Эх, ҳайўан!—деген ашшы кейисин атлар, бизлерге жекирингени» деп ойладыма, алға қарай тәп қойды.

Жәбирленген ҳаялдың шананың үстинде де ызғарлы сести еситилип киятыр.

.- Көлдин жабайы ҳайўаны! Түбинде бир қолға түсерсең. Өлсең сағалдың қуны Бағанағы жеген ҳадал наным урсын. Елдиң дузы урсын сени!

Ол биргезде атты тоқтатып артқы шанадағы жолаўшының орнын келип көрди.

Ҳаял тағы долланды.

— Жоқ! Нанды таслап кетемс ол азғын! Батпақта жатып, қопалақ жеп жүрген «доңыз» нан көрип пе сирә! Сол наным урсын сени!

Ажар шанасына қайта минип, тағы өз өзинен жәбирленди. Жүрегине сай тартып кеткен өкиниш ызасы баўырын өртеп киятыр.

— Неге танымадым оны?—Қалай таныйсаң жәдигөйди! Сақал-шашы өскен, маймыллай сыйқы. Үни өшип, даўысы таргыллаңған.

Ажар шабатуғын жолбарыстай қәҳәрленди.

— Курттай қыйтығын сезгенимде астыма жумбар-

шақлап басып, қармаққа илинген ылақадай теңизге сүйреп баратуғын едим. Ол абрай буйырмады!

Ажардың қолынан жырылып қашқан жолаўшы Қәдир еди...

## ТЕҢИЗ ТУТҚЫНЫ

Тилемис район орайы менен байланыс жасап, райкомның секретары Тилеўмуратов пенен сөйлесип отыр.

— Аўа. Айтқанына түсиндим. Тәкирарлап айт дейсең бе? «Кеште он-онеки вал даўыл еседи. Балықшылар жағаға жақын жерде жүрсин» дейсең ғой.

— Яқшы, түсинген екенсең. Балықларды күн-түн демей заводқа жөнелте бер. Гөнерип кетпесин. Аралатып сағағын ашып көрип тур. Түсиндиң бе, мениң гәпиме?

— Түсиндим. Балықларды заводқа жөнелтип атырман. Гөнеретуғын түри бар. Жәрдемге бес-алты ат шана жибер. Пишеним таўысыла келди. Бүгин фермаға хабар жиберип, бир-еки шана малға от алдырсам ба деп едим. Тасыйтуғын адам да жоқ. Мениң гәпиме қалай түсиндиң?

— Түсиндим, түсиндим. Бүгин бес-алты ат шана жиберемен. Жаңа обком партия менен сөйлестим. Нөкистен бес-алты күн жәрдем бериў ушын жети-сегиз автомашина жиберетуғын болды. Соннан соң сәл мойыныңды жеңилер. Бирақ ферманың адамларына тийме. Мал балықтан қәдирсиз емес ғой. Қалай түсиндиң мениң гәпиме?

— Жақсы түсиндим. Ондай болса фермаға қол артпай-ақ қояйын. Тезирек келе-ғойғайда машина!

Тилемис қапталындағы отырған Қәлийлаға бир неме деп қасы қабағы менен буйырды. Қәлийла қостан зып берип, сыртқа шықты да бәд даўысқа салып сүренледи.

— Халайықлар, тыңлаңызлар, тыңлаңызлар, Қәлийланың сөзине қулақ салыңызлар! Егер қулақ салмасаңыз, айтқан тилди алмасаңыз, обалыңыз өзиңе.

— Мына кәл не дейди?—деп адамлар бир-бирине жалт-жалт қарасып, ишек-силеси қатып күлди. Тыныш жүрмейди. Үйтилип жүреди. Қәне тыңлайық!... Бүгин кеште он-онеки вал күшли даўыл еседи дей ме? Жағаға жақын жүрин дей ме?

Айдында аў қарап турған Жумабай Жәмийлаға қарап

«еситтинбе?» дегендей ым қақты. Ол да күлип басын ийзеди.

— Эй, ҳауа бақлаушы станция айта береди Гэси келсе, гэси келмейди.—Жумабай «солай емес пе?» дегендей Жэмийлаға мақуллатты.

— Олар бэрин билип қудай ма?—деп Жэмийла да оның сөзин хошлады. Анаў күни жаўын шашын болады деп еди, тек сол күни аз ғана қырыпық қар таслады да, аспан түнерип турды.

— Анаў күнги айдынға салған аўлардан бир хабар алып қайтайын—деди Жумабай—Сен Жэмийла усы жердеги аўларды қарап тура бер.

— Онда эбзели сууырып экеле ғой! Жағаға жақын жерге ақ салайық.

Жумабай шананың бас жибин қолына услап, аспанға тигилип қарады. Күн батыс арқадан сийрек бултлар қараўытып көринди. «Эй даўыл не жесин, бул қардың булты ғой» деп шаққан жүрип кетти.

Жумабайдын алыста кетип баратырған қарасын көзи шалып Қэлийла эри-бери «қайт» деп сүренлеп еди, еситпеди ме, я қулақ аспады ма, эйтеўир артына бурылып қарамады.

— Ана бала өжет екен ғой!—деп Қэлийла қапталында аў суўырып атырған Жэмийлаға шағынды,—мен шын айтаман. Түнде он-онеки вал күшли самал еседи деп жолдас Тилеўмуратов телефон урды. Эй балдызым!—Қэлийла дэлкекке алды. Жэмийла мыйығын тартып:

— Даўыл болады деп телефоныңды өзиң қушақлада отыр. Не қылады даўыл сениң шашыңды сыпырып кете ме, я аспанға ушырып кете ме? Қара ақырзаман басыңа түседи де жүреди—деди.

— Бизиң шаш кетти. Сизиң шаш аман болғай деп тилегинде жүрмен ғой—деп ол да дэлкек айтып еди.

— Болды, болды—деп шана тартып киятырған Мэтеке ғарры жымыйып қарап Қэлийланың тусынан өтти.

Бир аўдан екинши аўға өтип Жэмийла да теңиздиң ортасына шықты. Енди ең соңғы аўы қалған еди. Ол теңиздиң орталығында. «Ҳэм Жумабайға қарайын ҳэм сол аўды суўырайын» деп Жэмийла шанасын сүйретип теңиздиң ортасына қарай жүрди.

Аспанға тигилип қарады. Күн шығар батыс бет қараңғы түнек болып, суўык самал ести.

— «Мына күнниң ырасы ма!»—деп Жәмийла алға қарап шаққанырақ адым атты. Бирақ қардың үстинде ысылдап мусаллаттай жабысқан жүги аўыр шананы өрге қарап қанша тартса да жүриси өнбеди· Айнадай тақыр муздын бетинде уйытқып ойнап· сыпырып ескен самал теңиздиң ишин алан-бурқан қылды.

Жәмийла аў салған жерге көзи қараўытып зорға жетти. Арқа бет түнерип киятыр. Қызыл сыран ести· Жел муздың бетин жалап тур. Шананың үстине минип Жумабайға қарады Көз ушында қыбырлап қараўытқан биреўди көрди. Даўыс жетер жерде емес екенин сезген Жәмийла музға, түсип үкиге барып аўдың арқалығын тартты. Қалаш-сағақларынан торға оратылған гүмистей ақшабақ пенен қаракөз балық шыпырлап· муздың бетине торс-торс түсип атыр. Жел еле тынған жоқ· Боранласып ескен суўық самал қарсы қаратпай беттн қарыйды. Шығанағына шекем музлы суўға батырып· аў суўырып турған Жәмийланың денеси музлап шимиркенип, қалжырайын деди. Аўдың арқалығын аяғына басып турып· бүйирине қулашлап урып, тоңған еки қолын қыздырып алды да, тағы муздың астындағы аўды келеплеп тартты· Тартты да шоршынып жән-жағына қаранды. Тағы үкиге еки көзин тигип· бир-еки қулаш торды және сыртқа тартып шығарды.

«Неге аў таўланып қалды!»—деп Жәмийла ҳайран болды.—«Неге таўланды»... Муз ығып баратырғаннан аман ба екен!» Усындай қатты даўылда муз астындағы суўдың шайпалыўы менен аўылдың қарамындай муз тутас муздан жарылып· теңиздиң ортасындағы қара суўға қарай бөлинип ыққанын үстиндеги адамлар сезбей қалады, тек муздың астындағы аўдан билиўге болады· себеби аў таўланып шығады деп ғарры балықшылар әңгиме етип отырғанын Жәмийланың қулағы шалатуғын еди. Сондай болып ығып баратырғанымыз жоқ па екен?—деп жанма-жан аўды суўырып алды да· шананы сүйретип самалдың өрине қарай жуўырды. Қарсы алдынан ескен самалға ентигип· көк музда табаны тайып, жүриси өнбеди. Ғарры адым муң болып· бир-еки мәртебе абынып жығылды. Дизесин, алақанын муз қыршыды. Бирақ ет қызыўы менен оны елестирмей Жәмийла орнынан ушып турып· тағы да алға қарап қуйындай ушты. Мине· ол бир жерде қалшыйып қатты да қалды. Қарсы алдына тиги·

лип тур. Жағада булдыраи балықшының қослары көринеди. Айдында ат шаналар жаўқылдап зырлап, ерсилиқарсылы адамлар жүр. Артына қарады. Балық толы шанасы қараўытып көринди. Төменде қаўынның жүзиндей қақ айырылган муздың жийеги ашылып баратыр. Бирақ тутас муздан еле бөлине қойғаи жоқ, шийшедей шатынап киятыр. Сол жағындағы муз еле питеў. Ол жерден шанасы менен келип, өзиниң жай парахат өтип кетиўине гуман жоқ. Сонда Жумабай ше! Муздың үстинде ығып кете берсин бе? Жел қуўған муз теңиздиң ортасындағы ақ бас толқынлардың мийримсиз қушағына түскен соң қырық парша болып бузылып, Жумабайды түпсиз тереңге қайтып келместей етип жибермей ме?!

Жарылған муздың жийегинде қалшыйып турған Жәмийланың жүреги түршигип кетти. Ол өз-өзинен жәбирленди. Ызаға буўлықты. Албырап састы. Өзи секирип өтип, қутылып кетсе ме, екен? Ямаса Жумбайды да ғайбар тәбият қушағынан тартып алсама екен? Еки қыял арпалысты...

— «Жумабайды қутқарыў керек»—деди Жәмийла.—

— ..Адамды өлимнен қутқарыў керек!.

Жәмийла ғырра изине қайтып, Жумабай кеткен тәрепке қарай жуўырды. «Жумабай!—деп шақырды. Бирақ қатты қыйқырыўға оның аяқ қолынан димары кетип, өкпесиниң тынысы тарылған еди. Жүреги туўлап қабызына сыймай баратыр. Мине, ол шанасының тусына келди. Қайырылмады. Алға жуўырды.

Уясына еңменин таслап, жылжып қызара бөртип баратырған күнге «тоқта!» деп, аспандағы түнерген бултқа: «қабағыңды аш!»—деп, уйытқыған суўық самалға «тын» деп жалбарынғандай болады. Өжет тәбиятқа ашыўланып қәҳәрли көзинен жалын атады. Әлле неге хорлығы келип, жүреги қысылады...

Жумабай узақтан қараўытып көринди. Жығыла-сүрнige баратырып, орамалын былғады. Қаннан хабарсыз аў суўырып атырған Жумабай Жәмийланың бул ҳәрекетинен бийхабар. Оның ақыл-ҳуўышы муз астындағы балықта. Әбигерленип киятырған Жәмийла Жумабайдың бийпарўалығына күйинеди. Гүбирленип, гижинип сөйледи. Тезирек жетиў ушын адымын шаққан басып, алға жуўырады.

Мине, Жумабайға жақынласты. Ақырғы күшин топ-

лап, ашшы даўыс пенен бақырды. Аў суўырып турған Жумабай селк етип. арғына жалт қарады. Өңи қашып, өңмениң сүйреп, кияғырған Жәмийланы көрди. Бирақ оның гәпине түсинбеди, тек қолын былғап шақырған қыймылын сезип. аң-тан қалды. Қулашлап тартып, соңғы аўды суўырып алды. Шананы сүйретип Жәмийлаға қарай жуўырды.

— Ҳе, аманлық па!—деп сүренледи Жумабай.

Жәмийланың тамағы кеўип, даўысы тарғыл тарғыл шықты.

Жүрегөр жылдам ығып баратырмыз.

— Қаяққа!—деп Жумабай ҳаўлығып әтирапына қарап еди, сезилерликтей ҳеш нәрсе көзге түспеди.

— Ҳаўлықпа, ҳаўлықпа, сабыр ет!—деди Жумабай өзиниң ҳаўлыққанын сездиргиси келмей.—Аў-қурал, шанаң қайда?

— Ана жерде!—деп Жәмийла қолын шошайтты.

Жумабай Жәмийланы шанаға мингизип, асай басты. Кетип баратырып жарылған муздың жөн-жосағын сорады. Ҳаўаны барлаўшы станцияның берген ескертиўин мисе тутпай, теңизге кеткен өзиниң өжетлигине пушайман болды. Қара басының емес, Жәмийланың өмирине де қәўип туўдырған гүнәкәр деп билди өзин. Егер арғы жағаға шыға алмай муз үстинде ығып кеткен күнде нашарлық етип жылап-сықлап, мазамды алмаспа екен.. Еркек жүрекли ҳаял болып мәртлик көрсетерме екен.. Ким билсин!...

Олар жолдағы шананың қасына келди. Еле 4-5 аў суўдан шығарылмаған еди. Муздың жылысыўы менен орнынан сүйретилипти. Енди бул аўды суўырып. муздың бетине шығарыўға ўақыт жоқ. Екеўи «Қәйтемиз» дегендей бир-бирине мөлдиреп қарап, дағдырысып турды.

— Аўды муздан айырып, суўдың түбине жиберейик—деди бир ўақта Жәмийла—Муз сүйреп кетпесин. Қара суўдан ақ көшки менен алармыз.

Бул кеңес Жумабайға да мақул түсти. Бундай жағдайда көп ойланып турыў ҳажетсиз екенин сезген Жумабай аўларын музға бекитилген арқалығын жаздырып. суўдың түбине ысырып жиберди.

— Ал жүрдик,—деп шананың бас жибин қолына алды. Жәмийла шанасын шаққан сүйретип ала жөнеди. Өкшесин музға тиреп, зилдей шананы тартып. жуўырып жор-

тып, ҳалықлап ентигиўи менен муздың жарылған шегарасына келди.

Жәмийланың дәслепки көрген жердеги муздың жарығы мықлы алты-жети адым ашылыпты. Еки муздың арасындағы суў толқынланып шашырап, еки ернекке шырпылдап урып тур. Жүзип өтиўге күн боран. Атлап өтиўге еки жас тәўекел ете алмады.

Екеўи сандалып шанасын тартып, тар қыснақ жерин излеп музды жағалап жүрди.

Күн батты. Қара көкшил алағат бултлардың баўырын тесип өтип, жулдызлар көктен отлы көзи менен жымыңласып қарайды. Көк гүмбезинде қалғып жүзген бултлардың сақшысындай алтын ай зеңирейип тур. Түнерген кеште еки жолаўшы зыян көрген базаршыдай еңсеси түсип, қапалы киятыр. Алдында күтип турған апат пенен мийнетти ҳәр қайсысы өзинше жорыйды. Бул Сапардың оңына я шебине айланатуғынына көзи жетпейди. Жақсылықтан үмитин үзбейди. Топарынан айырылып, атаўлап қалған ғаздай айдынды гезип, мөлтилдеп жүрип киятыр. Бир-бирине тис жарып, ақыл сораўға да батылы бармайды. Жумабай жол баслап, Жәмийла жетегине ерип киятыр.

Түнге қарай даўыл тағы күшейип кетти. Екеўи жарылған муздың жийегин жағалап, әдеўир жер жүрди. Жийекти сығалап, олар бир мәҳәлде бир қыснақ өткелге гезлести. Еки муздың түйискен усы жеринен басқа әтирапта өткел жоқ еди. Екеўи үскини қуйылып, суўға түнерисип қарап турды. Алыстан жуўырып келип, пәт пенен ғарғысы Жумабайдың қара басының секирип өткендей аўығы бар. Ал сонда Жәмийла бул қәўипли тар жол, тайғақ кешиўден өтиўи неғайбыл.

Усы ойға батып, сарсылған Жумабай Жәмийлаға көзинин қыйығын салып еди, ол;

— Ойыңа түсинип турыппан!—деп тил қатты—Сен ер адамсаң ғой. Секире алғандай болсаң, өтип кете бер. Маған қарама!

Жумабай қуты қашып, шырайы өңип сала берди. Жәмийланың сөзи өлим алдындағы сүйиклисинин ырзалық берип турғанындай қүйқасын жуўлатып, қулағына жеркенишли еситилди. Еринлери көгерип кетти. Еки көзи теңиз суўындай қараўытып, аянышлы муң менен Жәмийлаға налып қарады.

Жумабайдың жолдасын өлим қәўипине таслап кетиўге ҳүжданы бармай турғанын сезген Жәмийла өзиниң ақырғы қуўатын жыйнап, жигитке жигер берип сөйледи.

— Екеўимиз бирден муз астына кеткенде теңиз байрақ береме? Оннан қайта сен арғы жүзге өтип, балықшыларға хабар ет. Мен еки шананы сүйреп, айдыныңның ортасында күтип турайын. Көрип турсаң ба, муздың қарамы үлкен. Төрт-бес күн ықса да толқынға мой берип, бузыла қоятуғын жуқа муз емес. Тап ҳәзир аяқ астында көринип турған өлим жоқ ғой!

Жумабай бул кеңести иштен жақтырып бир турды да және силкинип кейин басты. Оның да өзинше ойлаған қыялы бар еди.

Ал егер Жәмийланы таслап, өткелден, «секирип өтсем, қосқа түн жарпы аўа бараман, таң алдында келермен. Ол мезгилге шекем ушыўға қанат байлап елпилдеп турған муз байласаң да бир орында тура ма? Артынан жел қуўған муз Жәмийланы алып, теңиздиң қайсы қуўысында шайқалып жүретуғынын ким билсин! Оған Жәмийланың жүреги шыдай ма? Делбедей өрден-ыққа жуўырып, шалығып өлип қалса қәйтесең! Бағана ол мениң өмиримди сақлаў ушын усы ҳәдийсеге дуўшар болды. Сөйткен ер жүрекли мәрт балықшы ҳаялды торға салған шымшықтай шырлатып муз үстинде таслап кетиў инсанлық емес инсапсызлық!..· Мен Жәмийланы таслап кетпеймен! Мийнет пенен рәҳәтти тең татысамыз Өлсек бирге өлермиз!

Жәмийла «көндиремен» деп қанша ақыл айтып арбаса да, Жумабай сөзине ырық бермеди.

— Сабыр ет!—деди, Жумабай—Мен ҳеш қайда да кетпеймен. Мен қосқа сүйинши сораўға бараман ба? Оннан абзалы бир иләжын етейик! Албырама! Саспа.

Жумабай қонышынан гөне тетрадты суўырып алып, кисесинен қәлем алып, бир дизерлеп отырып шыжбайлап әлле немелерди жазды. Жәмийла қапталына келип көзиниң қыйығын жиберип еди:

«Сабыров аға!—деп еки қатар гәпти жазды да, Жумабай ойланып отырды. Оннан соң: «Бул апатқа мен өзим гүналыман. Кешириң! Сақланың!—деп ҳүкиметтиң берген хабарын писентке алмай теңизге шығып кетип едим. Айтқанындай даўыл есип, муз бузылды. Жәмийла бул апаттан қутылатуғын еди, маған хабар етемен деп ол

да мийнетке дуўшар болды. Бизлер кешки саат сегиз шамасында муз бенен ығып кеттик. Қарамы үлкен, қалың муз болғанлықтан тиришиликтен дәмемиз мол. Егер.— деп Жумабай қапталында уңилип турған Жәмийлаға қарады. Қолы қалтырап, қәлеми алға жылыспады. Зейинли келиншек оның жазажақ сөзиниң төркинине ҳә демей-ақ түсинди.

— Жаза бер!—деди қабағын түйип,—неге иркилдиң. Бул ҳәдийсеге бийпарўа қарайтуғын бизлер сағыйрамыз ба? Хошласып қойған ерси емес ғой!..

«Кеўилин босатып, үрейин ушырмайын!»—деп ойлаған Жумабай Жәмийланың ер жүреклигине иштен сүйсинип: «Апатқа ушырап кетсек, хош болыңлар!.» деп жазды да және изине «Ҳәлден келгенше апаттан аман шығыўдың илажын излеймиз. Сизлерде тезирек жәрдем бериўдиң әнжамын көрерсиз!...» деген еки аўыз сөз қосты.

Хатты үш қыйықлап бүклеп, еки қулаштай ағаштың ушына байлады да арғы жағаға ылақтырып таслады. Белги узақтан қараўытып көринсин деди ме, Жәмийла бир аўды шуўмақлап, шыйырып оны да арғы жүзге шыңғытты.

— Ең болмаса қус үймелесип шырылдағанынан сезиклер!—деп Жумабай үш-төрт балықты сағағынан ус лап муздың үстине атып урды.

Усы ўақытта сапарға шыққан кәрўандай орнынан көшип муз кең айдынға жылысты. Жәмийла менен Жумабай бурынғының узатылған қызларындай көш үстинде муңайып баратыр. Еки қара көз жас мийримсиз тәбияттың ҳүкимине қол қаўсырып, жағада қалып баратырған ел халқының дидарына ынтығып, телмирип қарайды..

Жәмийланың көз алдында Алпамыс дәстанында ел халқынан айырылып, түйениң үстинде зарлап баратырған Гүлпаршын сағымланып булдырап өтти. Ол Алпамысынан айырылып зарласа, мен Сапарымнан айрылып, сарғайып баратырман!... Гүлпаршын яры менен дийдарласып, мақсети болды. Мениң тәғдиримниң ақыбети не болар екен!... Айдарҳадай ысқырып, айбат шеккен мына гуңғыйық теңиздиң түбинде өмирим өтер ме екен. Эй, Арал! гейде сараң гейде жомарт гейде, залым, гейде мийрими кең Арал шығар мени қурғаққа! Өткен заманда қамыс сал минип, балық аўлаған ата-бабаларымызды толқынына мантықтырып, қурдымдай түбиңе тартқаның

да жетер!... Әттең урыс басланып, ырысын женди. Болмаса совет адамлары сени қашшан жүўенлер еди. Нәлет болсын, Гитлер гүналы!... Жәмийланың баласы Әсербай көз алдына келди. Жүйкеси қурып, аяқ қолынан димар кетти. «Реҳимсиз тәбият! Тирилей атадан жетим қалған Әскербайды енди анасынан тағы айырып, жигерин қум қылма! Кешеги қулыншақтай жайқалған жас жигиттиң анасын сарсық пенен өлтир ме! Өмирлик қостарын тағы жер жәҳәннен ныпқырт етпе!... Тәбиятта не жазық бар— деп ишинен гүрсинди—баламды жетим, өзимди жесир қылған Гитлер гүналы»...

Ашыўы қанасына сыймай тастай түйилип гижинди. Душпанға зығырданы қайнап, денеси оттай өртенди. Ҳалдан кетип, талықсыды.

Ҳей Жәмийла!—деп Жумабай жанма-жан басын сүйеди. Жабылып баратырған қабағын көтерип, бадаңадай жаўдыр көзлери менен жигиттиң бетине тигилди. Тигилди де силкинип басын көтерди. Ыза, ашыў аралас күлки менен мыйығын тартты.

Оның усы ўақыттағы бегиниң қубылыўы өлим алдындағы естен адасып баратырған кисиниң ажарына усар еди.

— Мийим аўылжып кеткен усайма?!.

— Теңиздиң толқыны менен ойнасып өскен нашар саң, сениң ҳаўлығыўың уят ғой, Жәмийла!

— Ҳаўлығып турғаным жоқ. Бирақ бир ызаға жүрегим шыдамай талықсыған шығарман.

Теңиздиң жийегиндеги муз көз ушында қалды. Жумабай менен Жәмийла бөлинип ыққан муздың үстинде кетип баратыр.

Қус төс бултлардың арасынан тастөбедеги алтын ай ҳәр ўақта жарқ етип арыў жүзи менен муз үстиндеги жолаўшыларға сәўлесин төгип, көк еркеси жол силтеўшидей кең аспанда қалғыйды. Жарық нурын теңиз бетине шашыратып жайып, түйе өрисин толқынлардың қорқынышлы түсин көрсетип кетеди. Тағы қараңғы бултлардың артына тасаланып, еки «тутқынды» ғайбар толқынлардан жасырғандай болады. Оған жарыса көк гүмбезиндеги жулдызлар «сақланың» деп әлле нелерди айтып қас қаққандай жалт-жулт етеди. Алтын ай жарқырап көринсе, қабарған кеўиллери қосыла жадырап ашылған-

дай. ай батса қосыла жабыққандай теңиз устинде гүрсиниш, үнсиз түнерип отыр.

Қыстың ақшамғы ызғырық аяз желиниң ҳәўири буйығып отырған денени қаплап, музлатып сала берди. Қалжырап қалшылдаған адамның тула бойы бир аздан соң уйып, уйқы тартатуғынын Жумабай тәжирийбеде талай көрген еди. Бундай ўақытта уйқының еки қәўетери бар. Бири суўық әбден өткен соң дене серрийип жүрекке қан бармай қалса, екиншиден муз тағы бөлинип, суўға кетип қалыўы мүмкин. Сонлықтан серли жигит қәйтседе түнди уйқысыз өткерип, денени тоңдырмай шығыўдың илажын ғамластырды. Усы пикирин иштен унатқан ол Жәмийлаға қарап:

— От жағып қыздырынып отырайық па?—деди.

— О қалай? Койшы, сен де қайдағы нәрсени сөйлейсең аў.

— Расым!—деди ол—жағып берейин бе, түтинниң ийисин сезип, оттың жалынын көрип, адамларда бизлердиң қай жаққа баратырғанымызды көрсин.

— Қәне, жақ. Сениң де ғайратыңды көрейик.

Жумабай орнынан түргелип, балта менен бир шананы буза берди. Дәслеп қолы жуўыспай, балтаның сабын ебетейсиз услап, ийкеми келмесе де кем--кемнен қарыс қан денеси жазылысып, етине қызыў енип, қолды пәтли силтеди. Маңлайынан сыбақ тер шықты.

— Бул кеңесим мақул болды,—деп Жумабай балтаны музға таслап, Жәмийлаға қарады—адамның тула бойы қызып, тоңғанын билмейди екен. Қәне, сен де балтаны алып азырақ қыймылда.

Жәмийла түргележақ болып, өңменин көтерип еди, еки тақымы сиресип, қарысып жибермеди. Аяғы да уйып қалыпты. Орнынан қозғалыўға димәри болмай турғанын көрип Жумабай Жәмийланың қолтығынан сүйеп, қушақлап турғызды.

Аяғынан тик турған Жәмийланы қолтықлап жигит он-онбес адым бастырды. Қурысқан аяқ-қолы жазылыс қандай болды Жәмийла еңкейип муз үстиндеги балтаны алып шананың қалған жартысын пуштарлады. Оның да денесине жыллылық енди. Ол азанға шекем уйқысыз хызмет ислеўге қайыл еди, бирақ басқа жумыстың рети болмады.

Жумабай балықшының қапталынан қалмайтуғын ҳә-

жет асбабы —суймен, балта, бел, қаңылтыр, гүрек—ҳәммесин бир жерге катарластырып қойып, үстине қарағай жаңқаларды суўынлап жыйнады да қағаздан томызық етип, шырпыны тутандырды. Кебиў тахта әўели пысқып тутанды да, соңын ала шарпып жанды. Устаның көригиндей үрген самалдың епкини менен уйытқып жанып буўлақлап шыққан көк ала түтин аспанға көтерилди. Думанласып түнерген қараңғы теңиздиң ортасындағы бул жалын аралас ушқынды түслик жолдан серлеў мүмкин еди.

Екеўи отқа баўырын керип, музлаған денесин қыздырды. Муз үстиндеги оттың қоламтасы өшиўге қарады. Шығыстан жалын атып, үркер жулдыз көтерилди. Бир аздан кейин жел ишин тартып ести. Күн шығар тәрепте түни менен түнерип турған қойыў қара думан жан-жаққа тарап ақшыл көгис тартты. Алтын таңның ақ сүттей перлеси ашылды.

Таң алды тәбият көринисине қумартып қарап, дүньяның дийдарына ышқы кетип, алтын таңнан үмит күткендей шығысқа телмирип қарап турған Жумабай қәпелимде теңселип кетти.

Бул ҳәдийсеге таң қалған екеўи бир-биринен қас-қабағы менен сорап тур. Абайсызда ләрзем берген ҳәрекеттен екеўиниң де аңы ушып кетти.

— Бул не қозғалыс!—деди Жумабай.

— Қәйдем, кеўилимиз айнып, мийимиз гезди деўге есимиз дурыс,—деп Жәмийла ийинин қақты.

Жумабай қарагөрим жердеги әтирапты гезип шықты. Ҳеш жерде бөлинген я бузылған белги жоқ. Қолына сүйменди алып, от жағылған орынды дөңгелетип ойды.

— Арқанның ушына тас байлап әкел,—деди ол.

— Оны не қыласаң?—деп уяң даўыс пенен жуўап қайтарған Жәмийлаға:

— Бир қызық бар. Тезирек бол!—деди де ықласланып музды оя берди.

Жәмийла ушына тас байланған арқанды әкелген ўақытта ол үлкен кесениң аўызындай үкини ойған еди. Екеўи тигилип төмен караса, еле жуқармаған қалың жигит муз екен.

Жумабай арқанды саўмалап муздың астына жиберди. Тас теңиздиң түбине дигирлеп тийген соң арқанды тик услап турды да Жәмийлаға жалт қарап мыйығын тартты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Муздын ернеги бир нәрсеге тирелип тоқтап қалды. Бул ығып бартырған муз болғанда арқанды қыялап сүйрер еди Муз тоқтады. Жолымыз болды!..

Жәмийла қасына келип, үкиге үңилип, арқалықты қолынан алып, жоқары төмен жиберип бир-еки мәртебе тартып көрди де күле шырай келбети менен мыйығын тартты. Мақуллап басын ийзеди.

— Қәне жүрейик онда,—деп Жумабай қуўнақлық кирген денесин гиклеп, арқанды суўдан суўырып алды.— Тезирек муздың шетине жетип, қурғақлыққа шығайық

Жәмийла муздың үстиндеги үйилген аў-дузақларды, қурал-сайманларды жыйнап, шананың үстине тийеди. Жумабай арқан менен еки-үш жеринен шандып байлады.

Бир ўақытта Жәмийла әтирапқа қарап турып:

— Қай тәрепке қарап жүремиз, қәне басла жолды!— деди.

Жумабай сасып қалды. Қуўаныш толқыны менен арпалысып жүрип бул мәслеҳәтти еле шешкен жоқ еди. Таң қараңғы ўақыты. Жарық түскен мезгилди күтип отырыўға белгили сапары, бекинген табаны жоқ, турақсыз муз сәл жерде тағы қурғақлықтан бөлинип, теңиздин ортасына ығып кетиўи мүмкин. Сонлықтан олардын бир минут гидириўине тақаты болмай тур. Ал солай екен, сонда қалай қарап, қай тәрепке жүриў керек? Аўылдың қарамағындай кән муздың төрт бурышын айланып шығыў ушын пияда адамға күнлик жол. Екеўи тағы дағдырып қалды.

Жәмийла бир белгини зейни илгендей Жумабайға тигилип қарады:

— Бағана муз соқлыққанда денең қай тәрепке қарап тенселди?

Жумабай түнерип ойланып турып:

— Алдыма қарай абыңғандай болдым!—деди.

— Қалай қарап тур едиң?

— Былай қарап,—деп Жумабай стройда турған жаўынгердей шана жаққа бир қырынлап, тикке қалшыйды да қалды.

— Онда тап усы тәрепке қарай жүрейик, тәўекел!..

Жумабай шананын жибин ийнине салып, Жәмийла асай менен шананын артынан ийтерип, екеўи шаққан адым басып жүрип кетти...

Жер жәҳанды ысқырып гезип, алан-бурқан болған

қара даўыл бул ўақытта демин ишине тартып тынысы тарылған еди. Муз үсти маўжыраған тынышлық Күн шығар жақ бағана көгис тартса, енди ақшыл бояў менен сырлағандай жарқырап ашылып киятыр.

Алыста көз ушында түнерип бир неме қараўытып көринди. Оны екеўинин де узақтан көзи шалған еди.

— Анаў не?—деп Жумабай қолын шошайтты.

Тоғайлық емес пе?—деп Жәмийла шананы қаттырақ алдына ийтерди.

— Маған таўға усап көринип киятыр—деп Жумабай алдына еңтерилип, шананы өңменин таслап тартып, жуўырып жортты.

— Таў болса, таў шығар Аралда таўлы атаўлар көп ғой. Солардын бири болғайда !—деп Жәмийла да изинен жуўырып киятыр.

Таң ағарған сайын алыстағы қара кем-кемнен жолаўшыларға қарап жылысқандай жақынлай берди. Енди жумбақ болған қаранын сыры ашылды. Бул тораңғыл қамыс аралас өскен кишкене бир атаў еди.

— Алақай!—деп бақырып жиберди Жәмийла.

Жумабай артына жалт қарап, езиўинен күлип:

— Жолымыз болды. Апаттан қутылдық—деп атаўға қарап аўдаңлап жуўырды...

Жуўырып киятыр!... Жол өнбей киятыр!... Оннан сайын өңменин алға таслап, өмир ушын гүресип киятыр!...

Мине, қырға жүз адымдай қалды. Өмирден үмитин үзбей екпеси өшип жуўырып киятырған еки адам жийекке жақынласқан ўақытта мийримсиз тәбият тағы қырсық минезин тутып, қырды қапсыра қушақлаған музды жулып алып, тениздин ортасына алып қашты... Өлим тырнағынан шығып, «өмир босағасын енди атладық» деп жүреклери шәўкилдеп киятырған Жумабай менен Жәмийланын жигери қум-болды. Екеўи еки жерде лал болып отыра кетти. Үскини қуйылып, әжел қурығы тағы көз алдына шубатылып келди.

Муз үстинде ыққанына бүгин еки күн болды. Олар өткен жыл сәнесин умытып, муз бенен арпалысып ыққан күнди биринши сәне деп санады.

22 март. Қалын қар, гүмис қыраўды жылтыратып алтын күн шықты. «Муз үстинде ыққан түни-ақ ғайбар толқынның пәнжесине түсермиз» деп қәўетерге түскен

Жәмийла алтын күнге еркелеп наз етип қарады.

Шағаланың тырнағына сағағынан илинген балықтай еки жас өлим пәнжесинде шырлап баратыр.

Жәмийланың көз алдында фронттағы жигитлердиң жаў менен арпалысқан көриниси елеследи.

...Олар да бизлердей өмириниң себи қай жерде үзилерин билмейди ғой! Сүйикли Сапарым! Қайсы тоғайда жатыр екен.

Лашы дүзде қалған сүйиклим! Тарыққанда аўзына суўсын бере алмадым! Өлериңде басыңа дастық бола алмадым!... Маған ырза бол батырым!...

Екеўиниң де қас-қабағы қатыңқы. Көзлериниң нуры өшип, аяз сорған жүзи қуп-қуў. Тынысы тарылып, әбшери қуўырылған. Өлим талдырған арысландай алға аяғын сермейди. Өмир қыспағына қолын узатады. «Муз бөлинбей қурғақлыққа қашан тийер екен!» деп ушан теңизди шолып қарап, жән-жағына телмиреди. Ызаланады, шағынады. Сабылып, сарғаяды....

Сары уўайым менен еки күннен бери нәр татпаған Жумабайдың жүреги сазды. Жәмийлаға көзиниң қыйығы менен қарап еди, оның да әпшери түнерген!

Қаңбақтай басының аўған жағына қаңғыған муздың қайсы күни қай жерге барып қонарын жел билсин! Бул муз бир күни теңиздиң ортасында толқын менен пашақланып бузылады,—онда өлимниң жеңгени ямаса бир күни қырға барып тийеди.—онда өмирдиң жеңгени. Бирақ сол күн қашан келеди? Қайсы күни? Сол күнге жеткенше тәбият пенен айқасып өмир сүриў керек. Усы «қысқа өмирди де жеңемен» деп турған еки қәўетер бар. Онын бири-ашлық, екиншиси,—суўық. Еки қәўетерден қутылыўдың қандай жолы бар?

Усы уўайым екеўинде сарсылдырып киятыр.

— Жәмийла аш болған шығарсаң?—деди Жумабай оған аянышлы жүз бенен қарап.

— Аш болсақ не қыламыз?—деп Жәмийлада мунайып төмен қарады.

Кеше олар теңизге ат шана менен шығып еди. Жумабай атты жағадағы урық жекенниң арасына апарып байлады да шананы жетекке алып, аўдың басына пияда келди. Муз ығар ўақытта ат арғы жүзде қалды да, шана өзлериниң қапталында қалып қойып еди. Шанада аттың абзырайынан терлик пенен дорба қалыпты.

Аўқаттың әнжамы айтылған ўақытта Жумабай шаңаның ишине көз салып еди, дорба менен терликке нәзери түсти. Дорбаның ишине ат жеми ушын толы арпа салып шығып еди..

Жумабай дорбаны алып, аўызын шешти. Арпаны көрип тамсаңып, көз жанары тирилип, жымыйып, қуўжыңлап Жәмийлаға жалт-жалт қарады.

— Ол не?—деди Жәмийла Жумабайды әлле неге қуўанып турғанын сезип.

— Аўқат таптым!—Жумабай шоласқан олжа тапқандай дорбаны қолына алып Жәмийланың қапталына арданлап жүрип келди,—Мынаны көрдиң бе? Гүриштей аппақ арпа. Үш-төрт килоға даўы жоқ, бир-еки күн гөрек етемиз.

Ат дорбадағы арпаға көзи жаўдырап Жәмийла да тамсанып, жутынып қарады. Парахат күни быламығын ишиўге мес тутпайтуғын бес-алты саўырыс арпа талған өзекке арқаў болып, қалжыраған қуўатқа ғайрат енгизди. Көзлери жаўтаңласып, телмирип тигилип қарады.

— Ат дорбаның шанада қалғанын айтсаң—о. Бул болмағанда не күнимиз кешер еди?...

Жәмийла атымлық насыбайдай арпаны алақанына салып аўзына жақынлатып гәп баслады:

— «Баяғы ақ қапшық аталған ашлық жылы»—деп енем бир әңгиме айтып еди, сол жаңа есиме түскенине қара!—Жаўгершилик жылы бир киси тутқыннан қашқан усайды. Жолда аштан қалжырап киятырса, арпа еккен аңыздың үстинен шығыпты. Сол жерде сәскеге шекем иркилип, масақ терген екен. Еки қалтасы толы арпа жыйнапты. Жүреги сазып, көзи қараўытып киятырған киси еки қалта толы арпаны үш-төрт мәртебе аўзына қуйып жеп қойыўы мүмкин ғой. Бирақ егер адам екен, олай етпепти. Үш-төрт күн аўқат етейин деп, алақан толы арпаны аўзына салып, шайнамай суўын сорып кешке шекем гөрек етипти. Қулласы сол арпа менен елатына жеткен усайды...

Жумабайға Жәмийланың айтқан сөзи қамшы болды ма, аўзына салайын деп турған алақаны толы арпаның жартысын аг дорбаға қайта төкти.

— Ол айтқанын да дурыс аў. Қулқын тамақ пенен нәпси неге дуўшар қылмайды!... деп алақанындағы қал-

ған арпаны аўзына қуйып, конфет сорғандай уртын бүркилдетип тамсанады.

Күнде уллы сәске болды. «Муздың табаны қырға қашан тийер екен»—деп теңиздин жийегине қарай көзи сарғайған екеўи бул үмиттен гүдер үздиме, енди аспанға телмирди.

— Со анаў қарайған не Жәмийла?—деди Жумабай қолын маңлайына тутып.

— Неўе?—деп Жәмийлада аспан жийегине тигилип қарады.—Бир нәрсе қараўытып көринеди. Қәйдем, теңиздиң ада болмайтуғын көп қусынын бири шығар.

— Солай ма екен?—деп Жәмийланың болжаўын мақуллағандай болып, бетине жалт қарады да тағы әлле неге жорығандай көк аспан гүмбезине түнерип көзин тикти.

Екеўи де көкке қулағын салып, көзин бир ели айырмай отыр. Бир мезгилде алыстан дигирманның гүррилдисиндей емески сес шықты.

— Айтпадым ба? Әне!... деп Жумабай отырған орнынан өрре турды.Муз үстинде отыра-отыра сарғайған екеўи сес шыққан жаққа тигилди.

Теңиздиң айнымалы ҳаўасы қубылып, бул ўақытта аспанды думан аралас қара көкшил, көгис ала булт қаплап тур еди. Сонлықтан мунайған көзлери бултлардың арасына қанша телмирсе де ҳеш нәрсе көзге түспеди. Түспеген менен гүрилди еле басылмай қайта кем-кем қулаққа анық еситилди. Апалақлаған кеўиллер ҳаплығып, жүреклери шәўкилдеп соғады. Тас төбеде бақырайған көзлерден көкке ушқын атылады. Көкке сарсылып, сарғайып қарап, таныс сести сағынып күтеди.

Мотордың гүрилдеген сести оң тәрептеги тустан еситилди. Самолёт даўысы екенин екеўи де анық сезди.

— Бизлерди көрмей баратырған шығар,—деди Жәмийла.

— Айланып қайта оралмас па екен.—деди Жумабай

Екеўиниң де қабарған кеўиллери жадырап, түнерген келбетлерине жыллы нур енип, ашылысып сөйлести.

— Жолаўшы самолёт болмағай да!—Жәмийла қолын көтерип сүреңлейин деп еди, уни питип, сести шықпады.

Жумабай малақайын қолына алып, былғап 1—2 мәртебе қышқырды да, оның да өкпеси исип, ҳә демей даўсы қарлыққан соң, силейип қатты да қалды.

Самолёт шепке бурылғандай болып, мотордың даўысы енди сол жақтан еситилди.

— Әне айланды,—деди Жумабай күлип. Оның сол ўақыттағы күлкиси мәс, кисиниң күлкисине усар еди.

— Аўа айланды. Бизлерди излеп шыққан самолет екен ғой. Садаған кетейин ҳүкимет, ғамхорлығына, мийирманлығына басым жолында қурбан болсын!— Жәмийланың соңғы гәпи аўзынан шыққан ўақытта кеўили елжиреп, көзи жасаўрап, қамыстың қыяғындай сулыў кирпиклерин шәпик қақты. Сөйтти де, дәрҳал басындағы орайпегин жулып алып, ерсили-қарсылы былғады.

«Абайсыздан көрмей қалар, бәлент желбиретейик» —деген қыял келди ме, бир ўақытта узын сырықты шападан алды да ушына орамалды асығыс байлап, тикке жоқарыға көтерди. Таяўдың ушындағы бес-алты қос қызыл гежи орамал ашық теңиздиң самалының епкини менен муз үстинде тоқынланып қызыл байрақтан жел биреди. Ақыл-парасатын көктеги матор даўысы бөлседе, байраққа көз қырын жиберип: «фронттағы, азаматлар Берлинниң устине усындай байрақты желбиреткей да!» деди ишинен. Инсан қыялы ушқыр қус емес пе? Сөйтип турып: «көкте айланып ушқан самолетте Сапар киятырғандай, ал оны Жәмийла Арал теңизиниң кең айдынында қызыл туў көтерип, күтип турғандай болып қыялы шартәрепке аўдарылды.

Самолет үш-төрт мәртебе булар турған жерден алыста көк теңизди кесип өтти де, қублаға қарай бурылып, бираздан соң даўысы семди.

Көк аспанға қанша түнерип қарап, қулағын түрсе де жым-жырт, бир-бирине қарасып екеўи де сам-саз!...

— Рас-ақ бизди таслап кеткени ме?—Жәмийланың даўысы талықсыған кисидей бөлинип-бөлинип шықты.

Жәмийланың елжиреген кеўилин қатайтыў ушын Жумабай мәртлик көрсетти.

— Ким биледи, майы таўсылып аэродромға кеткен шығар. Тағы айланып келер. Дүньяның думанын жыйнап, аспан да қапылып турғанын көрмейсең бе?! «Жы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғылғанға жудырық» деген усыдағы Мәрт болып белинди буў Жәмийла! Сары уўайымнан пайда жоқ!

— Аўа, сары уўайымнан пайда жоқ!—деп Жәмийла да Жумабайдың сөзин қайталап, самолеттиң даўысы семген жаққа сарсылып қарады да:

— Эй мийнет болса көрермиз!—деп шананың ернегине келип отырды....

23 март. Өткен ақшамның аязынан екеўи де қалжырап, суўық сорған жүзлери домбығып исип шықты. Бирин-бири тоңлатпаў ушын қайырқомшылық етип, өрсли таңды тик аяқтан атырды.

Аўыр ақшамға шекем гә отырып, гә жүрип, аяздан соң уйқы тартты. Шананың ишинде терликтен басқа илип алар төсек жоқ. Сол жағын ойлап, бир-бирине сен жат!—деп мирәт етиў менен ет писирим ўақытты өткерди. Уйқыдан безсе де, ўақыттың өткенин мәп көреди. Мәп көрмеске не шара! Шананың еки мушына екеўи қулай кетсе, «Уйқы менен өли тең» суўық ишки сарайына өтип, серрийип қалатуғыны гүмансыз.

— Жәмийла, терликти жамылып, көз илиндирип ала ғой! Қалжыраған шығарсаң, мен қараўыллап турайын —деди Жумабай.

— Уйқыдан болдыратуғын түрим жоқ. Сен жатып дем ал. Мен көз-қулақ болайын,—деп Жәмийла аўырлықты өзи алғысы келди. Бир-бирине мийримин төгип, аяғышлы пишин менен бираз ўақытты уйқысыз өткерген екеўи таң алды дәслеп Жәмийла, оннан соң Жумабай гезек пенен шамалы көзгир алды.

Күн сәске ўақыты. Ат дорбаны алып, түбинде саўырыстай қалған ақыргы арпаны шөпшеп. екеўи аўызларына бөлип қуйды. Сазған журекке қуўат, кеўилге тоқ болып киятырған ат дорбаның да түбин қақты.

Екеўи арпаны сорып, ләм-мим болып, сазарып уўайым ойға шөмип, қанша ўақыт отырарын ким билсин, егер көкте жәнe гүрилди сес еситилмесе. Олар усы сести қулағы шалған ўақытта селк етип шоршынып, алдына абынып өрре турды. Домбығып искен қас қабағын уўқалап, көкке көзлерин тикти.

— Киятыр! Тағы киятыр!

— Аўа, киятыр!

Жәмийланың орайпеги сырыққа байланып, теңиз ортасындағы төбешик музда тағы жалғыз жалаў жел-

биреди. Тағы төрт көз көкке телмирди. Теңиз тутқынларының мүсәпир кеўили жадырап; өмир үмити өлим тырнағынан жулып алғандай аўыр бойлары жеңилди.

Бул сапары самолет теңиздиң ортасын ерсили-қарсылы гезип, узақ ўақыт ушты. Тәбияттың қызғаншақ минези тағы қурысып, тутқынларды тас баўырынан жаздырмады. Муз үстин қаплаған қара думан баўырлаўы менен жатты да қойды. Түс аўа қара бултлардың төсин қақ жарып көкти титиреткен қәҳәрли, ашыўлы мотор сести тағы семди.

24 март. Суўықтан қалжырап, ашлықтан көзи қараўытса да өлимге бас иймей ғайбар тәбият қасарысқан сайын булар да ақырғы күшин топлап, арпалысып алысты. Еки күннен бери аспанды шарлап, себил болып излеген еки самолеттиң гүрилдеген даўысы да өзегине арқаў болып, бойына қуўат енгизди. Ҳақыйқатында да гүмис қанатлы көк суңқарының жер титиреткен даўысы қудиретли халық, қайырқом ҳүкиметтиң алып күшиндей гүңиренип еситилер еди. Бул даўыс оларға апаттан арашалап қалыў ушын елдиң атланғанын мәлимлеп хабаршы болды.

Қыялға шөмип отырғанда ол бирден селк ете қалды. Уйқыға қалғып баратырып шоршып оянған киси дей көзин бадырайтып ашып жоқары жалт қарады да. орнынан ушып түргелмекши болып, алға умтылып еди, көз алды тынып кетти. Денесин бийлеп тура алмады. Денесиниң салмағы менен еки аяғының жилиншиги қаймақ муздай шатнады. Тағы бир самолет булардың төбесинен зуўлап өтип кетти де, узақта гүрилдеген сести биресе алыслап, биресе жақынлап артына қараўыллап турғандай сезилди.

Самалдың епкини менен муз еле ылағып ығып киятыр. Әтирап көп-көмбек теңиз. Муз үсти аппақ қалың қар. Теңиз ортасында ығып баратырған муз көк гүмбезинде қалғып жүрген ақша бултқа усар еди. Ал муз үстиндеги екеўин сол «булт» жерден көтерип алып, урлап қушағына қысып баратырғандай, артына қарамай асығып алға зымырайды. Оның қай жерге өкшеси бекийтуғынын жел билсин!..

Жәмийла көзин үзбей аспанға тигилип қарап отыр. Қанша сарғайып тигилсе де қарайған көзге илинер нәрсе сезилмеген соң нәзерин пәске түсирип, қапталын-

да ерсили-қарсылы гезип жүрген Жумабайға қарап еди, ол қазанның аўызындай муздың бетиндеги қарды бел менен гүреп атыр екен.

— Оны неқыласаң?—деди Жәмийла сүренлеп.

— «Сасқан үйрек алды—арты менен сүңгийди» деген емес пе? Булда бир талап та!—деди ол.

— Сонда да не ҳәжети болып қалды?

— Мына еки мөңкени тақыр муздың үстине жайып кептиремен.

—Сөйтип!... Сөйтип, дәкең жейди.—Жумабай айтарын айтса да, бул исине ренжигендей дәслеп ызалы келбет көрсетти де, соңынан мазатланған жүзи жадырап күле шырай менен мыйығын тартты. Жәмийла сазарып қараған күйинде артық-кем сөзге бармай отыра берди.

Шийшедей жылтыр муздың үстинде еки мөңке жатыр. Балық аңлып үкиге үңилип телмирген қутандай Жумабай «қашан серрийип тоңар екен» деп жүресинен балыққа ынтығып отыр. Ашлықтан жүреги талып отыр. Суў түбинен суўырып алған алтындай олжасына сүйсинип, «Арал теңизим ада болмас ырысым»—деп те, гүз күниндей қубылмалы, тентек теңизим деп те толғанып отыр.

...Жумабайдың әкеси Әжимурат маман балықшы киси еди. Оның ислемеген кәри қалмады. Айлы түнде жападан жалғыз дәрьяның ғырра жағасында отырып шолпы да сүзди, көлдиң айдынында жақпай жағын, жайында шанышты, ақпар ағысқа өрели қаза-да салды, теңизге үш тилли қармақ та керди,—қулласы өмириниң ақырына шекем балықшылықтың түрли әдислерине қанық болды.

Баласы Жумабай ержетип, ошақ басы ғарры болған Әжимурат бир күни адасып, көлде төрт күн жатып, бесинши күни аўылды тапқанын гүрриң етип отырар еди. Жумабай бала ўағында әкесиниң көлде адасқан гүрриңин қызық көрип, қайта-қайта айтқызады.

...Ҳәзир сизлерди балықшы деўге болмайды—деп Әжимурат ғарры қырма сақалын сыйпап қояды да, сөзин даўам етеди,— ол күнде үстимизде жамаўлы шапан басымызда қураш, аяғымызда қырық жамаў етик. Бир күни жаңғыз өзим қаза қараўға кеттим. Бала күнниң райы бузық, шық па көлге!—деп жасы үлкенлердиң айтқан кеңесин де тыңламай жапсардай қайы-

ты таянып кегип қалдым. Гүздиң ортасы еди. Қазада әбден майлаған. Қызыл көрген сағалдай балықты көрген соң қазаның түбинде наўа қалдырмайын деп сүзе бериппен. Бир ўақытта аспанды қара булт қаплап, борасынлап қар қуйды. Төрт тәрепим тастай қарангы. Кемени бүк қамысқа киргизип, ишинде жатыўға аяз беденемди қаплап, суўықтан өлермен деп ескек тартып денемди қыздырып көлди гезип кеттим...

Таң атты. Булт тарап, күн жадырап шықты. «Түни менен сандалып, қайсы көлдиң түкпиринен шығып кеткенимди ким билсин. Өзиме төрт тәрепим бирдей. Келген жолдан оралыўга кемеде из қала ма? Қайсы айдын, қай көшпеге барсам да бирине-бири уқсас. Сандалыспаға енди келдим. Аштан жүрегим де сазып баратыр. Үйден алып шыққан жалғыз пәтир нанды таң атса елди табаман ғой»—деп жеп болыппан.

Сол жүристен қуптанға шекем айдын гездим. Сирә өзим аралаған көлге усамайды...

Қуптан болыўға шамаласты. Сайлап жүрип қоға жекени мол бир қурылыққа шықтымда кемени қырға тартып, үйдиң орнындай жекенди орып, бир жерге үйдим. Балықты писирип жеўге қалтамда бир дәне шырпы болса! Шийки жеўге мейлим алмады. Неде болса, азанда аш өзекке көрейин деп бир балықты қабыршағын орақ пенен қыршып, ишин жардым да кеспелеп далаға жайып, бағанағы үйген жекенниң ишине кирип жата кеттим. Қурғақ қоға-жекен денемди көрпедей жылытты.

Әбден қалжырап, шаршағаным ғой. Ертеңине орнымнан ушып турсам, кеспелеп жайған балығымды сағал жеп кетипти...

— «Адасқанның алды жөн» деген емес пе? Ҳадал мийнет пенен тапқан балығымды ийт-қусқа жем қылғанша —деп ызам келип, бир шабақты шийкилей жеп тойып алдым. Тағы биреўин кеспелеп, кемениң ишине жайып ескегимди есип кете бердим. Шийки балық кәйтер екен деп әўели ҳаўлықсам да, соңынан қуўатым енип кетти. Балық қайта танлайымды кептирип, кешке шекем суў ишиў менен жүрдим.

Айтқандай дәслепки қонған жерден шыққан ўақытта бир ой пайда болды. «Усыннан өлип қалсам!—дедим»—сүйегимди табыў ушын қалай жүрсемде, қамыс-

тың басын буўып белги ислеп кетейин. Болмаса излеген киси бул көлди адам гезгенин қайдан билсин. Кемеде из болама!»

Өз ақылым менен өзим кеңесип жүрип ҳәр жерде қамыстың бел буўарынан қайырып сындырып киятырман. Гә жерде он-онбес қамыстың басын байлап кетемен.

Сол жүристен үш күн көшпеде қондым, Балық суўыққа берик, суўда өршиген мақлуқ ғой, мени тоңдырмады. Аш болсаң гөрек,—шөллесең суў бар. Аралдың бул ырысқын неге теңерсең!

Ертеңине орнымнан турсам анадай жерде қазаларым ербийип тур. Қуўанғанымнан бақырып жиберип-пен. Сол күни аўылға келдим.

Адасып киятырып, қамысқа белги салғаным күтә ақыл болған екен. Ертеңине баяғы белгини қуўып, адасқан жерлеримди араладым. Бир айдында көп балықтың үстинен шықтым. Сол жерде жаңадан қаза салып, кегейден талай сазанлары менен тырандай шабақларын алғанман. Ол көлди соңынан журт «Әжимурат көл» деп атап кетти...

Әкесиниң гүррини есине түсип, Жумабай балықтың гә сағағына, гә қызыл қанат қалашларына ынтыға қарап отыра берермеди, қәйтер еди, егер вулкандай атлыққан бир күштиң тәсийринен ол ет бетинен жығылғанда. Еки қолының алақаны менен оң жақ бетиниң алмасын муз қыршып кетипти.

Қалжырап диңкеси кеткен адамның жығылса орнынан турыўы да үлкен мусаллат емес пе? Жумабай тәсир еткен күштен жүреги шоршынып, орнынан ушып турмақшы болып еди, қанаты сынған қустай өңменин бийлеп ала алмады. Қуўатының қашып баратырғанын сезген серли жигит еки қолын музға тиреп, бир қырынлап қәддин тикледи.

Қәддин тикледи де, солып баратырған көзлери Жәмийланы изледи. Ол да шапаның бир қапталында қырынлап қулапты.

Қатты ағар ағыстағы сүйриктей аяқ қолы қалтырап, басы малтанлап киятырған Жумабай өзиниң еле қуўатлы екенин көрсеткиси келди ме, Жәмийланың барып қолтығынан сүйеп турғызбақшы еди, ол нийетине жетпей қалды. Жәмийла бул барғанша орнынан турып.

Жумабайға қолын былғап әлле нелерди айтпақшы болып еди, үни питип, сести шықпады. Оннан соң шығыс жаққа қарап қолын созды.

Екеўи де сол жаққа қарап пияда аяңлап жүрип кетти...

## II

Тилеўмуратов таң ертеңнен бери кабинетинде парасаты болмай жүр. Басқын балықтың бир қалашын зая етпей суўыт жыйнап алыў керек.

— Күн-түн демей қабыл етиң, приемчиклердиң санын көбейтиң! Ат жетпесе, аўылдағы барлық ешеклер иске қосылсын—деп заводқа тапсырма берсе, изин ала «урожай» арқалы колхоз басшыларын шақырып:

— Исти салпаўсытпаң жигитлер! Ақсаған участканы тез-тезден мәлим етип турың! Берилип ислегенлерди сол мәтте сыйлықлаң, хошеметлең. Врачларды азан менен жибердим. Аўыз алалық туўдырмаң! Кеширек өзим бараман деп үсти үстине ҳал жағдай сөйлеседи.

— Поселкалық советтиң председателин бер!—деди тағы телефонның трубкасын көтерип. Азғана пурсаттан пайдаланып секретарь қызды шақырды. Буйра шашлы, көк көз, жуқа жүзли қыз ҳәзир болды:

— Летчиклер таба алмай келип, тағы кетипти.

— Тез тез звонит етип тур?...

— Мақул!—деп қыз сыртқа шықты.

Тилеўмуратов трубканы қолына алды:

— Изекеңбисең? Бәри жыйналып неше адам кетти? Жетпис адам, жигирма бес ешек шана дейсең бе? Азсынған менен илаж қанша! Енди кеңсени жабайық та ҳәмме көлге барайық. Музда ығып кеткен еки балықшыға қараўыллап қаладан шыға алмай отырғанымды қәйтерсен!... Уят болғанда несин айтасаң!.. Кеше күни менен самолетқа минип излеп келдик. Бүгин тағы...

Есиктен аэропорт начальниги менен бир летчик кирип келди. Тилеўмуратов оларға «опять!»... деп салқа түсип, үрейи қашып қарады.

...Илаж жоқ, жолдас секретарь!—летчик жигит қысынғандай қалтыраған бармақлары менен бир папиросты аўзына салды да, тағы столдың ернегине қойды. Албыраған билдиргиси келмей тағы секретарьға тикленип қарады.—Думан. Емески қара көринеди...

— Енди к ·ітемиз жолдас Николаев!—Секретарь жәбирленип қағады· «Марапатты сүйетуғын жигит еди ғой» деп пәзне болып сөйледи,—Финляндия менен саўашта Ленинградқа түнде ушатуғын едим!—деп мақтанатуғын един ғой. Сол ерлигинди бир шығармайсаң ба?

Николаев орнынан ушып турып, әйнектен аспанға тигилип турды да:

Тағы бир излеп келейин!—деди.

— Оң сапар тилеймен, достым!—Тилеўмуратов летчик пенен қосыла майданға шықты.

* * *

Тилеўмуратов балықшылардың қасына келсе, завод директоры Дәўжанов пенен Тилемис қызыл кегирдек болып атыр екен.

Кимдики жөн, кимдики әнтек екенин түсиниў ушын гәпке араласпай томсырайып отыра берди· Дәўжанов «меники жөн емеспе» дегендей секретарьға шағынып сөйледи:

— Балық дузлайтуғын шаң жоқ. Ал, яқшы завод қабыл ете берсин, сонда бул балықты бәҳәрде ширитип алсақ, ким көтереди гунасын!

Тилемис бир шетте тулыптай исип, түнерип отыр еди. Өзинен бурын оның секретарьға жарамсақланып сөйлегенин жақтырмай, қабағын оннан сайын үйди.

— Болдың ба айтып? Жақ жарыстыратуғын ўақыт па усы· Сениң балығыңды тасыйман ба, я суўдағы балықты аламан ба? Балық тасыйтуғын артық қол бар ма? Еки балықшымнан тағы айрылдым!..

Тилеўмуратов орнынан турды.

— Балық дузлайтуғын шаң жоқ па, жолдас Дәўжанов·

— Аўысық болса буйырмасын, иним!..

— Екеўиң де атам бойы қайтың. Муздың үстине тәрези қурсын деп баслық та заводқа тасысын деп директор да қасарыспасын· Директор тәрезесин жағаға орнатсын. Баслық балығын қырға шығарып берсин

Председатель мақулласа да, директордың тағы ызалы даўысы шықты·

— Бул қандай төрелигиң, иним! Шаң жоқ.. —деп отырман.

— Күн босасса, не қыламан ол балықты?!...

Тилеўмуратов мыйығын тартты.

— Шаң жоқ болса, қамысты төсеп, үстине дузлаймыз. Буған қалай қарайсаң?

— Қәйдем, қолланып көргенимиз жоқ еди... — Директор ойланып қалды.

—Аўа, тынышлықта, шанның көп ўағында қолланбағанымыз рас. Енди барын базар ете берейик! Ал иске кирисин!..

Тилеўмуратов аэропорт пенен сөйлесиў ушын «Урожай» ға кетти...

* * *

Тилемис түни менен тыпыршықлап оңлы көзгир ала алмады. Жумабай менен Жәмийла көз алдында елеследи де турды.

...Баласы түспегир өжет еди!... Даўылдың болатуғынын еситти... Жағаға жақын жүрсе қәйтеди.. Басқын балық таўып, абрайы екеўине де буйырмады аў!..

Тилемис кийинип, майданға шықса, таң раўан атқан екен. Ким ешек шанасын жегип, ким пиядалап шубырып теңизге баратыр. Шананың шықырлысы, атлардың дүбири, адамлардың шаўқым сүрени теңиз үстин базар етти. Усы көриниске ышқы кетип қарап турған Тилемис «қанша адам фронтқа кетсе де, еле халқымыз орталанбаған екен ғой» деди ишинен, — «Енди не күш қалды!» деп назырқанып жүрген ол, мына адамды көрип, бойына жаңа қуўат енгендей болды. Мазатланған баладай жүзи жаўқылдап мыйығын тартты.

Дәрьяны жағалап сыпырып жүрип киятырған Тилеўмуратовтан ол бий хабар еди. Ал секретарь тусына жақынлап Сабыровтың әлле неге мәзи-мәйрам болып жүргенине таңланып турды. Оның пәминше урыс басланған күннен Тилемистиң қабағы тастай жабылған еди. Баслықтың бул иштен гүйзелиўин: жумыстың аўыртпалығы менен елдиң қайғысы шығар «...деп ойлады ол. «Еки балықшы ығып кеткели бурынғыдан да түнериўши еди. Ал ҳәзир неге мәз болды екен!»...

Райкомның секретарының үскини қуйылып киятыр.

— Тилемис! — деди секретарь парасатын бийлеп тура алмай.

Тилемис алақлап артына жалт қарады да, райком секретарының келбетин суўық көрип, өз - өзинен тағы түтенди. «Урожайға» жадырап кеткен секретарьдың еңсеси түсип келгенин жақсылыққа жорымай тур.

— Балықшыларға барайық — деп секретарь кетиўге мейил берди.

— Чай ишип алсаңо! — деген председательдиң мирәтине:

— Басында нан - пан жермиз, — деп адымын шалт басып жүрип кетти...

Екеўи де бир майдан тиллеспей жүрип еди, гәпти Сабыров баслады.

— Летчиклерден не хабар бар.

— Әй, жақсылық шамалы!

«Жақсылық шамалы» дегенде Тилемис қуўанарын да, шоршынарын да билмеди. Аң-таңы шығып бетине бежирейип тигилди.

— Кеше Николаевтың өзин және ушырып един ғой. Теңиздиң жағасында ығып баратырған музды таўыпты. Көлеми күтә үлкен усайды. Бир - еки мәртебе ерсили - қарсылы ушып жүрип, «тәўекел»! — деп үсти не қоныпты.

— Ығып баратырған муздың — а!

— Самолетти көтереди ғой! Қонғанын айтқанша, қайта ушыўының машақатын айтсаңшы! «Өзлеримизде қарап бола жазладық!» дейди.

— Ол қалай?!

— Олар қонған соң, самолеттен дәрҳал түсип, муздың үсти менен пияда Жумабайларды излеп кеткен. Бир сааттай жүрип, адамның изин көреди. Сол изди қуўалап, сынған шананың, бир - еки балықтың үстинен шығыпты. Шананың ишинде ат дорба, дерлик, жети - сегиз аў бар усайды. Шананың қапталында жанған оттың қоламтасын көрген. Мәгер аязлап, жылынған болса керек. Бирақ тири я өли ҳеш ким жоқ. Летчиклер аў дузақларды арқалап, жән - жаққа қарап сар сан болып турса, тағы бир сүйретилген из шығыпты. Сол изди тағы қуўып, жигирма минуттай жүрген соң, муздың шетине барыпты.

Ҳеш жерден дәрек болмай, самолетқа қайтып кия-

тырса, муз тағы ортасынан қақ айрылып баратыр екен. Екеўи жууўырыўы менен атлап өтипти.

Енди самолетқа келсе, жартысы бөлинген соң муз киширейип қалған. Айланып ушыўға тар. Не ислеў керек... Николаев тапқырлық етипти. Қанатларын қомлап маторды күшли қыздырып, тезлик берген де самолет орнынан жоқары көтерилген. Сөйтип зорға қайтып келипти. Өзлериниң аман қайтқанын айтсаңшы!...

— Астапуралла! — председатель Тилеўмуратовтың келбетине жалт - жалт қарады. — Не деген дәў жүрек летчиклер! Ғайратыңа сениң... Мың жасар бул летчиклер! Әне герой!

Райкомның секретары оның гәпти ушқындырып сөйлегенине кеңкилдеп күлди:

— Оның несине таңланасаң? Фронттағы ушыўлардың бул мыңнан бири ғой! Жаўынгер летчиклер ондай жерге тас түнекте түседи...

Жолдас Тилеўмуратов — деди председатель — соңда Жумабай менен Жәмийланы қайда кетти деп пәмлейсиз...

— Қайда кетсин. Бир де сандалып жүрип, муздың жағасына келсе, муз тағы бөлинип, теңизге ғарық болады. Бир де муз қырға соқса, онда да үлгера алса, атаўға шығады. Әй азығы жоқ адамлар бәри бир аштан өлип қалады ғой!

— Аштан өлип қалады ғой!—деген сөзи Тилемистиң шаншыўына тийгендей қуйқасы жууўлап кетти.—Ол Тилеўмуратов «Урожай» ға кетерде Жумабай менен Жәмийланы ертип келетуғындай кеўили тоқ еди. Енди мына хабары жүрегине чай тартқандай, иши-баўыры әлем-жәлем! Жумабай менен Жәмийланы өлимге қыймайды.

— Еледе излетемиз. Батыр балықшыларымыздың сүйегин далада қалдырмаймы, — деди бираз ойланған соң Тилеўмуратов.

— Сөйте гөр! — Тилемис қапталында «ал ҳа, де» деп жылым тартып атырған Кәлийлаларға бурылды.

* * *

Таң сәҳәрде Николаевлар ғайып болған балықшыларды табыў ушын тағы ушып кетти. Бул сапары райкомның секретары Тилеўмуратовтың көрсеткен бағ-

дары менен ушты· Ол «Урожай» арқалы былай деген еди:

...Жолдас Николаев бизиң заманымызда адамнан қымбат капитал жоқ екенин түсинесең ғой. Тири табылса ақ жүзли абрайдың үстинен шыққанымыз. Ең болмаса сүйегин таўып әкелмесек — инсанлыққа, елатлыққа шек келеди. Усы жағын тереңирек ойланып көрерсең.

— Ал енди менинше теңиздиң ортасынан излеў пайдасыз. Жаманлыққа жорысақ, теңизге ғарық болады, онда өлиги толқын менен жағаға шығады. Жақсылыққа жорысақ, ығып баратырған муз набада қырға соғады, онда да жағаға шығады. Соңлықтан ендиги ҳәрекет — теңиз жағасын серлеп бир қарап шығыў керек. Сен турғанда басқа қаладан летчик шақырыўдың ҳәжети қанша! — деп Николаевты көтермелеп сөйледи.

Бирақ бул сапардағы хабарда дәслепкинин сыңары болды.

Кеште аэропорт пенен байланыс жасаған райкомның секретары тағы да пуш болып қайтты.

...Қанжығамызды қызарта алмадық, жолдас секретарь! — деп қарақалпақлар арасында гуўылып өскенлигин билдирип, гәпти нақыл менен баслады Николаев, — Адам жоқ, бирақ из бар. Төменлеп ушып баратырған жерде қарайып жатырған нәрселерди көрип, сезикленип қонып едик· Балта менен бел жатыр екен. Тағы бир жерде орақты көрдик. Дәслеп теңиз беттен шыққан еки адамның изи бар. Гей жерде қумға басылған бес саўсақтың орны тур. Буны бизлер еңбеклеген адамға жорыдық. Изди қуўып аз ғана жүрип едик, адамлардың изи көбейип кетти.
басқа жағасында ондай ҳеш белги жоқ.

— Жақын жерде аўыл жоқ па? — деди Тилеўмуратов.

— Шаруа үйлери бар. Бирақ сексен километр қашық турады.

— Балта менен белди не қылдыңыз?

— Алып келдик.

— Соны ҳәзир усы жерге алып келин· Балықшылар менен кеңесейик.

***

...Теңиздиң ортасында самолет түсиўден балықшылар қоршап алды. Николаев самолеттен түсип балықшыларға көргенин айтып берди.

—Отыншылар емес пе екен?—деди Мәтеке ғарры.

Ентигип, жуўырып Қәлийла келди. Орақтың өйер-бүйерин көрди де:

—Мынаў мениң орағым!—деди таңырқаның.

—Өзиң мында, орағың қызылдың қумында не қылып жүр?—деди биреў оны дәлкеклемекши болып еди, Қәлийла:

—Әзилди қойың жигитлер, анаў күни Жумабай сорап алып еди. Өзим қолдан саплағанман. Генжемурат устаға буйыртып едим,—деди.

—Әй, орағың қурысын Қәлийла, адамларды айтсашы!—деп председатель гәпти бөлди де, Тилеўмуратовқа қарады.

— Қәлийланики дурыс болыў керек.

—Аўа таныц тур ғой. Балта отыншыники-ақ болсын. Ал, бел менен орақтың отыншыға не ҳәжети бар?

Мәтеке ғарры гәпке араласты:

—Шырақларым, адам тегинлик пенен өле коймайды. Бир илаж табылған шығар. Сол жердеги үйлерден бир сорап көриў керек.

— Аўа, мен де ғаррының сөзине қосыламан—деди Тилеўмуратов, —жағаға тири шыққаны тақыйық болды. Ийт-қусқа тап болғанда сүйеги қалады ғой. Жолдас. Николаев тағы ушың!

Қәлийла райком секретарының қасына келип, «Самолет пенен мен де барып қайтайын!»—деп өтиниш етти.

Ҳәмме мақул тапты.

Самолет гүрилдеп аспанға көтерилди.

Адамлар түсликке шықты. Тилеўмуратов, Сабыров екеўи Мәтеке ғаррының қасына барса, ғарры дүмшеге чай қайнатып отыр екен. Жумабайлардың хабарына ушластырып Мәтеке әңгиме баслады.

—Әңгимеңиз қызық екен—деп Тилеўмуратов папиросын шегиўге мейил бергенде қосқа бир жигит кирип келип:

—Сизди Урожайға шақырып атыр аға—деди.

— Аэропорттан ба екен?—деп асығыц шығып кетти.

Бир майданнан кейин Тилеўмуратов қайта оралды. «Не айтар екен» деп үймелеп турған балықшыларға; қарап:

— Самолет қайтып келипти. Қумнын басында шашаў отырған бир-еки шаруа үйлеринен сораған екен «оннан бий хабармыз»—депти. Соннан соң Кәлийла.

— Мен усы изди қуўып кетейин. Сизлер қайта бериниз — депти. Енди Қәлийланы күтемиз.

— Қәлийланики ақыл болған екен. Әне жигит!—деди Мәтеке.

— Азықтан албырамаса—деп еди биреў, Тилемис оған қарап:

— Қалтасында ақшасы бар. Тарықпас,—деди.

— Ол көлдеги фермаларға барып гәззел айтса да тамағын асырайды,—деп тағы биреў гәптин соңын күлиспеге айландырды.

Адамлар тағы жылымнын қызығына берилип кетти...

***

Жумабай менен Жәмийла табылыпты,—деген хабар балықшы аўылын Арал теңизиндей толқынлатты...

Күн уллы сәске ўақты. Қасарысқан қыстын искенжедей қысқан қурсаўы бүгин босасып, ашық қуяшлы күн енди «көклемге нәўбет бер» дегендей муздын үстин бәўырлап жатқан бершимек қардын бир қабат перделесин сыпырып таслады. Қуяштын өткир нурына төтепки бере алмай қардын әбигери қашып, мумдай ерийди. Тенизде, дәрьяда, көлде қар суўы—қызыл суў сарқырап ақты.

Быйыл қыс қатты келгенликтен муз қалын қатқан еди. Бирақ, не пайда. Муз үстин қызыл суў қапласа жигит музда елгезердей тесиледи. Ал астын қызыл ағыс қарып, үстин қызыл суў жуўып турған дәрьянын музы өкшесин биринши болып көтереди.

Балықшы атаўлыға тап усындай болып ғапыл келген бәҳәр, салпаўсыған гүз қолайсыз. Әбиселең бәҳәр менен артына қараған гүзде я қайық, я шанаға миндирмей дәрья көл абыржы болады. Абыржы болса, талап тоқтағаны!...

Кешегиден бери күн бирден жылып, қыс қәпелимде салка түскенине райком секретары ҳайран болып, теңиздин жағасында қалша қарап тур. Қалтасынан сигаркасын алып, папиросты тутандырды да көриктей

кең көкиреги түтинди үсти-үстине симирип гартты. Бул оның әлле неге қысынғанда ислейтуғын кәри. Теңиздиң ортасына қарай жайылып баратырған қызыл суўдың бетин қайтаратуғын күш, алдын кесетуғын бөгет излеп тур.

...Теңиздиң ортасы таў-таў үйилген балық. Ол «еле он-онбес күннин райы қайтпас, тасып үлгеремиз» деп жүр еди. Өйтпегенде де илаж қанша. Сейдин жигитлер фронтта. Кемпир-ғарры менен бала-шағаның ҳалынша ислеп-ақ болғаны. Қолға қарайтуғын ис... Оның үстине күн жылып кетти. Күн суўытқан сайын бершимек болатуғын барлық қуяш қыйығын салса болғаны қамырдай көпшип шыға келеди. Балықтын бул,—ети бузылғаны... Онын үстине шегирткедей қаплап қызыл суў киятыр. Балық қызыл суўдын ишинде қалса, оны шана ямаса қайық пенен тасып ушлығына шығыў қыйын. Балықтың бул—далада қалғаны...

Усы еки аўыртпанлық еки ийнине мусаллаттай түсип, тоқсан ойға тоқсырып турған райкомнын секретары қара көрим жерде конький теўип, асығыс киятырған өзинин жәрдемшиси,—секретары Вера Ваcтанова ны таныл ҳайран болды.

Веранын кеңсени адамсыз таслап, бул жаққа келгендей не хызмети шығып қалды. Обком партия шақырттыма екен. Өзим артымнан сүңгип жүргенде... Бир есаптан барып, жәрдем сорасам.

Вера жақынласқан сайын, онын келбет түсинен бир қуўанышты н белгисин анғарып, дәслепки қыялларынан айрылды.

Вера шынында да шалт адым атқан усайды. Бийдай рени қуўарып, терге шомылып қалыпты. Конькиди асығып тепкенликтен бе, ямаса жолда сүрникти ме, әйтеўир спортшылардай болып кийинген қара шалбары симер суў. Үстиндеги жалғыз фуфайка да аўырлық етти ме, шешип қолтығына қысыпты.

Вера райкомның секретарының қасына келип, сәлемлести де, фуфайкасынын қалтасынан еки бүкленген қағазды алып қолына берди.

Қағаздын басы аяғына көз салғаны мәддал жаўқылдап күлип, қыздың қолын қысты да, Тилеўмуратов Вера менен бирге жылым тартып атырған балықшылардын арасына келди.

Ҳәмменин көзи усы қағазда. Шаппаттай усы қағаз ҳәп заматта қолдан-қолға өтти. Ҳәмменин жүреклерин шәўкилдетип, балықшыларға дуў-дуў әңгиме таратқан да усы қағаз еди. Бул қағаз сәлем хат емес, ал дужурымлы жазылған арнаўлы телеграмма еди. Тилеўмуратов даўыслап оқыды:

*«Мойнақ районлық партия комитетине, Тилеўмуратовқа. Адасып кеткен еки балықшыңыздың Тахтакөпир районлық емлеўханаға келип қуўысқанын хабарлаймыз. Денсаўлығы жақсы. Тез емлениўге ғамхорлық етемиз. Сәлем менен.»*

*Қулымбетов.*

*«Тахтакөпир районлық партия комитети»*

Топланып турған балықшылар бир-биринен сүйинши сораў ушын кең теңизде ерсили-қарсылы жуўырып жүр. Тилеўмуратов қалтасынан тетрадь қәлем алып, Вераға усынды да, жаз! деди.

*«Тахтакөпир районлық партия комитетине, Қулымбетовқа. Мойнақ районының еки балықшысын апаттан қутқарыўшыларға ҳәм Тахтакөпир районының врачларына Мойнақ балықшылары билдиреди. Сизиң бул мәселеге дыққат бөлгениңизге рахмет айтамыз.*

*Тилеўмуратов»*

Пәкизе, табылған сөз — деди Мәтеке ғарры,—усы «дилгараманды» (телеграмма) жибере ғой!

Председательдиң жүреги шәўкилдеп:

— Адам жибермеймиз бе?—деп еди.

— Ол жақта Қәлийла бар ғой. Мен бүгин районнан бир врач жиберемен. Ол басында болып алып келеди. Сабыров сен ақша жибер!—деди.

— Аўа, неше күн жататуғынын ким билсин, шырағым. Алды бәҳәр. Кийим-кеншек алар деп Мәтеке райкомның секретарының сөзин хошлады.

Телеграмманы алып конький менен қустай ушып баратырған секретарь қыздың ғайратына ҳәмме ықласланып қарады.

***

...Муз жағаға соққан еди. Жумабай менен Жәмийла адымын сүўретип басып, қаңғалақлап жүрип кия-

тыр. Иште ғөрек, аяқта динке жоқ. Боран сорған жүзлери қуп-қуў. Киси шаршағанда геллең де аўырлық етеди деген сөз ырас екен. Еки әбигердиң желке тамыры үзилип кеткендей геллеси қаңққа аўса денеси де соққа аўады. Жолды жылан из қылып киятыр.

Қайнаўытлаған ийримли ағыста қайық сүйреген салдаўшыдай табаның тиреп турып, өңменин алға таслайды. Қарсы алдынан қара даўыл турып, қанша адым атса да жол өнбейди. Әтирапына қараўға көк желкеге жармасқан зилдей салмақ басын көтертпейди. Жанары жалын атқан баяғы көзлери жоқ. Бүгинги көзлери ҳәлсиреп қәлийма балықтың көзлериндей солғын. Толқындағы қайықтай теңселеди.

Жылысып жүрип киятыр... Қыбырлап, адымын керип басып киятыр. Жаралы арысландай соңғы қуўатын жыйнап, ғайратын түйип: өлим менен қасарысып айқасып, өлеринше жеделленип киятырғандай, қырға шығыўға жүз адымдай жер қалды. Қурғақлыққа шықса өз үйи, өлең төсегине киретуғындай. Бирақ сийрек сексеўилли дүмпешик қум жеткермейди. Булдырап тынған көзге көшип баратырғандай.

Жумабай Жәмийланың қолтығынан демеп жүргиси келип еди, ол «еле қуўатлыман» дегендей қасарысты.

Екеўи де қызыл қумның етегине шықты. Әтирап жым-жырт. Еспе қумның үстиндеги ҳәр жерде қулаған сексеўиллердиң арасында кесирткелер жылт етип зып береди. Алдына қараса қызыл қыя қум, арты шалқар теңиз. Қырға табаны тийгенге ме, теңиз баяғысынан да ғайбарланғандай қара түтини шығып әбешийи көринеди. Жеминен айрылған жолбарыстай ашыўлы гүрсинеди. Жел, қутырған жыландай ысқырады. Бирақ ызғырық жел емес Бәҳәрги қәўпек самал...

Жағаға шыққан соң екеўиниң де бойына бир жағымлы ҳаўа лап ете қалды. Жаңадан денесине қуўат енгендей сергексийин деди. Бир-бирине қарап күлкиси келип еди, димары жетпеди...

Екеўи де аяқ суўытыў ушын кумның үстине отыра кетти. Отырыўдан ҳәмме мүшеси жуўлап қақсап аўырды. Бираздан соң тула бойы уйып баратырғандай қабағы жабылып шийрин уйқы елитти...

Жумабай шоршып, қабағын уўқалап; еки қолын жерге тиреп геўдесин көтерди. Жәмийланың қолтығы-

нап сүйеп, мениреў даланы гезип алға жүрди. Жағада «жетимсиреп» бел, балта; орақ,—үшеўи ғана қалды...

...Бираздан соң екеўи тағы талықсып кетти... Жәмийла лаўлап жанған өртеңнин ишинде тур. Ашшы түтин. Өкпеси аўызына тығылып, деми қысады; көзи зәҳәрдей ашыйды... Әтирапын орап, уйытқып жанған оттан қашып, секирип жуўырған сайын еки табанына ғыжлаған қоз басылады. Тула бойы күйип баратыр... Бир ўақытта муз үстинде ығып баратыр. Ысқырған боран. Қараңғы думан. Ақбас толқынлар бесиктей шайқайды. Суўықтан кирпидей жыйырылып, қалшылдайды...

Шоршып оянып, көзин ашады... Өзинин үйинде жатыр. Дийўалларына тигилип қарады... Тағы көз алды қараңғыланып кетти. Тастай түнек. Таң еле атпаған қусайды. Биреўлер бас ушында гүбирлесип сөйлескендей болады. Узақтан әлле кимниң «Жәмийла!» деп сүренлеп шақырған даўысы қулағына емески еситиледи. Жәмийла жуўап қайтарғысы келип, өңменин көтерген менен үни питип, ҳаўазы шықпайды. Гейде от болып бедени күйеди, гейде жылыўға мантығып; денеси қалжырайды. Күн гә ашылып, гә түнереди. Жанып баратырса, әлле ким отқа суў бүркип бойын суўытады. Жылыўдан суўырып алып, ыссы қушағына басады...

...Кеселханаға келген соң еки күнге шекем Жәмийла усылай есинен адасып, талқысып жатты. Нәўбет пенен күни-түни бас ушында дежурный врач гүзетип отыр. Сестралар гә массаж жасап, гә укол салып; кроватьты айланшықлап жүр. Әлле нелерди айтып, бир-бири менен сыбырласып, сөйлеседи. Биреўи жазылады деп басын ийзесе, биреўлер «қәйдем» деп ернин бултыйтады.

Сол ўақытта сестралардын үстине врач Анна Андреевна Сергеева кирип келди. Буйра сары шаш, тапал, қыр мурынлы келиншек доктордан наўқастын түри-түсин сорайды.

—Айығып кетерме; Анна Андреевна?

—Неге айықпасын! Фронтта буннан да аўыр кеселди өлимнен алып қалып атырған жоқ па?

Сестра врачтын сөзине кеўили исене бермейди «Фронттағы врачлар менен жақ жарысыўға не ҳәдлин» дейди ишинен. Олардан бунын билимин уңқары көреди.

Врач сестралар алдында өз беделин асырып.

—Әлбетте женил кесел емес. Аяқ-қолды үсик алған. Өкпеге суўық өткен. Егер дурыс емин буйырмасаң, соңынан ҳәр қыйлы дертке айланып та кетеди. Буны жазыў, суўдан суўырып алған балықты тирилтиў менен тең. Әне қызлар қолына алған иске үмитсиз қараўға болмайды, — дейди.

Врач сестралар алдында жеделлесип сөйлесе де, еле мойны жеңилленбегенин иштен сезеди. Сезсе де сыр бергиси келмейди. Наўқас еле есине кирген жоқ. «Сәл ўақытта организм қубылып кете ме»—деп қайта тамырын услайды. Дем алысын байқайды. Температурасын өлшейди. Наўқас қабағын тастай түйип, қыйналса қоса түнерип, пешенеси жадырап ашылса; ол да қуўанып, қарсы алдында анасындай пәйик болып отыр. Врач... Совет врачы... Не деген кең мийримли ғамхор жан едиң!... Сениң шийрин уйқың бөлинбеген, столыңда асың шала қалмаған күниң сийрек шығар!... Сениң ашық жүзиң талай Жәмийлалардың жүрегинде кетпес альбом болып қалды.

Сениң мамық бармақларың, он еки ағзадағы кеўип қалған тамырларды сааттың стрелкасындай солқылдатып жүргизди. Саған ким миннетдар болмас. Сәддақ саған совет врачы!...

Таң жаңа саз берген ўақыт еди. Жәмийла көзин ашты. Еснеп суўық демин алды. Врач басындағы көпшигин сәл көтериңкиреп қойды да, аўзына суў тамызды. Наўқас тамсанып жутып, кепкен еринлерин жалады

—Тәуирмисең?— деген врачтың даўысын еситип, жатырқағандай бетине тигилип қарап турды да, бөлменин дийўалларын көзи менен шолып шықты. Оннан соң төбедеги электр лампочкасына телмирип қарады. Және нәзерин аўдарып, аяныншлы түр менен врачқа тигилди.

—Жәмийла, тәуирмисең? Қорықпа, тәуир боласаң Үйине барасаң. Сени айықтырып жиберемиз—Врач маңлайынан шыққан суўық терди сүлгименен сүртип, көзин уўқалады. Тағы да аўзына суў тамызды.

Жәмийла әдеўир есин жыйды. Қабағын үйип ойға батты. Бөлменин ишин тағы шолып, өткен ўақыяны есине түсирди.

...Менин үйим емес! Бул докторхана... Мынау доктор... Мен больницада жатырман... Муз ықты. Самолет төбеден неше мәртебе ушып өтти. Муз тоқтады. Жағаға шықтым. Отырдым. Түргелдим. Бел, балта; қалды... Ол ендиги жағын есине түсире алмады.

Жәмийла басын көтережақ болып, ийегин алға усынды. Анна Андреевна орнынан ушып турып, көпшикти көтерди. Сестра «қусатуғын шығар» деп лэгенди тутты. «Керек емес» дегендей басын шайқады. Оннан кейин:

—Жу-ма-бай қайда? — деп басын көпшикке таслады да көзин жумды.

Врач пенен сестра ымласып иштен сөйлести.

—Жәмийла, олда бар. Мына комнатада жатыр. Сизиң ериңиздиң ден саўлығы жақсы.

—Врач «ериңиз» — деп айтып салғанына тағы иштен өкингендей, ернин тиследи,—Мүмкин ағасы я иниси шығар. Уят болмады ма екен. Наўқасқа аўыр тийди ме?...

—Жәмийла, ол сизин ериңиз бе?

Врач уятын жуўып жайғысы келгендей қайтадан өзине сораў берди. Наўқас жуўап бериўдин орнына мыйығын тартып күлимсиреди. Врач оны «ҳаялы екен ғой» деп пәмледи.

* * *

Жумабай менен Жәмийланы экспедиция адамлары таўып алды.

...Аральскийден шыққан суў хожалығы инженерлери Тахтакөпир районына қарай бет алды. Үш күннен бери экспедиция адамлары гә жерде қонып, гә жерде түсленип, қызыл қыя қумды гезип жүр. Олардың кәсиби Қазалы менен Тахтакөпир аралығындағы шарўашылыққа кең өрисли жайлаўды суўландырыў еди.

Қарақалпақстанның жери не деген кен. Қай жерди аўдарсаң да қунарлы. Батысы суўдыраған боз, —Шоманай, арқасы нар қамыс;—Мойнақ шығысы гия малынған Жаңа дәрья, қубласы мунарланған Қара таў. Не деген байлық!... Әмудәрьясы менен Арал теңизи шыпырлаған балық! Жайлаўы шаңғытқан үйир-үйир мал. Мақпал көллери —,қус базары! Дәрья қайырлары

жийде жапырақлы гүлабы қаўын. Дигирмандай мелле асқабақ, келидей ғарбыз. Ойпаты ырғалған пахта. Қыздай салланған ақ терекли аўылдың әтирапы алпыс түрли бағ. Қосыўыс топырағынан бир уўыс алтын елеўге болар еди... Совет инженерлери менен геологлардың Қарақалпақстанға көп үйир болатуғыны да соннан. Сабырлық ет, совет адамлары алтын булағынды аспанға атлықтырар, сүйикли мәканым!

Жеңис бизики екенине исенимниң күшлилиги ме, бизиң турақлылығымыз ба, Совет инженерлери саўашлы жылларда да илимий исин босаңластырған емес.

Экспедиция адамлары Қызыл қумның бетин гияға малындырыў ушын жер асты суўларын тексерип жүр. Нәўпир суўлы булақтың көзин таўып, жердиң бетине атлықтырмағанша кеўли кеңшир емес. Суў жердиң үстине шықса, Қызыл қум ырғалған егислик болады. Төрт түлик мал жайылатуғын кең өриске айланады.

Үш-төрт машина қумды ерсили-қарсылы гезип жүр. Олардан бир автомашина бөлинип шықты да теңизге қарай бет алды. Қыстағы қатқалақ қумды машина сеңдей бузып киятыр еди, сәл жерде тоқтады да қалды.

Машинаның кабинасынан еки жигит сыртқа шықты. Биреўи фуфайкасы жағал-жағал май, шапкасын жымпыйтып кийген, аяғында керзовой етик, шегирек көз тапалтас жигит,—ол шофер. Екиншиси шолақ тонлы, қатқан қақпаштай сылыңғыр сары жигит,—ол инженер.

Екеўи де жуўыра шығып, бир нәрсеге үңилип тур. Алтын таўып алғандай таңырқанып қарайды. Узақтан қараўыллап жүрген жолдасларына қарап әлле немелерди сүренлеп қолын былғайды.

Машиналардың ҳәммеси де сол жерде, үйме-жүйме болды.

—Интересно, Саша!

—Бул кимлер екен?..

—Ким билсин, отыншылар шығар.

—Жаны бар ма?

—Бар.

—Ким де болса, машинаға салың

Сары фуфайкалы, муртлы, бужыр бет кисиниң буйрығын еситиўден бир еркек бир ҳаялды көтерип машинаға салды да, сол ўақытта жүрип кетти.

Жолдан табылғанларды тийеген машина бираздан

кейин басқа машиналардан бөлинип шықты да, қалаға қарай жол тарты.

Жолаўшылар Жумабай менен Жәмийланың үстинен усылай шыққан еди.

## ҚАШҚЫН

...Әттеген ай.., Шаймий басым мени мәмелек айландырған шығар «Шайтан азгырды ма? Неге шықтым дуньяга. Өлеринде аўзына суўсын бере алмаған ҳарам төлди тоғыз ай сақлаған қурсағына налып кетти ғо бе, аяўлы анам Панасыз, айныған жүрек ерге қостар болғанына әрманың ат басындай шығар, шерли ярым Айдай жүзлеринде әкеси арылмас ган ба салған қарар көзлерим. Өзимди суўға атсам ба екен? Денемди өртеп қул қылсам ба екен?

Тик жардың басында сүмирейип, әбеший киси түнерип тур. Қалақтай жуқа жүзлерине басқан собалақ жүнлериниң арасынан жылтыраған ҳәлсиз көз жанары көринеди. Үсти басы әрим-өрим жыртық, сатпар-сатпар кир. Онын усы пишинин гөрден суўырып алган кисиге уқсар еди. Бул Қәдир еди...

Саққа жүгинип отырды. Қамшының тилиндей жиңишке қолларын созып, мылтығын алды. Ақырғы оғын салды. Мылтықтың аўзын жүрегине қаратты. Қулағын қайырды. Өзин өлип баратырған тақылетте сезди. Аяқ қолы музлады. Деми тарылды. Көзи жумылды.

Бир ўақытта Қәдир жаны ышқынып орнынан өрре турды. Қамыстың арасында жорғалап баратырған сары шубар сағалға мылтықтың аўзын қаратты. Тақ еткен даўысқа Қәдир де, көлде селк еткендей болды. Ақырғы оқты сағалға жумсады.

Мени өлди ме деп келип жүргенине қара, бул сумның—деди ишинен.—Етимди саған жегизгенше...
Қәдир дәрьяны жағалап жүрип кетти.

...Аяқ соқпақ пенен сандалып жүрип киятыр. Узақтан көзине адам көринсе, қалың қамыстың ишине синип кетеди. Жолдан шығып бүк қамысларды жанырып, өңменин алға таслайды. Еки қолы менен айырып, геллеси менен қамысты қошқардай сүзеди. Онын сол киятырган көриниси жабайы тақылетте, ақылынан адасқан, жиллиге мегзер еди.

Жүз алымдай жүрген соң, ҳалықлап—өкпеси өшти. Ҳалдан кеткен соң саққа жүгинип отырды. Қамыс қыйып айғызланып қан ағып турған алақанларына мүңлы көзин салады. Тысыр етсе, жан-жағына жалтақлайды. Секирип ойнаған мәлим пышық та, қамыстың жапырақларын сылдыратқан самал да, пақалларына қонып, сайраған көл шымшығы да,—бәри де жаў. Бәринен де шошып, қалтырап, түси қашып, жанын қоярға жер таба алмайды. Сескенетуғыны «Биреў келип қалмай ма екен, биреў услайын деп аңлып тур ма екен, жән-жағым қоршаған адам ба екен»... Ол адамнан қорқып, адам жабайысы тақыллетте еди.

Сығалап алды-артына уры пышықтай жалақлап қарады. Орнынан аўыр қозғалып соқпаққа түсти. Бир гезде әлле ким өзин қуўып киятырғандай малақайын қолтығына қысып, ышқынып жуўырды. Алды артына қарап зыңғып киятырғанда ларс етип қулады. Ербейген узын денеси бүк қамыстың үстине жалп ете қалды. Оқ тийген кийиктей гыпырлап аўнап қамысты жайпап жатыр. Бир ўақытта басын көтерди. Оқ тийди ме!—деп өйер-бүйерин сыйпайды. Он қолын салып, жүрегин тыңлады. Дүрсилдеп соғып тур. Әтирапына жалт-жалт қарады. Тыртым. Он аяғының бас бармаклары сызлап аўырады. Он етигинин ултаны жоқ. Аяғының бас бармағының тырнағын қопарып кетипти. Етиктиң ултаны қапталындағы томардың басында көрди. Жеркенишли көзи менен томарға бираз тигилип қарады...

Ызалы орнынан турды. Көлдиң ишине тағы сиңип жоқ болды.

...Түн. Ай жарық. Айдың муз. Кишкене қол шананың бас жибин ийнине салып, Қәдир тимискенип жүрип киятыр. Гә тоқтап жән-жаққа қулағын салады. Гә жуўырып-жортып жүреди. Гә қәддин тиклеп, гә буғып он еки муқамға дөнеди.

Ойылған үкилердиң қасына келди. Аяғы менен үкиниң бетиндеги каймақ музларды бузды. Аўдың арқалығын саўмалап тартты. Торға оратылған шортан, алабуға, шабақ, ылапыш; шыпырлаған балық киятыр. Балықты тордан жаздырып, муздың үстине таслап тур. Балықты көрип, жүрегин басты. Өзиниң қашқын екенин есинен шығарды. Мийнеттиң қызығына араласып кетти. «Мийнет етиўим керек екен ғой»—деди ишин-

ген—мийнет гүнамды жуўарма еди, қәйтер еди!—Ой кеширмейди ғой!.. Мен ҳүкиметке душпан адамман! Тәўекел, енди тығылар тесик жоқ!..

Кәдир аўларды шананың үстине үйип, белинен шандып байлады. Балықларды бир жерге жыйнап, ийт-қус жемесин деди ме, еки-үш баў қамыс орып, үстин жаўып, шананы сүйреп жүрип кетти.

Кетип баратырып, қалған балыққа, бос үкилерге қарап;

—Тағы қылмыс еттим-аў!—деди иренжип,—Кәлийла кәлдиң аўлары екен ғой! Балығыңды таслап кеттим, аўларыңды алдым, кешир! Ақыры көлде қалай өлемен!..

Кәдир қамсығып, шерин шығарғысы келип еди, көзинен жас шықпайды.

***

Сызылып аққан Ақдәрьяның ғырра жағасында салынған үлкен ақ жай колхоздың кеңсеси. Кеңсениң оң жақ бөлмеси мәдений орын. Шеп жақ бөлмеси бухгалтерия, ортасындағы бөлме басшылықтың кабинети. Бухгалтерияда тапалтас, адырақ көз қара жигит балықшылардан келген квитанцияларды ҳәр бригадаға айырып жазып отыр. Счетты үсти-үстине қағып, цифрларды қағаздың бетине ықшамлап моншақтай дизеди. Квитанцияларды аўдарып отырып, бир квитанцияға көзи түсти де ойланып қалды. Артындағы квитанцияларды тез-тез көрип шықты да бағанағы квитанцияға тағы тигилип қарады.

—Ҳайран қаларлық!—деди жигит төрги столда хат жазып отырған бухгалтер жигитке.

—Не өзи?—деп бухгалтер де жазыўын тоқтатып, статист жигитке тигилип турды. Ол квитанцияларды алып, бухгалтерге усынды. Екеўи де ан-таң.

—Каражанов... Киров атындағы колхоз, екинши бригада... жети центнер... еки центнер сазан, үш центнер шабақ, бир центнер сыла, қалғанлары майда балық.

—Бул ким өзи?

—Бәсе, ким?

—Басқа колхоздың адамы шығар.

—Онда заводқа қайтарып жиберейик пе?

—Басшылыққа ойлас!—деди бухгалтер.

Статист жигит Тилемистиң кабинетине кирди.

—Айтжан, жайша ма?—Тилемис қалтасынан папиросын алып, шегиўге мейил берди.

—Мына бир квитанция, алжас келди ме? Бизиң колхоздың адамы емес. Қаражанов... дей ме?„ Бирақ балығы осал емес.

Председатель де ойланып сам-саз болды.

—Қайсы завод екен? Ҳа, Порлы таў заводынан екен ғой!... Ҳәзир мен сол жаққа жүремен ғой. Өзим анықлап келейин,—Тилемис квитанцияны қалтасына салып кенседен шықты.

...Заводтың бухгалтериясында ҳаял еркеги бес-алты адам, кими архивты аўдарып, кими счет қағып отыр.

—Әй, Есен!—деди Тилемис кирер-кирместен бир шетте отырған жигитке бурылып, квитанцияларды неге ғабырыстырып жүрсиз. Военный ўақыт екенин билмейсең бе? Қашанға шекем шарласамыз да жүремиз. Пуқта болмайсаң ба?

Жигит бетине жалт-жалт қарап, қысынған пишинде Тилемистиң қолынан квитанцияны алып көрди де:

—Қаражанов! Аўа, дурыс ғой... Сизиң колхоз, екинши бригададан,—деди.

—Маған адамларымды танымастай не болды. Бизики емес...

—Басқа колходан ба екен?

—Ким қабыл еткен? Қайсы пиремчик?

Мынаў Сейтмуратовтың қолы ғой.

—Онда сол Сейтмуратовыннан сорап, ертең анықла!—Тилемис есик жаққа бурылды да, тағы артына қарап—Бизиң балық болып және алжас болмасын. Тезлет иним!—деди.

...Үш күн арадан өткен соң колхоз статисти тағы председательдиң кабинетине кирди.

Баяғы квитанция тағы қайтып келди,—деди Тилемиске қарап.

—Не депти?

Мынаў жазған хаты ғой—деп Айтжан көк конвертти баслықтың қолына берди.

...Киров атындағы колхоздың басқармасына! Барлық колхозларға сораў салдық. Қаражанов ҳеш колхоздан табылмады. Приемчикке: «мен Киров атындағы колхоздың екинши бригадасының балықшысыман». депти,

Қаражанов деген узын бойлы киси. Приемчик оны танымайды екен... Завод директоры.

Председатель қағазды услап, еки қасынын ортасы жыйырылып, тунжырап ойға батты...

* * *

Қэдир күндеги сыбыр жолы менен балық толы шананы қалын қардын үстинде табанлап тартып киятыр. Табанындағы темири желинип, жақлаў ағашлары жампыйған гөне шана еги сылынып, сүйеги соррыйған Қэдирдин еки ийнине мусаллаттай жабысып, қара жерде сүйерегендей ысылдап, адымын зорға бастырады. Шананын арқаны қыйған еки ийини дуз сепкен жара дай сызлап ашыса да, көкиреги сергек, кеўли көтеринки. Көзинин жанары жайнап, тунжыраған қабағы ашылғандай, ишиндеги ҳәсирет оты сөнгендей, жүрегиндеги аўыр дәртке даўа табылғандай, он еки ағзасын бир қуўаныш кернейди. Бул қуўаныш қаўымға қосылмаса да «Халыққа хызмет еттим» деген кеўилдин тоғы еди...

Бирақ еле де кәўип-кәтерсиз жайлы жерге шыққан жоқ. Өзин «қара даўылдын райы қашан қайтар екен!» деп толқынлы айдында көтерилип басылып турған кәшпедей сезеди.

Сонлықтан аяғын еле де ғаз-ғаз басып, қоян жүреги қәўесет-қәтерден шоршып, артына қарай-қарай жүреди. Сәл ўақытта жазым болмасқа, қула дүзде қалмасқа ақыл-ҳуўышын жуўыртады.

Қэдирдин бүгин балық тапсырыў ушын приемчикке киятырғаны. Порықтай қалшылдап, басын бәйгиге тигип, адамларға ширкеўли келбетин көрсетиўге киятыр. Бул жан айбаты, жан таласып баратырған кисинин ақырғы қайсарлығындай еди.

Қэдир қопалақтын тасасында турып, прием басындағы адамлардын ғаўырлысын тын-тынлады. Жүреги қәўлирип, қанасына сыймай туўлады... Адамлардын ғаўырлысы, күлискен, сүренлескени дәслеп қулағына жат даўыс болып тийди, жабайыдай оларға түксирейип қарады, бирақ кем-кемнен онын жаны үйир тартты ма, бул даўыс тула бойында қызыў қан ойнатып, адамларға бүйири бурып сала берди. Қалша қарап турды: «ғаўырлы бәлентке көтериле берсе, Қэдир де арасына ба-

рып, қосыла кетсе»... Қулағынын қурышы қанар емес. Ағайын-қарындасқа, туўылған елге деген муҳаббат, мийрим,—шалқар тенизден. Олар шақақ атып күлсе, булда емезеги қурыйды. Асқар таўдын басында турғанларға бул жерде телмирип қараған мүгедектей. «Әй Қәдир,—дейди ишинен—сен тениз ортасындағы алтын таўға қолын созған бәнгидей болма! Сенин ағайын қарындасқа қарайтуғын не бетин бар!»...

Қәдир суўық демин алды... Сығалап қарады. Енбеклеп шананы тартып алға жылысты. Алдына көзин сүзип телмирди. Колхозшылар балықларын тапсырып, мәзимайрам болып, үйлерине қайтып атыр екен. Үш адам ғана қалды. Биреўи сақалы қуўдай ғарры киси—ол балықларды шаң менен бастырып атыр. Екиншиси малақайынын еки қулағын желкесине қайырып байлаған, орақ мурт, сепкил бетли, қырма сақал киси. Ол жән-жаққа қарап, зенирейип тур Үшиншиси шеп қолы шығанағынан кесилген, үстинде төнерген солдат шийнели бар, белин енли былғары қайыс пенен бууған, узын бойлы, қус мурын, торы жигит—ол тәрезинин үстинде счетты қағып отыр. Бул приемчик болыўы керек...

Қәдир үшеўин де танымӑйды. Не ислеў керек?

Ол өзине өзи жедел берди. «Тәўекел дә!... Шананы пәтленип алға тартты да, сүйреп ала кийлигип приемчиктин үстине келди.

— Ассалаўма әлейкүм, ҳарманыз!—деген даўысқа ол:

—Саў жүрсизлер ме?—деп салқын жуўап берди де, тунжырап төмен қараўы менен зембердн алып, балық сала берди.

Прием басындағы үшеўи де ғайыптан келген бул «балықшынын» тәртипсиз өскен сақал-муртына, жүдеген келбетине, алба-лалба кийим- кеншеклерине түксирейип қарап турды да, ғарры киси зембердин екинши қапталын көтерди. Онын қасындағы адам шолпыны алып, балықты земберге салды.

Балықты өлшеп болған сон фронтовик жигит «қайсы колхоздан, нешинши бригададан, аты-жөнин ким?»—деп сорады. Қәдир бул сораўға:

—Қаражанов. Киров атындағы колхоз, екинши бригада,—деп жуўап берди.

Приемчик жети центнер балықтын квитанциясын жазып, тийисли ақшасын қолына берди. Қәдир ақшаны алыўдан шананы сүйретип суўыт жүрип кетти.

Үшеўи изинен тағы қарасып қалды.

—Күни-түни көлде өмирин өткизген, бир пақыр ғой! Әпшерине қара!

—Неде болса еңбеги қолына тийипти, байғустың! Жети центнер балық әкелди!...

—Нағыз мийнеткеш адам ғой, рахмет!—деп приемчик жигит олардын гәпин хошлады.

Қар үстинде маңғаңлап шананы сүйретип киятырған Қәдир сол күнги истиң оңайласып, бахытының жеңгенине иштен қуўанып киятыр. Арадан және еки күн өтти. Уйқысы сәл тынышланып, алағадасы кемиди. Еңсесин искенжелей қысқан өлим қурсаўында бәўырын босатқандай Ети тиришеленип, көзинин жанары енип, ақ сүттей келбети гүрең тартты, сирескен аяқ қолын бәўрына жыйнады.

«Бүгин де талап оңғарылғай!»—деп киятырған ол балық толы шананы сүйреп, бир қопаға бойын жасырып, узақтан приемға сер салып қараса, анаў күнги приемчик жигит пенен қапталындағы еки киси жәңе көринди. Бирақ тәрезинин қапталында қол шана тур. Балықшынын шанасына уқсайды. Ийеси жоқ. Көзи түсиўден қәўетерленип турды да: «өзлериники шығар, бул ўақытқа шекем балықшы не жесин, ҳәммеси үйлерине тарқасты ғой»—деп алдына адым басты.

Прием басындағылар менен бул сапары баяғыдай туйық минез емес, ал жайдары пишинде, ашық минезде сәлемлести. Талаптын жағдайын сорағанларға бүгин балық-шабақтын нобайырақ екенин айтты Бирақ оның жүзи қубылып, көзи, жән-жаққа тимискиленип, денеси қалшыллап турды. Бул пишинин басқаларға сездиргиси келмей қаншама кирпидей бүрисип, кепкен терилей сиресе де, жүреги лоблый берди. Изинде жансызы бардай әтирапқа алақлап қарайды.

Әдетте қыс мәўсиминде балық қабыл ететуғын жерде балықшылардың чай-суў ишиўине, гейде ақшамласып қалыўына ылайықлап колхоз басқармасы қамыстан уядай бастырып, жыллы қос дүзетип қояды. Тап усыманда да айдыннын жағасындағы қурылықтан әтияжлап қос дүзетилген екен. Қәдир ҳәзир сол қосқа қулағын

салып тур еди. Қостан жигирма адым қашықта балық тапсырып турған Қәдир әлле қандай даўыстан дир ете қалды.

—Әй, Жуман!—деген ҳаўаз шықты қостан.—Қумған қайнады. Чай-қантын қай жерде?

Қәдирдин келбети сурланып, жүзи оңып кетти. Қалшылдап, денеси гә қызып, гә жуўлап қостың есигине түнерип қарады да турды. Қостағы адамнын даўсын биреўге шырамытса да, ким екенин айыра алмады. Ақыры тақаты шыдамай, приемчик жигитке қарап , мулайым даўыс пенен:

—Қостағы қонағыныз ким еди, шырағым?—деди.

Бул ўақытта квитанция жазып отырған жигит оның сораўына:

Ақдәрьяшы, Қулмурат ағай ғой, чай ишейин деп қосқа қайырылып еди,—деди ҳүрмет көрсеткен пишин менен Қәдирдин келбетине қарап.—Чай ишсеңиз, қосқа барын яшуллы!

Қәдир қолайсыз жағдайға түскенин сездиргиси келмегендей қысылып

—Рахмет иним! Шөллеп турғаным жоқ. Тезирек питкерсең, кетер едим. Шеним болмай тур!—деп мыңғырлап тәрезинин қасындағы қол шанаға нәзерин аўдарды да және жалт бурылып, қосқа көзинин қыйығын салды. Сам-саз болып ойға батып тур...

...«Үлкен бәлеге дуўшар болдым!... Бүгинги талап оралмады... Егер Қулмурат сыртқа шықса Қәдирди аттын қасқасындай таныйды. Булар төртеў, ол жалғыз, Қулмурат ым қақса болды, төртеўи бас салып услап, шанаға байлайды да жанын «жәннетке» тапсырады. Ол бир қылға илинген қумырсқадай жанталасып тур. Қашарға пана, тығыларға ин жоқ! Приемчик жигиттин счетты әсте қағып, салмақлап жазғанын ол: «Душпанды иркип турайын деген ҳийлеси шығар, бул сумның! деген пәмге кетти. «Тезирек!»—деп қыстастырыўға оның батылы бармайды. Тәрези қасындағы үшеўинин де жүз қубылысына қанша тигилип қараса да, олардың пишини тулғасынан гүдиклеперлик из көринбейди. Енди ол қостағы адамнын сыртқа шығыўын ғана күтип тур. Үйиринен аласқан тайдай туўлайды. Инсанға тутқын болган жабайыдай арпалысып, иштен өз етин өзи жейди, қырға шыққан балықтай шапшыйды. Қыстанады, ыңжылады, гүрсинеди!

Приемчик жигит тапсырған балығының ақшасын бериу ушын квитанцияға қол қой,—деп қәлемди усынды. Ол ебетейсиз түрде, қоллары дирилдеп, қәлемди алды. Қағазға гүмилжи ийрекей сызықларды әбигерленип салды. Муздың үстинде жатырған шананың бас жибин усләды. Қай тәрепке жүрерин билмей бираз дағдырып турды да, қубла күн-шығысқа қарап зың берди.

Муздың гедир-будырындағы шананың тасырлысы оның қулағына қуўып киятырған адамлардың аяғының дүрсилдисиндей еситилип, артына алақлап қарайды. Алдына абынып, музға сүринип, тайып, толқындағы томардай шошаңлап, батып-шөмип киятыр. Ат туяғындай айдыңды кесип өтип, қалың қамысқа киргенде тоқсан өткелден өтип, қырық қыспақтан атлағандай жаны жүз қысылып, Қәдирдиң төбесинен аққан тер қонышына қуйылды. Ол өзин сол қамшылаўы менен нар қамыстың арасына сиңип көзден ғайып болды...

* * *

Сабыров. Тилеўмуратов. Мәтеке,—үшеўи гүрриңлесип отыр еди. Есиктен кирип келген Жәмийлаға көзи түсип, райкомның секретары орнынан ушып турды да барып қолынан алды.

...Жәмийла бул күнде ағарып, толысыңқыраған, кең маңлайы таңлай көрк шашып, доға тәризли ийегиниң астында жетилип киятырған солғым ериктей буғағы уўылжып тур. Мийиздей қара көз, қар үстине тамған қара сиядай, ғаз омыраў төси қайқайып, үш таллап өрген еки бурым қара шашы атлас орайпек пенен қолдан көгерген қызыл-ала гүлдей ғайры нағысланып тур.

—Ериңизден қуўанышлы хабар келди,—деп еситтим.—Қутлықлайман келин!—деди райкомның секретары.

—Рахмет, қайнаға'—деп мыйық тартқан ўақытта еки бетиниң алмасы дәрьяның қайтпасындай қайнаўытлады.

—Ден саўлығыңыз қалай?

—Жақсы, айығып кеттим.

Партия шөлкеминиң секретары Ниязов есиктен кирип келип, сөздиң тәркинин аңлады да:

—Партия ағзалығына кандидат болып киргенин қутлықлаў керек,—деди секретарьға қарап:

О —ҳо Молодец. Тағы қол алысатуғын болдық ғой.-.

Тилеуўмуратов: отырыныз—деп өзи стул қойды да:

—Қәне, ҳәзир не кәсиптесиз?—деди қалтасынан папиросын алып:

—Балық аўлайыя десем парторг қайнаға менен баслық дайы бираз күн тынығып ден саўлығыңызды дүзет, деп дузақларды қолдан сыпырып алды.

Ҳәммеси Жәмийланың гәпти ушқындырып айтқанына мырсылдап күлди.

Партия шөлкеминин секретары сөзге араласты:

—Жәмийла мағаң үлкен сүйеў болды, жолдас секретарь Келин мәзи жүрген жоқ. Қызыл Армияға поларка жыйнап жүр. Аўылымыздын сүбели агитаторы усы.

Жәмийланың ала көзлери жаўқылдап:

—Қойшы қайнаға, мақтай берме, асқынлап кетермиз—деди де өзинин хызмет жайын айтты.

—Колхозшылар былай деди: «сыйлық болған сон салтанаты болсын, биротала бир самолеттын қунын көтерейик»

Отырғанлар тунжырап ойланып қалды. Бир ўақытта Сабыров басын көтерип:

—Аўырлық соқпас па екен? Колхоз гүйзелип қалмаса?—деди.

—Халық көтереди, халық табады. Халық билсин деди райкомнын секретары сөзин бөлип. Сабыров қайылшылық бергиси келмеди.

—Халық усы колхоз ғой. Аў-дузақ та кемис.

—Сабыров онша ыңжыла берме—деди Ниязов секретарьдын сөзине қосылып,—берсек берейик.

—Олсыз да даңқ шығарыўға болады,—деп Сабыров гүңк етти.

Немецлерди жеңип баратырмыз ғой. Самолеттин пулына аў-қурал алып, балық берсек дегеним ғой.

—Екеў-ара keрисpеден не ис питеди.—деди райкомнын секретары,—Түйе берсениз де, бийе берсеңиз де колхозшылардың улыўма жыйналысында шешерсиз,—Қәне, ферманын аўҳалын көрейикши

Райком секретары, колхоз баслығы екеўи фермаға кетти.

Жәмийла партия шөлкеминин секретарына иштен гүрсинип муңын шақты...

Ниязов Жәмийланың кеўлин алып, бул әңгимеден өзиниң де хабарлы екенин айтты.

—Баста усы гәпти шығарған өсекшилердиң тилин кесер ме едиң!—деп ызғарланып күйинип сөйледи де тунжырап отырып, былай деди:

—Урыс! Қәйтесен! «Қара қағаз» келмегенде, усындай насақ гәплер таралар ма еди. Ҳаққа бәле жоқ деген. Ҳеш гәп болмас. Бала келе берсин, ақыллайдырармыз!

Жәмийла қамығып отырып, Сапарға деген өзиниң жүрегиндеги турақлы муҳаббат сырын майдалап отырып, әңгиме етти:

—Әке-шешениздиң азғырып, аўылға шабыўыл жасаған ўақыттағы сизиң, турақлы қайсарлығыңызды билемиз ғой! Онын бержағында билек сыбанып балық аўлап жүрсиз. Енди жол ортада сары уўайымға салынып, ошақ басында қалып жүрмен!—деп партия шөлкеминиң секретары ҳаялға жигер берди.

—Айта көрмеңиз!—деп Жәмийла силкинип, секретарьға қарады—Қарсы қулап аққан қандай тасқынға да төтепки бериўге жүлпыслық жигерим бар. Бирақ балық аўлаўға врачлар рухсат етпей тур.

—Онда бәҳәр шыға аўларсыз! Қызыл әскерлерге сыйлық жыйнаў жумысын қолға ал. Жаўынгерлердиң семьяларына барып жеңистиң жақын қалғанын түсиндир.

—Болады!—деп Жәмийла кабинеттен шықты.

* * *

Жәмийла менен Жумабай жәие Қәлийла—үшеўи Тахтакөпирден аўылға келгенине ярым айдай болды.

Врачлар Жәмийланың өкпесин суўық шалғанын ескертип, жазға шекем суў талабына айланыспа деп зинҳәрлеп айтты. Жумабайдың шағылмаған күш қарыўынан ба, ишки сарайы аман болып шықты. Ол аўылға келген соң бир ҳәпте дем алды да, тағы талапқа шығып кетти.

Булардың елге аман қуўысқанын қашшан Қәлийла хабарлаған екен. Аламанның еле мурты бузылмапты. Теңиздиң иши сүрен-шаўқымға толы.

Арданлап, тақыр муздың үстинде киятырған Жума-

байды ең дәслеп Қәлийла алыстан көзи шалып, көпшиликке қарап әлле немелерди айтып күлдирип тур.

Жумабай даўыл ескен күнги өзинин өжетлигин халық қалай минге алар екен деп тулланып киятыр.

Мине көптиң арасына кирди. Ҳәмменин жүзине жалтаңлап қарайды.

Ҳәр ким менен дара-дара сәлемлесип атыр. Жумабайдың көзине ҳеш адамнын ашыўлы келбет ажары сезилмейди. Өзине қайта көрисип болған ғаррылар:

—Аман келдин бе балам! Бес-алты күн мийнет ҳеш гәп болмас. Жүримин бар екен. Мын жасарсаң қосшым!—деп аталық мийримин төгеди.

Бирақ Қәлийла көпшиликтин Жумабайға усы аяныщлы елжиреген пишинин қубылтып жиберди.

Сабыров пенен сәлемлесип атырған ўақытта Қәлийла:

—Қосшым, Жәмийланы шаппаттай музға мингизип Аральскийге қарай тура қашқанша, қыр менен Қоңырат жаққа қарай кетпейсен-аў!—деп еди, адамлардын бразы күлип жиберди. Жумабайдын ажары биресе сурланып, биресе қызарды.

Тап усы ўақытта Тилемистин әзелдеги қатал минези тутты. Қабағы тас жабылып, председатель жигитке ашыўлы қарады.

—Ҳе, енди ҳаўа районы бақлаў станциясына исенетуғын болдын ба?—деп зәҳәрли көзлерин қадап, түнжырап турды. Жумабай шоршынып кетти. Председательдин түсине жалт қарады да, нәзерин басқа жаққа бурды.

—Ҳәр күни бир балықшы ығып кете берсе,—деп председатель сөзин жалғастырды—Қалған адамлар соның сарсанында жүрсе, талап ислей аламыз ба? Қашқын Қәдирди услаўға да бир шабақты мәп көрип отырмыз. Бир азғын төлдин кемислигинен жаўдан женилмеспиз, мейли қашанға шекем доңыздай көлдин батпағында жатар екен...

Қәдирдин аты аталған ўақытта балықшылар силтидей тынып, ажарлары түнерип кетти.

Тилемис папиросын тутандырып турып тағы сөйледи:

— Қәлийла дурыс айтады. Музды шетинде жатқан сенин қағазынды көрмегенде Жәмийланы азғырып алып

қашып кеткен шығар деген де пәмге кетип едик. Бул жерде даўыл гүналы емес. Тениздин минезин билместей қайда туўылдың. Сен толқын менен ойнасқан кемеде туўылдың. Ғәлетпе усы сөзим, халайық?

— Дурыс, дурыс — деди хәмме ғаўырласып.

— Еринен «қара қағаз» келип, матам тутып жүрген Жәмийланың көлди жапырған ғайратын жоқ қылдын. Колхоздағы барлық хаял · қызларға жедел берип жүрген келиншек еди. Жас нәрестесин қайтерсең! ... деп председатель буўлығып турды да, — не жаза берейик буған? — деди.

Усы ўақытта көпшилик: «баланы арашалап алсан-о!» -дегендей Мәтекеге қарады. Мәтеке малақайын қолына алып, бурыл шашлы басын бир сыйпап, қайтадан кийди.

— Менде сөз бар,—деди ол—Халайық Бунын түптийкары заманның қуўанышы. Екиншиден, жаўды тезирек жениўге балалардын батырлық бедели. Ендиги әўладлар Ўатан ушын деп кетеди. Ҳүкимет жас өспиримлерди усылай өсирип атыр. Өз ҳүкиметин сүйеди. Буйрығын орынлаў жолында жүреги таўдан қайтпайды. Болмаса, баяғы заманда байлар малайларына «малды узағырақ отарға апар» десе, еки-үш күннен сон, «қасқыр көп», — деп жорта қайтып келетуғын еди. Ақдәрьянын балалары оққа төсин керип, тениз бенен айқасса, аман келсе, бул да еенин урпағыннын батырлығы, Тилемис!

Бирақ, — деп ғарры Жумабайға көзинин қыйығын салды — иним, әнтек еттин!... Сол күни «даўыл еседи!» деп бақыра-бақыра Қәлийланын даўсы қарлықты. Ҳүкимет айтса қалып айтпайды. Енди «бир билмеслик билгеннен де өтеди» деген. Кеширe ғой инимди!—деп гәпти кести.

Мәтеке председательдин келбетине қарап еди, қатыўы әдеўир жумсарған екен. Председатель мыйығын тартты да:

— Кәне, өзи не дер екен? — деди.

Жумабай шекесин қасыды. Өткен бир өмир сабағын есине түсире алмай турған кисидей бир өмир ноқаттан көзин жазбай турды. Оннан сон басын көтерип, былай деди:

— Жәмийла ол күни қутылатуғын еди. Мени қутқарыў ушын муз бенен ығып кетти. Оның азаматлық мий-

рими менен батыл журеги мениң өжетлигиме жанып кетти. Маған жаза қолланпсаңыз да, оған рахмет айтыўыңызды өтинемен —ол тағы әлле неме айтпақшы болып аўзын жасқап еди, тамағы тығылып қалды...

Сол күни кеште председательдиң қасына барып талап жағын сорастырып еди. Жәмийла менен екеўине аўланған балықты тең жазғанын айтты. Усыны еситип кеше Жумабай аўылға келип, Жәмийлаға хабарласып, ден саўлығын сорады.

— Айығатуғын түрим бар—деди Жәмийла—бирак теңизге шығыўға докторлар еле рухсат бере қойған жоқ. Сол жақ өкпем сәл шаншыңқырайды. Сийрек жөтелим бар. Болмаса докторды бәне етип отырғаным жоқ.

Неде болса, айыққанша сабыр ете тур! —деп Жумабай үйден шығып кетти.

* * *

Партия шөлкеминиң секретары Ниязовтың кабинетинен шыққан соң Жамийла аў-дузағын сорайын деп Жумабайдың үйине қайрылды.

Есиктен кирип барған ўақытта төрде аў тоқып отырған Жумабайдың қапталында отырган Сәлиймаға көзи түсти Жәмийла есик аўызында қалшыйып турып қалды. Сәлийма орнынан ушып турып, қыйпақлап қолын узатып еди. Жәмийла суўық сәлемлести. Соннан соң Сәлийманың өрине барып отырды да Жумабайға қарап

— Ҳарма!—деди.

—Бар бол!—деп көзин қуйқылжытып қарады Жумабай.

Сәлийма екеўине көзин бир аўдарып таслап: «Бул келсе жадырап сөйлеседи. Мына қағын сыйқырлаған ғой!» деди.

Жәмийла:

—Балықтың ақшасын алдың ба?

Жумабай:

—Алсам, бир тыйынға қыянет етпей түўел әкелип беремен.

— Әне!—деди. Сәлийма— табысларын да қосқан.»

Жәмийла:

—Теңизге неге кетпей отырсаң?

Жумабай:

—Ҳәзир кетемен!

—Әне!—деди Сәлийма—Тап күйеўиндей буйырады. Мени қызғанып отыр...»

Жәмийла:

— Ертен — бир күннен мен де барып қайтарман.

Жумабай:

— Мейли! Еситтим ғой!..

Жәмийла:

— Еситсен сол хызмет бойынша.

— Әне! — деди Сәлийма —күйеўин бир ели қасынан қалдырғысы келмейди. Ширкин!.. Мениң күндесимдей!»...

Жәмийла енди Сәлиймаға қарады:

— Қызыл әскерлерге жәрдем жыйнап жүрмиз. Не жәрдемиң бар, Сәке? — деди көз жанарын қубылтып.

Сәлийма бултыйып, терис қарады.

— Менин әскерим — күйеўим өлди...

Жәмийла түксирейип, тигилип бир қарады да.

— Менин де күйеўимнен баяғыда «қара қағаз» келди ғой!... —деди жекиренип. Төреште тири шығар...

Сәлийма орнынан ушып турып, есик бетке қарай тәпққойды да, артына жалт қарап:

— Сен күйеў таптын ғой!—деп зып берди.

Жәмийла Жумабайға қарап ызаланған түрде мырс етип күлди

— Усы бийшара сени меннен қызғанып ақ тор етинен айрылды. Қсныздай тызылдап жары абрайымды төкти. Абысын-ажынлардын да әңгимеси мен. Анаў күни муз ға екеўимиз ыққанымызды былай деп өсек таратыпты: Екеўимиз сол күни теңиздин қақ ортасында ойнаған уқсаймыз. Соған кәраматлы теңиздиң қәҳәри келип, қақ бөлинипти де, муз бенен алып кетип, бир жағаға ылақтырып таслап кеткен уқсайды.

— Әстапуралла! — деди Жумабай басын шайқап.

— Усы Сәлийманы — деди Жәмийла — сен ала қойсаң — о! Мен гәп сөзден қутылайын. Саған әзелден ықласы зор. Еркеклердей ҳаяллардын да өзине жетеғаба мухаббаты болады. Аҳуў-зары бир сен...

Жумабай кенкиллеп күлди.

— Өли гөшти арқалап жүр дейсең бе, маған. Ол қостар болып, бир жағынды гүпшеклеп жүрмесе. Талап десе атлы қашады.

— Жоқ, адам баласы ғой! Қаптальна алып жүрсең, үйренип кетеди. Мениңше, Сәлийманы бөденедей қа-

баққа салып өсирген әке-шешеси гүналы. Мен шешемниң жалғыз қызы болсам да бес жасымнан қамыс қырықтырып үйретти. Сәлиймаға еледе кеш емес. Үйренип кетеди.

— Жумабай толғанып отырып:

— Ҳе—е... үйрене берсин, Әўели... деди.

— Кеттим мен онда!—деди де Жәмийла орнынан турып, сыртқа шықты.

***

Жәмийла фермаға барып Ажарға агитатор болып келгенин айтты. Ажар күлип:

—Теңизге ығып баратырғанда китапты көп оқыған шығарсаң,—деп дәлкеклеп.—Қәне онда бизиң шаруаларға бир неме айтып кет!—деди.

—Не айтамыз?

— Не айтатуғын едиң. Сорағанларына жуўап бер. Соннан соң қандай агитатор екениң ашылады,—деп шақалақлап күлди.

Жәмийла қызарып билиминиң сайызлығын айтып, батылы бармай турды да, тағы; «өзимди сынап көрейин» деп;—яқшы онда жыйнай ғой!—деди.

Ҳақыйқатында да сол күни Жәмийла дәслепки топқа кириўден-ақ өзиниң шала агитатор екенин мойынлады.

Ғарры-кемпирлер Германия менен бизиң мәмлекеттиң неге урысып атырғанынан баслап, неге жаўдың дәслеп басым болғаны. урыстың ақыбетин, қулласы, ирили-усақлы сораўлар берип еди, Жәмийланың партком секретары Ниязовтан алған азғана сабақлығы жуғым болмай қалды. Оның үстине шаруалар;

— Урыс боламан деп саз-сәўбетлен де журдай болдық. Бес-алты хош ҳаўаз қыз-жигитлерди уйымластырып, баяғы урыстың алдындағыдай пьеса-концерт көрсет шырағым!— деп тағы бир үлкен жүкти артты.

Сораўларына жуўап бере алмай қысылған Жәмийла бул сораўына яқшы дегенин өзи де кейинирек аңғарып қалды.

Фермадан қайтқан Жәмийланы агитаторлық кәсиптиң усы аўырманлығы ой тартқысына салды.

...Балық аўлағаннан қыйын болды ғой бул агитаторлық... Қәйтсем екен?—Ой келебиниң ушын табалмай

дағдырып киятырып Жәмийла жолда Ниязовты ушырастырды. Күни менен ги ауыр жүк еки ийнинен түскендей қууанып кетти.

Жәмийланын сандалып, ойға батып киятырғанын сезген Ниязов ҳә демей аман түуелликти:

—Ҳә, агитатор қалайсаң?—деген сорауданбаслады.

— Қайнаға!—деди Жәмийла жалбарынып—берекет тапқайсаң!.. Ал усы агитаторлығынды меннен!... Келистире алмайман.

— Ҳә, суў көрмей етик шешип, не бола қалды.

— Жақ, Сауатым жетпейди. Фермаға барып едим Қурған басым, агитаторман деп не қыламан, гүррисгүрлесейин деп келдим десем болмайма, чай мийи бәсым!.. Тоқсан сауалды торлатты. Аўзымды ашшам-сее! Баяғыда биреў тойға барғанда «Мурнымның пушық екенин билмей сәнкийип сала бериппен» деген екен. Соның сыңары болды.

Ниязов ишек-силеси қатып күлди.

Онын күлкисинен жәбирленип, Жәмийла тағы күйинип сөйледи.

— Әне. Сизлер мени күлки етиу ушын усы агитаторлық ҳәмелди берген екенсиз. Онысыз да менин күлки болып жүргеним аз ба еди,—деп шыннан муңайды.

Ниязов дәрҳәл күлкисин тыйып өзин салдамлы услады.

— Маған қара. Жәмийла!—деди партком секретары,—сен ҳәргиз қысын ба! Агитатор болыўда халыққа хызмат етиу. Сенин бир ауыз жыллы сөзин олардың бир күнлик азығы Халықтын жауға ғазабын күшейткен сайын женисте жақынласады. Балық та көп аулайды. Бул колхозға жәрдемин емес пе? Әлбетте сорауға толық жууап бере алмағанын тек сауатынның кемислигинен емес, бирден ортаға түскен соң өзинде ҳаплығып та қалғансан ғой Колхоздын ана китапханасына бар. Газета журнал көп Түсиниксиз сөзлерди сора. Бир газетаны қолына алып, оқып берсең, ишинде бәрин айтады. Агитаторман — деп сыбай-салтан кете бергенсең ғой.

— Жәмийла жымыйып күлди.

— Ауа. Кете бериппен. Бир газета апарсам болмай ма. Ал енди тағы ауыр жумыс түсти. Пьеса-концерт қойып бер,—дейди. Буны қәйтемиз?

—Онын не қыйыншылығы бар. Мектеп директоры Хожниязовқа хабарлас. Жоқары класстың оқыўшыларын жыйнап алып, пьесаны таярлап да...

— Ҳмм—деп Жәмийла ойланып турды да,—сонда менде ойнайман ба?—деди.

— Қолайлы роль болса ойна! Мен де ойнайман.

Жәмийла басын шайқады. Оннан соң суўық демин алып:

— Уят болады ғой: деп турды да—Оннан соң жел салып кетти деп журт тағы күледи ғой... Әбзели мен усы талапты қойып, ертең балық аўлап кетейин!—деди.

— Сен бала болма,—деди Ниязов аталық, тутымын да сөйлеп биринншиден, ҳәзир ден саўлығын дүзелген жоқ. Екиншиден, бир жылда еки жылдың планын орынлап отырсаң, үйде отырсаң сары уўайымға салынып, саўлығыңды бузасаң. Үйде отырған иссиз ҳаял гәпшил келеди, сен де Сәлиймадай өсек қуўып кетесең. Көштен қаласаң болмаса енең рухсат етпей ме?

Жәмийла қарсы алдында турған Ниязовтың келбетине тикленип қарап:

—Бизиң енем бе? Бизиң енем—өз анамнан мийриман десем болар. Сол енем мениң ҳаял да болсам еркектей атымды шығарыўға себепши болған. Солайда болса дәстүр-салт, үрип-әдет деген ғой.

— Сиз коммунист емессиз бе?—деди Ниязов оннан сайын тиклеип.

— Коммунистпен,—деп Жәмийла күле шырай жүзбенен төмен қарады.

—Сизди ҳаял-қызлар арасындағы сол бир жеркенишли үрип-әдетти көпке бас болып аласлар деп сени партия қатарына алдық ғой.

Жәмийла уялып төмен қарады:

— Сиз жәрдем бериң аға.

— Әлбетте, жәрдемлесемиз.

Екеўи хошласып, айырылысты.

...Мектептиң оңаша бир бөлмесинде Жәмийла Хожаниязов пенен гүрриңлесип отыр.

—Күтә мақул жеңге!—деди мектеп директоры—Жазыўшы Асан Бегимовтың «Хорлықтан азат» Пьесасы бар. Соны таярлайық. Бирақ Қәтийра ролинде адам жоқ. Адам бар аў...

— Директор қуўанып сөйледи.

— Бирақ, бизлеги муғаллимлердиң арасында ҳаяллар жоқ. Еркеклердиң басына айдыллы түрме оратып, ҳаял ролинде қалай сахнаға шығарамыз.

Жәмийла мыйығын тартты:

— Ол келиспейди ғой.

— Аўа келиспейди... Онда өзиң ойна.

— Уятын айтсаңшы мырзаға! — деп Жәмийла сол қолының бастан тете бармағы менен солғым уртын сызып өтти.

— Ҳеш уяты жоқ.

Жәмийла бир азырақ ойланды да:

— Сонда, Қәтийра деген ким? — деди.

— Қәтийра ма.., Қәтийра Жәлмен деген байға малға сатылып, азатлық ушын гүрескен қыз.

Жәмийла ғайып болып кеткен қурдасының хабарын еситкен кисидей сам-саз болып, директордың келбетине тигилди. Оның Сапардан суўық хабар келгеннен соңғы ўақытта өз ата-анасының қалың малға сатыў ушын Ақдәрьяға топылған ылайсаңы есине түсти. «Сол жылы тилге ерип, кете бергенимде, сүймесимниң босағасында сарсылар ма едим!... Ким билсин!...»

Жәмийла усы ой толқынында көшпедей тербелип отырған ўақытта, директор пьесаның мазмунын сөйлеп отыр еди. Жәмийла сөзин бөлип:

— Сөйтип, Қәтийра хорлықтан азат бола ма, қәйтеди? — деп сорады:

— Азат болды. Бирақ көп қыйналады, пақыр!...

— Сүйгенине қосылса ҳеш гәп ғой! Қасарыспай қамал алына ма?... деди де сол шекесин бастан тете бармағы менен сыйпалап, аўыр ой үстинде отырды. Бул ўақытта мийзамкеш директор жигит жеңгесиниң көплеген ҳаялларда болатуғын тартыншақлық, ынжықлық, кериталпа қасийет емес, ал дәрья аяғындай кеңейип, тасқынлап жайылып баратырған ой өриси менен ақыл парасатын жәмийетлик мийнетте шынығып, көпшилик ортасында тәлим алғанлығынан-аў деп пәмледи. Қане, пайдалы хызметке шақырғанда ҳәмме ҳаяллар, асаўдай булқынбай, уршықтай ийиле қалса!...

— Олай болса жеңге! — деди директор жигит парасатлы пишинде — сизиң шаруаларға берген дәслепки ўәдени орынлаўға кирисейик? Бурынғы муңлы Қарақалпақ қызы Қәтийраның өмир сүўретин халыққа көрсетсең ҳәзирги ҳаял-қызларымыз заманымызды және

сүйиспеншилик пенен ардақлар еди. Ески ўақыттың жеркенишли дәстүрин көрсетиў — жаңа дәўирди қәстерлеў! Сол бир ғана Қәтийра ролинде ойнаўдиң өзи сизиң белсенген агитатор болғаныңыз.

— Басладық онда! — деди Жәмийла — Таярлыққа қашан кирисемиз?

— Бүгин,—директор жигит қол саатына қарады.

— Мейли, саат төртте болсын. Мақул ғой!

— Мақул—деп Жәмийла орнынан турдыда үйине қарай кетти.

Есиктен кирип келген Жәмийла енеси Назлының Әскербайды арқалап үйдиң төринде ыңылдап жүргенин көрди. Кемпир Жәмийлаға жалт қарап, аналық жүреги елжиреп:

— Азаннан бери қайда болдың, балам? — деди.

— Сорама, ене! Парторг қайнаға аўылда қарап жүргенше агитатор бол деп еди. Фермаға барсам, кемпир ғаррылар жабырласып, урыстың ийне тебенин қалдырмай сорады. Ишинде болып келиппен бе? Қәйдем билейин!.. Агитатор қыз келди деп бәрине писен бериге жүрген апа Ажар жеңгем ғой!—деп күлди Жәмийла.

Кемпир ғамысланып, келинине аларып қарады.

— Сени абысынларың жулпыс келин деп мақтаған жүргени қайда? Жүзиңниң қылаўы кетпеген деўге бир баланың анасы болдың! Солардың қайсысы «Әптүйек» шығыпты. Өтирикли-ыраслы айтып басылдырмайсаң ба. Назлының келини келди дегенге бәри дилўар бола қалған екен, ширкинлер —деп Назлы өз абысын-ажынларына бопса етип сөйледи.

Жәмийла оң жапсарға шығып, қазанды ошаққа атландырып атырып:

— Жалған сөйлеўге ҳүкимет урысады ғой, ене!—деп енесине еркелеп қарады.

Назлы келбетин қуйқылжытып:

— сени сынап атырман-аў! Дым билмесең тыныш отыр деген. Өтирик айтпа!—деди де ыңқылдысын басла-ды.

Әскербай бул ўақытта төртке қарап киятыр. Есейген. Назлы кемпирге баўыр басып алған. Сонда да Жәмийла дүзден келсе, усы үйдиң бир жақыны деп сезгендей елжиреп қарап, гейде далада көрсе алдына жуўырып шығады, бирақ Жәмийла баўыры бурса да , ата-бабадан киятырған салт бойынша салқын кейип пенен тек жыл-

лы жүз көрсетип, қарсы алдында киятырган Әскерғайға: Ҳә, енемниң баласы.., Айналайын! Саў жүрсең бе? Енем үйде ме?»деп қолынан жетелеп, сөйлешип үйге кирèди. Кемпир өзи туўмағанын билседе; «Усы ширкинниң ене саған бердим дегени распа екен, болмаса саўасында баланы баўырлап, елитип жүр ме?»—деп жазда қара үйдиң жабығынан, қыста қамыс қақыраның терезесинен сығалап турады. Бирақ Әскербайдың: «анам!»—деп Жәмийлаға бойын таслағанын, «балам!»—деп Жәмийланың ой баўырын үзип киятырганын сезбеген кемпир бурынғыдан бетер, келинине енелик мухаббатын жаўдырады.

Әскербай Назлыны апа дейди. Дәслепки тили шыққан күнлерде апасының сөзине қарап Жәмийланы ол да «келин» деп сөйлеп жүр еди. Бир күни Назлы баласының «келин» деген сөзин еситип бетин аймалап сүйди де:

— Олай деме, Әсен! Жеңге ямаса кише деп айт,—деди. Соннан бери Әскербай Жәмийланы көрсе гә кише гә женге деп айтатуғын болды.

Жаңа Жәмийла үйге кирип, енеси менен ғаўырласып сөйлесип атырғанын шала уйқыда қулағы шалған Әскербай селк етип оянып:

—Кише!—деп Жәмийлаға талпынды. Бунысы баяғы теңизде ығып келгели Жәмийла үйден узақлап шыққан жоқ. Гейде енеси жоқта Жәмийла абысынның баласындай Әскербайды еркелетип ойнатып отырады. Сонлықтан ба, кем- кемнен Әскербай Жәмийлаға баўыр баса баслады.

Бала Жәмийлаға қарап талпынғанын сезген кемпир:

— Мына «нийт» саған баўыр басатуғын түри бар. Не базарлық әкелип алдап жүрсең?—деди көзиниң қыйығы менен қарап.

— Қойшы, ене! — деди Жәмийла жымыйып күлип,— базарлық деп мен бир Чимбайдың базарына қатнап жүрмен бе. Бәҳәрден бери үйде болган соң үйирсек тартқаны да.

Кемпир суўық демин алды.

— Билемен... Түсинемен шырағым!.. Бизики бир алдағыш ғой. Әскержанды анасы менен әкесинен айырмаған!.. Қартайып қалдым. Урыс қартайтты. Бурынғыдай ден саўлығым да жоқ. Енди меннен тартынбай-ақ Әскержанды өзине үйретип, баўыр бастыра бер. Мен де бир күни ата-бабам кеткен кәрўанға қарай жөнермен!... Әс-

кержан киси баласындай анасы менен әкесине мийримсиз болып өспесин!деп кемпирдиң ийеги кемсеңледи.

Ошақтың басындағы қамысты қамтымлап қазанның астына ийтерип атырып. Жәмийла да қамсықты.

Әллен ўақытта кемпир:

—Тур. Әскержанды көтер!—деди.

Жәмийла орнынан сүйретилип турып, кемпирдиң жаўырындағы баланы алды.

Екеўин де бир майдан қайғы булты басты. Қапалық бултын үстинен серпип таслаў ушын Жәмийла шағылмаған жаслық ғайрат көрсетти.

— Ене, — деди бир ўақытта Жәмийла — сизге бир гәпти айтыўға батына алмай отырман!

Кемпир шоршынып, келининиң бетине түксирейип қарады Сол бир минутлық мезгилде ананың ажар сүўрети жүз қубылып, көкирек сарайының толқыны мың түрли әрпалысты. Перзент дегенде, ана жүрегиниң шалқар тениздей мийрими қайла жатыр! Әскербайын Жәмийланың қолынан жулып алғысы келип, баласын урлатқан жолбарыстай пошалады...

Кең пейилли, жайма-шуўақ ананың қарадаўыллы кәҳәри де бар екенин сезе қойған Жәмийла, жүзине тик қараўға батына алмай, сыңқылдап күлди.

— Ене, жаңағы сөзимди әлле неге жорып отырсаң? Мен бағанағы агитаторлық хызметимниң әнгимесин айтпақшыман.

Жәмийланы төркинине кетиўге рухсат сорап отырма деп пәмлеген кемпир мына сөзди еситип, булттан шыққан айдай келбети жарқ ете қалды.

— Ене — деди Жәмийла, — бағанағы фермадан қайтар да шарўалар:

— Урысқа кеткен балаларымыздың қапалығы жүдетти. Ойын-концерт қойып берип, жабыққан кеўилимизди жадырат, — деп еди. Мектептеги директор бала менен ойласып, едим. «Тәўир болды айтқаның, пьесалағы ойнайтуғын келиншек ролинде адам таба алмай жүр едик» деп жабыса түсти. Мен келисим бердим. Жақында фермаға барып, ойын қойып бермекшимиз. Буны қалай көресен?

— Жоқ жердегини табарсаң — деди Назлы күлип, — енди артист боласан ба, сонда?..

— Эй, артислик қайда. Мына кеселимнен айыққан-

ша үйде қуры отырмайын дегеним гой. Халықтын рахметин алып журсем....

— Меннен несин сорайсаң. Гиршиликтин ойын-сауығы ада бола ма. Баяғыдағы арба толы қыздын ортасында, «орысы қобыз» тартып тойдағы толы жыйынға хызымет етип те журдик гой. Айыбы жоқ, онын балам!— деп Жәмийланын қапталында ойнап отырған ақлығын шақырып, бетинен шорп еткизип сүйди.

—Сол еди-ау айтарым—деп Жәмийла ошақтағы қазанды түсирип, табақ толы шәулени кемпирдин алдына қойып, өзи бир дизеде қапталында отырды.

* * *

Арадан ярым ай өтпей колхоз клубынын дийўалына «Бүгин ҳәуескерлер кружогынын коллективи жазыўшы Асан Бегимовтын «Қорлықтан азат» пьесасын көрсетеди. Келиўшилерге есик ашық» деген дағаза қағылды.

Кешке қарай бул хабарды еситкен аўылдын жәмаатынан тайды-таяқ қалмай клубтын алдына жыйналды.

Кешки сағат алты. Клуб иши жаўынгерлердин бала-шаға, кемпир-ғаррылары менен толы. Жәмийла адамларды ретлестирип отырғызып, жалт-жулт етип ҳәр мүйеште бир көринеди. Мине есиктен ҳасалы еки ғаррысупы журис пенен аяқларын газ-газ басып киятыр. Адамлардын арасына келип, орынлық излеп, жан-жаққа телмирип қарайды. Нәўше қыз-жигитлердин олар менен иси бола қойған жоқ. Еки ғаррынын зеңирейип турғанын узақтан көзи шалған Жәмийла адамлардың арасын айырып шығып, ғаррылардын қасына келди де ийилип тәжим етти.

— Көп жаса балам!—деди екеўи де сақалларын сыйпап.

Жәмийла артына бурылды да, есиктен майданға шығып өз енеси Назлы менен тағы бир кемпирге жолықты.

— Ене, сен де келдин бе?—деди Жәмийла ҳаплығып сөйлеп.

— Ҳе, ойын-саўықтан қалып бола ма? Келдик... Көрсетин қызығынызды! Айтпақшы, орын бар ма? Артист өз келинимиз болған соң жай-жайўат киятырмыз,—деп күлди Назлы.

— Ҳәзир ене—деп Жәмийла устаханаға қарай жуўырып кетти.

Әллен ўақытта қолына қобдый услаған буўрыл са-

қаллы қара кисиниң артында, өзи еки тахтаны қушақлап Жәмийла келди де, қасындағы адамға:

— Ал мына жерге, мына тахтаны туяқ ислеп, мына узын тахтаны үстине шегелей ғой. Урыс басланғалы бул клубтың есиги бүгин ашылып тур ғой. Баяғы орынлықларды кеме шанаға жақлаў етип ақ қуртқан,—деп төрде тутыўлы перdениң ишине кирип кетти.

Перdениң ишинде Хожанизов Пьесаның роллеринде ойнаўшыларды хызметине қарай кийиндирип, биразларын ақ сақаллы ғарры қылып таслапты.

Жәмийла қасына келип мыйығын тартты да:

— Ойын басланганша көпшиликке урыстың хабарынан бир неме айтып бермейсең бе?—деди.

Усы сөзди айтқанда бир жигитке ақ териден ислеңген муртты желимлеп атырған директор Жәмийлаға жымыйып қарап:

— Ҳе, айтсаң айт, агитаторсаң ғой,—деди.

— Не айтаман бала—деп Жәмийла. Бүгинги жыйынның көплигинен ийбе етти.. ме түри өзгерип кетти. Қысылып турғанын сезген жигит жеңгесиниң келбетине қарап күлип сөйледи.

— Ана газетаны ал да оқып бере ғой. Оған шекем мына «артистлерди» мен оң қолдай етип таярлайын.

Жәмийла столдың үстинде жатырған «Қызыл Қарақалпақстан» газетасын алып, соңғы информбюроның хабарына бир мәртебе көз жуўыртып шықты да, өз-өзинен жеделленип, перdени ашып сахнаға шықты.

— Жолдаслар—деп шаңқ еткен ҳаял даўысқа көпшилик жалт қарап, силтидей тынды.

Жәмийла еки ийинин көтерип демин ишине тартты да, есик бетке қарап қалшыйып турды, да қалды. Оның есик жақта орынлық дүзетип атырған устаның қасында турған совхоз председатели менен райкомның секретары Тилеўмуратовқа көзи түсти. Олар менен қатарласа Ниязов та турған екен. Жәмийла Ниязовқа онша дыққат аўдара қойған жоқ. Райкомның секретарының алдында өзин сынақта турғандай сезди. Тек газетада оқыў менен не питпейин деп тур. Агитатор сиясий басшысының алдында тереңге қулашлай түсиўи керек. Оған таярлығы аз. Жәмийла дағдырып қалды.

Райкомның секретары Жәмийлаға қарап, басын ийип сәлем берди де:

— Халыққа ойын саўық көрсетеди дегенге бизлер де-

қатнасайық деп келип едик. Ойынның зды баслай жақсыз ба—деп —сорады.

— Жоқ жолдас Тилеўмуретов,—деди Жәмийла,— мен мына газетадан соңғы хабарды оқып бермекши едим.

— Ол күтә мақул—деп райкомнын секретарь Ниязовқа қарап, сыбырлап әлле немелерди айтты да:

— Азғана сабыр етип турың,—деп сахнаның ишине кирди.

Ниязов столды адамларға көтерткизип, сахнаға әкелип қойды.

Райкомның секретары, председатель ҳәм Ниязов үшеўи орынлыққа келип отырды.

Ниязов орынан ушып турып:

Жәмийлаға қатарға келип отыр—деп бос турган стулди усынды. Жәмийла бир шетирек отырды.

— Жолдаслар!—деди сөзин даўам етип Ниязов,— райкомнын секретары жолдас Тилеўмуратов урыстың хабарлары ҳаққында азғана гүррин айтып береди.

Райкомның секретары орнынан турып, сол қолын тери пальтосының қалтасына салып, урыс хабарлары ҳаққында сөйлей баслады.

Жәмийла райкомның секретарының әпиўай гәп пенен түйдек түйдек етип сөйлеген гүрриңин қумарлана тынлады ҳәм халық алдында сөйлеў ушын көп оқып, көп үйрениў керек екен гой—деп ишинен пикир жуўыртып отырды.

— Райкомның секретары сөзин тамамлап Жәмийлаға қарап:

—Енди газетаңызды оқып бериң, жолдас агитатор,— деп күлимсиреди.

— Жәмийла өзин райкомның секретарының шәкиртиндей сезди ҳәм устазына арқа сүйеген жас шәкирттей жаўтаңлап келбетине қарап, орнынан ушып турды да газетадағы хабарды зуўлатып оқып шықты.

— Отырың!—деп Ниязов орнынан ушып турды да,—енди ойынымызды баслаймыз,—деп үшеўи орынларынан турып, адамлардың арасына келип отырды.

Жәмийла перденi ашып, ишке кирип кетти.

Арадан он минуттай ўақыт өткен мәҳәлде перде ашылды. Ойын басланды. Басына айдынлы менен қырмызы түрмени ҳәйўан-ҳаслан ораған, үстинде шолақ жең қара бешпент, аяғында геўиш мәсиси бар, кийимге шо-

ласып отырса да усы иззетке налып, солгын пишинде бир келиншек түнерин сахнаға шықты.

— Қәтийра. Қәтира,—деп гүбирлести залда отырғанлар.

Тилеўмуратов қапталында отырған Тилемисти түртти.

— Қәтира ролинде ойнап турған ким?

— Билмесем,—деп ол таңланып Ниязовқа қарады.

— Ким бул?

— Аўылыңның адамын танымайсаң ба? Еле де серлеп қара,—деп мырсылдап күлди.

Председатель сахнаға сығалап қарап турды да, басын артқа бир силкип, Ниязовқа адырайып қарады.

— Ҳәй мынаў бизиң Жәмийла емес пе?

— Аўа, сол.

— Әстапуралла!—Председатель басын шайқады. Оннан кейин мақуллағандай басын ийзеп:

— Булма, бул... Бул ислер! Бул оз ғой! Усы жаға бойындағы қыздың сәрдары усы! Буның қолынан келмейтуғын өнер жоқ!... деп тамсанды да Тилеўмуратовқа бурылып.

—Жолдас секретарь, бул бағанағы өзиңниң агитаторын ғой!—деп күлди.

— Ҳә!—деп Тилеўмуратов сахнаға тигилип қарап турып:

— Тек балық аўлаўға ғана емес, Жәмийла қай иске де жулпыс екен ғой! Рахмет!—деп мардыйып, сахнадан көзин алмай отырды.

Пьеса тамам болған соң, мектеп директоры сахнаға шығып рольде ойнағанлардың атларын атады. Әдетте бул дағаза ойын басланар алдында айтылыўы керек. Бирақ Жәмийла:

— Мени, ойын питкен соң айтарсаң!—деп жалбарыныи қоймаған соң, Хожаниязов илажсыздан көнген еди.

Жәмийланың аты аталған ўақытта залдың ишин сүрен-шаўқымлы күлки жаңғыртып:

— Рахмет, рахмет Жәмийла!—деп көпшилик шаўқым салды.

Тилеўмуратов сахнаға шығып, Жәмийланың қолын қысып алғыс айтқан ўақытта адамлар қол шаппатлап турды.

Тилеўмуратов колхоз председателине қарап:

— Жәмийланың Нөкиске баратуғынын хабарладың ба?—деп сорады.

— Жоқ. Телеграмманы күтип отырмыз. Бизиң колхоздан нешеў?—деди председатель.

— Екеў.

— Онда быйылғы жылы алдыңғы балықшы усы Жәмийла менен Жумабай екеўи ғой. Жиберемиз.

Тилеўмуратов аң-таң болып турған Жәмийлаға жымыйып қарап:

— Нөкиске барған соң тағы адасып кетпең,—деп кеңкилдеп күлди.

Жәмийла уялып төмен қарады.

— Енди,—деди секретарь күлкисин тыйып,—жетисегиз күннен соң Нөкиске барып, санаат хызметкерлери алдыңғыларының слетына қатнасып қайтасыз.

— Жолдас Секретарь!—деди Жәмийла —ертең балықшыларға барып жыйналыс өткерип, фронтқа жәрдем ҳаққында мақул деген қарарын алсақ қәйтеди? Мына дайым,—деп колхоз председателин көрсетти,—ертең бир күн жыйналысты урыс питкенше апаражақ.

Тилемис шекесин сыйпады:

— Усы агитатор менен партком секретарынан-ақ күйдим—деди дәлкек етип—мен аў-дузақты көбейтип, балықты нобай жибере берейик дегеним қәте болса, пәсинен қайттым. Ертең жалпы жыйналысты мейли өткерейик.

— Ҳә, солай болсын,—деп райкомның секретары—жаўынгерлерге азықта балық та, ушыўға самолет та керек ғой!

Жәмийла хошласып енеси Назлы менен үйине қайтты.

## ЖӘМИЙЛАМ ҚАЙДА!

...Саратанның тамылжыған қапырық ыссы күни. Түс мезгили .Артқы шийи түрилген қара үйдиң төринде Назлы кемпир, жапсарында Жәмийла отыр. Кемпирдиң нәзери көтериңки, келбети қулпырып, Әскербайды алдына алып, ыңылдап қосық айтып отыр.

Жәмийланың алдында бир жапырақ қағаз жатыр. Еки көзин усы қағаздан айырмайды. Аўыр дәрт жүрегин кернеп, өкпесин исирди ме, әйтеўир тынысы тарылғандай сийрек ҳәм терең демин алады. Келбет өңинде ренжиў, ыза ашыўдың арпалысқан толқыны жатыр, шаппаттай қағазды қайта-қайта оқыйды.

..«Жәмийла! Аўылға қайттым. Әскербай менен күтип ал... Сапар».

Жәмийла телеграмма келгели көшеге сийрек шығып. көбинесе үйинде ошарылып отырып қалды. Аўыл арасында жүрсе биреўлер оны әжиўалап, сыртынан күлип турғандай. сықақлағандай. жабықтан сығалап әлле ким ермеклегендей.—қулласы. ҳәмме оны «отырса опақ, турса сопақ» етип масқаралап турғандай өз-өзинен қысылады. сыртқа шықса кеўил жабығып. еңсеси түседи, отырса ой шырмаўығына оратылады.

Жолкеш кемпир келинниң ғам кеўиллигин ҳәр түрли ойға жорыйды... «Дүзде болмаса, үйимде биймезгил босағамның сықырлағанын сезгеним жоқ. Жас жан ғой, қәйдем дүзде әлле қәйтип!... Дуў-дуў әңгиме. насақ сөз. келиниме жабылған қәремет қулағымды жарып баратыр. Ойсызлық етиппен. мен мәстен тынышыма отыра берсем болмай ма!»...

«Келиниң баласын алып кетеди. Стахан балаға басын байла»—деген шуғыллардың сөзине ерип, айдай жүзине ат туяғындай таңба салдым. Ишинен мени гүналап отырма. қәйдем билейин?!

Бас бармағын жағына таянып отырған кемпир:

— Нөкиске баратуғыныңды не қылдың. келин?—деди.

—Қәйдем ене, балаң да келип қалатуғын ўақыт шамаласты ғой. Не ислеримди билмей отырман. Ақылым сарсаң!

— Өйтпе. Сапаржан енди келетуғын болды ғой, қуда қәлесе.—кемпир еки қолы менен жағасын услап. бир неме деп гүбирледи.—Тәўбе еттим! Қуллық! Шүкир! Мыңда бир ырзаман. Қаршығам қолыма қайта қонды...—Кемпир жеделлениңкиреп сөйледи—өзиңе сөз келип жүрмесин. Сәл жерде жыйнақтан қалып қойсаң... Армиядан келмей атырған адам бар ма деп гүналы етип жүрмесин барып қайта ғой!

Жәмийла кемпирдиң ой төркинин ҳәр қыялға жорыды. Иштен өзи менен өзи ақылласты... Бир ойы; «кетсем. Сапар мен келгенше келип қалар ма екен, суўыт барып қайтаман ғой. дейди. Екинши ойы; «қалсам. аўырдым десем; рухсат етеди ғой. бирақ Сапар кеширек келсе, әри жыйналыстан қалсам» дейди. Үшинши ойы «кетейин! Сапар келсин. өсекшилер маған жабылған қәреметти қалдырмай оған айтып. иштеги дебдүўин шы-

ғарсын. Гүнам жоқ, несине қалтырайман. Жазығым болмаса, несине секиремен. Қәне айтсын!... Мейли айрылыссын. Басқа биреўди -ақ алсын! Толқынсыз теңиз болмайды,—болсын! Өмир толқыны шайпалсын! Дүбелей турсын!.. мейли!..—Жәмийла түси бозарып, еки көзи теңиздей түнерип, орнынан турғанын өзи де сезбей қалды.

—Кетемен ене, кетемен!—Жәмийла бууўлығып, жүрегин ашыў самалы кернеп, қамсығып сөйледи. Көзиниң парлаған жасын далаға төккиси келип, майданға шығып кетти.

* * *

Колхоздың конторында председатель алдында қара папкасын жайып жиберип, заводтан келген мағлыўматқа көз салып отыр.

Урыстың зардабы оның да жанына аяздай батып жүрме, ямаса елде қалған бала-шағаны асыраўдың гирдикәрына қысыла ма, әйтеўир быйыл шашы, сақалы бууўрыл тартып, денеси тарамысланып, торсылдақтай торсыйған еки бетиниң алмасы былбырап, жүзине айғыз-айғыз әжим енди.

Усы ўақытта есиктен Қәлийла менен Мәтеке ғарры кирип келди.

— Тәке мына ғарры менен келистим. Енди бизиң өтиништи орынлап балық аўлаўға жибер.

Тилемис Қәлийланың келбетине жымыйып қарап:

— Намаздай салпақлап кейнимнен қалмады ғой, Қәлийла!—деп еди, Қәлийла еки алақанын жайып:

— Ақыры өзиң де ойлан! Ертең жигитлер келген де не деймен. Теңизде балық аўлаўдан қорқып, қырда кемпир, ғарры менен нәрете тоқыдым деймен бе? Ең болмаса бес-алты центнер балық услап, мен де Ўатан қорғаўға үлесимди қостым деп мардыйып отырайын,— деп сипсе муртын сыйпады.

— Мейли енди болмас! Жағадағы нәрете қайық суўланқырайды. Соны ремонтлап, отыз-қырық аў ал. Сөйтип бесинши бригадаға бригадир бол. Кеше райкомның секретары Тилеўмуратов келип, жақсы кеңес берип кетти. «Аўылсовет председатели Узақбаев ҳәм меннен баслап барлық колхоз активлери өзлеримизге план алып балық аўлаймыз. Колхозшыларға басшылықта ислей-

миз. Енди не қыламыз ақыры. Урыстың қашан питетуғынын ким билсин. Бир балық усласақ та армияға жәрдем ғой.»—деди.

— Бул бир табылған ақыл екен, бала!—деп Мәтеке ғарры сақалын сыйпап қойды—Балаларым қәйтсе де ауырлықты ийинлеп, кеш жатып, ерте турып, ат салыса көриң. «Бирликли ел азбайды»—деген. «Балық басынан ширийди» дегендей бул жақтағы қалған елат мойын бермейик!

— Әлбетте!—Председатель ғаррыға елжиреп қарады

— Мәке, Досаннан хат келип тур ма? (Қырық жасында көрген жалғыз баласы армияға кеткен еди).

Ғарры муңайып төмен қарады. Қәлийла шығып кетти.

— Хабар тыйылды ғой, шырағым!

— Жаралы болып госпитальда жатырған шығар. Ямаса қайтып киятыр ма...

— Аўмийин! Келсе тойға байлап қойған бир қошқарым бар.

— «Қошқар» деген ўақта председательдиң есине ферманың малы түсти.

— Мәке, жаңағы Қәлийланы жибермей тур едим Кемпир ғаррылардың тартқысынан қутылды.

— Не қылайын қосшым,—деди ғарры.—Бүгин бес-алты күннен бери мен балыққа барайын, сен қырдағы жумысқа басшылық ет, аға!—деп мийиме қурт болып түсти. Балықшы аз болған соң сени де аядым.

— Рахмет! Ал енди қыстың әнжамын ерте көрмесек, малды қырып аламыз. Сонлықтан аўылда иске жарағандай адам болса түске шекем пишен орғызып, түстен кейин гөне аў-нәретелерди ремонтларсаң. Ҳәзир бир қулаш тор алтынға бергисиз болып тур.

— Ол жағынан қәтережам бола бер иним,—деп Мәтеке орнынан турған ўақытта есиктен бир бала жуўырып келип, Тилемис аға, Сапар келди!—деди ҳаплығып сөйлеп Председатель ҳаўлығып:

— Сапар!—председатель орнынан ушып турды.

— Аўа.

— Тири ме?—деди сасқан ол.

— Тири балдағы бар. Жаңа катерден түсти.

— Жүрейик онда. Мәке! Кемпирине қутлы болсын айтайық Өлген жерден тирилип келди,—деп орнынан турды да, Мәтеке менен Назлының үйине қарай кетти.

Тилемис келсе, үй толы ҳаял-еркек екен. Үстинде

сары көйлек шалбары бар, белинде үлкен тоғалы былғары қайыс, оң аяғын алдына созып, қызыл шырайлы солдат жигит үй толы адамлардың ортасында жаўқыллап сөйлеп отыр. Кирип келген Тилемисти көрип, қапталындағы балдағына сүйенип орнынан ушып турып, сәлем берди.

Тилемис көрисип болған соң, жигиттиң бир аяғын жойытты. Ол аяғы жуўан саннан кесилген екен. Ол ишинен: «Фронтқа кеткенлердиң ҳәммеси усындай майып болып келеди екен ғой», деген пәмге кетти. Қалай болса да келе, берсе болғаны ғой», деди тағы. Жигиттиң ажары ағарып, денеси шыйрақланған. Кийимлери де шебер пишкендей қуйылып тур. Тек бир аяғының кемислиги ғана усы сымбатты бузғандай...

Тилемис узақ гүрриңлесип маўқын басқаннан кейин:

— Иним, урыс шығынсыз болмайды. Бир мүше менен қутылғаныңа шүкирлик ете бер!—деди.

— Әй, ҳеш гәп! Халық ушын неше аяқ берсең де көп болмайды,—деп Сапар мардыйып сөйледи.

— Қыр жумысында, складта-ақ ислерсең дә.

— О неси аға, дәкең ертеңнен баслап қайыққа минип, балық аўлайды,—деп председательдиң сөзине өжетленди.—Фронттағы жигитлердиң ақырғы тамшы қаны қалғанша жаў менен гүреседи. Тынышлық жерге келген соң бизлер енди жанның пайызын ойласақ, урыстағы қалған жигитлер менен мына кемпир ғаррыларды ким асырайды. Бизге бир қайық пенен елиў бас аўды сазлап қоя бер аға!—деп Сапар мыйығын тартты.

— Рас айтып отыр ма?—деп Тилемис пенен Мәтеке бир-бирине қарасып, жымыйып күлди.

Сапар ҳәр адам келген сайын есик бетке жалт-жалт қарай береди. Ол Жәмийланы жойытып отыр еди.

* * *

...Сапар минип киятырған, «Париж коммунасы» кәтири аўылға түс аўа келди. Тайда туяқ қалмай аўылдың бала шағалары жағаға жыйналып Сапарды күтип алды.

Көптиң арасында Сапар анасы Назлының зарланып жылап киятырған саз даўысын еситти. Ана айтынып жылап киятыр еди. Арқасында Әскер жигиттиң баласы Әскербай бар. Бала анасының неге жылап киятырғаны-

на да, көпшиликтиң неге жыйналып турғанына да таңырқанып, ҳәр кимниң келбетине мөлтилдеп қарайды.

Кәтирдиң палубасында еки балдаққа сүйенип солдат жигит көпшиликке жаўқылдап қарап тур.

Кәтир Ақдәрьяның жағасына келип тоқтағаннан кейин Сапарды еки-үш жигит сүйеп қәтирден түсирди.

— Көпшилик баласы менен көриссин,—деп анаға жол берди.

— Өлген жерден тирилген шырағым!... Енди өлсем әрмансызбан...—Сарғайып сарғайған кемпир Сапарды қушақлап еки бетиниң алмасынан порсылдатып сүйди. Бирақ қанлы саўашта жүреги қатып, баўыры суўыған жаўынгер анасының мийримли қушағында елжиресе де егитилип көзине жас алмады.

Сапар анасының қушағынан жаздырылған ўақытта бир ҳаял жақынлап келип:

— Мә, мырзаға! Сен кеткендеги келинниң қурсағында қалған жәдигериң. Атын Әскербай қойдық. Бирақ кемпирдиң баласы... деп ҳәзиллеп Әскербайды Сапарға берди.

Сапар еки балдағына сүйенип турып, Әскербайды қолына алып, бетинен сүйди, ажарына тигилип қарап, мыйығын тартты.

Әскербай солдаттың жүзине дәслеп жатырқап қарап турды да оннан соң көкирегиндеги орден медалларын услап көрди.

Сапар Әскербайды анасына қайтып берди де көпшиликтиң арасын сығалап Жәмийланы жойытты.

—Жәмийлам қайда?!...

Сапар оны: «нийбе етип, үйде қалған шығар» деген пәмге кетти. Бирақ не ушын үйде жоқ. Көпшиликтиң ортасында отырып Жәмийласын сораўға әдепсизлик көрди. «Өлип қалған шығар» деп сораўға жүреги даўамады. Жәмийла! Женочка! Қандай сүйкимли ақыллы қыз еди. Бул оны қандай сүйсе, ол да буны солай сүйер еди. Армияға кетерде дәрьяның жағасында қалып баратырып, қәтирдиң қарасы семгенше жипек орайпегин былғап, қара көзинен моншақ-моншақ жас төгип турған Жәмийласы көз алдына елеследи. Сапар орнында сабырлы отыра алмай тыпыршықлай берди. Анасынан сораўға, тойдың әнжамында жүрген оның саўа ўақтын таппады. Ғарры-кемпирлерден сорайын деп бир оқталды да, биреўге турмысқа шығып кеткен болып, журт

алдында күлкиге қаларман. Нәзеримди пәс тутпайын! деп көкирекке салып, жауынгер жигит қаншама өзин берик усласа да, кем-кемнен адамлардың сораўына жуап бериўге ериншеклик басып, кеуили қобалжый берди. Ол Жәмийласын жойытып отыр.

— «Өлдимекен!» деген ой келди кеўлине, тағы өлимге қыймайды. «Өлгенде.—деди ишинен—еситтиргенде мениң жүрегим жарыла ма! Өлимменен айқасып, талай қурбанларды көрген суўық жүрекли жауынгермен ғой!» Әмударьяның бойында ғаздай қатар өсип, ийримли ағысларда қалақ ойнап, мектептиң кең класс жайында парталас отырған сүйикли Жәмийласы көз алдында елесleди де турды. Есиктен ким кирсе де Жәмийла шығар,—деп жалт-жалт қарайды. Сонда «мен сен ушын туўылғанман Сапар-аў» деген ҳақ кеуилли, пәк жанлы, жипектей жумсақ минезли, табаннлы сөзли Жәмийласы қайда?

Жауынгер жигиттиң ярын жойытып қошалап отырғанын зейни илген Тилемис Мәтекени ымлап, майданға шықты. Үйге кирип баратырған, есиктен шығып киятырған адамларға «келин ҳаққында баланың кеўинше қәремет сөз айтыўшы болмаң!» деди де, Мәтеке менен алысыраққа шығып:

— Қәне Мәтеке қалай ислесек екен, көп жасаған атың бар ғой»—деди Тилемис жүресинен отырып.

— Қәйдем иним. Әбзели Нөкистен келе берсин. Өзлери есабын табар...

Сапар келген күнги тойдың қәрежетин колхоз басқармасы көтерди. Аўыл адамларының бир қатары құтлы болсынға келип болған соң Сапар бир тыныспасында кемпиринен Жәмийланы сорады.

— Нөкиске кешегиниң алдынғы күни кетип еди, шырағым Келинниң жақсылығын умытпайман,—кемпир журттан бурын өзи айтқысы келип, баласын оңашарақ алып шықты;—Келинге ырзаман... Бахытлы болсын!... Сениң жоқлығыңды ҳеш билдирген жоқ.—Кемпири мақтаған сайын баласы мазатланып, күле береди,—Сөйтип шырағым, қайсы бирин айтайын. Кийимимиз пүтин, тамағымыз тоқ. Ер азаматтай нашар екен ғой!

— Апа, көкке шығарып мақтадың ғой!

— Ҳе, мақтамай неси бар. Қыраўлы қыста жаўынлы бәҳәрде, даўыллы теңизде балық аўласа. Журттың хаялларындай күн шуўақта отырмаса! Шүкир абрайы

да жаман емес... дилигат болып жыйнаққа кетти. Бирақ...

Кемпирдиң түйилгенин сезип:

— Айта бер апа!—деди.

— Былтыр қыста стахан бала менен шерик болып, балық аўлап жүр еди ғой, соннан теңизде муз бенен екеўи ығып:—буннан арғы сөзди айталмай, кемпир суўық демин алды. Сапардың да түси оңып кетти.

— Соннан ығып кете берген. Әйтеўир алла яр болып, жети күн дегенде ме, қазалы жақта жағаға шығып, булар, талып, қызыл қумда жатырғанда, әйтеўир алла яр болып, «експедсе»—деймe...

— Экспедиция шығар.

— Аўа, тилим де келмейди соның атына. Сөйтип жаңағылар машынасына салып, Тахтакөпирге әкелип, докторханаға апарған. Сөйтип бул жаққа хабар етипти. Мен сирә еситсем қулағым гер болсын, үйге келген соң билип жүрмен. Әйтеўир теңизден келгенге усамайды-аў. Мени көриўден жылап көристи... Ҳүкиметтиң садағасы кетейин! Бурынғы заман болғанда өлигин ғарға жейди. Доктор болмағанда лепсе аўырыўына шатылып өлер еди.. Әне, әдил «патша» усы шырағым! Жети күнге шекем самолет пенен излеп, райкомлар толқындай теңселген...

Жаўынгер жигит анасының урыс басланғалы ой өрисиниң әдеўир өзгерилгенлигин иштен тынып пәмлеп тур. Ал өзи Ўатанды қорғаў ушын қан майданда қан сорпа болған мийнетине ырза болып, сүйсингендей кең геўдесин керип, мардыйып турды.

— Ишке кирип деминди ал, шырағым!—деген анасының мийриманлығына қарсылық көрсетип,—«Ақ дәрьяны бир көрип келейин деп балдақ пенен секирип жүрип жағаға қарай кетти.

* * *

...Ақдәрья! Ақдәрьяшылармыз... Ақдәрьяға барамаң. Ақдәрьяның баласыман, деп сени анамыздай аймалап атамыздай мәпелеп атына мардыйып, мазатланып едик. Ақдәрья саған деген муҳаббатымыздың шеги бар ма еди. Совет заманында жаңғырған қоныс! Мен түўе атам менен анамның киндик қаны тамған жер. Мың дүркин қыз жигит кәмалға келген елат. Ақдәрья сениң пейзажың өз алдына ғой!

Ақдәрья сызылып ағып тур. Еки жағасын кернеп кенарын толтырып қубладан бир алып күш арқаға асығып баратырғандай. Өрге қарасаң, сансыз нөкер атларында шабыра толқынлар желкилдеп, секирип ойнап киятыр. Жағасын жалап қойнаўытлап, тасып-көпирип ийирим тартып тоқсан түрли өнер менен ойнап аққан нәўпир суўдың ағысы жаныңа ләззет берип, қумарттырады өзи менен қоса сени де йоштырады, бойыңды балқытады, салқын ҳәўиринен, жипек лебинен тынысың ашылады. Сынаптай гирбиңсиз ҳаўасын айтсаңо! «Кеўил көтерсен дәрья жағасына шық» деген усыдағы...

Жаздағы көркин айт. Еки бойы жасыл ақ теректей салланған қамыс, пишен, жекен.. Дәрьяның бетинде қайықлар қурдай қатнаған. Ақ желқомлар теңиз үстиндеги шағаладай. Әне гүңиренип, суў поезды пароход киятыр Жас балалар жуўырып жағаға шығып, жанмажан шешинип, дәрьяға бойын таслап, пароходтың артында киятырған еспе толқында аткөншек тепкендей шайпатылып қумарын тарқатады.

Түнги көркине қара... Маўжыраған түн. Аспанда қалыққан айдың сәўлеси қытығына тийгендей гүмис толқынлар тынымсыз шапшып ойнайды. Дәрья ақшамында да турмыс ҳәрекетинен қуры қол емес. Балықшылар уйқыға кетти дейме түн болса балықлар теңизден шубырып шығып, дәрьяның ағысын өрлейди. Бирақ балықшылар ол «шайтанның» бул минезине қанық. Оның менен жастан сыр минез болып өскен балықшылар геўгим түсиўден қорғасын аў, қайықларын сазлап ескек таяўын көп тоқылдатпай жетпис-сексен қулаш аўларын дәрьяның ортасына кереди. Жағада әне жигирма-отыз қайық нәўбет күтип тур. Биреўлер аўларын тарап, биреўлер кемениң ишинде ўйықлап жатыр, және биреўлер жағада қуйқылжыған әңгимесине балықшыларды күлдирип отыр. Биреў дәрьяның ортасында, биреў-жаға да өтирикли-шынлы қосық айтады. Ермек керек, әңгиме таўсылады, таң еле узақ. Сонлықтан қызық ертек те, жаңылпаш, аңыз сөз де, мереке жыйынның гәпи де, дәстан кысса да,—қулласы Абдир жыраў менен Ещан бақсы да, Айымхан менен Юлдашта усы жерде, Ҳәр ким барын ортаға салады. Айыпқа санамайды. Хош ҳаўаз лапыз бенен дарылдақ даўыс та усы жерде. Музыка әсбапларымыз кемис деп налып отырған балықшы жоқ.

Қамыстан исленген қобызды көргениңиз бар шығар. Әне биреў еки қамысты қыйқылдатып «Алпамысты» төгип айтып отыр. Саз ылайдан соққан ушпелекти шерткен шығарсыз. Бир жигит түрли намаға салып тур. Бир ғана дуўтар бар. Бирақ өтирик дуўтар аз емес. Неге десеңиз соққыны алып; дуўтары жоқлар өз даўысына жалғаннан-ақ қоса береди... Айтпақшы өтирик дегеннен шығады аў балықшыларда өтирик қосықта болады. Мәселен аў салым жерден дәрьяның ортасына шығып аў салдың. Ағыс пенен ықлап бир шақырымдай жерге барған соң, аўды суўырдың, онбес-оналты сүўен алдың. Жағаға шықтың. Дәрьяны өрлеп баяғы аў салым жердеги адамларға келиў керек. Арқан тартып, кемени өрге сүйрейтуғын ескекше пақыр! Қарманшы тек кемени дүзеп отырады. Жаны рәҳәт! Көп балықтың қуўанышына йошпайтуғын балықшы жоқ. Қарманшы йошып қосық айтқысы келеди. Усы ўақта бир еки аўыз қосықты ядламағанына иренжийди. Неде болса, қуўанышын билдиргиси келип, саз даўысқа салып, барлы жоқлы қосықларды шөплейди.

«Ақдәрья бойында өстим яранлар.»
«Қыздыр мерекеңди қызлар үйге кир».
«Ақсүңгилдиң оң жағында ошағы»,
«Кетер болсаң хош аман бол бозатаў»

Ямаса «шайырлық йошы» келип:

«Ақдәрьяның қамысы,
Қыздай сулыў қара тал,
Гүмис шабақларым бар.
Мотор яңлы қайығым» деп гә «Арыўхан»

гә «бес перде» намасына салып, көтерилип басылып киятырған балықшыларға «ҳә» десең, тым-тырыс бола қояды. Бул уялғанлық белгиси.

Тағы бир өтирик бар. Ол: «балықшыға бир асым, өлседе айтпас ырасын» деген нақыл. Он сүўен алып киятырған балықшыға:

—Мәке қанша алдың?—десең.

—Әй бир-еки сүўен алдық ғой,—деп шынын айтпас.

Балықшы отағасылар! Өз баламыз бизге мин қойғаны неси? —деп кеўлиңизге мәлел алсаңыз. Әфиў

етерсиз! Мийнети менен жазған қосығын бузып айтқан соң жазыўшы да жәбирленеди. Ал, «балықтың санын айтсаң, аўға көз тийеди!» деген бийкәр әңгиме.

Солай етип түнги балық аўлаўда жыраўдың алды Әбдир кейинги Жумамуратқа шекем бақсының алды Ешан, кейинги Тәжибайға шекем, артистиң алды Йолдаш, кейинги Сәтпайға шекем, сазендениң алды Айтжан, кейинги Махмутқа шекем келе береди.

Енди оқыўшымнан кеширим! Өзим балықшылыққа жаны қумар Ақдәрьяның баласы болған соң көбирек сүўретлеп, дәрья бойына шыққан Сапарды естен шығарыппыз Қәне жаўынгер жигитке қайта оралайық. Жағасында туўылып өскен Ақдәрьяның буйра толқынларына, ийримли ағысларына, көлдиң сүйригине семирип, арданлап жайылып жүрген жеңини жардай сыйырларға, дәрьяны өрлеп баратырған желқомлы кемелерге машқы етип, жаға бойының қоңыр самалына төсин керип, киршиксиз ҳаўасын симирип жутып, маўжыраганда болып, елитип балқып тур еди.

— Әскер қәйним пошалап кимге қарап турсаң? — деген ҳаял даўысқа селк етип, оң қапталына көз салып еди, жардың баўрайында суўға толы шелеклерин қапталына қойып, тигилип турған Сәлийманы көрди.

Екеўи де бир - бирине күле шырай менен сәлемлесиў ушын қарсы жүрди. Сәлийма еки балдаққа сүйенген пишинине, геллектей аяғына сүзилип қарап, муңайған келбет көрсетти.

— Әйтеўир тиришилик жақсы. Желдей есип жүрген қанлай жигитлер едиңиз! — Ҳаял қамсыққан болып, көйлегиниң женин көзине көлегейлеп еди, баўыры еримеген соң келистире алмай, қайтадан қәддин жыйнады. — Сени «өлди!» дегенде, қурдас, өз маңлайымнан айрылғандай жүрегиме қоз басылды. Бир күни оң қабағым тарта береди, жулқынып тартады, жүрегим ҳәўлиреди. Бул не болды жаным деймен, соның арасында - ақ хат келди деп аўыл шуў ете қалды. Сениң қуўанышың екен қурдас!

Жаўынгер жигит балдаққа сүйенип жадырап күлип, ҳаялдың әңгимесин ықлас пенен тыңлап тур. Сәлийма жигиттиң нур шашқан қызыл жүзине, бада-

на көзине, кең ыйығына, қайқайған төсине көзин жуўыртып, өнирине тигилди.

— Мына өңир моншақларың не, қурдас! — деди жолкерленип.

Сапар мыйығын тартып, өңирине бир қарап қойды да:

— Мынаў «қызыл байрақ», мынаў «қызыл жулдыз», қалғанлары медал ғой... деди.

— Әскерге барғанлардың ҳәммесине бере - ме?

— Ис көрсеткенге, хызмет еткенге!

— Ҳе, солай де... Ал тағы бир сораўым бар қурдас, кеўилиңе келмесин, енди бурынғыдай балықшылық кәсибине жарай алмайсаң ғой. Соның ушын баслық я аўыл кеңес етип қоятуғын шығар.

— Армиядан қайтқанлардың ҳәммесине баслық я аўылкеңеслик жете бере ме?!

Сапар ишек - силеси қатып күлип, пәмине «ҳаяллардың садалығы ма екен!» деген ой келди. Жигиттиң бул күлкисине ҳаялда кеңкиллеп күлип қосылды да, баяғы дығын усы жерде қайтарғысы келди:

— Сөйтип, Жәмийлаға қарап тур екенсең ғой! Ол саған қарағанда табанлы ғой: Еле бес - алты күн дәрьяның бойында сарғайтар. Әдира қалсын. Өлген жерден тирилип келген күйеўиниң келгенине қарамай Нөкисте не жейди дейсең. ол қатын... Оның менен маған «ишшилик» түсип қалыпты. Әскержанды таслап... Қуўаныштың ишинде болмаспа...

Сапар оның сөзин әзил деп түсинди.

— Ол да бизди бираз күнлер күтти ғой, бизде гезегимизге күтейик те — деп күлди. Сәлийма жигиттиң ишине қатыў салыў ушын гәпти балалата берди.

— Күткенде оның бир өзи ме? Күйеўин өлди деп ас - асабатын берген қатынлар да босағасын таслап кете алмай, үйинде сарғайып отырған жоқ па. Сен базарлап кетипписең. Урыс... Мен ҳаялыңды жаманлай қояйын деп турғаным жоқ. Гәптиң сирәдағысын айтаман.

Сапар ызалы күлки менен мырс етип, хаялдың сөзин әзилге аўдарды.

— Келген соң сениң көзиңше бир «сабап» алайын. О қалай болады?

Сәлийма ермеклеген түр менен жигиттиң бетине тигилип қарап:

—Әй, ол сабатыўдан кеткен шығар!—деди.

—Кеткен шығар?—деди жигит қайталап.—Неге?

—Ҳаял ишинен; «шыбықтың ушын жүрегине тийгиздим ғой» деп Сапардың сораўына жалт берип;

Асығып турман қурдас. «Отқа келген ҳаялдың отыз аўыз сөзи бар» деген, сени көргенсоң кайдағылар есиме түсип, ишимдегини ақтарып атырман,.. гәптиң төркинин аңлаў ушын балта—шотлық исин бар,—деди де ийин ағашын көтерип, үйине қарай жалт берди.

Сапардың ақылы сарсаң болып, Сәлийманың қарасы семгенше изинен қарап бир орында қалшыйып турды да қойды...

Сапар үйине келип түни менен тоқсан ойдың торабын гезди.

Сәлийманың жағада айтқан «сабатыўдан кеткен шығар» деген гәпи жигитке қобалжыў салды. «Еситсен үйге бары неси!» «Аўа, дурыс айтады—неге мени күтип алмады? Мен киятырғанда оның Нөкиске карап қашыўы не?... Меннен жалт берип қашқандай не гүнасы болды екен... Әҳ, Жәмийла! Бир шуғылдың дузағына илиндимекен? Меннен өлди деп хат келиўден...

Ол актив усайды...«Сапар орнынан өрре турып солдат гимнастеркасынан папиросын алып, тутандырып, исинген өкпесине буўдақ-буўдақ ашшы түтинди серипти. Қапталында пыснап, шийрин уйқыда жатырған баласының жанарына тигилип, гүрсинди. Жүрегинин кенарында сеңдей соғысқан бир ызалы ҳәсирет қабына сыймай кернеп баратыр... Оның көз алдында саўашлы күнлер елеследи. Ол жаў менен урысып жүрип уллы рус елиниң талай аўылларының дузын татты, тылдағы қалған кемпир ғаррыларды, жас балаларды, ҳаял-қызларды көрди. Бир саўашта өз ротасынан жазым болып партизанларға косылып кетти. Түнде тыншы болып, немецлер басып алған аўылларға келип жүрди. Ер жүрек партизанларға жаў басып алған аўылдың Ўатанға садық талай ҳаял-қызлары қол-қанат болып жүрмеди ме! Фронтта қан кешип жүрген күйеўлериниң жеңиси ушын қанша косемет болды. Бирақ душпан ўакытша ҳүжим еткен аўыллардағы бирли-жарым азғынлар не? Ол ҳарамылар келешегин не билсин, еки-

үш күн фашистлердиң порсыған колбасаларына тойғаның мән көрди. Әй олар мың гүлдиң ишиндеги бир ошаған ғой! Бул жақта ше? Сапар келгели елдиң басы аяғына кирип шыққан жоқ. Сонлықтан бул сораўға шорта кесип не айтсын! Бирақ ел еле питеў. Турмыста баяғыдай,—Сапар қолын бир силтеди. «Несине ыңжыламан.. Суў көрмей етик шешип...»

...Жоқ Сәлийманың сөзиниң жаны бар. Ертең алдап-арбап тилиниң астындағы қупыя сырды ашыў керек...

Сапар азанда солғын келбет пенен орнынан турып бет-қолын жуўды. Чайды шала-шарпы ишти де:

—Сағынып қалыппан, үйлерди қыдырайын,—деп орнынан турды.

Кемпир сам-саз болып, баласының сыртқа шыққанын иштен жақтырмаса да сыр билдиргиси келмеди.

— Өзиң бил. Жәмийла да бүгин келип қалмас па екен, шырағым,—деп салқын жуўап берди.

— Қәйдем—деп Сапар үйден кемсалыйқа шығып кетти.

Кемпир қарап турды да «уҳ» деп салқа түсип отыра кетти.

## ШУҒЫЛ

Өткен қыста Сәлийманың жиберген хатын Ажар Жумабайға қуўыстырыўдың есабын таба алмай Қәлийлаға ойласты. Қуў сөзли, ушқындырма гәпке қайымшыл Қәлийла Ажардың қолындағы үш мүйешли етип бүкленген қағазды жаздырып оқып шықты да ишек-силеси қатып күлип;

—Ферманы қойып, енди жол ортаға барғанлардың ашық хатын тасыйтуғын болдың ба? —деп Ажарды илип қақты.

—Қуршаңқы гәпине қара бунын,—деди Ажар қәйнисин дәлкек етип—мен соннан шайы көйлек кийейин деп жүрмен бе, қара басыма еки шанаға пишен тийеў аўырлық соққан соң алдап-суўлап изиме ертип гүдиниң басына апардым. Ол өршеленсе, мен ық жағына шықтым. Хызметимди питкерген соң «нем кетер дейсең» деп бир жапырақ қағазын алып шықтым. Айып болса, үкиге тасла.

жесир отыра алмайман деп ЖумаСайға қол салыпты. Кемпир сорлы илажсыз көлген. Қызыл ала кийинген. Енеси менен баласын таслап. Жумабай менен қол услапсып балық аўлап. көлге кеткен. Кенедей пешине жабысып, муз белен де бирге ығып кетипти мис... Тахтакөпирде бир ай кеселханада жатып, бала таслаптымыс!»

Гә қуўарып, гә бозарып келбет-пишини атып киятырған таңдай қубылып. денеси безгек тийгендей қалтырап ғазабы атлыққан Сапарға Сәлийманың төбеси жалпайып шөккен қамыс қақырасының ҳаўасы тарлық еткендей өкпеси исти. Деми қысты. Тынысы тарылды. Қамырдай көшип киятырған денесине солдат гимнастеркасы тарлық етти. Тула бойынан сыбақ тер ақты... Ол усы отырғанда Жәмийлаға көзи түссе атып жиберер ме еди. бүркиттей тарпа басып. салалы солдат пәнжеси менен өңешин үзерме еди, ким билсин? Оның қәҳәри қайнағаны соншелли қарсы алдында патефондай тақылдап отырған Сәлийманың ҳәр сөзи жүрегине қылаўдай шаншылды.

Онын тақаты кетти. Сабыры сарқылды. Жаңа ғана жайдары минез аққуба жигиттиң қабағы түйилип, жүзи түнерди. Оның келбетин дүбелей жаршысы бир жумақ қара булт басты. Кешеги Украина топырағындағы саўашта ғайбар ашыўы қайта қурсады. Қапталында жатырған балдақты алып тунжырап орнынан турды.

Сәлийма орнынан ушып турып;

—Келип тур, қурдас; М-е-ен ақ пейил. аўызым жеңил. айыпқа буйырма! Не қылайын, сени көргенсоң жарылып атырман! Дос жылатып айтады. Келип тур, қурдас!—деп иззет көрсетип қалды.

...Сапар колхоз кеңсесине қарай бет алды. Жүрип киятырып. сап жүреги ағыстағы сүйириктей дирилдейди, толқындай туўлайды, батыл жүрекли жигит әлле неден қыпсынып—қаймығады.

Қапталынан өткен киси әжийўалап баратырғандай, артында әлле ким сықақлап күлискендей. қара үйлеги ғаўырлы оны өсек етип отырғандай қыйпақлайды. Жаўдың жалтарып қаймықпаған жүреги маҳаббат дәртин көтере алмады!

Кеңсеге келип Тилемистиң кабинетине киреҗақ еди, басқарма ағзаларының жыйналысы болып атырған

соң қызыл мүйеш жайына кирип, дийўалда қыстырыўлы турған «ҳүрмет тахтасына» көзи түсти. Жети-сегиз алдыңғы балықшының сүўрети тур еди, ол балықшыларға онша нәзер аўдармай қатар турған Жумабай менен Жәмийланың сүўретине тигилди..

— Жумабай әдеттеги аўыр минезинде теңиздей түнерип тур. Жәмийла күлимсиреген пишинде. Бирақ ықласлы күлки емес, ал еринщек шыққан күлки, Екеўи де Сапарға тигилип қарап тур.

Жумабайдың пишининдеги өзгериси мурт қойған. Астыңғы ерниле мингескен үстиңги ернинең үстинде өлпең жайылған мурт мурнына келгенде қойыўланып питкен.

Аз сөйлейтуғын, жабық қабақ Жумабайды жоралары; «индемес!» деп ҳәзиллесе де иске келгенде сал бөкселиги жоқ. Бир жаққа шықса жеткенше тыным таппайды. Ескек ессе, таяў басса ҳәмменниң алдында келетуғын усының қайығы. Бул ғайратына сүйсинген жоралары «өкпеси жоқ» деп ардақлап сөйледи. Қара күштиң ийеси!

Бойына питкен минези,—өтирик-өсек пенен иси жоқ, Қыянат жасаўға күтә әбигер, Пустырмалап, қыйыстырып сөйлеўге шорқақ ҳақыйқатын айтады да қояды. Усы минезиле қарап жоралары; «Жумабай орыс» дейди.

Ҳүрмет тахтасынан көзин жаздырмай усы минезлерин есине түсирип турған Сапар енди Жәмийлаға бурылғанда, есик тарс етип ашылды. Ишке кирип киятырған Қәлийла екен. Жигит салқын сәлем берди.

—Ҳә, Сапар келинди таўып алыпсаң ғой... әй, жаслық! Келин болғанда үйден шықпас един, билемен, пошалап жүрсен! Кемпирдиң үйине сыймай, келинниң сүўретине қадалып, турғанына қара, енеңди!... —деп дәлкеклеп турғанда;

— Бул не даўырық—деди есиктен басын суғып Мәтеке ғарры Сөйлегенде аўызының көшери оң жағына қозғалып кететуғын, шарық бет, көзи питлийген, ақ мурт ғарры танаўынан ғана күлки шығарды; Жигитти уялтқысы келмей Қәлийлаға ала топылды:

—Басың мелле асқабақтай болып, қуршаңқы сөзди қашан қоясаң! Әй, бәдбақ, жүр ана жылымды оңлап таслайық.

Сапар қызара бөртип, ғарры менен Қәлийланың сөзине тек қубылған келбет көрсетип, үстине газета-журнал жайылған столға отыра кетти.

Бир-еки журналды ашып көрди де оқыўға мейли алмай, Ташкентте шығатуғын бир газетаның ҳәр бетин мәзи ашып, ишиндеги сүўретине қыял аўдарып, ойға шөмип отыр. Сәлийманың үйинен бағанағы шыққандағы жүрегин шарпыған ашыў енди саяп урып, бир ойға тоқсырған еди.

Даўыл қуўған теңиз толқынындай шарық урған қыял дәрьясы шайпалып турған газетаның үшинши бетиндеги фотаға жигиттиң бирден қыялы аўдарылды, айдын теңизде жылым тартып турған Жумабай менен Жәмийланы таныды: Ҳәркимниң де қанына азлы-көпли сиңген қызғаншақлық минез жигиттиң жүрегин қурыстырып тутты ма, әйтеўир, газетаны жаўып жиберди. Бирақ, «көзим түспесин» деп артына жалт бурылған менен «Ҳүрмет тахтасындағы» Жәмийлаға тағы көзи түсти. Жигит мәс кисидей ериктен кетип, ериксиз күлип жиберди.. Қайтадан газетаның бетин ашып, сүўретке және тигилип астындағы жазыўды оқып отырып, бирден шоршынып кетти.

Сапар ызаға буўлығып, председательдиң кабинетине кирди.

Тилемис кабинетинде бир өзи еди. Есик ашылып гимнастеркалы солдаттың басы көриниўден өрре турып, есикти өзи бекитти де «отыр!»—деп стул усынды. Далаға қарағанда бөлмениң иши сәл салқынлаў еди, сонлықтан да ол жарма қапылы әйнектиң бир жақлаўын ашып жиберди. Ыссы самал бөлмениң ишин желпиди. Председатель орнына отырып папиросын тутандырды.

Сапар жүрегиниң жарасына даўа болғандай сөзди күтип еди. Тилемис ҳеш нәрседен хабарсыз кисидей ушқары аман түўел сорасып, колхоздын жумысы туўралы сөйлеп кетти.

— Усындай иним. Көлде балық тартылып қалды. Дәрья таспай тур. Мына нәлет болғыр «гитлер еле упысып атыр. Адам жоқ. Келте жип гүрмелеўге келмейди. Өткен жылы балық басқын болды. Быйыл не.. Быйыл капылып тур. Аў дузақ гөне...

Сапар председательдиң сөзин мақуллап, өзиниң келген хызмет жағдайын айтты.

— Үйде отыра-отыра зеригип кеттим. Теңиздиң ҳаўасында сағындым. Аў қурал берсең бүгин талап ислеп кетейин деп едим.

Председатель солдат жигиттиң дәслеп бет әлпажарына, оннан кейин майып мүшесине таңырқаныл қарады.

— Жумыстың аўырлығын айтып, ҳазарланғаныма қысынып турғаның ба бул. Жоқ мен бир аяғың менен талап исле деп буйыра алмайман. Күтә мийнет еткиң келсе, қырда-ақ исле. Складщик боп. Тек балықшыларға аў дузақ берип турасаң. Майыбына шекем көлге жибереди. деп журт күлер, қосшым.

Сапар өз тилегин орынлатыў ушын бираз ойланып отырды да:

—Егер өз басыңызды сақлағыңыз келсе, мен ҳәзирақ арза жазыўға таярман!—деди.

— «Бир аяқ пенен—а!»—деди ишинен Тилемис—» Балық аўлайды. Сирә фронттан қайтарда усылай деп буйырық берген шығар!...

Председатель ақырында аў дузақты иретлеў ушын бир еки күн гидирмесе болмайтуғынын айтып еди, Сапар урысқа кетерде үйинде бир қорғасын аў қалғанын, кемпири оны«баламның талабы қайта оралсын» деп каршынға түйип сақлап қойғанын айтты да, тек кеме сорады.

Председатель аўдың хабарын еситип қуўанып кетти. Столдың тартпасынан қағаз, қәлем алып, дәрҳал буйрық жазыў менен болды.

Председатель Сапар менен хошласып атырып:

—Жәмийла менен бирге саларсаң, аўды—деди.

Сапар бул сораўға:

— Көрермиз енди!—деп салқын жуўап қайтарды да, есиктен сыртқа шығып, жигит ойланып турды.

—«Аўа ескелшим қайда?».. «Айтқанды ислер ме екен, ол?— деди де Сәлийманың үйине қарай бурылды.

Есиктен кирип кү'ятырған Сапарды көрип Сәлийма орнынан өрре турды да, жигиттиң қас қабағына жалтаңлап қарады.

Урыстан жараланып келген ашыўлы жигит Жәмийланы жазым етип, кәпелимде гүнасына қаламан ба

деген қыялға кеткен Сәлийманың кеўилине аяныш сезим келип еди және қатыўланып: «тағыўлығын буз-бай қоймайман!» деп келбетин көгертти.

— Ал. сәке гәп бар!—деп жигит балдағын дийўал-ға сүйеп, төсекке секирип барып отырды да мүнайым ҳаўаз бенен сөйледи,—бирге балық аўлайық. Сен ес-кекши бол, ҳақыңды тең жары бөлип беремен. Тек түн-ги уйқыға шыдасаң. Күндиз кешке шекем жатасаң!

Сәлийма тунжырап, бираз отырды. Оннан кейин:

—Жәмийлаң келеди ғой. Күйеўимди тартып алды.., деп тоңқылдап жүрер!

Сапар көзине ашыўлы қәҳәр жыйнап:

— Өзиниң күйеўи бар ғой... Менде не ҳақы бар... деп төмен қарап муңайды.

Қәйдем жақпасым бар еди. Жарай алсам... деп жуўасып сөйледи.

— Жарайсаң Сәлийма! Мен бир саат үйде отырып парасатым жоқ. Жүрегим күйип баратыр. Дәрья бойы-на шығайық, Сәлийма! Ең болмаса үш-төрт күн аў са-лайық! Аясаңшы мени, Сәлийма!.. Өзиң ғой өртеген! деп жигит. Сәлиймаға ашыўлы көзин қадады.

Жигиттиң айбатынан сескенди ме, болмаса, аяўшы-лық сезими ме, ҳаял орнынан ушып турып, дүз кийим-лерин кийине баслады.

— Ҳәзир дәрьяның жағасына бар!—деп жигит буйы-рып сөйлеп, есиктен шығып кетти.

## ҚАШҚЫННЫҢ САРСАҢЫ

«Порлы таў» заводының приемчиклерине балық тап-сырыў қәўипли—деген жуўмаққа келип, Қәдир жолба-рыстан қашқан доңыздай қамысты жарып баяғы кетис-тен «Сары бас» көлинен шықты.

Теңиздиң ортасынан қарағанда алтын таўдай сарға-йып, мунарланып, жарқырап көринетуғын жигердей қамыслы бул көлди балықшылар «Сары бас» деп атар еди. Усы көл «Мойнақ» заводы балығын қабыл етету-ғын колхозлардың қарамағында. Ол еллердиң адам-лары Қәдирге таныс емес. Қәўип қәтерсиз ислеп, ала-ғадасыз уйықлайтуғын көл. Усы жағын ойлаған Қәдир бир түнде келдиде балықшылардың изи түспеген қалың қопалықтың ишинен қос дүзетти.

Наўбәҳәр келди. Көл теңизге ақ шатырын қурган қыстың қурысы тарқап қуяшлы күн мийтиндей музды мыстай қыздырды. Қар ерип, қызыл суў сарлап ақты. Көзгенекленип елгезердей тесилген муз қатықтай ириди. Қәҳәрли қыраўлы қыстың берекети қашты. Адамлар да, жанлы жаныўарлар да бәҳәрдиң гөззал жамалына ынтықты.

Песин ўақты. Таң ертеңнен бери гөне қайығының ултаны ҳәм жақлаўының суў ағатуғын жарықларын тозғақ пенен питеп шыққан Қәдир енди қаза тоқып отыр. Оң қапталында үш-төрт баў қарағайдай ири қамыс, сол жағында бес-алты баў жекен жатыр. Жекенди есип, арқан етип, қамысты пухталап қыршып, •жыңғыл қора қыспақлағандай қамысларды бирим-бирим дизип отыр.

Жапан дүзде бир өзи. Дүньяның қызығы менен оның иси жоқ. Қарысқан гүн тақылетте. Ол бул күнде тили жаңа шыққан жас бала тәризли, адамлар менен қалай сөйлесиўге де әбигер еди. Оның жолдасы — көл қуслары менен жаныўарлары, елаты,—қула дүз. Кеўилиниң сергеклеткиси келсе де, жазылысып күйсе де аспанды шарықлап ушқан шағалаларға, қопақтан-қопаққа секирген мәлим пышықларға машқы етеди. Тек соларға ғана муңын шағады.

Урлап алған Қәлийланың аў-қуралларынан да жүдә болды. Дузақ тозғансоң, «Және бир-еки аў урласам ба екен?» деп оқталды да, батылы бармай қаза салғанды мақул көрди. Қанша жыл усылай жалғызлық пенен жабайы өмир сүретуғынына оның көзи жетпейди. Тек урыстың тамамланыўын сарғайып күтеди. Ал урыс басылса ше?... Сонда ол ким болмақ?! Қәдирдиң буған да көзи жетпейди. Қайта халық есин жыйнап алып. қысылғанда қол бермеген, тарыққанда жәрдем етпеген азғын төлди гахталай тутсе қайтеди!

Кәдирдиң жүреги суўлап, жүзи қуўарады.

Кеште бир сарқыраўық айдынға қазасын орнатып, аўыр жатарға шекем токсан толғанып, қыялға батқан Қәдирдиң көзи илинип кетти Әлле неде сетем алып оянса бәҳәрги кара суўықтан денеси музлап, қалтырап атыр екен Орнынан турды да кемесине минип қаза қараў ға кетги.

Балық толы кемени сүйеп, сәске ўақтында Қәдир балық қабыл ететуғын пунктке киятыр. Әне үлкен бар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қастың машты көринди. Ол кеме көп қатпайтуғын өзекке бурылмай, қамыстың арасындағы қыснақ жолдан жүрди. Даўыс жетер жерге келип, қопалықтың тасасына өзин ҳәм кемесин тайсалдырды да прием басындағыларға өлимсиреп қарады.

Приемчик ҳаял екен. Бир балықшы балық тапсырып атыр. Адамлардың ғаўырласқан сести,—күлкиси еситилип тур. Балықшы приемчиктен ҳақысын алып кемесин есип кетти. Енди тек баркастың адамлары қалды.

Қәдир таяўын суўға салып, кемесин алға ийтерди. Кеме таяныптп киятырған өлеси арық, жупыны, әбигер кисини прием басындағылар түксирейип қабыл алды.

Қәдир олардың сәлемине ғана уяң даўыс берип келбетлерине қараған жоқ. Кемени үлкен судноға байлады да, еңкейип, ишиндеги балықларды зәмбердиң ишине таслай берди.

Приемчик ҳаял Қәдирди жатырқаған пишинде салқын шырай менен:

— Қайсы колхоздансыз?— деп бетине тигилди.

Қәдир оған қараған жоқ. Төмен қарап, нуқырып балық таслаў менен:

— Киров атындағы колдоздан — деди.

— Ҳаял таңланғандай болды.

— Кировшылар бизге балық тапсырмайтуғын еди ғой?

— Әй қарындасым! Балықшының гезбейтуғын көли бар ма? Ыққан томардай қаңғып бир келдик да!

Қәдир приемчик ҳаялдың қасына келип төмен қарап, жүресинен отырды. Қыйтар көзли, сары сынлы, отыз жасты қуўсыра келген ҳаял Қәдирдиңбас аяғына тағы бир нәзер салып, аяныўлы пишин менен тағы сөйледи.

— Күтә жупынасаң ғой аға!. Әкелген балығың кенапаттай. Үсти басыңа кийим алсаң болмай ма?

Бул сөзге муңайып Қәдир:

— Әй қарындасым, дурыс айтқаның... қәйтейин, бала-шаға көп! Балықшылық кәсип қақпан салғандай, гәде нобай, гәде аз. Өт қақпай қалады!—деп түнжырап жуўап берди.

Судноның ерңегинде жүресине отырып, екеўиниң

сөзине қуштарланып отырған ақ сақаллы ғарры гәпти бөлди

— Иним, мусылман баласысаң, муртыңды қырып, шашыңды алып жүриўиң керек. Шамасы қырықтан асқан жигитсең. Шаш қоймағанда не қылады. Мурт өсирсе, аўқат мәкириў. Сени көрген ўақтымда, уральскийме екен деп едим, мине пирли теңиздиң ортасында отырман ғой!

Қәдир оннан сайын түнерди. Ызадан жигери қум болып, көзлери қутырғандай, қанталасты. Оның ғазабы қайнап кеткенин сезди ме, бир жигит ғаррыға қарап:

—Жәдигер аға! «Ызалы мухмин ҳарам!» деген кисиге ыза берме. Не қыласаң. Егер шашы жоқ адам бейишке барса,Қәлийла төринде отырар деп шақалақлап күлди.

«Қәлийла» деген даўысқа Қәдир селк етип, жигиттиң бетине жалт қараған ўақытта теңиздиң самалы менен сақалы көзине түсти.

— Мениң сөзим ыза емес, кеңес...—деп ғарры мыңғырлап, тағы бир нәрсе айтпақшы болған ўақтында, приемчик ҳаял гәпти бөлди.

— Киров атындағы колхоз дейсең бе?

— «Неге езе береди»—деп ызалы түр менен Қәдир ҳаялға қарап еди, квитанция жазып отыр екен. «Тез кете ғойсам» деп қыстанып отырған Қәдир:

— Аўа қарындасым!—деп, салқын жуўап қайтарды.

— Нешинши бригада?

— Екинши.

—Фамилиян ким?

— Қаражанов.

Приемчик ҳаял квитанцияға қол қойдырып, бир буўат ақшаны қолына усынып атырып:

— Санап ал!—деп еди, Қәдир күлимсиреп қалтасына салды да кетиўге мейил берди. Сол ўақта «қоя тур» деген жеделли даўысқа ол үрейленип артына жалт бурылса, қасына жақынлап киятырған ғаррыны көрди.

— Мә саўабы маған. Муртыңның ушын бүгин ықшамлап қырқып, ертең өзиме әкеп берерсең!—ғарры Қәдирге қалтасынан кишкене дүкәртти шығарып берди. Ол да қалтасына салып:

—Раҳмет, аға!—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ескекти пәтли есип, приемнан әдеўир қашықлағаннан соң Қәдир баркас кемеге қарап:

— Ийmansыз ғарры, дүкәрттан енди айрылған шығарсаң!—деди.

Қәдир қосқа келип, бир шабақты мойы қазанға қайнатып отырып, ақшаларын санап шықты. Оннан соң терең ойға кетип:

— «Сақал, шашымда басыма мийнет болды аў! Сақалың ғаўлап, шашың өссе де адамлар сезикленеди екен ғой. Көсе ямаса кәл болғанымда!»—деп мыйығын тартты,—«Дурыс айтады. Үстиң жупыны болсаң да гүман етеди. Алдыма бассам ойылма, артыма бассам шоңқайма!.. Сирә қайғысыз, жүргендей қарыс жер қалмады».

Қәдирдин кеўили түтигип, жабықты. Қамығып ызасы келди. Қабарып жылап жиберди. Қарсы алдында түнерип турған гүңгыйық суўға өзин атып жибергиси келди де, өлим есине түсип, өмир жамалына ынтықты...

...Кийим-кеншек алсам ба екен? Балаларыма ырысқы етип апарсам ба екен? Ҳаял!. Бул күнде мен оны ҳәм балаларын жаралап кеткен қаскырман, ал ол ызалы, ашыўлы жолбарыс ғой. Исенип бола ма!

Қәдир ертенине тағы қазасын қарап, азнаўлақ балық алдыда кешеги хаял приемчиктен басқа балық қабыл ететуғын жерди излеп кетти. «Қорқақты көп қуўсаң батыр болады» дегендей сол күни бурынғыдай аяқ қолы қалтырайтуғын ҳаўлықпа кеселден саўалған ол прием басына мардыйып барды. Ол жердеги өзине тәкилет гил уральск ғаррылар екен. Өзлеринин де аўызлары жүнге көмилип, шашлары еңсесине түсип турғанлықтан ба, бунын келбет пишинин сынға салған киси жоқ. Тек буны «басқа динде» деп жеп отырған аўқатына мирәт етпегенине сәл иренжигендей болды... Әсиресе олардың аўзына буралап тығып отырған гүмпей нанын, қырт-қырт етип тислеп атырған қантын, турмыс ҳәзлигин, ләззетлик пайызын көргенде димәри қурып, жутқыншағы бүлик-бүлик етти. «Аўзымнан силекей ағып кетер» деди ме, шеп қолы менен еки езиўин сыйпады.

Балығын тапсырып, «елеспесизлеў прием» екен деп қуўанып қайтқан Қәдир күнде сол жерден жазбай өз колхозынын атына жүз центнерге жақын балық тапсырды. Бул Үшсай балық заводының приемы еди.

Бир күни Қәдир саўда ислеў ушын заводқа емес, ал пристанның дүканына қайрылды. Пароходта жүк тасып жүрген бир рабочийлардан жол-жөнекей еки қапшық сатып алды. Дүканнан алған қант, чай, наның арқалап кемесине келди де, онаша жерге қойып, кийим кеншек алыў ушын тағы кетти. Бул сапары фуфайка, етик, малақай көйлек сатып әкелди. Жағадағы жекенниң арасында турып таза кийимлерин кийди. Өз пишинин көриў ушын айна болмағанлықтан тынық суўға үңилди. «Сунқардай жигит болыппан»—деди ишинен. Көўили сергексип жадырағандай әтирапқа нәзер менен көз салды

Қәдир оннан соң тың-тыңлап келиў ушын Үшсай елатын аралап кетти. Аўыл адамларының ҳәрекетлерине ынтығып, қумарланып қарайды. Қыялы аўдарылған жағына қанбақтай қаңғып киятыр. Өзин қалың топтан ерек бөлип жүреди. Колхоз конторасының әтирапындағы бир топар адамның тусына келгенде асығыслаў жүрип өтти. Үшсай балық заводының кеңсесине кирди. Үш-төрт ҳаял счет қағып, есап-санақ жумысларын ислеп отыр. Көп гидирмей ол жерден сыртқа шығып еди, қубла жақтағы жайда бир кисиниң урожай арқалы рация, әлле ким менен сөйлесип отырған даўысын еситти. Қәдир әйнектиң тусына келип, қулағын салды.

—Жақсы еситиң! Қаражанов деген бир балықшыны анықлаў керек ғой. Қайсы приемчик қабыл еткенин билип, ертең хабар етемен. Андреев... Қалай еситтиң?

...Жақсы еситтим. Ол адам дәслеп Порлы таўға, оннан Мойнаққа, енди сизиң заводқа балық тапсырып жүр. Тезирек ҳәрекет ет. Қалай еситтиң?

Қәдир олардың енди сөзин еситиўге тақаты шыдамамады. Ҳүрейи ушып, шаққан жалт берди.

Жекенниң арасына жасырынған қайығына ырғып минип, гә таяў таянып, гә ескек есип көлдиң ишине сиңип кетти.

## ГИЙНЕ.

Жәмийла менен Жумабай Нөкистен асығыс қайтып, район орайынан Сапардың келген хабарын еситти. Сол күни самолет пенен Сапардың үйине келди.

Бирақ Назлы кемпирдиң көз қубылысынан қапалы ажарын көрип, екеўиниң де жигери қум болды. Кем-

пир бет әлпи ажарын түрли муқамға қубылтып, иштеги ҳәсиретин сездиргиси келмеўге тырысты. Жумабай менен келини Сапардың қалай келгенин және қандай гүррин айтқанын еситиўге қуштарланса да, кемпир, қыйпақлап, қазан-табаққа араласып, парасатлы отырмады. Олар сам-саз болып бежирейип қараса, кемпирдин көзи қыпылықлап жерге тигиледи .Жәмийла ошаққа тигилип, сазарып отыр.

Индемес минезли Жумабай терең демин алып, жәбирленген кисидей сөйледи.

— Сөйтип, бизлердин келиўимизди күтпей, рас-ақ балық аўлаўға шығып кеткени ме!

— Аўа, стахан бала!. Қәйдем, әскерден қайтарда начальниклери солай тапсырды ма, қәйдем, өзи балықшылықты сағынды ма, әйтеўир маған сыр шашып, пәлентөлен деген жоқ. Қәйдем, балық аўлап келейин апа! деп кетип қалды. Қәйдем, өзи түсинетуғын да!

Кемпир сөйлениўи менен орнынан турды:—Қайдем саған бир хат таслап кетти, ашқаным жоқ. Сол бүклениўи менен тур.

Кемпир боғжаманың астынан үш қыйық етип бүкленген қағазды алып, Жумабайға берди.

Ол қағазға тигилип қарап турды да, түси өзгерип кетти. Қағазды қалтасына салып, «ал яқшы» деп орнынан ашыўлы турды. Кемпир менен Жәмийланың;

— Қайда барасаң? Чай ишип кет!—деп жалбарынған мирәтине қарамай тунжырап үйден шықты.

Жәмийла арсары шығып қаққан қазықтай бир орында қалшыйып отырыў менен қалды.

1944-жыл. 5 сентябрь күни. Мәтеке ғарры складтың алдында қуяшламада жети-сегиз ғарры-кемпир менен жылым көңгелеп отыр. Дәрьяның жағасында жер ошақ қа шүлен қазан толы қара майды қайнатып, аў-нәретелерди майлап Қәлийлалар жүр.

Дәрьяның арғы жүзи менен шайқатылып киятырған бир желқомлы кеме кеңсениң тусына келди де берги жүзге қарай бурылды. Жағаға иркилип турған желқомлы кемеден Тилемис шығып, туўры кеңсеге қарай жүрди. Мәтеке ғарры да баслыққа ере кеңсеге кирди.

Тилемис жайласып отырып, болған соң папиросын тутандырып, ақ түтинди бир-еки мәртебе симирип жутты да қабағы жабылып ғаррыға қарады.

— Зәрре кешигип барған екенмен. Әскер тийеген паро

ход Үшсайдан шығып кетипти. Қап, бурынырақ сезбегенимди айтсаңшы!—Председатель ҳазарланып, желкесин сыйпады.—Маңлай алды балықшыдан айырылып қалдық.

— Военкомға хабарластың ба?—деди Мәтеке ғарры төмен қарап ойланып отырып.

Петров деген рус жигитине хабарластым. Буннан онбес күн бурын-ақ военкоматқа барып арза берип қойған екен. Ол бир-еки күнликте повестканы алып, тикке военкоматқа кетип қалған. Арзасын көрсетти «Мени фронтқа жиберин!». деп өлердеги сөзин айтып жазыпты..

Екеўиде усыннан кейин үнсиз отырды. Бир ўақта Мәтеке ғарры:

— Қәйтесен енди, Жумабай мийнеткеш жигит еди—деп сабырлы сөйледи.—Анаў күни Сапарды балыққа жибермей Жумабай менен Жәмийланың кеткиўине қаратып, үшеўин оңаша бир жайға алып, балалардың ашыўын сорайық дегеним усы еди ғой. Тилемис! Гәде өзинди жөнлеп кийип кетесен Минезиң көлди шарпып жанған бәҳәрги оттай. Колхозға ҳадал баслық екениңе шубҳам жоқ. Бирақ елдиң талас тартысына да қулақ асыў керек Кимниң сары қарын болған, кимнин жамалы жаңа ашылған келиншек—қатынлары қалды. Талапта ярым ай болып келсек, ҳаялларымыз я енесине, я қайнағасына өкпелеп мунын шақпайтуғын ба еди. Олардың бурынғыдай сылап сыйпап кете беретуғын енди күйеўлери қайда? Урыстың ашыўын жаңа көрип атырған елмиз.

Мәтеке ғаррынын сөзин терис деўге Тилемис жуўап таба алмады

— Бул истиң ахыры қалай шешилер екен?—деп дағдырып ғаррыға қарады.

—Қайтымы тез жаслар ғой, қәйтер дейсең?—деп ғаррры кетпекши болып орнынан турды.

Усы ўақта колхоз статисти Айжан ҳаплығып кирип келип:

— Тилемис аға шүйиншии!—деди бир жапырақ қағазды баслықтың аллына жайып қойды.

Председатель қағаздың бас аяғына көз жуўыртып, мазатланып муртынан күлип, жадырап қәддин көтерип, қайтадан даўыслап оқып шықты. Оннан соң Мәтеке ғаррры түсинсин дегендей русша сөзлерди қарақалпақшаға аўдарып айтты.

«СССР балық санааты Министрлиги Киров атында-

ғы колхоздың ер ҳәм хаял ағзаларын социалистлик жарыста озғаны ушын ВКП (б) Орайлық Комитетиниң СССР Министрлер Советиниң ҳәм СССР Жоқарғы Совети президиумының көшпели Қызыл байрағын алыўменен қызғынлы қутлықлайды. Гитлершилерге қарсы Ўатандарлық урыста бизиң жеңисимиз ушын гүресте мәртлик мийнет етеди деп исеним билдирледи.

«Жеңисимиз ушын гүресте» деген гәпти Сабыров ишинен және қайталап оқыды. Урыстың жеңиси ушын тылдағы жүз хожалық бизиң де пайымыз бар екен ғой!

Усы ўақытта ишке Ниязов пенен Узақбаев кирип келди. Председатель телеграмманы көрсетти. Ҳәммеси мәзи-майрам болып, бир жапырақ қағазға сүйсинди.

— «Бирликли ел азбас!» деген емес пе?—деп Мәтеке ғарры сақалын сыйпады да:

— Мен жумыстан қалдым!.—деп сыртқа шығып кетти.

— Сабыров, Ниязов, Узақбаев үшеўи сөйлесип отырғанының үстине Ажар кирип келди. Қабағы қатыңқы, торсылдақтай еки бетиниң ети семип, айғыз-айғыз әжим түскен. Бурын орташа көринетуғын мурны азғанлықтан зоңырайып тур. Арықлап тобы киширейип қалыпты. Урыстың алдындағы жыллары жардай болып жүретуғын Ажардың усы пишинин көрген колхоз басшылары иштен аяп отырды.

Ажар ферманың аўҳалын аянышлы түрде айтып шықты.

— Пишен оратуғын машина шықса,—деди Ниязов.—көлдиң шөбин бир өзим жайпар едим. Әттең мына қыйсық орақ күйдирип тур.

Отырғанлар оның сөзине мыйығын тартты.

— Ниязов, сени фермаға бекитсек қырдағы жумыс тоқтап қалады аў,—деди Тилемис—жыңғыл таярлаў керек нәрете ушын жыңғыл таярланатуғын еди. Кеме ремонтлаў, аў-дузақ таярлаў төбеден асып, ис балалап тур

— Келеси жазда жылымға қосатуғын, шанаға жегетуғын күш-көликлердиң от-шөбин балықшылардың өзлери көлде таярласын. Аўылдан пишен тасығанды қояйық!—деди Ажар.

Оның сөзин тыңлап, тунжырап отырған Узақбаев гәпке араласты.

— Қораның қамысын жеп мал қыстан шыға алмай-

ды. Мал балықтан қәдирсиз емес. Мениң ақылым: уйқыдан кешейик. Аўылдағы нийге тартар адамларды жыйнайық Екеўимиз күндиз көлди аралап, кеште арбаны жегип бир ҳәпте пишен тасып берейик.

Аўыл совет председателиниң сөзи ҳәммеге мақул түсти.

Ниязов жынғыл гаялаў ушын Мәтеке менен Қызыл қалаға жүрип кетти.

## ТҮНГИ САЛЫМДА

1944-жыл. Июль айы. Түн Ақдәрьяның жағасы сығасқан кеме Дәрьядан сүўен аўлаў мәўсими. Түн сүттей жарық. Аспандағы ай алтын зерендей жарқырайды. Жулдызлар мақпал көкти торлап тур. Таң алды. Шолпан жулдыз туўды. Сүўенлердиң жапа тармақай өретуғын ўақты. Балықшылар уйқысын ашып нәўбет күтип отыр.

Жазғы ақшам сүўен аўлаў қандай қызық! Уйқыдан қаламан!—деп гәп етпе Онын әжири кеме толы сүўен ҳәм қалта толы ақша менен қайтады. Дәрьяның ақшамғы ҳаўасына не жетсин! Гирбиң барма сирә!.

Сиз сүўен аўлаў мәўсимин көрмедиңиз ғой! Балықшы аўылына жазда бир қыдырып кел, оқыўшым! Сүўен— қойдың етиндей майлы балық. Балықтын сейдини ғой, қасқаң!

Сүўен аўлаўға тайда таяқ қалмай шығады. Жазғы каникулын балықшы аўылынын муғаллимлери де дәрья бойында өткереди. Сүўенниң өз майы өзинде. Ағыслы суўдан тыпырлап шыққан қабыршағы гүмистей сүўен қуўдырдақтын мазасы қайда жатыр. Сени аш етерме сирә! Тойып алда, қарнынды тыр-тыр қасып жүре бер! Ҳаў балықтын майы ем дейди ғой докторлар Тағы бир қәсийети жесен етиңди лаплатып, суўыққа тоңдырмайды.

Тек бир қолайсыз жери, жигирма-отыз балықшы нәўбет күтип отырады. Салым биреў. Дәрьянын гез келген жерине аўды сала бериўге «иле» барма деп қорқысады. «Иле» деп дәрьянын ултанына шөккен томарды айтады. Суўдын түбин сыпырып киятырған аў томарға илинсе, дузақтан айрыласаң! Сонда да өжет балықшылар тийип қашып бандирги жерлерге аў сала береди. Илеге дус келсе бирин-бири жәрдемге шақырады. Жолдасына мийримли шоферлардай дәрьянын бетинде үймелесип атырғаны.

Қой, енди Сапар менен Жәмийланың әңгимесине оралайық.

Сапар қарманшы, ескекшиси Сәлийма. Жәмийла да қарманшы. Оның ескекши Нысан деген қайың қаптал қара бала. Қа́за салғанда «хан» деп, ау салғанда «қарманшы» деп устаз болған кисини айтады.

«Қарабай хан болды, биз нөкер болдық, қуда ҳәмири шығар, суў төкер болдық» деп қарманшы болып ҳәмир етип отырған бир жолдасына Бердан шайыр қосық шығарыпты деседи.

Салым басында Жәмийланың ескекшиси Нысан бес-алты балықшыны қапталына жыйнап, Аяпберген шайырдың қосықларын саз даўыс пенен айтып отыр.

— Бул қосықты не мәнисте шығарған?—деди биреў. Бул ма? Бул былай. Аяпбергенниң Баядил деген бир жорасы Төрткүлде оқып атыр екен. Нигархан деген ҳаялы: «Күйеўиме сәлем хат жазып бер» деп шайырға келмеси барма. Сонда шайыр ҳаялының атынан былай деп қосық пенен хат жазып берипти:

«Есиктиң алдылары болды аў салым,
Сәҳәр ўақта қолын созды бир залым,
Қолларын қағыўға келмеди ҳалым,
Тезден келип хабар алсаң не болды.

Бирин айтып, бирисине барайын,
Жетер-жетпес үйир болды толайым,
Енем де таяқлап қуўды талайын,
Тезден келип хабар алсаң не болды?»

Бул сөзге биреўлер күлисип, екиншилери бирин-бири илип, тартып дәлкеклесип атырғанда дәрьяның ығынан:

— Ҳа-а, Ақдәрья қа-а аш!—деген саз даўыс манаўсыраған түннин пердесин жарып, тунжыраған көлди дүр-дүр силкиндирди. Балықшылар даўыс еситилген жаққа жалт қарады. Дәслепки тақылеттеги сүрен және қайталады.

— Қәне, ҳаў кимниң гезеги?—деп ғаўқылдасты ҳәмме.

— Мен—деп кемесиниң ишинде тунжырап отырған Сапардың протез аяғындағы шандыған былғарылары сықырлады. Сәлийма орнынан ушып турып ескек пенен

кемени ебетейсиз пишинде дәряның ортасына қашырды.

— Кемениң басын өрге ал! Шаққан қыймылла!—деген фронтовик жигиттиң гүңк-гүңк еткен даўысы еситилип баратыр, еди, бир аздан кейин сес семир болды. Кеме гә өрлеп, гә ықлап, толқын қуўған көшпедей қанғалақлап, қанатын, сабалаған қустай ескеклердиң суўды гүреп шашқан сести емески еситилер еди.

Сүўен аўшының дәстүрине салып:

— Ақдәрья қаш!—деп Сапар сүренледи де, аўды суўырыўға мейил берип, Сәлиймаға:

— Қәне табан бас!—деди.

Дәряның тунғыйығынан сексен-тоқсан қулаш аўды тартып шығарыў қарыўлы жигитине пайлы! Дәряның ултанына жабысқан аў қушағын жаздырғысы келмей артқа шегиншеклесе, ағыс түйген кеме алға жулқынады. Қарманшының қасарысатуғын гези усы ўақыт. Ол еки жулқынған күштиң ортасында Қурсағын керип киятырған торға гәси сағағынан, гәси ай қулақтан илинген сүўенлер суўдың бетиндеги ҳаўаға шимиркенгенде, булқып, тайдай туўлайды. Балықтың гүмис қалашы көриниўден қарманшының шәпиклиги де, шеберлиги, де, тәсилхорлығы да керек

Асаў балық жаралы қустай суўды сабалайды. Ондайда қарманшы балықтың дизгинин босатып, қасарыспай, жуўасытыңқырап кемеге қағып таслайды. Сүўен аўлаў—асаў үйреткенлей тамаша кәсип!

Аўды суўға шашып болып, бираз жер жүрген соң, Сапардың қолындағы арқалықты әлле неме жулқып-жулқып тартты.

— Бекире түсти!—деди Сапар Сәлиймаға мазатланып.

— Қойшы, қайдан билесең?

—Неге билмеймен. Маман балықшылар сүўен я сазан түскенин де айырады. Суў астындағы аўды көрмей турып балығының санын да санайды, қосшым!

— Оны қалай билесиз?

— Түйе менен аттың жорғасы бирдей болама?!

Сапар аўды қулашлап суўрып тур Мине, бир сүўен көринди.

— Қаттырақ табан бас!—Ескекшиниң шамасы жетпей тур. Балық кемениң ернегинен қашық. Жигит ҳаялға аларып бир қарады да, шығанағына шекем қолын суўға

суғып ,азнадай сүўен балықты кемеге қушақлап таслады. Суўға шоршып түсип кетер» деди ме. жигиттиң пәнжесине қысып услаған тоқпағы балықтың шүй төбесине гирш етип тийди.

Сәлийма балыққа қарап аңырайып отыр. Кеме ықлап кетти.

— Не қылып отырсаң? Ескек қайда?—деп жигит күйинип сөйледи.—Бол!.. Қәне! Динкең барма өзиңниң? Қаттырақ.. Бекире киятыр. Еки ескекти тең бас! Оңжағыңды қаттырақ ал! Шепке бур! Ҳаў, шепке бур деймен. Ўақ-ўақ! Айрылдық!—Жигит суўық демин алып, келбети түтенди.—Ҳәй сени де балықшының қызы деп. Шигинниң наны менен өскенсең ғой· Қәне, ғайрат сал!

«Бәрекелла» дан гөри Сапардың «ўақ-ўақ!» дегени жийи еситилер еди. Аўды суўырып болды. «Менде айып жоқ, аға!» дегендей ашыўлы күш пенен кемеге қарап зырлап бояқ қабақ киятыр. Ашыўын соннан алғысы келди ме Сапар көтерип кемениң ултанына ылақтырып таслады да, ыза кернеп, жәбирленип сөйледи.

— Он балықтан айрылдық. Бекирени айтсаң-о! Ферманың танасындай еди.

Ол дәрьяның арғы жүзинде ығып киятырған кемеге қарап, тигилип турды. Үскини қуйылып:

— Бизге несип болмаған балықлар ҳәзир ана киятырғанлардың аўына түседи—деп қызғаныш жалыны жүрегинде лапете қалды.

— Ақдәрья қа-а-аш!—деген ҳаялдың нәзик даўысын еситип түси оңып кетти· Жүзи бозарып, дәрьяның ортасында қараўытқан кемеге қарап ғазапланды.

Ескек есиўге мейил берген Сәлиймаға:

— Тоқтай тур. Алған балығың көрейик—деди.

Көк жүзин жарқыратып аспанда алтын ай қыздай сыланып ойнап шықты. Қараңғы түнде қара булттай гүнерген дәрья жағасының пәренжесин серипкендей жамалы жарқ етти Аў суўырып атырған кемедеги еки адам да тасырайып көринди. Сапарлар ийбе еткендей жағадағы қамыстың қойыў көлеңкесине жасырынды. Олар буларды абайлаған жоқ.

— Бир бирине саз деп усыларды...—Сапар дәслеп сүйсинип қумартса да сонынан қызғанышы тутып еди, кемениң ултанында туўлаған балықтың тасырлысын еситип Сапардың және қумары күшейди. Қызғаныш серпилли...

— Әне, әне. Тағы бир балық алды. Ҳаў, ҳаў жапсардай бәле ғой... Көтере алмай атыр... Әне, әне! Бекире, бекире! Ҳа, қасқан!...

— «Қасқан!» деген сөздиң аўзынан ериксиз шығып кеткенин жигит терис қарап жақтырмай отырған Сәлийманың келбетине көзи түскен ўақытта сезди. Көкирегин тарса айырып, ҳаўаны көриктей жутты. Жигиттиң ызалы гүрсингенине Сәлийма мыйығын тартты.

— Бизиң бекирени алды!—деп жигит тисленип қызғанды. Топылып барып, «бекиресин» тартып алғысы келип долланды. Және бир балықты суўдан суўырып алған ўақытта ызасы қайнап ескекшисине ашыўлы көзбенен қарады

Бул ўақытта дәрьяның ортасындағы кеме жағаға қарай бет алған еди. Бағана топылажақ болып отырған кемениң енди суўысы басқандай оннан жалтарып қашты. Салым басына бурын жетиўге асықты.

— Ес—деди Сапар

Бирақ артқы кеме қуўсырып киятыр еди. Сәлийма менен жарысып ерине ғайратын көрсеткиси келди ме, ямаса балықшылардың дәстүрине салып, Сапардың кемесинен бурын нәўбетти алғысы келди ме, әйтеўир булардың қарасын көриўден ескекти Жәмийла алды. Сапар изги кемениң жүрисине қулағын салып, жақынласқан сайын гә таяў басып, гә гүреп Сәлиймаға болысты. Суўды гүреп таслап киятырған ескектиң сести еситилди. Изги кеме өкшелесип киятыр.

Сапар өз кемесин жағаға таяды. Ондағы ойы: қумай ағыслы жағаны бермей өз кемесиниң жүрисин тезлетиў ҳәм изги кемени ортадағы ағысқа салып, изде қалдырыў еди.

Бул жобасы да ойындағыдай болмады. Жарыс десе өжет минези өршеленип кететуғын Жәмийланың күшли билеклериниң пәтине ағыс та төтепки бере алмады. Буның ескекши Сәлийма қапталына қатарласа келген Жәмийлаға жалтақлап қарап, қысынып-қымсынып, қайта бурынғы пәти де салпаўысып кетти.

Жәмийланың кемеси Сапардың кемесин қыйып алдына түсти. Ким билсин, Жәмийла он-онбес адым араны ашты да кемесин жағаға бурды. Сәлийма оның озып, тағы тоқтағанына таңланды. Сапар ишинен «Жәмийла намысыма тийетуғын болды-аў!» деп мойнын ишке тар-

тып, буйығып Жәмийла бетки қулағын шеп ийини менен басты. Бирақ оң ийиндеги қулағы ашық қалды.

— Сәлийма ҳарма! Қәне нәўбетиңди ал Сапар ушын бас бәйгини саған инам еттим,—деди қапталына теңлескен оларға қарап.

— Сендей.—деп Сәлийма гүңк етти де сөзиниң артын қурай алмай—Әдира қал!—деп астыңғы ернин сылып еткизди. Сапар әбигерленген Сәлиймaны әжиўалап мырс етип күлди. Жигит қараңғыға жүзин жасырып, көзиниң астынан сығаланып Жәмийланын турқына қарады. Әлле қандай күнниң шуўағы беденин жылытып, муздай бершимек, тастай түйилген жүрегин босатып, көкирегин ериткендей, емиренип кетти. Бул жағымлы жыллы қуяштың тусынан кеткиси келмей бүйири бурды. Баўыры ыдырап ерип баратыр. Ериксиз көзин жумды. Көз алдына қушағын жайып, Жәмийла келди. Көкирегин тарс айырып жигит жүрегиниң зәҳәрли, ҳәсиретли қурсаўларын жулып таслап, Жәмийланы баўырына басты. Емиренип, сүйип -сүйип алды. Қаршығам кешир мени!...

— Уйықлап киятырсаң ба? Кемени дурыслап дүзе!—деген Сәлийманың даўысына селк етип жигит көзин ашты. Жәмийланын кемеси узақтан булдырап көринди. Жигит ярын аңсап, изине жалт-жалт қарады...

... Шығыстан мунарланып таң көтерилди. Қараңғы серпилип шашырап күн шықты. Уллы сәске ўақтында балықшылар ақшамғы аўлаған балықларын тапсырыў ушын приемға ағылды.

Жәмийла прием басында Сапарды жойытты. «Биреўлерге сорастырып еди, ҳеш дәрек шықпады. Ҳәр нәрсени бәне етип түске шекем күтти. Сапардың қарасы көринбеди.

— Аршыл еди—деди ишинен—өзи де майып адам... Мүшеси пүтин ўақтында табысы кимнен олқы еди.

Жәмийла үш қыйық жєлкомын қурып дәрьяны өрлеп қосына қайтты.

Ақдәрьянын жағасы ақшағаладай ақ шатыр. Биреўлер үш тилли темир ошаққа асылған мосының астына от жағып, уйқыдан манаўсырап отырса, екиншилери дузақларын иретлестириўдиң әнжамында. Гейпара қоста уйқы елиткен адамлардың қурылдысы еситиледи. Әлле кимлер пуўы бурқырап қазаннан жаңа шыққан сүўенниң кеспесин сүйсинип жеп отыр.

Ағысты жапырып, ғырра жаға менен зырлап киятырған кемениң артында роль дүзеп киятырған Жәмийла көз қыйығы менен қосларды шолыды. Сапар көринбейди.

Жәмийланың қосы шеткерирек еди Сығасқан қостан ерек шыға берген жерде жағалай өскен қалың пишенниң ортасы менен адым басып киятырған Сапар көринди.

Келбети суўық. Жәмийлаға түксирейип бир қарады да, оннан соң иси болмады.

Жәмийла қосқа келсе, Нысан балық қуўырып қойған екен.

— Уйықламадың ба, қарағым!—деди Жәмийла қолына суў қуйып атырған ескекшисине қарады.

Нысан Жәмийланың аталас иниси Быйыл 9 классты питкерген жылы. Қайсы иске де зийрек бала. Әкеси фронтта өлип, шешеси менен еки иниси, бир қарындасы, шымшырқадай толы жан жетим қалды. Оқыўын питкерип, жазғы каникулға шыққан соң Жәмийла: Чай пулы тапсын,—деп усы жаққа алдырды.

Нысан апасының сораўына жуўап бериўге сасқалақлап, төмен қарады. Баланың кеўилиндеги қобалжыған гүбтикей ойын ажарынан сезген апасы иштеги туйық сырын ашқысы келди.

— Неге, қысынып турсаң айта бер! Жезден келди ме?

— Аўа

— Не дейди?

— Маған ескекши бол—дейди.

Жәмила қуўырдақтың бир кеспесин ернине тийгизип, тартып алды. Иши муз қара кесек болса да, қуйқылжыған көз жанарынан күлки шашып:

— Сен не дедиң?—деди.

— Не деймен?—деп бала уртын бултыйтып, ийинин қысты. Айыплы кисидей апасының келбетине жалтақлап қарады.

Жәмийла ар-сар болып, жерге қарап тунжырады:

Усы мәҳәлде дәрьяның жағасындағы пишенликтиң арасы менен әлле кимниң сыпылдап жүрип киятырған аяқ сести еситилди. Жалт қарағаны мәддәл, Сәлийманың төбеси көринди Желип аяқ басыўы менен қалыңқы қабағы ҳәм солғын келбети оның бир нәрсеге қатыўланып киятырғанын сездирер еди. Ҳаялдың еки бетиниң алмасы көгис тартып, мурны шегирейип, еки ернин қалталай бүрип, ашыўға буўлыққан. Жәмийлаға көзи түскен

ўақытта онын келбети гә қызарып.. гә бозарып, күн батардағы сағымдай дөнди.

Тусынан қуйындай уйтқып—зуўлап баратырған Сәлиймаға қарап Жәмийла:

— Тоқта!—деди.

Сәлийма қалшыйып қапталына үрпейип қарады.

— Кел мында. Қайда барасаң?—деди Жәмийла

Сәлийма қәўетерленген кисидей табаны қарысып бир орында суп-сур болып тур. Жәмийла онын ускини қуйылып турғанын сезип, күле шырай келбет көрсетти...

— Келе бер қысынбай-ақ қой. Қайда қашып қутыласаң? Егер ҳақ жүрегиннен гүнаңды мойынлап, қолымнан алсаң? онда бир сәри.. Болмаса...

Сәлийма шубатылып келип, Жәмийлаға еки қолын узатты да, онын қолы тийер-тийместен ылақтырған постындай жерге жалп етип отырды.

Әллен ўақытқа шекем сазарып, ҳеш қайсысы тил қатпады. Бир ўақытларда Жәмийла силкинип, нәзерин көтерип, қарсы алдындағы ҳаялдың бас аяғын шолып өтти.

— Ҳе қайда баратырсаң?

— Аўылға—деп мунайымсиди. Сәлийма.

— Балық аўламайсан ба?

— Жоқ.

— Не болды? Неге бирден балықтан қайт болдың? Сапар да қайтты ма?

— Жақ. Мен... аў салыўға жарамадым.

— Ҳмм!...

Аўыр ойға шөмип отырған Жәмийла ҳәр нәрсеге жорыды. өткен ақшам Сапар арына тийгени есине түсти. Ескекшиси жарамсыз болып, табысы болмай шыққан ғой. Онын үстине жақ жарыстырдым. Ызаладым. Әлбетте ер азамат аты бар ғой! Сәлиймадан күшимниң ҳөктелигин көрсетемен деп, Сапардың майыплығын кемситкеним! Өзи жаралы арысланнын және ызасына тийдимаў.

Ырасында да еки арысланның қағыспасында қалып, өрисинен безиккен түлкидей Сәлийма қаңғалақлап шыққан еди.

Бираз отырғаннан кейин Жәмийланын ийи босасып, Сәлиймань да, Сапарды да иштен аяды!

— Мениң менен аў саласаң ба?—деди Жәмийла тикленип.

Сәлийма таң болды. Жәмийла дәслепки пешенесин жазбай:

— Шын айтаман. Аўылға қайтқанды қой!Үй арасында елгезердей қаңғып, әңгиме қуўғанша, талап ислейик.

Сәлийма ыржыйып күлди:

— Сениң ескекшиң бар емес пе?

— Сапар бағана Нысанға қәтере етип кетипти. Еркек бала ғой. соған-ақ барсын! Еки жарты, бир пүтин болып, екеўимиз балық аўлайық!... Қәне не дейсең?

Сәлийма үрейи сүймейтуғын балықшылық кәсибине Сапардан дәмели болып араласқан еди. Бул ақылынан еки нәрсени утып, бир нәрседен утылды. Урыс жыллары талай елаттың ашшы-душшы дузын татып, неше адамлар менен жолдас болған жаўынгер жигиттиң жүреги қағыўлы ма, яки Жәмийлаға деген муҳаббат сыйқырлап таслады ма, ким билсин, қапталындағы ҳаялдың мың түрли назына бир мәртебеде кеўили соқпады.

Жигиттиң бул қылўасына ҳайран болған Сәлийма ишинен: «Жәмийласына қыр көрсетиў ушын қанжығасына байлап жүр екен ғой мени» деп талапты таслап кеткиси келди. Сәлийма утылды.

Бирақ әўелги күнлери жатырқап жүрсе де, кем-кемнен көл теңиздиң киршиксиз ҳаўасы бойын балқытып, ажары қулпырып сала берди. Бир ай ишинде есейип, жүзи устарадай тазарды. Сәлийма мийнеттен утты.

Аўылда «ислерге талап, ыңыраныўға аўырыў таба алмай» насақ сөзге батып жүретуғын ҳаял қәпелимде мийнетке қуштарланып «ҳаяр», «жуўҳа» деген журттың келемежлеген сөзинен қулағы тыншыды. Сәлийма енди мийнеткеш Сәлийма болды.

Жәмийладан күтпеген жақсылық гәп шыққанына кеўли еле ярий бермей отырған Сәлийма биринширден қурдасының өкпесин аршығысы келсе, екиншиден турысы ырыс мийнетти қыйып таслап кеткиси келмеди.

— Яқшы, қурдас гөне даўды жаңғыртпасаң ислесем ислей қояйын!—деди ойланып.

## АЙЫП МЕНДЕ

Таўдан қулаған алтын кесектей батысқа жумалаған күн уясына кирип, таўыстай ғайры нағыш қанатын жайды. Бираздан кейин сарғайып турған жалын, суў

қуйғандай сес-семир болды. Шығыстан түнерип келген түн жер жаҳанға қара шымылдығын серипти.

Түнниң усы шымылдығына Ақдәрьяның еркелеген майда гүмис толқынларының емески сәўлеси түсип тур. Түнниң үрейли сустынан қорыққандай ериншек шабыра толқынлардың шырып-шырып еткен ҳәлсиз сести бар. Дәрья да, көлде жым-жырт.

Бирақ усы тынышлықты дәрьяның қақ ортасында ағыс пенен алысып турған бир кеменин шаўқымы бузып тур. Жолын бөгеп турған кемеге ағыс бар күши менен бойын таслап гә тикке көтереди, гә үстине оңменин артады, ернегин ашыўлы жайындай қалашы менен қағады. Кеме дәрпенбейди. Ағыс енди ашыўлы шуўылдайды. Гүрилдейди... Ҳарылдайды... қулласы қорқынышлы абай етип тоқсан түрли муқамға дөнеди. Бирақ ағыс жутып қойса да өжет кеме жалтарып жолдан шығар емес.

Кемениң ишинде еки адамның қылтыйған турпаты көринеди. Олардың биреўи Сапар. Екиншиси Нысан.

Нысанды ескекшиликке алғалы мийнети жеңилип, талабы оралған Сапар бүгин балықшылардан ерек шығып дәрьяның балығын бир өзи алғысы келдиме салымды ақшам «Қанлы өзек» ке өзгерткен еди.

Ырасын ким билсин, бир жыллары Ақдәрьяның аяғындағы усы өзек балықлы болғанлықтан халық оны «Қанлы өзек» деп атаған деседи.

— Бирақ соңғы жыллары бул жерден балық өрисин өзгерткен соң балықшылар да оған үйир емес. Оның үстине шама шарқын көриўге түбинде томар болып аўдузақтан айрылармыз деп қәўипсинеди. Урыстың қытгершилик жыллары ғой, бир сүйем тор бир келеп жипектей қәдирли!

Сапар «Қанлы »өзекке» барыў ойын ескекшисине айтып еди, Нысан жездеси менен өршелести.

— Жәмийла апам, ол жақта иле бар дейтуғын еди. Қой бармайық!

— Жәмийла айтты дегенсоң Сапардың да әжийнеси тутты. Ескекшисине қасарысып, кемени өзи нәзерлеген бағытқа бурды.

Дәслепки салымда ҳеш қәўип-қәтер ушыраспай, қайта аўға жети сегиз сүўен оратылып шықты. Сапар

мазатланып, ескекшисине қарап басын шулғып, әдеўир жерге шекем маманлығын сайрап отырды.

Кеўли қуўанышлы балықшы дәрьяның кенарын еркин гезип, аўын гез келген жерге шашты. Бирақ ол қуўаныш узаққа бармады. Үшинши қашқанда Сапар пуш болды. Жары жолға жетпей-ақ аў илинди.

Жапан дүз. Биймезгил ўақыт. Тастай түнек. Қыбырлаған жан жоқ. Әри бери тресип тартты. Томар ма, көшпе ме, әйтеўир бир нәрсе албаслыдай жабысып аўды жаздырар емес. Сексен қулаш аўды суў астына таслап қалай кетерсең. Бул халық мүлкине қылап емес пе? Балықшылықта усыннан азап не бар!

«Ағыстың пәти менен жаздырылмас па» екен деп Сапар ескекшисине:

— Кемени ағысқа қарсы кеселет—деди.

Кеселеген кемеге басып суў қуйды.

— Кемени ыққа ал!—Сапар қара терге шомылды. Рус жеринде шынығып айғызланған булшық етли билеклери талды. Аўдың арқалығын азнаға байлап, жүресинен отырды. Қараңғы түнди сығалап, өрге-ыққа тесилип қарайды.

Думан серпилип, түнниң бир қабат пердеси ашылғандай әтирап жақтыланды. Төбедеги сеңдей соғылысып жүрген шабыра бултлардың көзгенек саңлағынан жылт етип көринген айдың нуры жасындай жарқылдап дәрьяның еспе толқынларын қытықлап кеткендей болады. Айдың усы сәўлеси кемениң қақ белинде шоңқыйып отырған жигиттиң қытығына тийгендей бедени шымыр етип аспанға қарайды. Айдың арыў жүзин перделеп турған қара, көкшил, сур бет бултты жулып алғысы келип, жүреги көкке шапшыйды. Жигит ашыўлы жолбарыстай, көзинен ызалы жалын атады.

Нысан аўдың иликкенин өмириниң ишинде жаңа көргенге ме, сағыйра жүреги шоршып, Сапардың жүзине жалт-жалт қарайды. Аўдың арқалығы сиресип, тартылып, ағысқа шыдамай кеме қалтыраса, оның да жүреги дир-дир етеди. Өр жаққа суў үйилип, кеме төмен шөмсе, оның жүреги жоқары шапшып, тас төбесине шығады. Кемеге гуўлеп келген ағыстың пәти айдәрҳаның деминдей шуўлап ысқырады...

Нысанның пәминше «аўдан кешсе... Волмаса биреў көмекке келсе... Сонда бул апаттан қутылыўы мүмкин».

Ал Сапар: «жети түнде ким гез келеди. Аўдан кешиўге болмайды. Асығыстың күши менен бир ўақытта өў жаздырылыўы мүмкин!» деген қыялда отыр.

Ғайры жақтан жәрдем күткен Нысан дәрьяның ығына балықшылар жаққа жалт-жалт қарайды.

—Анаў қарайған не?—деди Нысан алақанын маңлайына кесе тутып.

— О не?—деп Сапар нәзерин бурды.

— Туў анаў, жағалап киятырған қайықпа деймен. Сапар көзин қанша қадаса да, булдырап ҳеш нәрсе илинбейди.

—Түн жарпында ким жүрсин!—деп Сапар бет алдын кемеге бурды.

Нысан сол жақтан көзин жазбай отыр.

— Әне анық көринди. Бир кеме өрлеп киятыр, жезде!—деди тағы Нысан.

— Қәне?—деп Сапар және басын көтерди. Оның көзине барлық жер қараўыты. көрингендей.

— Әне, әне—дейди Нысан қолын шошайтып.

— Қәне, қәне?—деп Сапар енди өзиниң көзиниң гиреў тартқанын сезип, баланың гәпин жөнледи.

— Жолаўшы шығар.—Сапар көзин уўқалап тағы ашты.—Әй, бизиң көз гиреў тарқан ғой, қосшым! Саўашта талай үскирик боран қарпып, неше күн топырақтың астында жатқан көздин не нуры қалсын!

Арғы жүздеги кеме тусынан өтиңкиреп, өрлеп барып, берман бурылып ылаққан ўақытта Сапардың Жәмийлаға көзи түсти. Сәлийма ескек тартып, Жәмийла кеме дүзетип киятыр.

Нысан қуўанып өрре турды. Сапар кемениң ық жағындағы қойнаўыт ағысқа қарап, жүзин жасырды.

Дәрьяның бетинде ағыстың пәти менен еки кемениң қатты соқлыққан күшинен Сапар селк етип басын көтерди. Жәмийлаға көзи түсти. Ақшамгы көринистен бе, Жәмийланың еки бетиниң қулпырған алмасы жигиттиң нәзик журегин сыйқырлап шайпады ма, керме қас, қыяқ кирпикли көзлери кеўилине сәуле шашты ма, ақ пейил көкирегиниң жалыны баўырындағы бершимек муз қаласын еритти ме, ким билсин, жигиттиң жүйкеси қурып, тула бойы шымыр етти!

Жәмийла дәрьяның бетинде киятырып телмирип, Сапарға емиренип, сағынып мың қараған шығар, бирақ

жигиттин қапталына келген соң сызылып бир қарады да, Нысанға топылды.

— Бул жерде неңиз бар еди? Ақдәрьяның балығы әзлық етти ме?

Бул сораўға Нысан пәлен-түўен деген жоқ. Сапар ләм-мим! Жәмийла еки кемени бир-бирине қосақлап байлап:

— Кемеңиздиң машты қайда? Машина қурмаса бул аў алынбайды,—деди.

Сапар Жәмийланың келбетине жалт қарады.

— Өнер ашып кетипсиз ғой.

Сапардың мысқыллаған сөзине Жәмийла да кекесине жуўап қайтарды.

— Сен армияға кеткели өнер ашқанымызда!.. Мениң өнеримди ҳәзир көресең,—пайдалы өнер. Басқалардикиндей ҳақ пейилге иритки салатуғын өнер емес.

Ашыўсыз адам бар ма. Ҳәсиретли көкиреги қарыс айырылып, Жәмийланың баўыры муздай қурысты. Ызалы ашыў қаплап келип, қанасына сыймай қайнады. Буўлығып көзинен жасын нөсерлетти! Босаған көкирегин, елжиреген баўырын тағы қатыўландырып, Сәлиймаға қәҳәрленди.

—Бери қара! Көтер басыңды! Маған я Сапарға ийнелей болыспа! Мине ырысқысы мол, дәрьяның үстинде турмыз. Ҳадал жүрегиңди ортаға сал. Айт, кәне! Айып кимде?

Жәмийланың долы минези тутыўдан Сәлийма қәўипленип отыр еди. Ҳақ пейилли Жәмийланың ҳадал муҳаббатына сонша қылап етседе усы түни Ақдәрьяның пәк суўы менен гүнасын жуўғысы ҳәм ақшамғы қоңыр самалы менен уятлы жүзин аршығысы келди ме, Сәлийманың дирилдеген еринлериниң арасынан еки бөлинип өлпең сес шықты.

— Айып менде!..

Аўзынан шыққан усы еки аўыз сөзди суўдың бетин үрип ескен жел ушырып алып кетти.

* * *

Сол жылы қыс қатты келди. Көлди шуўлдатып, жердиң үстин думанлатып, шаңғытқан қызыл желге төтепки бере алмай, маллар қораға тығылды. Боран

ишин жалаған маллардың иштейи ашылып, қамыстың қабығында жалмап жеўге қарады. Уақыт еле 15-февраль. Қалған ақырғы гүдиде омсырайып киятыр. Маллардың аўызы жуўғарада көкке тийетуғын түри жоқ.

Март айының төбеси қөринйўден Наўрыздың ақша қары жаўды. Өрис тарылды.

Ажар дағдарысқа ушырады. Колхоз басшылары «Шылым» көлден балық шығып, тайда туяқ қалмай жылым салыўға кетти. Көлдеги бар шөпти күйедей жеп болған. Қарыз алғандай жақын жерде ферма жоқ.

Ажар қалың кийинип қораларды аралады. Қыспаққа байлаған ири-усақлы маллардың алды жылан жалағандай тап-тақыр. Қораның ағашын ғайзап. гүйсеп турған сыйырлар ыңырсып, жылқылар оқыранып, Ажарды көриўден муңын шаққандай болды.

Ажар бир-еки сыйырдың саўырын сыйпап, көкиреги босап турды. «Адамның да, малдың да қутын қашырды ғой, бул урыс!» деди ишинен гүрсинип. Бир мәҳәлде кеўилине қонымлы ой келгендей Ажар мал қорадан суўырылып шығып, колхоз кенсесине қарай кетти.

Шымыр аяз бенен еки бети бурыштай қызарып, жуўыра жортып киятырған ҳаялдын өкшеси тийген сайын ақ сүттей таза қар әри кетпеген былғарыдай қышырлап сес берди.

Ҳаял ентигип жүриўи менен аўылдың арасына келди де «г» ҳәриби формасында салынған мектептиң есигинен кирди.

Мектеп дәлизи тым-тырыс. Класс бөлмелеринен емески гүбирли сес еситиледи. Ол қайсы есикти қағыўды ойланып, аңырайып турды. Бир мәҳәли оң тәрепиндеги есиктен шығып қоңыраў шалып киятырған ақ сақаллы ақсақ ғаррыға жалт бурылды.

Ғарры қоңыраўын гүңирендирип қағыўы менен Ажарға жақын келип:

— Келин амансыз ба? Кимди изледиң?—деди.

Ажар ийбе етип:

— Шүкир! Директор баланы излеп...

Ажар гәпин таўыса алмай-ақ класс бөлмесинен китапларын қушақлап киятырған жигитке бурылды.

Екеўи күле шырай берип аманласып, қапысының төбесинде «директор» деген жазыўы бар кишкене бөлмениң ишине кирди.

Қәйним, женгең тарығып келди—деп Ажар столға отырар отырмастан арзын айтты. От шөбимиз бәҳәрге жетпейди. Улықпанда жалғыз гүди қалды. Албыраған үйректей алды артыма сүңгип, саған ойласыўға келдим. Албырап турман.—Өз-өзинен ҳазарланып, сөйледи— Жарынба, жарын көрермен... Енди басыма тийди.

— Пишен жетерлик муғдарда емес пе? еди—деп жигит тунжырап қалды.

— Жететуғын еди ғой!—ҳаял суўық демин алды—жылымға қосатуғын өгиз, атлар қанша! Сонында аўқаты бизиң мойнымызға түсип отырған жоқ па? Жылымның басына сүттей ақ пишенлерим кетти. Келеси жазда күш-көликлердиң отын балықшылардың өзлери таярласын! деп келистик. Пайдасы не? Быйыл көкке жете алмайын деп турмыз.

— Ендиги мәсләҳәт?..

— Ендиги мәсләҳәт, усы малларды жүдетпей көкке шығарыў керек.

— Аўа... шығарыў керек—төмен қарап ойланып, алдындағы қағазға әлле немелерди шыжбайлап отырған жигит бир ўақта басын көтерди де;—Қандай жол табар екенбиз а!—деди.

— Малдың шақына жастан асылып өстим ғой,—деп Ажар тикленип батыл сөйледи.—Гүлше туяқлы қар теўип көлдиң не шөбин болсада таўып отлайды. Қалған азғана пишенди бузаў баспақларға жаратсақ. Ал сыйырларды балықтың сорпа—суўлығы менен бақсақ. Шарўаларды да балық шабақ пенен асырасақ...

Жигит ҳаялдың келбетине таңырқанып қарады.

— Таңланатуғын неси бар?—деп ҳаял сөзин даўам етти—балықшының маллары балықты жатырқамайды. Ара, арасында балықтың сорпасын жүўери гөжедей сүйсинип ишетуғын еди.

— Балықты қәйтемиз?

— Менин келгендеги хызыметим, «Шылым» көлге еки-үш шана менен онлаған бала жиберип, балық алдырсақ деп келдим.

— Онда өзим барып келейин—деп жигит әрнынан турды.

Ажар мектептен асыға шығып фермаға бет алды. Хожаниязов сол күни онлаған оқыўшыны қапталына ертип, «Шылым көлге» қарай кетти.

Тилемислер басқын балықтың үстинен шығып, мол олжаға ийе болып қайтқанда ферма малларының аўзы көкке тийген еди.

## ТАЛАБЫ КЕЛИСПЕДИ

«Дәў кемпир» ге Қәдир гүзги қара суў менен келди. Күн батып, қараңғы түскен ўақытта әйемнен қалған қамыс қостың үстинен шықты. Гүздиң ызғарлы борағында тоңып, узақ күн кеме таянып болдырған Қәдир ақшам усы жерде қоныў ушын қосқа қайрылды.

Қос аңсақ-саңсақ болып қалыпты. Суўынлаған қамыслары да ширип тозып, қәлбирдей жуқа. Шамасы бир-еки жыллықта соғылған қос. Қәдир гөрдей үңирейген қараңғы қостың ишине басын суғып еди, бир нәрсе тасырақлап ала қашты. Сағал екен. Қостағы қамыслардың арасы улы тасырлы болды. Мардан бас еки-үш сағал тум-тусқа атлығып пайызы қашқанына ыза болғандай Кәдирге бежирейип қарады.

Қәдир, олар менен иси болған жоқ. Қамысларды қайта төсестирди де, бир-еки баў қамыс орып, қостың ортасындағы ошаққа лаўлатып от жақты. Оның үстине үш тилли темир ошақты орнатып, мосы қазанды илдирди. Кемеге барып, еки мөнке әкелип, қыршып кеспеледи, кеспелеп пуштарлады, кеспени жуўып қазанға салды да оттың жалынына омыраўын төсеп, малдас қурынған пишинде аўыр ойға шөмип отырды.

Түн ортасында түнниң райы қәпелимде бузылды. Сетем алып Қәдир көзин ашса, даўыл ҳүўлеп қамыслар зарлап тур екен. Шуўлаған, ишин тартып гүрсинген ызғырық самал, көлдиң ишин сарлатып жалап киятырғандай. Қостың сүйеў қамыслары толқындағы көшпедей шайқатылады. Баспананың әбигери қашты.

Қәдир жән-жағын қымтап, қамыстың астына кирди. Ҳарығанлықпа бираз ўақыт теридей бүрисип жатты да көзи илинип кетти.

Уллы сәскеде оянып, көзин ашса жер бети жумақтай аппақ қарға малыныпты. Ылайдан суўырып алған малдай шубатылып, үскини қуйылып орнынан турды. Жағада мәс кисидей теңселип турған кемесине көзи түсти. Әтирапқа назырқанып бираз қарап турды да қолына орағын алып, қушақ-қушақ сары қамысты баўлап әкелип, қосты қалың етип бастырды.

Қапелимде ети жуўлап, тула бойында қалшыллы пайда болды. «аяз өтти ме!»—деген пәмге кеткен ол бир баў қамысты сүйреп әкелип, лаўлатып жағып жиберди.

Оттын ҳәўири ме я сүйеги қызды ма, тула бойы жанып баратыр. Отқа баўырын қалаған сайын еки көзи масаладай жанып, тас төбеси менен еңбеги солқылдап аўырды. Артық отырыўға мәжели болмаған Қәдир есикти еки баў қамыс пенен тас етип бекитип, «уясына» қайта кирди.

Сол жатыстан неше күн есинен адасқанын делбе болып сандырақлағанын ким билсин, бир күни Қәдир көзин ашса тал түс ўақыт екен. Аяқ қолы қалшылдап орнынан турып еди басы зенип кетти. Енди жүресине отырып, есин жыйнады, есиктеги сүйеген қамысты өңмени менен сыртқа ийтерип жиберди.

Аң-таңы шықты. Дүньяға қайта келгендей жән-жаққа таңланып қарады. Көл айнадай болып қатып қалыпты. Қәдирдиң бийтапланғаны сол кезде есине түсти. Өлим пәнжесинен жырылып қалғанына қуўанып ыржыйып күлди. Кемениң қасына барды. Көлдиң жар қабағына асылып турып, музды аяғынын ушы менен басыпбасып көрди. Бершимек болып, қатқан жигит муз.

Қәдир муздың үстинде ерсили-қарсылы жүрип, сүймен менен кемениң жақлаўына қатқан музды ойып шықты. Мийнет ислеген соң Қәдирдиң қурысқан денеси жаздырылды. Жүреги сазып, аш болған соң ол тағы қосқа келди.

Ертеңине Қәдир «Қазақ дәрьяға» барыў ушын муздың үсти менен шанасын сүйретип пияда жүрип кетти. Оның ендиги тырнақ илер жери «Қазақ дәрья» еди. «Қара тереңь» менен «Сары бас». «Үшсай» менен «Қара жар» көллеринен баспана таба алмай қуўылып шығып, енди «Жарық ултан», «Дәў кемпир», «Еркин» «Шақаман» көллерин панапалаўға шықты. Егер бул көллеринде де дәкки жесе, сондағы мүшкили не болады... Оған көзи жетпейди.

Қәдир сабақлы ойдың басына бас жип таға алмай ҳәр қыялға бир тубалап, кеште еркин дәрьяның бойында жайлаған шарўа аўылына келип, ерегирек қонған бир үйге «қудайы қонақпан» деп ақшамласып шықты.

Таң ерте орнынан турып жағаға келди. Үкиден қа-

бағына суў қотарып отырған қара кемпирдиң қасына келип:

— Шеше, жақын жерде прием бар ма?—деп мүнайимсип сорады.

Кемпир келбетине түксирейип қарап, «приемнан сыралғы сораўға киятырған боздың адамы шығар» деген қыялға кетти.

— Еркинниң аяғындағы көлде бир прием бар уқсайды. Гейде бизиң аўылдың адамлары айран шалап апарып, балықшылардан асымлық балық әкеледи,— деди кемпир.

— Рақмет! деп Қәдир шанасын сүйретип жүрип кетти.

Кемпир изинен тигилип қарап турды да қабағын ийнине салып, аўылға қарай аяңлады.

Түс шамсында Қәдир дәрьялықтың аяғындағы көлге шықты. Әри-бери жүрген соң бирин-бири кесип өткен ат шананың, асай сырғанақтың қыйыр-шыйыр излерин көрди. «Қай бағытқа жүрсем екен?—деп дағдырды.

Усылай турғанда қулағына алыста музды сөлқылдатып жүрип баратырған бир ат шананың емески сести еситилди. Жақын-алысын анықлаў ушын отырып музға қулағын салды. Тынық муздың астындағы шайыдай гайры нақыш мақпал шырайлы шалаңлардың жол-жол арасында «көк жон» балықлар ағылып өтип тур. Балыққа ҳуўышы кетип отырғанда Қәдир атлардың киснескен даўысынан селк етип жән-жағына қарады.

Даўыс жетер жерде еки ат шана өтип баратыр екен. Қәдир өз шанасын таслап, соларға қарай жуўырды. Буны көрип алдыңғы шанадағылар аттың дизгинин тартты.

Қәдирдиң шананың қасына барыўға айбынып, алыстан:

— Прием қайсы тәрепте?—деп сүренледи. Аттың дизгинин услап киятырған киси жолаўшының бул сораўына:

— Бизлер киятырған усы из бенен жүрсең апарады,—деп жуўап берди де, дизгинди қағып, аттың саўырна қамшыны тартып-тартып жиберди. Атлар қайтадан желип кетти.

Қәдир шанасына қайтып келди де жолаўшылар көрсеткен тәрепке қарап бурылды.

Қәдир приемға қайырылмады. Прием ашық теңизде еди. «Пай» қамыслыққа жақын болғанда ма!» деп ишинен жақтырмай иренжип қопаның ишине кирди. Бирақ қанша назырқанса да оның усы жерден басқа паналар жери қалмаған еди.

Жаңа қонысқа қос дүзетиў, балықлы көлди қарастырыў ҳәм қаза тоқыў машқаласы менен арадан үш күн ўақыт өтти.

Төртинши күни ғана «Қазақ дәрьяның» ырысқына шериклести. Уллы сәскеде қазасын қарап, азнаўлақ балығын шанаға салып, приемға жөнеп кетти.

Гә төтелеп, гә айналыштан оралып, түс аўа бергенде приемға жетти. «Таныс адамлар ушыраспағай да!» деп тиледи. Балық қабыл етиўши жасы елиўлер шамасындағы қапа сақал, қыйтар көзлеў киси екен. Өзинен басқа төрт-бес Қазақ дәрьяшы балықшылар бар екен. Ол нәўбеттиң ақырын күтти.

Балықшылар балығын тапсырып кетип қалды. Қәдирден басқа балық тапсыратуғын киси жоқ. Ол әтирапқа бир қарады да зәмберге асылды. Соңғы зәмбер менен ере приемның қасына келди ҳәм тунжырап ойланып турды.

Приемчик балығын қабыл етип болған соң Қәдирден:

— Фамилияңыз ким?—деп сорады.

— Дәўжанов.

— Қайсы колхоздан?

— Киров атындағы..

Приемчик Қәдирдиң келбетине таңланып қарады.

— Кировшылар не қылып жүр, қыста? Олар «Қазақ дәрьяға» балықтың бәҳәрги ойынында келмейтуғын ба еди?

— Дәрьяны қызыл суў басып, балық тартылған соң келдик. Көл теңиз ҳәммемизге де жетеди ғой, ақсақал!

—Ол айтқаның дурыс. «Көлдиң қамысын көрген сиз қызғанады» деген.. Қазақ аяғының балығын қызғанцайын ба сеннен. Сирәдағысын айтаман да. Ол жақтан келген нешеўсиз?

— Бес-алтаў бармыз.

— Басқаларыңыз қайда?

Қәдир гибиртиклеп қалды.

— Ҳәмmениң балығы усы..

— Неше адамға бөлип жазайын?

— Бүгинги балықты маған жаз.

Қәдир балығын тапсырып жанма-жан қосына қайтты ҳәм «Қазақ дәрья» балық заводынан алған дәслепки ақшасына қуўанды. Жолда киятырып ақылы алыспаған пикирлерин қосқа келген соң қайтадан талқылады. «Суўға кеткен тал қармайды», «тарықсаң телпегин менен ойлас» деген фамилияң ким?—дегенде Дәўжанов деп жуўап қайтарғаным бул ,—мақул! Ақыры ол жақтағы завод басшылары Каражанов дегенди таба алмай тен-тенеси шығып атырған жоқ па?! «Қазақ дәрья» заводына да хабар бермегенин ким билсин! Әттең, нешеўсиз? дегенде: «бесалтаўмыз» дегеним әнтек болды. Усы жерде қопаллық еттим!.. Әўел бастан жети өлшеп, бир кеспей келептин ушын жойытқан екенмен да!..

. Енди ол приемға жоламайын—деп Қәдир арадан үш-төрт күн өткерип, басқа приемға келди. Прием басында әдеўир балықшылар бар еди. Бул жердеги приемчик еки жағы қайрақтай собылық қатпа жигит екен. Алыстан қарағанда геўгимдеги қарақшыдай еди.

Қәдир ҳәмме менен сәлемлесип, бул жаққа жекке жарым келгенин түсиндирди.

Ақдәрьядан келген «мийман» деп мүйтенлер оған ҳүрмет көрсетти. Гәси ишип отырған чайына, гәси жайыўлы дастурқанына, үшинши биреўлери енди түсирилетуғын қазанына мирәт етип, жерге-көкке көтерди. Қәдир -елатына қосылғандай болды.

Гәси қатар өскен қурбыларын, гәси қазанлас болып бирге талап еткен тамыр таныcларын сорап еди. Қәдир салқын кеўил менен жуўап қайтарды. Жапан дүзде жабайыларша турмыс кеширип, тиршилик сүренине қулағы гер болған ол, бирден топлы жыйынның ортасына келген соң кеўили елжиреп, елатын аңсады. Бирақ енди елат қайда?!.. Созса қол жетпес ушардағы ай ғой ол!

Пайызлы жер тапқанына ҳалласлап Қәдир жети-сегиз күн аяқ жазып жүрип еди, бирақ ол қуўанышы узаққа бармады.

Бир күни балық тапсырыўға келген Қәдирден приемчик жигит:

— Сизлердиң араңызда Қаражанов деген балықшы бар ма?—деп сорады.

Қәдирдиң жүрегин биреў қабынан суўырып алғандай есинен танды. Бирақ тез ҳаўлыққан жүрегин басып, үрейленгенин сездиргиси келмеди.

— Қәйдем, басқа колхозда болмаса... Бизиң колхозда ондай адам жоқ ғой—деди мүнайимсип.

Приемчик Қәдирдиң келбетине қыялап қарады.

— Кировшылардан дейди ғой!. Тақыйық билмейсиз бе?

— Қудай урсын, билмеймен! Ондай адам сирә бизиң колхозда болған емес.

Қалтырап соңғы жуўапты батыл түрде айтты. Оның жәбирленип сөйлегенин көрген приемчик индемей, тапсырған балығының ақшасын қолына берди. Ақша қолына тийиўден үриккен доңыздай: ол да зытқып ала жөнелди.

...Еки приемнан да ўаз кештик-а! деп қосына келген соң Қәдир узақ ўақыт налып отырды.—«Қазақ аяғынан» да өкше көтерилейин деп турма, қалай өзи!

Арал теңизи көлге бай болса да. Қәдирдиң алдынан шөл шыға берди. Енди бул жерден табан тайса... Өкшени қай жерге тиреў керек? Ғарға адым жер муң болды!..

Қосында еки бүкленип узақ күн буйығып жатты. Ертеңине сәскеде орнынан турып қаза қараўға кетти. Шана толы балық әкелип, қостың қапталына жыйнады.

Төрт күннен соң сыбай салтаң қағып заводқа барды. Бойын тасалап, өткен-кеткеннен неше жерде балық қабыл ететуғын пункт бар екенин сорады. Қосына онша қашық емес жерде-ақ бир прием бар екен. Бул хабарды еситип жәнe өксигин басты.

Түлкидей сығалап завод флотына жақынлай бергенде тас төбесинен аяқ ушына шекем музлы суў қуйғандай, жүреги дир-дир етти. Жаны ушқынды.

Ол флоттың шетинде бир киси менен сөйлесип турған Тилемиске көзи түсти.

Дәслеп албырғанынан адымын алға я артқа баса алмай Тилемиске бежирейип қарап, қарақшыдай бир орында қалшыйып қалды да, тағы есин жыйнап гасаға зып берди.

Тилемис қашқынды абайламады.

Жолда киятырып ол Садық деген «Қазақ дәрьяшы» бир балықшыға ушырасты. Соңғы приемға балық тап-

сырыўға келгенде «миймаи» деп көбирек иззет еткен сол киси еди.

— Бул не болды саған? Түсиң қашып кетипти ғой— деди Садық.

— Садық!—деди ҳаплығып Қәдир мен қатты наўқасқа шатылдым. Аўылға қайтпасам болмайды. Ана айдында, батысқа қарап бурылған жерде бир қыснақ жол бар. Сол жерге белги қойып кетемен. Адаспасын— деп ҳәр жерде қамыстың басын буўаман. Сол жол менен барып ертең мениң қосымда тапсырылмай қалған балықларымды алып приемға өзиң берерсең. Бес-алты центнер шығар шамасы! Приемға тасыған хызмет ҳақы ушын тең жартысын өзиң ал, тең жартысын мениң атыма тапсыр, жора! Наўқастан айықсам тағы келермен!

Садық Қәдирдиң муңайғанын көрип:

— Бир-еки күн бизиң үйде-ақ болсаң о!—деп жаны ашығансып еди.

— Жақ жора, аўылға жеткендей шамам бар. Тек мениң сеннен тилегим, балықларымды сағалға жем қылма?—деп емиренип сөйледи.

— Мейли, бәрин-ақ өз атыңа жаздырайын!

— Онда камал тап! Өнип өс жора!

Екеўи қол алысып айрылысқаннан соң Садық бир ўақытта Қәдирдиң изинен сүренледи.

— Ермекбай, ҳәй! Тоқтап тур! Сениң фамилияңның есимнен шыққанын қара. Умытып қалдым.

Қәдир артына жалт қарап турды да:

— Хожамбергенов ғой! Киров атындағы колхоз, биринши бригада. Умытпа!.. Хожамбергенов, Хожамбергенов, Хожамбергенов... Ал болды ма?—деди.

— Болды, болды. Енди есимнен шықпайды. Аўылындағы таныйтуғын балықшыларға сәлем айт, жора! —деди.

— Жақсы, хош!...—деп Қәдир еки если кисидей қутырып жүрип кетти.

## ӘФИЎ ЕТИҢ

Киш песин ўақтында «Талжап» тағы Төребайдың үйине атлы келди. Бул Сапардың армиядан келген күни еди. Ат үстиндеги хабаршы Мәдирейим деген бала-

ны «қудамнан сүйинши сора» деп Назлы жиберип отыр.

Алыстан қара тер болып келген атты хабаршы бала қазыққа байлап, шийшен үйдиң есигинен ишке жеделленип кирди.

Төребай баланың бетине жатырқап қарады:

— Қай баласаң? Жол болсын!—деди.

— Мен Ақдәрьядан киятырман. Назлы қудағайынның хабаршысыман. Сүйинши, Төребай аға! Күйеў балаң Сапар келди.

Қашан?—деп Сарыгул баланың бетине тигилип қолындағы шөмишин қазанға таслап жиберди. Төребай сам-саз отырды.

— Бүгин сәскеде.

— Шырағым-ай. Жаны аманба, әйтеўир.

— Аман-аман, тек бир аяғы жаралы болыпты.

Төребай еки қолын қаўсырып, жерге қарап отырып:

— Ишки сарайы аман болса болғаны ғой,—деп әлле нәрсе есине түскендей тунжырап қалды. Сарыгул жадырап жаснап сөйлеп отыр:

— Сөйтип келди. Назлы қуўанып қалған екен ғой. Әскержан жатырқаған шығар. Сапар азғын емес пе? Жәмийланың аўылда болмағанын айтсаң о. Нөкистен еле келмеген шығар.

Сарыгул сөйленип орнынан турды ҳәм қапталда турған ағаш сандықты ашты. Түйиўли орамалды алып аўзын шешти.

— Ал шырағым. Алыс жерден ат айдап, атымызды айтып келген екенсең. Назлыға кеўилимиз питти. Узағына қуўантсын. Сүйиншим татымсыз болды деп өкпелеме, урыс ўақтында артық аспай не болсын. Мына таўарды көйлек етип, көкирегиңди жарқырат. Қудаңның инамы усы,—деп ақсуп таўарды Мәдирейимниң алдына қойды.

Хабаршы бала хошласып шығып кеткеннен соң ғарры менен кемпир бираз ўақыт тиллеспей отырды. Әллен ўақытта Сарыгул ғаррысына сазарып қарап:

— Тандыры шыққыр!—деп кеңкилдеп күлди.—Ал енди не бетиң менен барасаң. Урыс питкенше айтшыласпай-ақ қойғанда болатуғын еди ғой. Түбин де олар утты. Хабар келди. Жүрейик енди.

Төребай саққа жүгинип бираз үнсиз отырды да, әллен ўақытта басын көтерип:

— Кемпир сен барып қайтағой. Ешекти ертлеп берейин. Жәмийла келген соң барып қайтарман. Сораса жапсағы шықты дерсең,—деди.

Сарыгүл ғаррысының мийзамына түсинип, сол күни Ақдәрьяға қарай кетти.

Назлы Жәмийла менен Сапар арасындағы өкпе-гийнени қудағайына сездирмеў ушын жол таслап, Сапардың талапқа шығып кеткенин ҳәр қыйлы бәнеге тоқсырсада, қызы менен күйеў баласының кеўил алалығын қонсы қобадан еситип. Сарыгүл гүңиренип қайтты.

Кеше «Қанлы өзектеги аў салымда ерли-зайыплы екеўинин арасындағы пысқыған әңгимениң түйини шешилгеннен соң Сапар өзиниң келте қайырым шорт минезлигине өкинип. Жәмийланың қосына келип, «Кешир мени Жәмийла!» деп жигит азарланды. Сол күни Сапар фронттағы Жумабайға да кеширим сорап хат жазды. Еки жастың кеўили сазендениң дуўтарының тарындай қайтадан сазланды.

Қоста тунжырап отырған Сапарға:

— Енемниң сен келместен бурынғы ҳәсирет жүги де аз емес—деди Жәмийла—Оның үстине басын тағы дәпдебеге салдық. Бүгин аўылға қайтайық. Енем дәрт пенен өлип кетер.

Сапардың бул ҳүкимге қарсыласар мәжети жоқ еди.

Үйден шыққанына алты күн толмай-ақ баласы менен келининиң тар жибектей есилип келгенин көрген Назлы шәккен орнынан атлығып турып. қудасына «тез келсин!» деп зинҳәр сәлем айтты.

Ертенине Төребай келди Сапарды баўырына басып. баяғы дәрья жағасындағыдан узағырақ сыңсып жылады. Оның бул көз жасы қуўаныш пенен сағыныш белгиси ҳәм оның үстине перзентлериниң алдында айыплы атаның кеўил сарайымды аштым деп турғаны еди.

Назлы хабар еткен болыўы керек. Тап усы заматта Мәтеке менен Қәлийла кирип келди. Аман түўеллик сорасып болғаннан соң Мәтеке Төребайға көз айдын айтты.

Қәлийла қарап отырама. Гәптиң бир тыныспасында қуўақылыққа салып:

—Төребай аға, Өтептиң көкнары быйылда питик пе? деп еди. отырғанлар күлип жиберди.

Төребай мыйығын тартып:

— Адасып. әфиўлик сорап келдик, иним!—деди.

Жәмийла балалық минези тутып еркелеп ағасының мойнынан қушақлады.

## ҚАШҚЫННЫҢ ҚАЙТА ОРАЛЫЎЫ

Қәдир қосына келип сарсылып ойға батты. Жамалдан не хабар бар? Ким биледи, қара қағаз келди ме. Анам пақырдың ҳалы қандай екен... еки баласының күйигин көтере алмай, өлип те қалған шығар. Қашқынның анасының өлигин ким қәстерлеп көмди дейсең? Әттегенай анам!

Қәдирдиң еки көзинен жас парлап кетти. Гүмпейиниң жеңи менен жасын сүртип, әтирапқа бир қарады да, тағы түнерди.

—«Қостарымның күйигин айтсаңшы! Журтқа қарар бети барма ол мусәфирдиң! Сарсылды ғой, сарғайды ғой!

Қәдирдиң есине балалары түсип еди, және көз жасы сақалына қуйылды.

— «Қашқынның перзентине ким сынық гүлше берсин! Перзентиниң қарызынан қутыла алмаған мени дарға асса да гүнам жоқ!»

Бир мәҳәлде Қәдир өрре турды.

«Усы мен не күтип жүрмен?! Бойымды тасалап неше жыл көлде өмир сүремен? Бәри бир урыс питкен соң халық сағалдай тыпырлатып услап алады».

Қәдир қостың ишинде мойнына қурық түскен қасқырдай еки көзи түнерип, өрден ыққа жуўырды.

Қапшыққа гөне пальтосы менен азанғы аўқаттан қалған ярым буканка нанды салды. Оннан соң ошақ басын қармалап жүрип, бир шырпы таўып кисесине тықты. Мосыны қулағынан услап, қостан шықты да үкиге ылақтырып жиберди. Тағы қосқа кирип, қапшықты ийнине салды да:

— Кеттим елге! —Халқым өлтирсин! Ҳүкимге қайылман!—деди де суўыт жүрип кетти.

Ол делбе кисидей басы аўған жағына қарай жүрип киятыр. Белгили түйген мақсети де жоқ. Оның көз алдына аўылдың сүлдери ғана түнерип көринеди. Ол ўақытта өңмениң алға таслап адымын шаққан басады. Гейде көз алдында дар ағашы минарланып елеслейди. Онда жүреги түршигип, жолдың еки шетине алма гезек тең-

селеди. Бирақ кейин қайтқысы келмейди. Алға қарап қыбырлайды.

Киш песинде Қәдир үлкен айдынға келди. Аяқлары талды. Жүреги сазды. Жүресине отырып, қапшықты алдына жайып, бир кесек нанды сындырып алды да аўзына буралап тығып, ғайзап жутты ҳәм шийшеден тынық муздың астына телмирип қарады.

Кегейдей бир сазан суў астында қалашын баяў қағып өтти де, қайта қайрылды. Оның изин ала бир дүркин балық өтти. Қәдир қумартып, тигилип отыр еди, жаңағы балықлардың топары тағы көбейип, қазанға түскендей тумлы-тусқа барып, айланып гезе берди.

Қәдир «неге булай?» деп таңланып, қапшығын ийинине салып, айдынды жағалап айланып шықты да:

— «Бәсе, солай екен ғой! Жарықлықлар айдында атаўлап қалған екен ғой. Шығарға тесик таба алмай, тубалап қалыпты. Қазығын айланған жылқыдай оратыла бергени»—деди Қәдир ишинен—ағын суўдан кесилген көл сасып баратырғаны. Балықлардың мийи айланып жүр. Бул балықлардың маған ҳәжети канша? Өмирден гөрим жуўық!.

Қәдир гүрсинип, соқпақ жолға түсти де алға жүрип кетти.

* * *

Аўылдын қарасын көрген соң Қәдир қалың бүк қамыстың астына кирип, жатақтағы қояндай бүрисип отырды.

Меңиреў түн түнерип көк гүмбезине қара шымылдығын айқара жапты. Қара бешпентке қадаған гүмис шытақтай аспанда жылтылдаған жулдызлар ойнап шықты. Тас төбеде аттын тағасындай алтын ай тасып тур.

Қәдир сүйретилип бүктин астынан шықты. Аўылға қарай сандалып жүрди Арсылдап үрген ийтлердиң тал-тал даўысы еситиледи. Ымырт жабылған соң Қәдир менен жарыса жатақтан шыққандай дәўсебенбе, шағал ма, мәлим пышық па,—бәри қарсыласып киятырғандай тум-тус улы тырсылды болып, улып қаңсылаған, зарлап безилдеген әжеп тәўир даўысқа көл шуўлап кетти.

Жүриси өнбейди, бир нәрсе тырыс етсе, жүреги қыл етип ,жән-жағына тесилип қадалып қарап турады.

— Жолдас складщик жылымды мына еки келиншектиң қайсысына исенип бересең!—деп дегишип еди. Сапар қызарып кетти. Сəлийма да терис қарады. Ал Жəмийла Қəлийлаға тикленип:

— Стажына қараса бизге берер!—деп көзин қысты да, тағы Сəлийманы уялтпайын деди ме—Сəлийма балықшылыққа жақында араласты ғой! Жылымды басқара алмас—деп дəслепки гəпин шайып жуўды.

Сөйтти де Қəлийла менен аўылға хабар бериўге кетти. Киш песин ўақтында колхоз кеңсесиниң алды аламанға толды. Жəмийла бир шанаға атты жегип, Сапар, Сəлийма үшеўи суўыт жүрип кетти.

***

Қəдирдиң тəғдирин шешкен жыйнақ усы «дəў кемпир» көлинде өткерилди.

Тилемис балықшыларға Қəдирдиң жарамсыз қылығы туўралы баян етти. Ҳəмме сам-саз. Бəриниң де келбетинде ашыўлы ызғар бар. Биразлары он еки мүшесин путарлап таслағысы келеди.

Тум-тустан сораўлар жаўды:

— Қалай қаштың?—жуўап...

— Не ушын қаштың?—үн жоқ...

— Урлық иследиң бе?—жуўап...

— Неге Қəлийланың аў-дузағын урладың?—унсиз.

— Үш жыл ишинде колхозға қанша балық аўлап тапсырдың?

Бул сораўға Қəдирдиң орнына:

— Үш жүз елиў центнер—деп Тилемис жуўап берди.

— Фронтқа барасаң ба?

— Аўа?

— Неше фашисти өлтиресең?—деп Қəлийла адамларды дуў күлдирди.

— Атылыўға қайылмысаң?—үн жоқ.

Қəдир өксип жылап, көзиниң жасын парлатып жиберди.

— Берекет табың! Атың, бул қара бетти!—деген ҳаялынын даўысы шаңқ етти.

— Атыўға болар еди аў... Балалары жетим қалады аў—деди бир ақсақаллы ғарры.

— Совет заманында жетим бала жоқ—деди Қəлийла—бала керек болса көлден таўып алар!

Усы ўақытта орайпегин қыялап жамылған, үстине фуфайка, шалбарды ерлерше кийинген Жәмийла қолын көтерип сөз алды да. Қәдирдиң бас аяғына ойлы көзин таслап. салмақ пенен:

— Шын жүрегиң менен келдиң бе? Ямаса биреў үгитледи ме?—деп сораў берди.

«Үгитледи ме» деген Жәмийланың сораўына Тилемис шоршынып Қәдирдиң бетине еки көзин қадады да турды. Оның сол ўақыттағы ойы: қашқынның дәслеп өз үйине келгенин; «Жәмийла жаманлыққа жорып отырма» дегендей үрейлениўи еди. Сонлықтан ол «мына делбе әлле қәйтеди»? деп Қәдирге кеўили ярым бермейди.

— Ҳеш ким үгитлеген жоқ. Үш жылдан бери кеңесиўге инсан жүзин дурыслап көргеним жоқ, келин—деп Қәдир нәзерин төмен алды.

Енди бир жуўмаққа келейик халайықлар!—деп Жәмийла Ниязовқа қарады—райком секретарына ойластыңыз ба, ол киси не дейди?—Ниязов былай деди:

— Райком секретары жолдас Тилеўмуратов пенен кеңестик. Халыққа салың дейди.

Жәмийла партшөлкем секретарының келбетине көзиниң қыйығы менен исенимсизлеў қарады.

— Ол қалай. Халық биледи деп, қутқарып жиберсек, ертеңги күни уятлы болып қалмайық. Усы жағын тақыйық сорадыңыз ба?

— Тап оған мениң де көзим жетпейди, келиң—деп Ниязов басын сақытлағысы келди.

Ниязовтың қорқа шаўып турғанын абайлады. Ал Тилемис Қәдирдиң өз үйине қашып келгенин ҳәм колхоз атына көп балық аўлап тапсырғанын терис түсинип, халық насырға шаптырар, деп шоршынып, тил қатпай отыр. Еки басшының ишки сырын Жәмийла сезе қойды.

Жәмийла қапталындағы балдаққа сүйенип отырған Сапарға қарап, жымыйып күлди де:

— Жолдас, жаўынгер сиз не дейсиз?—деди.

— Бизики дәлден туўры хабар!... Атылсын!

— Сондағы кегимиз бир оқ па!

— Енди не қыласаң?—деп Сапар Жәмийлаға аларып қарады—өлсин! Кимнен жаны артық... Мен өзим ҳәзир атып берейин!... Рухсат етиң!...

— Буны бир мәртебе өлтиргенше мың мәртебе өлтирсек қәйтеди?—деп Жәмийланың салмақ салғанына.